Babad Rônggawarsita, Kumite Rônggawarsitan, 1931-33, #184

Katalog

Katalog # : 184
Titel : Babad Rônggawarsita
Versi : Kumite Rônggawarsitan
Tahun : 1931-33
Image :
Tipe : Terbitan
Bentuk : Prosa
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Biografi Raden Ngabehi Ronggowarsito, sejak kecil pada saat masih bernama Bagus Burham sampai menerima wahyu kapujanggan, pernikahannya dengan R Aj Gombak, persahabatannya dengan Winter, pengabdiannya di Kraton Surakarta. Sebelum menjadi pujangga, oleh karena terlalu dimanjakan oleh kakeknya (R T Sastranagara = R Ng Yasadipura II) Bagus Burham tumbuh menjadi anak yang bodoh, nakal, liar, dan suka berjudi. Atas perintah kakeknya pula, Bagus Burham dikirim kepada Kyai Imam Besari di Gebang Tinatar, Panaraga, yang ditemani abdi setia Ki Tanujaya. Kerasnya didikan Kyai Imam Besari dan ketelatenan Ki Tanujaya, membuat Bagus Burham menjadi sadar dan akhirnya menerima wahyu kapujanggan.
Kata kunci : aksara, cetak, cithak, gancaran, jawa, jawi, riwayat
Data digital : 1. Babad Rônggawarsita, Kumite Rônggawarsitan, 1931-33, #184 (Jilid 1). Kisah, Cerita dan Kronikal | Riwayat dan Perjalanan #128.
2. Babad Rônggawarsita, Kumite Rônggawarsitan, 1931-33, #184 (Jilid 2). Kisah, Cerita dan Kronikal | Riwayat dan Perjalanan #191.
3. Babad Rônggawarsita, Kumite Rônggawarsitan, 1931-33, #184 (Jilid 3). Kisah, Cerita dan Kronikal | Riwayat dan Perjalanan #192.

Deskripsi
Judul

Luar : Lelampahanipun R. Ng. Ranggawarsita Pujangga Karaton ing Surakarta
Dalam : Sêrat Babad Cariyos Lêlampahanipun Suwargi Radèn Ngabèi Rônggawarsita
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : -
Memuat : -
Series dari : -
Penyusun

Jumlah : 1 dari 1
Peran : Pengarang
Peran ref. : -
Nama depan : Kumite
Nama belakang : Rônggawarsitan
Kedudukan : -
Lokasi : -
Tanggal : -
Jilid

Jumlah : 1 dari 3
Jilid # : 1
Series ref. : -
Jilid titel : -
Penerbit : Drikêrei Marês
Tempat : Surakarta
Tanggal : 1931
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 137
Gambar : -
Kosong : -
Sebelumnya 1 2 3 Berikutnya
Sumber

Jumlah : 1 dari 1
Sumber : Yayasan Sastra Lestari
Katalog : 184
Tipe media : Fotocopy
Ukuran : 21.7 x 15.4 cm.
Ukuran teks : 17 x 10.9 cm.
Fisik : -
Kertas : -
Rusak : -
Tulisan : -
Penomoran : Jilid 1: 3 Bêbuka [tanpa nomor halaman] + 1-137. Angka Arab. Jilid 2: 1-137 + 1-5 halaman ralat. Angka Arab. Jilid 3: 1-136. Angka Arab.
Digitisasi

Transkipsi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari
Tanggal : Mar 1998
Sumber : Yayasan Sastra Lestari #184 Fotocopy

Lelampahanipun R. Ng. Ranggawarsita

Pujangga Karaton ing Surakarta

Jilid I

--- 1 : 0 ---

Sêrat Babad Cariyos Lêlampahanipun Suwargi Radèn Ngabèi Rônggawarsita

Pujôngga Agêng ing Nagari Surakarta Adiningrat

Jilid I

Kawêdalakên Kumite Rônggawarsitan

Kacithak ing Drikêrèi Marês Surakarta

Taun 1931 _ 347 _ 1000

--- 1 : 0 ---

Bêbuka

Kula nuwun, kados ingkang kasêbut ing sêrat wara-wara, anggènipun komite damêl sêrat babad cêcariyosan lêlampahanipun suwargi Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pujôngga agêng ing nagari Surakarta Adiningrat, ing mangke awit saking barkahipun ingkang sumare sampun sagêd kasambadan, dados buku punika.

Pangarangipun babad punika namung wêwaton pèngêt-pèngêtan ingkang taksih sagêd pinanggih ing parimatanipun waris, dados sagêd ugi wontên ingkang kècèr, upaminipun, wontên satunggaling lêlampahan, ingkang waris piyambak botên anyumêrêpi, punika tamtu sagêd pinanggih

kêkiranganipun utawi gèsèhipun, manawi têmên wontên makatên punika ingkang angarang botên badhe anyelaki, nanging malah bingah sarta ngaturakên panuwun dhatêng ingkang kaparêng nglêrêsakên, ewadene pangintênipun ingkang ngarang cêcariyosan babad punika kados-kados sampun anyêkapi tumrap lêlampahan salêbêting sugêngipun sang pujônggga.

Kajawi punika prêlu matur, kabêkta kamajênganipun bôngsa kita dhatêng kawruh kilenan, bokmanawi wontên ingkang kagungan manah bilih ing dalêm babad punika pinanggih wontên cêcariyosan ingkang kamanah botên manjing akal, utawi sampun [sa...]

--- 1 : 0 ---

[...mpun] botên anjaman, sampun tamtu ingkang ngarang babad punika botên sagêd angaturi katrangan langkung panjang, awit pangarangipun babad namung wêwaton pèngêtanipun para waris ingkang mênangi sugêngipun sang pujôngga, môngka ingkang mênangi wau sapunika sampun botên wontên (tilar dunya), dados rêkaos anggènipun badhe analêsihakên, mila pangajêng-ajêngipun ingkang ngarang sarta komite, sadaya cêcariyosan ing dalêm babad punika, mugi dadosa pamarêm sarta piyandêlipun para maos.

Sêrat babad punika amung isi cêcariyosan lêlampahan (Biographie) nipun sang pujôngga, dene cêcariyosan bab kadibyan, kalangkungan sarta kaelokanipun punapa dene pêthikan karanganipun sêrat-sêrat, dèrèng sagêd kalêbêt ing sêrat babad punika, sabab sawêg bab lêlampahan kemawon sampun samantên kathahipun, sarta pangarangipun komite sampun nama gêlakan, tuwin rumaos bêgja dene pèngêtan-pèngêtan ingkang suwaunipun sampun botên kamanah sarta salong katriwal, sarêng wontên prêlunipun sagêd kaimpun lajêng dados buku punika, mila sasampunipun buku babad punika rampung, komite rumaos bingah kanthi lêganing manah, sarta lajêng wiwit badhe ngayati adamêl buku ingkang isi bab kasêbut nginggil, amung sarèhning cêcariyosan utawi

--- 1 : 0 ---

dêdongengan bab kaelokanipun sang pujôngga punika kathah, kapara ingkang sami anyumêrêpi utawi ngalami malah tiyang sanès, mila pangarangipun tamtu botên sagêd kanthi enggal-enggalan, sarta kêdah kanthi pitulunganipun tiyang sanès wau.

Botên langkung anggènipun komite badhe ngangkah damêl buku babad minôngka sambêtipun babad punika, amung nyuwun pangèstunipun para maos, supados lajêng sagêd enggal kalêksananipun, punapadene manawi wontên kalèntuning tindakipun komite bab pandamêlipun sêrat babad utawi lampahipun anggèning damêl wilujêngan, komite amung nyuwun gunging pangaksama.

Katandhan,

Komite.

--- 1 : 1 ---

Punika sêrat babad lêlampahanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, nalika puruhita ngaji dhumatêng ing kitha Panaraga, saha dhumawah ing kaelokan nalika anglampahi kungkum wontên ing lèpèn Watu laminipun 40 dalu, limrahipun dipun wastani wahyuning kapujanggan, lêlampahan wau kacariyosakên wiwit sadèrèngipun diwasa ngantos dumugi sedanipun, sarta mawi dipun dèkèki asalsilah sawatawis ingkang nurunakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau, karanganipun para waris, ingkang lajêng dados pangrèh adêgan Rônggawarsitan, pangarangipun mêndhêt pêpiritan saking pèngêtanipun para waris, ingkang anyumêrêpi piyambak dhatêng lêlampahan wau, kawontênanipun sami kapratelakakên kados ing ngandhap punika:

Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika nalika sugêngipun dados abdi dalêm kaliwon kadipatèn anom, saha pujôngga agêng ing nagari Surakarta Hadiningrat, nalika dèrèng diwasa nama Bagus Burham, wêdalanipun ing dintên Sênèn Lêgi tanggal kaping 10 wanci jam 12 siyang, wulan Dulkaidah ing taun Be ôngka 1728: wuku Sungsang, Dewa Sri, Wurukung[1] Uwas, môngsa Jita, windu Sangara. Putranipun pambajêng Mas Ngabèi Rônggawarsita, abdi dalêm panèwu carik kadipatèn anom.

--- 1 : 2 ---

Mas Ngabèi Rônggawarsita wau nalika mêdalipun ingkang putra Bagus Burham, taksih dados abdi dalêm jajar carik kadipatèn anom, nama Mas Pajangswara, kacariyos saking saening swaranipun, nanging lajêng katêlah nama Mas Pajangsora, putranipun pambajêng Radèn Tumênggung Sastranagara, abdi dalêm bupati kadipatèn anom, saha abdi dalêm pujôngga ing nagari Surakarta Adiningrat.

Radèn Tumênggung Sastranagara wau, kala samantên taksih dados abdi dalêm kaliwon kadipatèn anom, nama Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarêng sasedanipun ingkang rama Mas Ngabèi Yasadipura (Tus Pajang) abdi dalêm kaliwon kadipatèn anom ugi pujôngga ing nagari Surakarta Adiningrat, Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau lajêng kapatêdhan nama Radèn Ngabèi Yasadipura kaping II, Mas Pajangswara kakarsakakên dados abdi dalêm panèwu carik kadipatèn anom kaparingan nama Mas Ngabèi Rônggawarsita kaping II.

Sarêng Radèn Ngabèi Yasadipura kakarsakakên dados abdi dalêm bupati, kapatêdhan nama Radèn Tumênggung Sastranagara.

Ingkang ibu Radèn Ngabèi Rônggawarsita (Bagus Burham), nama Mas Ajêng Rônggawarsita, anakipun Mas Ngabèi Sudiradirja Gantang, ingkang amumpuni dhatêng sêkar Macapat lagon palaran,

--- 1 : 3 ---

saking sagêdipun dhatêng laguning têmbang saha saening swaranipun, nalika jamanipun Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping IV, sabên dintên Sênèn Kêmis sabibaring wiyos dalêm sinewaka, Mas Ngabèi Sudiradirja Gantang wau kalêbêtakên dhatêng sêngkêran, lajêng kakèrèk, wontên ing jambu salèr pandhapa agêng, andikakakên maos lagon palaran.

Nalika mêdalipun Bagus Burham, ingkang êmbah buyut Kyai Ngabèi Yasadipura, têksih amênangi ngantos sawatawis taun laminipun, sarêng Kyai Ngabèi Yasadipura andungkap badhe seda, ingkang putra Radèn Ngabèi Rônggawarsita, Radèn Tumênggung Sastranagara, dipun paringi pangandika, bilih ingkang wayah Bagus Burham ing têmbe badhe dados pujôngga panutuping nagari Surakarta Adiningrat sarta misuwuring namanipun badhe langkung kalihan ingkang êmbah-êmbah, sanajan ingkang putra sampun botên kêkilapan bab punika, ewadene sinamun ing samudana angatingalakên karênaning panggalihpun.

Sarêng Bagus Burham sampun dipun pêgêng lajêng kaparingakên dhatêng Ki Tanujaya, abdi kêkasihipun Radèn Tumênggung Sastranagara, Ki Tanujaya wau dèrèng kawical sêpuh umuripun, ananging kalêbêt tiya[2] mugên sarta kawical tiyang linangkung, amargi sagêd sumêrêp dhatêng lêlêmbat, sarta sagêd andhatêngakên bangsaning lêlêmbat, [lê...]

--- 1 : 4 ---

[...lêmbat,] punapadene kalêbêt sugih japa môntra ingkang botên madal sumbi katatalanipun, namung wontên cacadipun dene kau bêbasanipun, ananging wicantênipun sakalangkung cucut.

Ki Tanujaya sakalangkung trêsnanipun dhatêng Bagus Burham, makatên ugi Bagus Burham, ugi trêsna sangêt dhatêng Ki Tanujaya, saking sami kandêling katrêsnanipun, rintên dalu sampun botên sagêd pisah, ngantos kasupèn dhatêng ingkang rama tuwin ingkang êmbah, ingkang rama sarta ingkang êmbah pancèn inggih pitados yêktos dhatêng Ki Tanujaya, namung kadhingkala bilih ingkang êmbah nuju kangên ingkang wayah lajêng dipun timbali kadhawuhan ngadhêp, manawi sampun wontên ngarsanipun ingkang êmbah lajêng dipun beda sarta dipun garapi,[3] baurêksa kêdhung Kol, mila dipun parabi makatên, kacariyos Bagus Burham wau kapêndhêt putra kalihan ingkang ambaurêksa kêdhung Kol, dene ingkang ambaurêksa kêdhu[4] Kol wau kalihan Ki Tanujaya sampun têpang sae, malah botên namung têpang sae kemawon, ananging Ki Tanujaya panganggêpipun anggusti.

Radèn Tumênggung Sastranagara sasampunipun gêgujêngan kalihan ingkang wayah, lajêng andangu bilih Ki Tanujaya nuju wontên griya punika punapa sambènipun. Aturipun ingkang wayah punapa kawontênanipun ingkang dipun sumêrêpi, kaaturakên sadaya, malah lajêng matur sampun nate dipun jak dhatêng salêbêting kêdhung [kê...]

--- 1 : 5 ---

[...dhung] Kol, sowan putri ayu ingkang dalêmipun sakalangkung sae, saha lajêng ngaturakên anggèning kapêndhêt putra dhatêng putri ayu wau, tuwin sampun nate katilar wontên ngriku ngantos sawatawis dintên, ingkang êmbah amidhangêtakên ingkang wayah wau andadosakên sukaning panggalihipun, ing batos ngalêmbana dhatêng kalangkunganipun Ki Tanujaya, sarta amêmuji kalis ing sambekala dhatêng ingkang wayah.

Sarêng Bagus Burham andungkap yuswa 12 taun, kaparêngipun ingkang êmbah badhe kapuruhitakakên ngaji dhumatêng Panaraga, kapasrahakên dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari ing Gêbang Tinatar, Kangjêng Kyai Imam Bêsari wau, mantu dalêm sampeyan dalêm ingkang sinuhun kaping 4 saha sadhèrèk tunggil puruhitan kalihan Radèn Tumênggung

Sastranagara. Ki Tanujaya lajêng dipun tinbali[5] sarta dipun paringi sumêrêp bilih ingkang wayah badhe kapuruhitakakên ngaji dhumatêng Panaraga. Ki Tanujaya ugi kadhawuhan ngêtutakên lêstari dados pamongipun, samôngsa sampun dumugi ing Panaraga Ki Tanujaya sampun ngantos pisah kalihan ingkang wayah, sarta punapa sapanêdhanipun ingkang pantês dipun pituruti, dipun sukanana, sampun ngantos kirang sênêng manahipun supados sagêd kraos sampun ngantos mulat tèngèng. Ki Tanujaya aturipun sandika, enggalipun lajêng mirantos sadaya ingkang badhe dipun angge sangu, sarta ingkang badhe [ba...]

--- 1 : 6 ---

[...dhe] kangge angsal-angsal dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sarêng sampun mirantos Bagus Burham lajêng kadhawuhan mangkat, ingkang dipun dhawuhi ngaturakên ingkang rama piyambak, kaparingan kanthi ingkang rama alit nama Mas Ngabèi Awijaya, sadaya sami kadhawuhan numpak kapal, ingkang êmbah amaringi sangu yatra kathahipun gangsal atus reyal, katampèkakên dhatêng Ki Tanujaya.

Botên kacariyosakên wontênipun ing margi, sarêng sampun dumugi ing Panaraga Mas Ngabèi Rônggawarsita lajêng sowan Kangjêng Kyai Imam Bêsari, ngaturakên sêratipun ingkang rama Radèn Tumênggung Sastranagara, sasampunipun sêrat dipun tampèni lajêng sami dipun paringi pasugata sawontênipun, sarêng sampun sami angrahabi paringipun sugata Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sadaya sami kadhawuhan ngaso dhatêng pondhokan.

Mas Ngabèi Rônggawarsita akalihan ingkang rayi, wontên ing Panaraga namung nyipêng kalih dalu, lajêng nyuwun wangsul dhatêng ing nagari Surakarta, kapal tumpakanipun Bagus Burham sarta tumpakanipun Ki Tanujaya kalih pisan sami dipun tilar, amila Ki Tanujaya, kapêksa ngingah tênggan kapurih angopèni kapalipun kalih iji wau.

Kangjêng Kyai Imam Bêsari punika pancèn sampun misuwur dados pangangsoning kawruh kitab Kuran ingkang sampun dipun anggêp sampurna dening para luhur Jawi jaman kina, botên ngamungakên anaking [a...]

--- 1 : 7 ---

[...naking] para panèwu mantri kemawon ingkang sami kasuwunakên piwulang dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, dalah putraning para gusti

saha para luhur manawi badhe ngudi sampurnaning pamaosipun kitab Kuran, ugi sami kapuruhitakakên dhatêng kangjêng kyai, dados Bagus Burham anggèning kapuruhitakakên ingkang êmbah dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari wau, kala samantên pancên sampun nama anêtêpi jaman.

Adat ingkang sampun kalampahan sabên Kangjêng Kyai Imam Bêsari anampèni murid enggal, sadaya muridipun lami sami dipun kalêmpakakên, prêlu dipun têpangakèn dhatêng murid enggal ingkang nêmbe dhatêng wau, sarta dipun sumêrêpakên akrap-akrapaning bêbasan, dados tanduking bêbasanipun para murid dhatêng kancanipun, namung kantun anglampahi dhawuhipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari kemawon, sarta lajêng sami kaparingan nêdha sêsarêngan wontên ngarsanipun kangjêng kyai, sabibaring nêdha lajêng sami kadhawuhan maos kitab utawi Kuran, miturut punapa kasagêdanipun piyambak-piyambak.

Pangintênipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, Bagus Burham kagalih sampun sagêd maos Kuran saha kitab-kitab, dene punika wayah buyutipun pujônggа ingkang sampun kasusra asmanipun, mila lajêng dipun taros dhumatêng kangjêng kyai, Bagus Burham ingkang dipun rêmêni maos kitab punapa Kuran, aturipun Bagus Burham [Burha...]

--- 1 : 8 ---

[...m] dèrèng sagêd ngungêlakên, wangsulan makatên punika kagalih saking rikuh tuwin saking kasujananipun kemawon, paribasan kangge warana ing kasagêdanipun, ing wêgdal punika Ki Tanujaya ugi tumut ngadhêp wontên ngajêngan, lajêng matur ing kangjêng kyai, mêngggah aturipun Bagus Burham punika wau pancèn lêrês dèrèng sagêd sayêktos, sampun ingkang maos kitab saha Kuran ingkang nama alip bengkong kemawon dèrèng mangrêtos babar pisan. Amargi nalika wontên nagari Surakarta kalêbêt dipun ugung dening ingkang êmbah, aluwung kadhawuhana ngabên jangkrik punapa ngabên kêmiri punika ragi kathah mangrêtosipun, Ki Tanujaya punika sampun kacariyos kau bêbasanipun, nanging manawi wicantên gadhah cucut sarta anggumujêngakên, kabêkta saking cucutipun, nalika Ki Tanujaya matur dhatêng Kangjêng Kyai wau sami dipun gêgujêng dening para ingkang wontên ngarsanipun kangjêng kyai, anggèning sami anggêgujêng wau botên saking anggêgujêng Bagus Burham, sami anggêgujêng cucutipun Ki Tanujaya anggènipun matur kangjêng kyai, sêling sêrêpipun Bagus Burham, ingkang sami dipun gêgujêng wau kamanah piyambakipun, saking lingsêming manahipun, sanalika lajêng nangis magêp-magêp, Kangjêng Kyai Imam Bêsari lajêng dhawuh dhatêng Ki Tanujaya, Bagus Burham kadhawuhan bêkta mantuk

dhatêng pondhokan, samôngsa manahipun sampun pundhuh kemawon badhe kaparingan piwulang ingkang gampil-gampil rumiyin.

--- 1 : 9 ---

Ki Tanujaya ing batos ragi lingsêm manahipun, lingsêmipun wau dene botên nyana bilih ing Panaraga wau sabên rare ingkang umuripun sarta agêngipun sami kalihan Bagus Burham, naracak sampun sami sagêd maos kitab Kuran, namung Bagus Burham piyambak ingkang taksih kuciwa dèrèng sagêd barang-barang, ewadene inggih angrumaosi mênggah kuciwanipun Bagus Burham wau kabêkta saking pangugungipun wiwit alit mila, ananging sinamuning sêmu ngantos botên katawis bilih lingsêm ing dalêm manahipun, wusana Bagus Burham lajêng dipun ajak mundur dhatêng pondhokan, sadumugining pondhokan dipun pituturi kalayan têmbung aris sarta dipun sêrêp-sêrêpakên, ingkang sami dipun gêgujêng sadaya wau dede piyambakipun, mila benjing enjing manawi kasowanakên ngaji bilih wontên tiyang gumujêng sampun sêling sêrêp malih, sampun ingkang botên anggêgujêng dhumatêng piyambakipun, sanajan dipun gêgujênga pisan, punapadene dipun erang-eranga anggèning dèrèng sagêd dipun purih kèndêl kemawon, watêking tiyang ngalah punika bilih dipun antêpi trusing lair batos badhe malik dados mênang. Bagus Burham inggih mituhu dhatêng pituturipun Ki Tanujaya wau.

Saking kathahipun para rare ingkang sami puruhita dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, pamulangipun kanjeng kyai ngantos botên cêkap dipun sarirani piyambak, dene ingkang kawulang dening kangjêng [kang...]

--- 1 : 10 ---

[...jêng] kyai wau, namung para murid ingkang sampun kawical kathah kasagêdanipun, inggih wontên satunggal kalih murid ingkang dèrèng sagêd dipun paringi piwulang dening kangjêng kyai piyambak, nanging punika putraning para luhur tuwin para gusti ingkang kalêbêt dados panggalihipun, sanès-sanèsipun ingkang sami dèrèng sagêd sami kadhawuhan mulang para santana kemawon.

Sarêng Bagus Burham anggèning wontên Panaraga sampun andungkap kalih wulan laminipun, kalihan para kancanipun sampun sami pundhuh sadaya, malah wontên ingkang supêkêt kados sadhèrèk tunggil yayah rena, salêbêtipun sawulan dumugi kalih wulan wau sabên ênjing sontên botên nate kèndêl anggènipun sinau, nanging sadaya ingkang sampun dipun wulangakên botên wontên ingkang kacanthèl sekêdhik-kêdhika,

paribasan sabên ngadêg sampun kêsupèn ngantos andadosakên kakêning manahipun ingkang mulang.

Sabibaring ngaji ing wanci ênjing, para kancanipun sami dipun ajak dhatêng lèpèn angupados ulam, manawi lèpènipun nuju alit, pangupadosipun ulam ngantos kaplantrang sadintên muput sawêg mantuk, sadumuginipun ing pondhokan ulamipun lajêng kaolah, manawi sakintên kantun anggènipun ngaji kancanipun ingkang sami ngaji dipun wêling kapurih mamitakên sêngadi sakit badanipun, manawi kangjêng kyai nuju anjênêngi mulang inggih,

--- 1 : 11 ---

asring utusan andangu punapa ingkang dipun sakitakên, mênggah pandangunipun kangjêng kyai dhatêng Bagus Burham wau, têmênipun namung kagêm tata krami kemawon, ananging sajatosipun sampun uninga bilih Bagus Burham punika botên majêng dhatêng ngaji, ingkang dipun sênêngi namung kasênêngan ingkang mawi waragad amborosi, sanajan ing batos pancèn botên rêna dhatêng sadaya ingkang dipun lampahi Bagus Burham, saupami botên ngèngêti dhatêng ingkang êmbah ingkang sampun dados sadhèrèk tunggil guru kalihan kangjêng kyai, sagêd ugi dipun antukakên dhatêng Surakarta, ewadene manawi taksih dipun lajêng-lajêngakên, inggih mêsthi badhe kaantukakên dhatêng Surakarta, prêlunipun sampun ngantos anênulari dhatêng kônca-kancanipun, sarêng saya dangu botên wontên indhaking kasagêdanipun, Ki Tanujaya lajêng dipun timbali dhatêng ngarsanipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sarêng sampun sowan, dipun paringi pangandika: kadhawuhan anyêrêp-nyêrêpakên dhatêng Bagus Burham, supados tumêmên anggènipun ngaji, manawi Bagus Burham botên tumuntên sagêd, kangjêng kyai lingsêm sangêt, sarta dipun paribasakakên, kacang tinggal lanjaran, aturipun Ki Tanujaya sêndika. Saunduripun Ki Tanujaya saking ngarsanipun kangjêng kyai, sasagêd-sagêd inggih mituturi dhatêng Bagus Burham, kapurih angèstokakên dhawuhipun kangjêng kyai ingkang dhumatêng piyambakipun, Bagus Burham inggih anyagahi, ananging

--- 1 : 12 ---

saya lami malah tambah-tambah kasênênganing manahipun ingkang ambêborosi, ingkang sawau bênthik, bengkat, tor, malah sapunika lajêng rêmên gimêr, kêplèk, kècèk, nganggur-angguripun ombag bèji tuwin lumah kurêp.

Sarêng sampun antawisipun sataun, sangunipun Ki Tanujaya sampun nipis, malah kapalipun kalih pisan sampun sami dipun sade, yatra pêpajênganipun ugi sampun kangge bêtah sarta kangge nguja kêkajênganipun Bagus Burham wau, badhe nyuwun kintunan arta dhatêng Surakarta namung tansah pakèwêd manahipun, sapisan botên wontên ingkang dipun kèngkèn, kaping kalih dèrèng mèmpêr bilih sangunipun yatra dumugi sapunika sampun têlas, môngka manawi dipun garap kalayan pangatos-atos, yatra gangsal atus reyal makatên manawi namung kangge kabêtahanipun tiyang kalih kemawon, salêbêtipun kalih taun mêsthi dèrèng têlas, môngka punika sawêg angsal sataun langkung sakêdhik, sangunipun sampun nipis, kapalipun kalih pisan sampun dipun sade, mila Ki Tanujaya manawi angraosakên momonganipun sakalangkung rudatosing manahipun, langkung malih manawi nyumêrêpi lêlampahaning awakipun anggèning botên angsal manah Kangjêng Kyai Imam Bêsari, saya susah sangêt manahipun, amila sasagêd-sagêd kajawi namung badhe angêndhak kêkajênganing momonganipun ingkang kirang prêlu, sarta ingkang

--- 1 : 13 ---

anukulakên dhatêng maksiyatan, sarêng sangunipun kantun sadasa reyal, lajêng wontên utusanipun Radèn Tumênggung Sastranagara dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, angaturakên angsal-angsal warni warni, wêdalan ing nagari Surakarta, sarta nyuwun kabar kawontênanipun ingkang wayah ingkang kasuwunakên barkah Kangjêng Kyai Imam Bêsari, punapa sampun kathah kasagêdanipun, sarêng sêratipun Radèn Tumênggung Sastranagara sampun dipun tampèni Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sarta sampun dipun waos, utusanipun radèn tumênggung wau lajêng ngaso dhatêng pondhokan, sadumuginipun ing pondhokan lajêng kêpanggih Bagus Burham kalihan Ki Tanujaya, amaringakên angsal-angsal kintunan saking ingkang rama sarta ingkang êmbah, punapa dene maringakên kintunan yatra dhatêng Ki Tanujaya kathahipun kalih atus reyal, sarta andangu kadospundi kawontênanipun Bagus Burham wontên ing Panaraga, kraos punapa botên, tuwin anggènipun ngaji punapa sampun kathah kasagêdanipun, Ki Tanujaya sakalangkung pakèwêd manahipun, badhe ngaturakên punapa wontênipun rumaos manawi angsal dêduka saking ingkang êmbah radèn tumênggung, badhe dipun alingi kuwatos manawi kangjêng kyai amadulakên punapa kawontênanipun, pêpuntoning manah inggih prasaja punapa ingkang dipun lampahi Bagus Burham sabên dintên, sakalih-kalihipun[6] sami kawêdal pangunguning manahipun.

--- 1 : 14 ---

Sanès dintên Kangjêng Kyai Imam Bêsari amangsuli sêratipun Radèn Tumênggung Sastranagara, amratelakakên punapa kawontênanipun Bagus Burham anggènipun sinau wontên ing Panaraga, sarta botên kasupèn panacadipun dhatêng Ki Tanujaya anggèning sangêt pangugungipun dhatêng Bagus Burham, amila prayoginipun Ki Tanujaya aluwung dipun timbalana dhatêng Surakarta kemawon, sokur sampun tega botên kaparingan pamomong bilih taksih kêdah dipun paringi pamomong kaparingana lintu sanèsipun Ki Tanujaya.

Sawangsuling utusanipun Radèn Tumênggung Sastranagara, sarêng sampun dumugi nagari Surakarta sêrat wangsulan saking Kangjêng Imam Bêsari lajêng dipun caosakên Radèn Tumênggung Sastranagara, sarêng sêrat sampun kawaos andadosakên pangunguning panggalihipun.

Bagus Burham anggènipun sinau sampun langkung sataun, môngka limrahipun sadaya rare ingkang sami sinau sabên samantên laminipun, sampun mêsthi sagêd maos kitab Kuran, apêsipun sampun katam rambah kalih, utawi kaping tiga, môngka manawi Bagus Burham sampun ingkang maos dhatêng kitab Kuran, dhatêng turutan kemawon dèrèng katam, amila supados sampun ngantos kaparan tutuh, kangjêng kyai mundhut panimbang dhatêng para guru sadaya, kadospundi anggèning nyatiyari, sagêdipun mituhu kados rare sanès-sanèsipun, [sanès-sa...]

--- 1 : 15 ---

[...nèsipun,] aturipun para guru wau, sarèhning wontênipun kados makatên wau kabêkta saking pangugungipun Ki Tanujaya, amila sêtiyaripun botên wontên malih kajawi namung kapisahakên kalihan Ki Tanujaya, amargi manawi taksih dipun êmong dening Ki Tanujaya, salaminipun botên wande namung dados rare ugungan kemawon, ananging Kangjêng Kyai Imam Bêsari botên wêntala ngesahakên dhatêng Ki Tanujaya bilih botên mawi jalaran sabab ingkang prêlu, makatên malih bab punika, sarèhning sampun kapratelakakên dhatêng ingkang êmbah sagêd ugi sanès dintên Ki Tanujaya lajêng dipun timbali dhatêng nagari Surakarta.

Salêbêtipun Bagus Burham wontên ing Panaraga, pangêmongipun Ki Tanujaya rumaosing manahipun inggih sampun anêtêpi punapa pawêlingipun ingkang êmbah ingkang kadhawuhakên dhatêng Ki Tanujaya piyambak, sadaya panêdhanipun sampun ngantos dipun sulayani, kadhawuhan amituruti kemawon, môngka wontênipun ing sapunika sami dipun lêpatakên, punika pancên dede lêpatipun Ki Tanujaya, ewadene manawi wontên ingkang dumuk kalêpatanipun Ki Tanujaya, punika inggih botên badhe angatingalakên lêrêsipun, malah

lairipun angrumaosi, kêthuling manahipun Bagus Burham sarta anggènipun rêmên dhatêng kasênêngan ingkang ambêborosi dhatêng wêdaling yatra, punika inggih saking piyambakipun, dene [de...]

--- 1 : 16 ---

[...ne] botên wêntala anyrèngêni dhatêng Bagus Burham, nanging ing batos satêmênipun ngiras kangge nyobi dhatêng kodratipun Bagus Burham, kadospundi kadadosanipun ing têmbe, punapa sagêd cocog kalihan pamêcanipun para linangkung ingkang sampun dipun mirêngakên, kados punika kosok wangsul kalihan karsanipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, môngka rintên dalu botên kèndêl-kèndêl anggèning angraosakên dhatêng Bagus Burham, dene salaminipun dèrèng nate mriksa rare bêlêr sarta nakal kados punika, malah ingkang sampun kalampahan sabên wontên rare nakal kados punapa, manawi sampun kacaosakên dhatêng kangjêng kyai, ingkang sampun kalampahan nakalipun lajêng ical, têmahan lajêng andadosakên kabingahaning tiyang sêpuhipun, beda kalihan Bagus Burham punika, mindhak dintên mindhak bêlêripun, mindhak wulan mindhak nakalipun, dalah kasênênganipun kemawon inggih mindhak, kangjêng kyai ngantos rumaos kewran panggalihipun, dadakaning panggalihan lajêng andhawuhakên dhatêng para murid-muridipun sadaya kadhawuhan jothak dhatêng Bagus Burham, manawi wontên ingkang aruh-aruh agêngipun angêmpali, badhe dipun paringi pidana ingkang langkung awrat, ewadene manawi Bagus Burham sampun katingal sae sarta sampun mituhu anggènipun ngaji, lajêng kadhawuhan wawuh malih, nanging sampun ngantos wawuh piyambak bilih dèrèng dipun dhawuhi dening kangjêng [kang...]

--- 1 : 17 ---

[...jêng] kyai, aturipun sadaya rare sami sêndika sêdya badhe angèstokakên, sarta lajêng kalampahan sami anjothak dhatêng Bagus Burham, namung putranipun Bupati Samarata piyambak ingkang botên angèstokakên, taksih wanuh kalihan Bagus Burham, nanging rare-rare sami ajrih ngaturakên dhatêng kangjêng kyai, amargi putranipun Bupati Samarata wau wontên ing Panaraga kajèn keringan piyambak, dados rare-rare wau inggih sami ajrih dhatêng piyambakipun, wantuning rare wêgdal wau Bagus Burham inggih radi kêndhak sawatawis, saking botên wontên ingkang dipun ajak dolanan kados sabênipun, amila lajêng mêmpên wontên ing pondhokan kemawon, malah lajêng kamidilêpên ajrih ngaji dhatêng ngajêngan, sanadyan punika prakawis rèmèh, prêlunipun namung kangge ngapokakên Bagus Burham, Ki Tanujaya inggih sampun mangrêtos bilih bab punika namung kangge ngapokakên kemawon, nanging bilih anyumêrepi aliting manahipun Bagus Burham, langkung malih manawi angraosakên anggèning kamidilêpên lajêng ajrih botên

purun ngaji, punika manahipun katingal wêlas sangêt, amila lajêng badhe damêl rekadaya kawêlèhipun para rare-rare ingkang sami anjothak dhatêng Bagus Burham wau, sagêda sami ngajak wanuh piyambak botên saking dhawuhipun kangjêng kyai, gêlaripun anaros dhatêng putranipun ingkang Bupati Samarata, punapa [puna...]

--- 1 : 18 ---

[...pa] sariranipun kapengin badhe sumêrêp dhatêng lêlêmbat ing Panaraga ngriki, manawi kaparêng Ki Tanujaya sagah badhe nyumêrêpakên, nanging mawi kajanji sampun ngantos kawuningan kalihan kangjêng kyai, wicantênipun Ki Tanujaya makatên wau dipun sêngaja wontên ngajêngipun para rare-rare kathah, pamrihipun supados sami kapengina, ingkang putra Bupati Samarata sakalangkung bingah ing manahipun, lajêng daya-daya tumuntêna dipun sumêrêpakên, sanalika ugi lajêng dipun sumêrêpakên.

Patrapipun anyumêrêpakên dhatêng lêlêmbat wau mawi sarana githokipun ingkang dipun sumêrêpakên mawi dipun usap kaping tiga, sanalika lajêng sumêrêp wêwêrnèn warni-warni ingkang wujudipun sami dèrèng nate sumêrêp, wontên ingkang wujud sato kewan, wontên ingkang wujud tiyang namung kantun rongkongan saha balung kemawon, wontên ugi ingkang taksih wêtah wujud tiyang lugu, sadaya wau rumaosipun ingkang sami dipun sumêrêpakên, rikating lampahipun kados ibêring pêksi, wêwêrnèn ingkang sami dipun sumêrêpi wau saking cariyosipun Ki Tanujaya inggih punika jiwaning manungsa ingkang sampun abadan alus, limrahipun dipun wastani amarayang, wantuning rare badhe sumêrêp wêwêrnèn ingkang dèrèng nate sarawungan, sanalika lajêng ngêbyuk sadaya nêdha wawuh dhatêng Bagus Burham, sarta lajêng nêdha supados sami dipun sumêrêpakên, sadaya ugi lajêng [la...]

--- 1 : 19 ---

[...jêng] sami dipun sumêrêpakên, kawontênanipun sami kalihan ingkang sampun dipun sumêrêpi putranipun Bupati Samarata, rare-rare sami agumyak-gumyak nglairakên kasênênganing manahipun, nanging ugi wontên ingkang ajrih utawi gila, dene ingkang ajrih utawi gila wau ulatipun katingal pucêt, badanipun sami asrêp sarta andharêdhêg, dene manawi badhe anyirnakakên wawêrnèn wau, githokipun inggih ugi dipun usap malih, nalika rare-rare wau sawêg sami kasumêrêpakên sapisan kaping kalih, taksih radi wani-wani angas, wontên ingkang kirig-kirig sêmu kamigilan, nanging sarêng sampun kulina sabên dintên dipun sumêrêpakên, lajêng botên wontên ingkang sami kamigilan utawi ajrih, malah lajêng tuman sabên dintên nêdha dipun sumêrêpakên.

Kalangkunganipun Ki Tanujaya ingkang makatên wau, botên ngêmungakên rare-rare kemawon ingkang rêmên sumêrêp wujuding lêlêmbat, dalah tiyang sêpuh ugi kathah ingkang sami rêmên aningali, wiwit punika rare-rare lajêng botên wontên ingkang sami anjothak dhatêng Bagus Burham, sadaya lajêng pulih malih sami rukun kados ingkang sampun, malah sami angatingalakên ajrihipun, amila Bagus Burham lajêng rumaos badhe kadumugèn malih kasênênganipun kados ingkang sampun kalampahan.

Tular-tumularing pawartos, kalangkunganipun Ki Tanujaya kasêbut [ka...]

--- 1 : 20 ---

[...sêbut] nginggil wau, dangu-dangu kamirêngan Kangjêng Kyai Imam Bêsari, ingkang lajêng thukul dêdukanipun dhatêng Ki Tanujaya, kagalih ananêm wiji ngèlmu singkir dhatêng muridipun, tuwin dhatêng tiyang sanèsipun, karsanipun kangjêng kyai bab punika manawi botên tumuntên dipun sirêp, sagêd ugi anggêgêmpal piyandêling para rare dhatêng kangjêng kyai, sanalika Ki Tanujaya lajêng kadhawuhan sowan dhatêng ngarsanipun kangjêng kyai, sarêng sampun sowan, botên mawi pandangon malih, Ki Tanujaya lajêng dipun dukani akathah-kathah, sarta kaundhamana bab kawontênanipun Bagus Burham anggèning kêthul, budhêng, bodho, rêmên ngabotohan, punika botên liya saking pandamêlipun Ki Tanujaya piyambak. Dalah rare-rare sanès-sanèsipun badhe dipun tuntuni ingkang botên lêrês, saking sangêding dêduka sadaya ingkang sami wontên ngarsanipun kangjêng kyai, sami katingal gêtêr manahipun, amargi salaminipun kangjêng kyai botên nate angêdalakên dêduka ingkang kados makatên santêripun, langkung malih Bagus Burham, saking ajrihipun saupami dipun irisa botên mêdal êrahipun, wasana Ki Tanujaya lajêng dipun dhawuhi kesah saking Panaraga, dene Bagus Burham kadhawuhan nilar badhe botên kirang ingkang kadhawuhan angopèni. Ki Tanujaya botên sagêd angendhani dêdukanipun kangjêng kyai dhatêng awakipun, amargi dêdukanipun kangjêng kyai mapan sangêt dhatêng pangêlèsing [pangêlè...]

--- 1 : 21 ---

[...sing] kalêpatanipun, sagêdipun Ki Tanujaya namung ngaturakên pêjah gêsang tuwin nyuwun pangapuntên, mugi lêstantuna ngêtutakên momonganipun, ing wingking badhe dipun èngêt-èngêt badhe botên anglampahi makatên malih, tuwin badhe angèstokakên sadaya dhawuhipun kangjêng kyai, punapa dene sagah angêrêngi dhatêng Bagus

Burham, ewadene wêgdal[7] wau kangjêng kyai botên kengguh dhatêng panalangsanipun Ki Tanujaya ingkang kathah-kathah, kêdah botên Ki Tanujaya namung kadhawuhan mantuk dhatêng nagari Surakarta, amila aturipun Ki Tanujaya namung sandika, sarta lajeng mundur dhumatêng ing pondhokan.

Sadumuginipun ing pondhokan Ki Tanujaya sakalangkung susah manahipun sarta lajêng angrumaosi ing kalêpatanipun ingkang sampun dipun lampahi sadaya, ananging sarèhning dukanipun kangjêng kyai sampun botên kenging dipun sêtiyari lilihing panggalihipun, pêpuntoning manahipun namung sumendhe dhatêng ingkang damêl gêsang, nanging sarèhning Ki Tanujaya sampun kalajêng botên sagêd pisah kalihan Bagus Burham, tekading manahipun dhatênga ing pundi-pundi inggih badhe kabêkta.

Ngajêngakên wisan damêl rare-rare ingkang sami ngaji dhatêng masjid sampun sami bibaran, sadumugining pondhokan sami anjujug prênahing panggenanipun piyambak-piyambak. Bagus Burham inggih anjujug pêrnahing panggenanipun piyambak, ingkang lajêng [la...]

--- 1 : 22 ---

[...jêng] angrungkêbi pangkonipun Ki Tanujaya kalihan angatingalakên prihatosing manahipun, saking sami sangêting prihatosipun, sakalih-kalihipun sami akaca-kaca, punapa dene rare-rare ingkang sami trêsna dhatêng Ki Tanujaya sami pating dharèpèl angatingalakên prihatosing manahipun manawi Ki Tanujaya saèstu kalampahan kesah badhe botên wontên ingkang dipun angge sêpuh-sêpuh wontên ing pondhokan, rumaos sampun botên wontên ingkang dipun angge andêl-andêl.

Ki Tanujaya anggagas kadospundi sakecanipun ingkang badhe dipun lampahi, punapa mantuk dhatêng Surakarta punapa têrus kesah suwita dhatêng Kadhiri, pangudaraosing manahipun pating salêbar dèrèng wontên ingkang dipun antêpi, sarêng sampun wancinipun rare-rare sami nêdha, Bagus Burham lajêng dipun ajak kesah Ki Tanujaya, prêlunipun anyingkiri saking wêgdal wau Ki Tanujaya botên sagêd abêbêthak tuwin olah-olah, jalaran saking sawêg angraosakên susahing manahipun, ngantos sagêd kasupèn dhatêng prêlunipun ingkang dipun tindakakên sabên dintên, ingkang matên[8] wau katôndha saking kandêl sangêt susahing manahipun, sadumugining jawi Bagus Burham lajêng dipun jajakakên sêkul ulam satuwukipun, sarêng sampun dumugi anggènipun nêdha, lajêng dipun ajak wangsul dhatêng pondhokan malih.

--- 1 : 23 ---

Wiwit jam gangsal sontên rare-rare sampun sami adus dhatêng lèpèn, sabibaring adus lajêng sami dandan, sarampungipun lajêng têrus dhatêng mêsjid badhe sêmbahyang mahrib, sadumuginipun ing mêsjid lajêng sami pêpujian ngiras ngêntosi rawuhipun kangjêng kyai, wêgdal wau namung Bagus Burham piyambak ingkang botên tumut dhatêng masjid, saking ngandhut kuwatos bilih lajêng dipun tilar kesah kalihan Ki Tanujaya, sarêng rare-rare sampun têlas sami dhatêng mêsjid sadaya, Bagus Burham lajêng dipun pituturi, badhe dipun aturakên kangjêng pangeran adipati ing Kadhiri, wangsulanipun Bagus Burham namung manut punapa sakajêngipun Ki Tanujaya, sarêng sampun dumugi anggènipun mituturi, Bagus Burham dipun purih lumêbêt dhatêng mêsjid, nanging dipun wêling sampun ngantos baribin kalihan para kancanipun, manawi ngantos kadêngangan mindhak botên prayogi, Bagus Burham inggih lajêng amiturut dhatêng mêsjid, sadumuginipun ing masjid kalêrêsan wêgdal wau kangjêng kyai dèrèng rawuh, mila lajêng momor kancanipun tumut pêpujian kados sabênipun.

Sarêng srêngenge sampun sêrap, dilah ing mêsjid sampun sami dipun sumêdi sadaya, botên watawis dangu kangjêng kyai lajêng rawuh, anjujug ing paimanan[9] kados ingkang sampun kalampahan, sabakdanipun sêmbahyang Mahrib, rare-rare lajêng sami andumugèkakên ngaji ngantos jam sanga sontên, sabibaripun ngaji lajêng sami ngaso dhatêng pondhokanipun piyambak-piyambak, [piyambak-pi...]

--- 1 : 24 ---

[...yambak,] sadumuginipun pondhokan lajêng sami nêdha punapa sawontênipun, ingkang kasêmbadan panêdhanipun inggih sae, ingkang botên kasêmbadan inggih namung sawontênipun kemawon dene ingkang botên gadhah cawisan babar pisan lajêng katêksa[10] sami amapan tilêm, tarkadhang lajêng sami dolanan punapa sasênêngipun kangge anylamur luwening padharanipun.

Caranipun rare kawulangakên ngaji wontên ing pondhok Panaraga, sandhang têdha sapirantosipun, sami ambêkta piyambak, botên dados têtanggêlaning gurunipun, manawi rare-rare wau anaking para priyantun sarta putraning para luhur tuwin anaking para hartawan, ingkang kathah sami dipun bêktani pamomong dening tiyang sêpuhipun, manawi anaking tiyang alit ingkang botên kasêmbadan, kawontênanipun sami amêmêlas, amargi satêlasing pambêktanipun sangu, lajêng sami katêksa angupados sandhang têdha piyambak-piyambak, manawi rare sampun umur gangsal wêlas utawi wolulas taun, wontênipun ing ngrika ragi botên mêmêlas

gêsangipun, dene sasêlanipun ngaji sampun sagêd nyambi bêbêrah utawi nyambut damêl sanès-sanèsipun, ingkang kathah lajêng sami nyantri, anggarap sabinipun tiyang sakiwa têngênipun ngriku, melikipun sagêd mêsthi têtêdhanipun sabên dintên, benjing mangsanipun panèn sami katumbasakên pangangge samurwatipun, wangsul ingkang sawêg umur

--- 1 : 25 ---

kalih wêlas taun mangandhap, punika saya sakalangkung anggènipun mêmêlas, manawi botên dipun pitulungi kancanipun ingkang sami kacêkapan, ingkang dipun têdha sabên dintênipun saking anggènipun pêpariman dhatêng ing padhusunan, saupami lêlampahan makatên punika sampuna sampun dados caranipun, pancèn inggih kirang prayogi dipun lampahi, sarêng sampun dados caranipun kala samantên inggih sami sakeca kemawon anggènipun anglampahi, malah kangge umuk-umukan kathahing angsal-angsalanipun. Inggih manawi rare wau sêpuhipun lajêng èngêt dhatêng lêlampahanipun kala alit, pangupadosipun kasagêdan kalayan anglampahi lara lapa, nanging manawi sêpuhipun lajêng kapatuh tuman dhatêng pêpariman, kados dene ingkang sami dipun sipati ing môngsa kala, punika dhatêng sawangan pancèn botên sae, mênggah ingkang makatên wau namung saking botên dipun manah panjang kemawon.

Amangsuli cariyosipun Ki Tanujaya anggènipun badhe kesah dhatêng Kêdhiri, wiwit sontên sampun anglêmpakakên barang-barangipun ingkang sakintên kuwawi kabêkta piyambak, sarêng sampun rampung pangrakitipun, lajeng ngaso dhatêng patilêman, sêdyanipun sêgêda ngaso tilêm sawatawis, nanging tansah kalisikan botên sagêd tilêm-tilêm, awit angraosakên badhe kadospundi kadadosaning lêlampahanipun, sarêng sampun [sampu...]

--- 1 : 26 ---

[...n] wanci sawung kaluruk, ing pondhokan ngriku sampun botên wontên sabawanipun tiyang mêlèk, Ki Tanujaya lajêng anggugah Bagus Burham, sarêng sampun tangi lajêng dipun ajak mangkat malampah dalu, Bagus Burham inggih botên mawi suwala, lajêng miturut kemawon, dene barangipun ingkang dipun bêkta, namung sangunipun yatrra kalihan sandhang panganggenipun, sanès-sanèsipun sadaya sampun sami dipun titipakên dhatêng pamomongipun putraning Bupati Samarata, lampahipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham daya-daya sagêda dumugi ingkang dados sêdyaning manahipun, sarêng sampun bangun enjing lampahipun dumugi watêsing bawah kitha Panaraga, namung ngaso sawatawis lajêng mangkat malih andumugèkakên lampahipun, sarêng sampun wanci wisan

damêl ênèm (antawisipun jam 10) lajêng kèndêl wontên ing dhusun Mara, anjujug griyanipun tiyang nama Kasan Ngali, kamisêpuhipun ing dhusun Mara wau, kaprênah sadhèrèkipun misan kalihan Ki Tanujaya, kalêrêsan ing wêgdal wau Kasan Ngali sawêg dhatêng saking sabin, dèrèng ngantos anyèlèhakên paculipun, lajêng katungka dhatêngipun Ki Tanujaya ingkang sêmunipun anawung sungkawa, Kasan Ngali sarêng sumêrêp dhatêngipun Ki Tanujaya botên sarônta lajêng dipun plajêngi kalihan angatingalakên kabingahaning manahipun, sarêng sampun tundhuk lajêng sami rêrangkulan kados kupu tarung, sakalih-kalihipun sami nangis [na...]

--- 1 : 27 ---

[...ngis] anggêlolo, kados tiyang kasripahan, Bagus Burham botên pisah ambondhèti wontên sawingkingipun Ki Tanujaya kemawon, Bok Kasan Ngali ingkang sadangunipun sawêg bêbêthak wontên ing pawon, mirêng tangising semahipun anggèning bêbêthak lajêng dipun tilar, dipun kintên ingkang jalêr amanggih sabab ingkang anjalari kasangsaraning badanipun, sarêng mêdal sumêrêp ingkang jalêr sawêg arêrangkulan kalihan Ki Tanujaya, botên sarônta lajêng ambêngok tumut nangis kalara-lara, saking umyunging tangis ngantos dipun layat para tôngga têpalih, sarêng sampun rêrêm lajêng sami dipun ajak lumêbêt ing griya, sakalih-kalihipun sami anglairakên botên kanyanan bilih kapanggih sadhèrèkipun ingkang pisah sampun gangsal wêlas taun laminipun, sarêng sampun sami satata, Kasan Ngali marentah dhatêng rencangipun kapurih nuthuk kênthong angundangi anak-anakipun, botên antawis dangu anak-anakipun sami dhatêng sarimbitan kalihan semahipun, sanalika punika griyanipun Kasan Ngali katingal rêgêng kados tiyang gadhah damêl, tôngga têpalih ingkang pamirêngipun kantun lajêng sami anusul tumut anjagongi, Kasan Ngali marentah anakipun kapurih maragad maenda satunggal, dipun angge angauli dhatêngipun Ki Tanujaya, Kasan Ngali èstri tuwin para mantu-mantunipun, sami ribut anggèning olah-olah, labanipun tiyang botên kêkirangan, kasêmbuh sugih bala [ba...]

--- 1 : 28 ---

[...la] santana, botên ngantos pukul kalih wêlas pangolahipun sêkul ulam sampun rampung sadaya, Bok Kasan Ngali lajêng lumêbêt ing griya ngancani dhatêng Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, sami dipun purih nêdha sawontênipun, sampun mawi èwêd pakèwêd, Kasan Ngali jalêr lajêng anumpangi ngacarakakên dhatêng tamunipun kaajak nêdha sêsarêngan kalihan para tôngga têpalihipun sadaya, panêdhanipun sami katingal rahab botên wontên ingkang gadhah pakèwêd, sarampunging panêdhanipun lajêng sami atêturuh piyambak-piyambak, sakantunipun lajêng sami kaundurakên dhatêng pawon, Kasan Ngali èstri angêdalakên pakinangan kalihan amanggul bantal, tamunipun kapurih lêson

angasokakên badanipun supados lajêng sagêd ical sayahipun, tôngga têpalih ingkang tumut amanggihi lajêng sami bibaran, Kasan Ngali sarta Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham lajêng sami mapan tilêman, labêtipun sayah arip dèrèng patosa dangu sakalih-kalihipun lajêng sami tilêm kapati.

Saking arip tuwin sayahipun, Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham anggènipun tilêm ngantos jam gangsal sontên dèrèng sami tangi, Bok Kasan Ngali pangruktinipun wedang panganan sampun rampung sadaya, lajêng katata wontên ing ambèn sacêlaking patilêmaning tamunipun, nanging wedangipun dèrèng sami dipun êlèri,

--- 1 : 29 ---

amargi tanginipun dèrèng tamtu, mangke kemawon samôngsa tamunipun sampun sami tangi wedangipun lajêng dipun êlèri, supados taksih angêt, dados pangombenipun karaos sêgêr.

Kasan Ngali kala wau inggih angrahabi tumut tilêm tunggil saambèn, nanging sarêng Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sampun tilêm kapati Kasan Ngali lajêng tangi, prêlu angrigênakên badhe pisêgah ing tamunipun ingkang kaladosakên sontên punika mangke, sampun tunggil wêrni kalihan ingkang kaladosakên siyang punika wau, sarampungipun anggèning mituturi semahipun lajêng prentah dhatêng rencang-rencangipun, kapurih rêrêsik griya ngajêng, sakiwa têngêning griya, tuwin angisèni kolah, manawi sadhèrèkipun badhe adus sampun ngantos pados toya piyambak.

Sarêng ngajêngakên jam nênêm sontên Ki Tanujaya saha Bagus Burham sampun sami tangi, lajêng dipun purugi Kasan Ngali jalêr èstri kalihan ngatingalakên rêsêping manahipun, ingkang èstri lajêng angêlèri wedang kawan cangkir, ingkang kalih tamunipun, ingkang kalih Kasan Ngali piyambak jalêr èstri, tamunipun dipun acarani ngombe wedangipun mupung taksih angêt pacitanipun lajêng kaajêngakên, sarêng wedangipun sami kaombe, Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham lajêng kairit dhatêng kolah, tiyang kalih

--- 1 : 30 ---

sami adus, salêbêtipun adus raosipun sakalangkung sêgêr, sayah aripipun sampun lajêng botên karaos babar pisan, sarampungipun adus sami dipun irit dhatêng griya malih, tiyang tiga lajêng sami sêmbahyang mahrip[11]

wontên ing ambèn ngriku kemawon, sabakdaning sêmbahyang andumugèkakên wedangan malih, kasambi aginêm lêlampahanipun wêgdal wontên Panaraga, Kasan Ngali botên pêgat anglairakên pangunguning manahipun, ingkang èstri kapurih angêdalakên pasugatanipun sêkul ulam, sarêng sampun rampung panatanipun, lajêng sami nêdha asêsarêngan, rahabing panêdhanipun ugi botên beda kalihan siyang punika wau, mila andadosakên bingahing manahipun Kasan Ngali jalêr èstri, dene pisêgahipun dipun rahabi trusing lair batos, sarampunging panêdhanipun, sadaya dipun purih nglorot rencangipun Kasan Ngali ingkang kapurih tugur wontên ing griya ngajêng, Ki Tanujaya taksih andumugèkakên lêlinggihan kalihan Kasan Ngali jalêr èstri, angrêmbag lêlampahanipun ingkang sakintên kamanah prayogi. Sarêng sampun jam kalih wêlas dalu lajêng sami ngaso tilêman.

Kasan Ngali punika sampun kacariyosakên dados kamisêpuhipun ing dhusun Mara, rèhipun tiyang sadaya sadhusun sami anglurah dhatêng Kasan Ngali sadaya, ingkang dados têdhanipun awarni sabin karya sadasa, kajawi sabin samantên wau kawênangakên anampèni [ana...]

--- 1 : 31 ---

[...mpèni] takêr têdhak saking ladosanipun tiyang sadasa dhusun wau sarêng panggenanipun angladosakên bau suku dhatêng kawadanan sabên sadasa dintên tiyang sadasa, ladosanipun yatra namung kawan dasa reyal ing dalêm sataun, ingkang jalêr panggaotanipun têtanèn ngiras anglampahakên padhukunan, ingkang èstri sade bêrasan[12] wontên ing griya, kadhingkala asring nindakakên gêgramèn jêne sela, manawi wontên para priyantun tuwin para sanak sadhèrèk ingkang mêling barang mas intên, mila gêsangipun kalêbêt sakeca, griyanipun agêng-agêng sampun pêpak, maesanipun saamêt? maendanipun atusan, ayamipun sampun tanpa wicalan, lumbungipun manggèn sawetan gandhok ingkang wetan, pantunipun kêbak, pakaranganipun wiyar malumah, têtanêmanipun warni-warni, panatanipun sae, sawanganipun rêsik gumarining labêt kopèn sabên dintên, kabêkta saking wêkêlipun Kasan Ngali, dados rencang-rencangipun sami katularan wêkêl sadaya, sabên dintên tanpa kèndêl para tiyang ingkang sami nêdha pitulungan dhatêng Kasan Ngali, ingkang sampun kadumugèn sêdyanipun, sami angantuk-antuki ingkang dadosakên kasênênganing manahipun, mila sabobotipun kamisêpuh griya dalah pakaranganipun saisèn-isènipun sadaya, botên kawon kalihan dalêming priyantun wadana.

Ki Tanujaya sarta Bagus Burham anggèning kampir wontên ing

--- 1 : 32 ---

dhusun Mara sampun sawulan laminipun, pancèn sêdyaning manahipun inggih badhe botên dangu, malah sagêda lajêng daya-daya dumugia nagari Kadhiri, nanging sabên badhe mangkat lajêng dipun bondhèti dening Kasan Ngali jalêr èstri, sêngadinipun wêrni-wêrni kemawon, sarta tansah dipun sêmadosi dèrèng wontên wahyaning môngsa kala, kapurih angrêrêmakên wontên ing Mara kemawon rumiyin, benjing samôngsa sampun pinanggih ingkang prayogi dipun lampahi, Kasan Ngali sagah ngêtêrakên piyambak.

Gêntos ingkang kacariyos, sakesahipun Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham saking pondhok Panaraga, enjingipun Bagus Burham badhe dipun jak kancanipun dhatêng lèpèn, dipun padosi dhatêng pundi-pundi botên pinanggih, ngantos dipun padosi dhatêng warung dhatêng panggenan ingkang adatipun dipun ambah sabên dintên mêksa botên wontên, môngka wadhahipun prabot saha wadhah pirantos sanès-sanèsipun, botên ewah taksih wêtah sadaya, sarêng tita dipun padosi dhatêng pundi-pundi botên wontên, rare-rare wau lajêng lapur dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, kangjêng kyai sarêng midhangêtakên aturipun rare-rare wau karaos botên sakeca panggalihipun, sanalika lajêng têdhak dhatêng pondhokan, kaparêng aniti pariksa barang gadhahanipun Bagus Burham, sarêng kadhawuham[13] [kadha...]

--- 1 : 33 ---

[...wuham] bikak, isinipun sampun botên wontên sadaya, dados kantun wadhah kemawon, sarampungipun anggèning mariksa, lajêng dangu dhatêng salah satunggiling pamomong, punapa wontên ingkang dipun ajak raosan kalihan Ki Tanujaya, sarta punapa wontên ingkang sumêrêp mangkatipun, aturipun sami botên wontên ingkang dipun ajak raosan, utawi botên sumêrêp mangkatipun, kangjêng kyai ragi katingal kodhêng panggalihipun, wusana lajêng kondur dhatêng dalêmipun, sadumugining dalêm utusan abdi kadhawuhan animbali para guru sadaya, sarêng sampun sami sowan dipun pundhuti panimbang, kesahipun Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham wau, saking pangintênipun mantuk dhatêng Surakarta punapa botên, aturipun para guru-guru wau awarni-warni, wontên ingkang ngintên mantuk dhatêng Surakarta, wontên ingkang ngintên botên, nanging saupami botên mantuk dhatêng Surakarta badhe lajêng dhatêng pundi purugipun, kaparêngipun kangjêng kyai supados botên kaparan tutuh badhe utusan dhatêng Surakarta, ngaturi uninga dhatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, murih botên andadosakên panggalihipun, ingkang kautus gurunipun ingkang mulang Bagus Burham, prêlunipun kangge sêksi, manawi wontên pandangunipun radèn tumênggung, sagêd ngaturakên punapa kawontênanipun, kangjêng kyai

lajêng damêl sêrat ingkang badhe kaaturakên Radan[14] Tumênggung Sastranagara, sarêng sêrat sampun [sa...]

--- 1 : 34 ---

[...mpun] dados lajêng kaparingakên dhatêng ingkang badhe kautus wau, enjingipun lajêng kadhawuhan mangkat.

Botên kacariyosakên wontênipun ing margi, utusanipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sampun dumugi ing dalêm Sastranagaran, lajêng dipun panggihi Radèn Tumênggung Sastranagara, sasampunipun angaturakên rêrakêtaning sadhèrèkan, lajêng ngaturakên sêrat, sarêng sêrat sampun katampèn, lajêng kawaos dumugi satamatipun, satamating pamaosipun sêrat wau Radèn Tumênggung Sastranagara ragi kodhêng panggalihipun, utusanipun kangjêng kyai lajêng dipun dangu, kadospundi lêlampahanipun ingkang wayah utawi Ki Tanujaya wêgdal wontên Panaraga, ingkang kadangu inggih lajêng matur punapa kawontênanipun ingkang wayah Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya ingkang sampun dipun sumêrêpi, sami kalapurakên sadaya, Mas Ngabèi Rônggawarsita lajêng dipun timbali ingkang rama Radèn Tumênggung Sastranagara, sarêng ingkang putra sampun sowan, lajêng dipun paringi sumêrêp sêratipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sêrat wau sasampunipun dipun waos, ingkang putra nyuwun cumadhong dhawuh, mênggah kesahipun Ki Tanujaya wau punapa lajêng utusan madosi, punapa anyrantosakên dhatêngipun, wangsulanipun ingkang rama prayogi dipun padosi ingkang ngantos sagêd pinanggih, nanging bab punika kadhawuhan nyumpêt ingkang rapêt, sampun ngantos wara-wara [wara-wa...]

--- 1 : 35 ---

[...ra] dhatêng sanès-sanèsipun, manawi ngantos kamirêngan ingkang garwa saha ingkang putra mantu, mindhak kirang prayogi, utusanipun kangjêng kyai lajêng kadhawuhan ngaso rumiyin, sanès dintên badhe dipun paringi wangsulan, sarta lajêng dipun irit dhatêng ing pondhokan, Mas Ngabèi Rônggawarsita lajêng dipun dhawuhi ingkang rama, mênggah kesahipun Ki Tanujaya tuwin ingkang wayah, punika satêmênipun pancèn sawêg dipun angge lêlampahan kalihan ingkang damêl gêsang, benjing bilih sampun wancinipun inggih badhe sagêd pinanggih, dene pinanggihipun badhe wontên sakiwatêngênipun kitha Madiun kemawon, nanging lajêng wangsul dhatêng Panaraga malih, ewadene sarèhning tata krami punika kêdah botên dipun tilar, Radèn Tumênggung inggih badhe utusan madosi, sarêng sampun kalih dintên, utusanipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari dipun timbali, sarêng sampun sowan lajêng dipun paringi dhawuh, paringipun sêrat kangjêng kyai sampun dipun tampèni

piyambak, sakalangkung panuwunipun, ing mangke radèn tumênggung ngaturakên sêrat wangsulan katur Kangjêng Kyai Imam Bêsari, sêrat lajêng kaparingakên, kalihan kaparingan sarana sacêkapipun kangge sangu wontên ing margi, sarêng utusan wau sampun wangsul, Radèn Tumênggung Sastranagara lajêng animbali abdi panongsongipun nama Ki Jasana, sarêng sampun sowan, dipun paringi sumêrêp lêlampahanipun [lêlampahanipu...]

--- 1 : 36 ---

[...n] ingkang wayah wontên ing Panaraga, Ki Jasana sakalangkung pangunguning manahipun, amila lajêng nyuwun cumadhong dhawuh mênggah sakecanipun kadospundi, dhawuhipun Radèn Tumênggung Ki Jasana badhe kautus amadosi, nanging anggènipun amadosi anjujuga ing Madiun kemawon, manawi dèrèng sagêd pinanggih kadhawuhan anlatosi kemawon, dangu-dangu badhe sagêd pinanggih, aturipun sêndika, enjingipun lajêng kadhawuhan mangkat sarta dipun paringi waragading lampah sacêkapipun.

Amangsuli cariyosipun Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham, sarêng sampun jangkêp salapan dintên anggènipun rêrêm wontên ing dhusun Mara, lajêng pamitan malih, kalihan Kasan Ngali jalêr èstri, benjing enjing badhe saèstu andumugèkakên lampah dhatêng ing nagari Kadhiri, Kasan Ngali jalêr èstri pancènipun taksih awrat dipun tilar kalihan kakangipun tuwin Bagus Burham wau, ananging sarèhning Ki Tanujaya sêmunipun kêncêng sampun botên kenging dipun êndhêg, Kasan Ngali jalêr èstri inggih namung sumarah punapa ingkang dados kêkêncênganipun Ki Tanujaya kemawon, namung manawi kacondhongan, Bagus Burham sampun ngantos dipun bêkta dhumatêng ing Kadhiri rumiyin, amargi sawêg dipun damêl lêlampahan kalihan ingkang damêl gêsang, dene petanganipun Kasan Ngali prayogi kèndêl wontên ing Madiun kemawon, bilih sampun anyondhongi pangetangipun Kasan Ngali wau, badhe kapadosakên [kapadosakê...]

--- 1 : 37 ---

[...n] pondhokan ingkang prayogi, sarta kadugi ngêtêrakên piyambak, Ki Tanujaya amirêngakên sêsorahipun Kasan Ngali ingkang makatên wau, kamanah-manah ragi wontên lêrêsipun, mila inggih lajêng amiturut punapa sakajêngipun, sarêng sampun matêng rêmbagipun, Kasan Ngali lajêng cariyos kalihan ingkang èstri, bilih Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham badhe dipun titipakên dhatêng Manguncitra, ingkang èstri inggih sampun anyondhongi, enjingipun lajêng sami mangkat, sontênipun

sampun dumugi ing Madiun, lajêng anjujug griyanipun Manguncitra, griyanipun wontên sawetan kabupatèn.

Manguncitra wau dados lurah pêkên ing kitha Madiun, kalêrês paripeanipun kalihan Kasan Ngali, umuripun sawêg antawisipun sèkêtan taun langkung sakêdhik, panggaotanipun anglampahakên arta dhatêng pêkên, manahipun kêras, watêkipun botên kenging corok-cinorok, dhatêng kawanuhan botên angêkul, nanging botên maèlu dhatêng tiyang botên gadhah, namung wulangipun sae, sabên tiyang dipun purih nyambut damêl supados angsal kauntungan ingkang sagêd langkung dipun têdha sadintênipun, amila Manguncitra gêsangipun kalêbêt mulya, griyanipun sampun pêpak sami gêbyok sadaya, kabêkta saking kacêkapanipun ngantos botên wontên tiyang ingkang dipun èrèpakên, ewadene manawi kalihan Kasan Ngali

--- 1 : 38 ---

têluk manahipun, amargi kawon samukawisipun, kawon sêpuh, kawon pintêr, kawon sugih, kawon pradhah, amila sarêng sumêrêp kakangipun dhatêng kalihan angirit tamu kêkalih, lajêng kusung-kusung dipun papagakên, tiyang tiga sami kalêbêtakên ing griya, sarêng sampun sami linggih lajêng kasêgah wedang panganan, dalunipun kasêgah sêkul, sabibaring nêdha Kasan Ngali lajêng amrasajakakên prêlunipun, pangajêng-ajêngipun Kasan Ngali, Manguncitra sagêda tampi kalayan dhanganing manahipun, Manguncitra inggih anyagahi panêdhanipun Kasan Ngali wau, sarta pancèn inggih kalêrêsan sangêt amargi griyanipun Manguncitra wau kapundhut dados pangrêrêmanipun Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat, manawi badhe sowan saha mêntas kondur saking Surakarta, têrkadhang kaparêng nyare, têrkadhang botên, manawi Ki Tanujaya saha Bagus Burham sowan dhatêng Kêdhiri, kaprayogèkakên angêntosi rawuhipun Kangjêng Pangeran Adipati kemawon, ing pangintên botên dangu kados lajêng tumuntên rawuh, amargi punika wulan Rêjêb sampun tanggal sêpuh, adatipun salêbêtipun wulan Siyam tanggal têngahan asring sampun rawuh ing griyanipun Mas Manguncitra, sarta tinimbang nganggur manawi Ki Tanujaya gadhah pawitan kapurih nyambut damêl sadean dhatêng pêkên, prêlunipun namung kangge nyalamur manah tuwin wontên pangajêng-ajêngipun bêbathèn sakêdhik kalih kêdhik, Ki Tanujaya [Tanu...]

--- 1 : 39 ---

[...jaya] anyagahi sarta bingah sangêt, sarêng sampun dalu lajêng sami ngaso tilêm.

Enjingipun Kasan Ngali pamitan kalihan Manguncitra, badhe wangsul dhatêng ing dhusun Mara, Manguncitra inggih anjurungi pamitipun Kasan Ngali sarta sagah badhe suka pitulungan dhatêng Ki Tanujaya sarta Bagus Burham, sarêng sampun bage-binage wilujêng lajêng pamitan dhatêng Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham, tiyang kalih sami anguntapakên dumugi ing radinan agêng, Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham lajêng wangsul dhatêng griyanipun Manguncitra malih, sarêng sampun wancinipun dhatêng pêkên, Manguncitra lajêng mangkat dhatêng pêkên, Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham sami dipun purih tumut, sarêng tiyang tiga sampun dumugi ing pêkên, Ki Tanujaya dipun taros punapa kadugi angliyêr kalithikan taksih pêpak dêdaganganipun, amargi ingkang gadhah kesah dhatêng Tulungagung, mantukipun dèrèng têmtu, Manguncitra dipun pasrahi anyade samurwatipun, kadadosanipun kalithikan lajêng kaliyêr kalihan Ki Tanujaya, rêgi kawan dasa reyal agêng, sarêng arta sampun kapasrahakên dhatêng Manguncitra, soroging pêthi-pêthi lajêng kapasrahakên dhatêng Ki Tanujaya, dados nunggil dintên wau Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham lajêng dados bakul kalithikan.

Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham wontên ing Madiun sampun sawulan laminipun. Tiyang kalih sabên enjing sami mangkat [mang...]

--- 1 : 40 ---

[...kat] dhatêng pêkên, angêdalakên daganganipun kalithikan, sabên sampun wanci ngasar lajêng katutup kalêbêtakên dhatêng ing kothak, sabên dintên pêpajênganipun ragi lumayan, sawêg sawulan kemawon petangipun sampun angsal tirahan kathahipun sadasa reyal agêng, môngka dêdaganganipun kapetang taksih wêtah, amargi samôngsa sampun ngalêmpak kathah pêpajênganipun, lajêng kakilakakên dagangan malih ingkang sakintên sampun kalong tuwin sakintên lumampah dipun sade, mila saupami Ki Tanujaya botên angèngêti badhe kadospundi wusananing momonganipun, sagêd ugi lajêng kèrêm dados bakul kalithikan.

Manawi Ki Tanujaya sawêg eman èwêt gadhah prêlu ingkang kêdah dipun lampahi piyambak, ingkang kapurih têngga daganganipun Bagus Burham, manawi daganganipun ingkang têngga Bagus Burham, dèrèng nate sagêd pêpajêngan kathah, tarkadha[15] sadintên muput sampun nate botên angsal yatra, kabêkta saking watêkipun Bagus Burham ragi anèh, saupami wontên tiyang badhe tumbas, môngka patrap pratingkahipun tiyang ingkang badhe tumbas wau botên cocog kalihan Bagus Burham, sanadyan pangawisipun sampun langkung kalihan rêginipun, mêksa botên dipun sukakakên, kosok wangsulipun manawi ingkang badhe tumbas wau

cocog kalihan manahipun Bagus Burham, barangipun rêgi srupiyah namung dipun [di...]

--- 1 : 41 ---

[...pun] sukakakên satangsul, langkung malih manawi kapanggih kawanuhanipun, botên susah mawi yatra sami kapurih milihi dêdaganganipun ingkang dipun sênêngi, namung dipun sukakakên kemawon, patrap ingkang makatên wau asring dipun srêngêni dhatêng Ki Tanujaya.

Anuju satunggiling dintên, Kangjêng Pangeran Adipati Arya Cakradiningrat ing Kadhiri, badhe sowan dhumatêng ing Surakarta, adat ingkang sampun kalampahan mawi kadhèrèkakên garwa putra saha abdi sawatawis, ananging sakêdhikipun botên kirang saking sawidak ingkang sami andhèrèkakên, sarêng tindakipun sampun dumugi ing Madiun, lajêng rêrêm wontên ing griyanipun Manguncitra kados ingkang sampun kalampahan, Manguncitra lajêng agêlar-gêlari ing griyanipun kados adat, sarêng kangjêng pangeran adipati sampun lumêbêt ing griya, lajêng lênggah wontên ing palênggahan ingkang sampun dipun sudhiyakakên, para garwa putra saha para santana tuwin para abdi sampun sami lênggah utawi manggèn ing panggenanipun piyambak-piyambak, Manguncitra pangadhêpipun nunggil palinggihan kalihan kamisêpuhipun para abdi-abdi sarêng sampun rêrêm sawatawis, para putra santana ingkang taksih alit-alit, sami tindak dhatêng pêkên, kadhèrèkakên para êmbanipun saha para abdi sawatawis, sami jajan utawi têtumbas punapa ingkang sami kaparêngakên, kangjêng pangeran [pange...]

--- 1 : 42 ---

[...ran] adipati wontên griyanipun Manguncitra uninga kampuh parangrusak kalithik sumampir wontên sampiran pandhapa. Kadangu kampuh punika gadhahanipun sintên, unjukipun Manguncitra kêmulipun Bagus Burham, wasiyat paringipun Gusti Kangjêng Panêmbahan Buminata ing Surakarta, sarta lajêng angunjukakên sadaya lêlampahanipun Bagus Burham, ingkang dipun mirêngakên dening Manguncitra, kangjêng pangeran adipati sakalangkung pangunguning panggalihipun, amila lajêng dhawuh andikakakên nimbali Ki Tanujaya dhatêng pêkên, botên antawis dangu utusanipun kangjêng pangeran adipati sampun dhatêng, sampun ngirit Ki Tanujaya, sarêng Ki Tanujaya sumêrêp kangjêng pangeran adipati lajêng nangis anggalolo kados rare alit, kèngêtan katrêsnanipun kangjêng pangeran adipati dhatêng Ki Tanujaya, sarta sakalangkung bingahing manahipun, dene ingkang kaajap-ajap rintên dalu sampun rawuh, Ki Tanujaya lajêng kadhawuhan majêng wontên ngarsanipun kangjêng

pangeran adipati, lajêng dipun dangu kadospundi mula bukanipun, Ki Tanujaya lajêng matur punapa kawontênipun[16] kaaturakên sadaya, kangjêng pangeran adipati sakalangkung pangunguning panggalih lajêng paring dhawuh dhumatêng Ki Tanujaya, bab prakawis punika kangjêng pangeran adipati ingkang badhe paring pitulungan, mila benjing sakonduripun saking nagari Surakarta, Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham badhe lajêng kabêkta dhumatêng ing nagari Kadhiri, sapunika [sapu...]

--- 1 : 43 ---

[...nika] kadhawuhan ngêntosi wontên ing ngriki kemawon rumiyin, sarta benjing sadumuginipun ing nagari Surakarta, kangjêng pangeran adipati sagah aparing uninga dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara.

Sapêngkêripun Ki Tanujaya dipun timbali kangjêng pangeran adipati, ingkang dipun purih têngga dêdaganganipun namung Bagus Burham piyambak, para bandara putra santananipun kajêng[17] pangeran adipati ingkang sami tindak dhatêng pêkên wau sadumuginipun ing pêkên lajêng atêtumbas samukawis ingkang sami dipun sênêngi, putranipun putri kangjêng pangeran adipati, nama Radèn Ajêng Gombak, dipun gendhong êmbanipun nama Nyai Jayasêtra, dipun songsongi ijêm sèrèt dening abdi panongsongipun, sarta dipun iringakên para nyai satunggal, anakipun Nyai Jayasêtra wau, nama Bok Rara Marsiyêm, tindak dhatêng kalithikan ingkang dipun têngga Bagus Burham wau, amriksani dêdaganganipun Bagus Burham angangge supe sêsêr êmas paringipun ingkang êmbah Nyai Ajêng Sastranagara, dipun pariksani Radèn Ajêng Gombak, kagalih sêsêr kuningan, sarêng dipun caosakên lajêng dipun coba, kagêm ing panunggul têngên ragi logro sakêdhik, nanging sarêng dipun pijêt lajêng dados cêkapan, lajêng kadangu supe punika punapa inggih dipun sade, wangsulanipun inggih dipun sade, lajêng dipun awis kalih gobang kalihan Bok Rara Marsiyêm,

--- 1 : 44 ---

Bagus Burham botên anyauri, lajêng dipun awis Radèn Ajêng Gombak piyambak pitung dhuwit, wangsulanipun dèrèng suka, lajêng dipun indhaki dados suwang, sarêng dipun awis suwang lajêng dipun sukakakên, sarêng yatranipun sampun dipun paringi, Radèn Ajêng Gombak sapandhèrèkipun sadaya wangsul dhatêng pondhokan, sadumuginipun ing pondhokan lajêng munjuk ingkang rama, kalawau wontên pêkên tumbas supe sêsêr, sadasa dhuwit sêsêripun dipun pariksani ingkang rama, sawêg dipun tampèni, kemawon ingkang rama sampun kagèt, amargi bobotipun sanès boboting kuningan, sarêng dipun pariksani yêktos jêne angunir bosok, ingkang putra dipun dangu sintên ingkang dipun

tumbasi, Nyai Jayasêtra munjuk, ingkang dipun tumbasi jaka alit ingkang sade kalithikan wontên pêkên, sarta supe punika wau taksih dipun angge kalihan ingkang gadhah, sarêng dipun pariksani Radèn Ajêng, lajêng dipun caosakên, sapisan dipun awis pun Marsiyêm kalih gobang, pun Marsiyêm botên dipun sauri, sarêng dipun indhaki Radèn Ajêng Gombak dados suwang, dipun caosakên, sarêng sampun têlas aturipun Nyai Jayasêtra, kangjêng pangeran adipati salêbêting panggalih wontên ingkang karaos, nangi[18] sinamun ing pangandika gêgujêngan, ingkang putra dipun pacokakên rare kalithikan, sarta lajêng dipun parabi radèn ajêng kalithikan, ingkang putra botên [bo...]

--- 1 : 45 ---

[...tên] kadugi ing panggalih lajêng kesah alontro-lontro, ingkang rama suka panggalihipun (Radèn Ajêng Gombak wau sarêng sampun diwasa kadhaupakên kalihan Bagus Burham lajêng nama Radèn Ayu Pujangganom, karan Pajanganom, antawis sataun Bok Rara Marsiyêm lajêng kasuwun kalihan Mas Pujangganom, minôngka dados rencangipun, lajêng dipun salini nama Mas Ajêng Pujadewata, ngantos umur 93 taun, ugi asring andongèngakên bab punika), dene dhaupipun Radèn Ajêng Gombak kalihan Bagus Burham sarta nyêliripun Bagus Burham dhatêng Rara Marsiyêm, cariyosipun ingkang panjang manggèn urutipun sêrat babad punika (ngantos patutan kalih wêlas, tilar dunya sawêg nalika taun Alip 1811.

Ki Tanujaya dipun dangu kangjêng pangeran adipati, punapa sampun sumêrêp rare ingkang dipun pundhuti supe dening ingkang putra punika wau, unjukipun Ki Tanujaya inggih sampun sumêrêp, punika Bagus Burham namanipun, sarta lajêng ngaturakên sêsorah supe wau wasiyat paringipun ingkang êmbah Nyai Ajêng Sastranagara, wontênipun kaparingakên kangge mêsiyat, jalaran ing ngajêng agêmipun Pangeran Manyura, dados kalêrês ingkang êmbah kalihan Radèn Tumênggung Sastranagara, petangipun tumimbal kaping gangsal dhawah Bagus Burham punika, anggènipun maringakên dhatêng Bagus Burham, nalika badhe mangkat dhatêng [dha...]

--- 1 : 46 ---

[...têng] Panaraga, dhawuhipun nyai ajêng lowung kangge jampi kasupèn, mila supe wau wujudipun sampun tipis, pangandikanipun kangjêng pangeran adipati, botên wontên bedanipun dipun angge Bagus Burham kalihan dipun angge Radèn Ajêng Gombak, dene Bagus Burham badhe dipun paringi lintu sami supe kemawon, unjukipun Ki Tanujaya botên wontên pakèwêdipun, kajêng pangeran adipati lajêng angasokakên sarira

dhumatêng ing pasareyan, Ki Tanujaya kadhawuhan amêtêki, dèrèng sapintêna dangunipun anggèning amêtêki, kangjêng pangeran adipati sampun kalajêng sare, Ki Tanujaya lajêng mandhap saking pasareyan, mêdal dhatêng ing pandhapa, ambagèkakên sanak sadhèrèkipun ing Kadhiri ingkang sami andhèrèk, saking sampun sami kulinanipun, tandukipun lajêng rakêt-rumakêt garap-ginarapan, nanging Ki Tanujaya tansah kandhap dening kathahipun ingkang sami anggarapi, tujunipun Ki Tanujaya mênang cucut, dados ingkang sami anggarapi malah lajêng kawêlèh wêlèh, saupami wêgdal wau sampuna kangjêng pangeran adipati sawêg sare, ramenipun sagêd ugi ngawonakên tiyang ngabên sawung, Ki Tanujaya saking bingahing manahipun ngantos kasupèn dhatêng Bagus Burham ingkang dipun tilar anêngga dêdagananipun wontên ing pêkên.

Sarêng sampun wanci ngasar ing gêdhong beya anggoyang gêntha kangge [kang...]

--- 1 : 47 ---

[...ge] tôndha bilih ing wêktu wau panjagining pêkên sampun sami bibaran, sarêng tiyang sêsadean sampun mirêng ungêling gêntha wau, lajêng sami angukuti dêdaganganipun, suwaranipun pating garobyag saking sampun ngantos kantun kalihan kancanipun (amargi pranatanipun ing kitha Madiun, kala samantên ingkang jumênêng bupati Kangjêng Pangeran Rôngga Prawiradirja, tiyang sêsadean wontên ing pêkên kitha, kukut dipun watêsi botên kenging langkung saking jam satêngah sakawan, manawi wontên ingkang bikak dhasar ngantos langkung saking jam sakawan dèrèng kukut, môngka wontên sabab ingkang ngantos anjalari kapitunan, manawi kadadosakên prakawis botên dipun adili, samantên wau kajawi ingkang sami sêsadean ambikak warung wontên èrêping griyanipun piyambak), namung Bagus Burham piyambak ingkang andongong nêngga dêdaganganipun, amargi badhe tiru-tiru ngukuti botên sagêd, ngêntosi Ki Tanujaya botên dhatêng-dhatêng, saking kakêning manahipun lajêng dipun tilar mantuk kemawon, sadumugining pondhokan, ing latar tuwin ing pandhapa sami dipun angge lêlinggihan dening para priyantun kathah, punika dipun kintên bilih Manguncitra badhe gadhah prêlu kondangan, sarêng dipun tingali botên wontên ambênganipun, Bagus Burham ragi judhêg anggènipun angraosakên, nanging sarêng sumêrêp Ki Tanujaya tumut anjagongi, manahipun lajêng ayêm, Ki Tanujaya ing batos ragi ngalêm dhatêng [dha...]

--- 1 : 48 ---

[...têng] Bagus Burham, dene sapunika sampun kenging dipun pitados angukuti dêdagangan.

Kèndêl jam pitu sontên kangjêng pangeran adipati sawêg wungu sare, lajêng miyos lênggah ing pandhapa, para santana saha para abdi-abdi sami ngadhêp sadaya, kangjêng pangeran adipati andangu dhumatêng Ki Tanujaya badhe uninga dhumatêng Bagus Burham, sapunika sampun sapintên agêngipun, Bagus Burham lajêng dipun sowanakên, kangjêng pangeran adipati angandika dhatêng Bagus Burham, saupami kadhawuhan dhèrèk dhatêng Kadhiri punapa purun, aturipun sêndika, kangjêng pangeran adipati animbali ingkang putra Radèn Ajêng Gombak, kadhawuhan nyuwun yatra dhumathêng ingka[19] ibu kathahipun kalih dasa reyal, sarêng sampun dipun paringi lajêng kacaosakên ingkang rama, sarêng sampun dipun pariksani Radèn Ajêng Gombak kadhawuhan maringakên dhatêng Bagus Burham, para bandara timur punika asring kapatuh ngêcakakên basa adalêm tuwin ngaras, Radèn Ajêng Gombak anggènipun maringakên yatra dhatêng Bagus Burham, sarêng yatra sampun dipun tampèni lajêng ngaras, sanalika sami dipun gêgujêng para santana saha para abdi-abdi sadaya, ingkang rama ugi tumut anggêgujêng, saking ramenipun bandara radèn ayu ngantos mêdal, Radèn Ajêng Gombak saking lingsêmipun, amalajêng kalihan muwun, amargi panggalihipun sampun kisèn kala wau siyang dipun pacokakên kalihan ingkang rama, sasampuning yatra [ya...]

--- 1 : 49 ---

[...tra] dipun tampèni lajêng kasukakakên Ki Tanujaya, para abdi sami anggarapi dhatêng Ki Tanujaya, wontên ingkang mujur, wontên ingkang nantang pèi, sawênèh wontên ingkang anggarap, saupami momonganipun jangkêp gangsal ragi lumayan, Ki Tanujaya amangsuli kalihan anggembol yatranipun, punika kemawon sampun angsal maesa sarakit, saupami jangkêp gangsal momongan harak badhe angsal abru satunggal, sanalika lajêng sami gumujêng gêr-gêran, kangjêng pangeran adipati inggih suka panggalihipun (kala samantên parikanipun tiyang bangwetan sabên ngumpamèkakên barang agêng sarta samukawis ingkang langkung sami dipun paribasakakên, abru), sawêg rame-ramenipun gêgujêngan, wontên utusanipun Kangjêng Pangeran Rôngga Prawiradirja, ingkang jumênêng bupati ing Madiun Kangjêng Ratu Madurêtna, maringakên pisêgah sêkul ulam tuwin panganan kathahipun kalih wêlas jodhang, kangjêng pangeran adipati aturipun nuwun, ingkang dipun utus lajêng dipun paringi sinjang kalihan udhêng, ingkang sami ngrêmbat kaparingan pasangon yatra kalih wêlas reyal, utusanipun Kangjêng Pangeran Rôngga lajêng nyuwun pamit wangsul, amargi sampun sumêrêp adatipun sabên maringakên pisêgah wangsuling wadhahipun manawi sampun dipun dhahar, kangjêng pangeran adipati taksih andumugèkakên lêlênggahan ngantos jam sadasa dalu sawêg lumêbêt ing dalêm lajêng lênggah dhahar. Ingkang

--- 1 : 50 ---

andhèrèk dhahar namung ingkang garwa kalihan para putra tuwin priyantunipun, sarêng sampun dumugi anggènipun dhahar, bandara radèn ayu dipun dhawuhi ingkang raka, kadhawuhan maringi lorodan dhatêng Bagus Burham sarta Ki Tanujaya, tuwin Manguncitra ugi kadhawuhan maringi piyambak, satuwukipun katêdha saanak bojo, sadaya sampun sami katatakakên, sakantunipun lajêng kalorodakên dhumatêng sadaya para abdi, ingkang tampi paringan saha ingkang tampi lorodan lajêng sami nêdha satuwukipun, sabibaring nêdha lajêng sami ngaso tilêm dhatêng panggenanipun piyambak-piyambak.

Enjingipun kangjêng pangeran adipati lajêng bidhal dhatêng Surakarta, para garwa putra sarta santana tuwin para abdi-abdi, sami kêbut andhèrèkakên sadaya, Bagus Burham, Ki Tanujaya sarta Manguncitra, ugi sami andhèrèkakên ngantos sawatawis têbih.

Sawangsulipun saking andhèrèkakên, tiyang tiga lajêng sami anjujug dhatêng pêkên, sarêng sampun dumugi ing pêkên, kados punapa kagèting manahipun Ki Tanujaya, dene dêdaganganipun taksih pating klêdhèr botên sami dipun kukuti, Ki Tanujaya lajêng pitakèn dhatêng Bagus Burham, punapa kala wingi dèrèng dipun kukuti, wangsulanipun kala wingi badhe tumut-tumut angukuti botên sagêd, ngêntosi dhatêngipun Ki Tanujaya

--- 1 : 51 ---

botên dhatêng-dhatêng, saking kakêning manahipun sarta kasêlak ajrih botên wontên rencangipun, amila lajêng katilar mantuk kemawon, Ki Tanujaya ing batos angrumaosi kalêpatanipun, sarêng dipun satitèkakên dêdaganganipun taksih jangkêp botên wontên ingkang cicir, kancanipun sêsadean sami anggêgujêng dhatêng Ki Tanujaya.

Amangsuli tindakipun kangjêng pangeran adipati wau, sarêng sampun dumugi ing nagari Surakarta, lajêng rêrêm wontên ing dalêm pondhokanipun ing dhusun Mêsèn, prênahipun salèr wetan kitha Surakarta, para prayagung bupati môncanagari ingkang asisih wetan, tiga sakawan ugi sampun wontên ingkang rawuh ing pondhokanipun piyambak-piyambak, mila ing dhusun Mêsèn wau katêlah nama ing dhusun Mondhokan, saking kagêm pondhokanipun prayagung bupati môncanagari, sarta namanipun ugi kabêkta saking ingkang kagungan

pondhokan piyambak-piyambak, kados ta ing Têpasanan ing Jayèngratan, tuwin ing Jayèngranan sapanunggilanipun, sadèrèngipun kangjêng pangeran adipati sowan malêbêt, asring sowan martuwi dhatêng dalêmipun ingkang rama tuwin ingkang rayi-rayi para bandara kangjêng pangeran, ingkang dados panujuning panggalihipun, ingkang dipun prêlokakên rumiyin piyambak sowan ingkang rama Gusti Kangjêng Panêmbahan Buminata, amargi sariranipun kapundhut putra wiwit timur mila,

--- 1 : 52 ---

ananging kaparêngipun ing panggalih, wêgdal wau ingkang dipun rumayinakên[20] badhe tuwi ingkang paman Radèn Tumênggung Sastranagara, kajawi tuwi kawilujêngan, badhe paring pawartos kawontênanipun Bagus Burham.

Tindakipun kangjêng pangeran adipati sarêng dumugi ing Sastranagaran, andadosakên cingaking panggalihipun Radèn Tumênggung Sastranagara, dene tindakipun botên mawi paring dhawuh rumiyin, sasampunipun sami lêlênggahan saha bage-binage ing kasugêngan, kangjêng pangeran adipati lajêng paring uninga anggènipun mêntas kapanggih kalihan Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, sarta anglairakên anggèning kagungan karsa badhe paring pitulungan dhatêng Bagus Burham, aturipun Radèn Tumênggung Sastranagara sakalangkung panuwunipun, mugi kasêmbadana ingkang dados pangèsthining panggalih, sarta lajêng gêntos angaturakên lampahanipun Bagus Burham, saking Kangjêng Kyai Imam Bêsari, punapa dene anggènipun sampun utusan Ki Jasana dumugi sapunika dèrèng wontên wasananipun, prayagung sakalihan sami anglairakên pangunguning panggalih, wasana sami dipun pêpuji wilujêng ing lêlampahanipun, sarêng sampun sawatawis dangu, kangjêng pangeran adipati lajêng kondur dhumatêng ing pondhokan, Radèn Tumênggung Sastranagara andhèrèkakên dumugi sajawining regol. Sapêngkêripun kangjêng pangeran adipati, Radèn Tumênggung Sastranagara [Sastrana...]

--- 1 : 53 ---

[...gara] lajêng animbali ingkang putra Mas Ngabèi Rônggawarsita, amargi botên tunggil dalêm kalihan ingkang rama, dalêmipun ingkang rama wontên salêbêting Baluwarti, abên ajêng kalihan dalêm ing Buminatan, griyanipun Mas Ngabèi Rônggawarsita wontên ing kampung Pasarkliwon, sarêng sampun sowan lajêng dipun paringi uninga, punika wau mêntas katamuan Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat ing Kadhiri, pangandikanipun Ki Tanujaya kalihan Bagus Burham sapunika wontên ing

kitha Madiun mondhok ing griyanipun tiyang nama Manguncitra, lajêng ngêndikakakên lêlampahanipun ingkang wayah wiwit kesahipun saking Panaraga ngantos dumuginipun ing kitha Madiun, punapa dene anggènipun badhe dhatêng ing kitha Kadhiri.

Sarêng Mas Ngabèi Rônggawarsita amidhangêt pangandikanipun ingkang rama raosing panggalih kados cinublês ing êri, botên nyana dene lêlampahanipun ingkang putra wontên ing purug tansah kalunta-lunta, ketang katrêsnanipun dhatêng putra, wasana lajêng kumêmbêng akaca-kaca, Radèn Tumênggung Sastranagara tansah angrêrapu sungkawaning panggalihipun ingkang putra Mas Ngabèi Rônggawarsita, kadhawuhan pitados pangrêksanipun ingkang damêl gêsang dhumatêng ingkang putra Bagus Burham, sajatosipun, anggènipun Bagus Burham mawi dipun paringi pamomong Ki Tanujaya, punika namung manjing tata krami kemawon, sapintên pangrêksanipun [pangrêksa...]

--- 1 : 54 ---

[...nipun] Ki Tanujaya dhatêng Bagus Burham, dèrèng paja-paja nyamèni pangrêksanipun ingkang adamêl gêsang, ewadene kangge ngecani manahipun ingkang putra ing sasagêd-sagêd ingkang rama têmtu angrêrencangi mugi tumuntêna wontên wêwênganing Pangeran dhumatêng ingkang wayah, sagêda têtêp kodratipun ingkang wayah kados ingkang sampun dipun uningani kalayan gaibing Pangeran, namung ragi wontên pangunguning panggalih sawatawis, inggih punika anggènipun utusan Ki Jasana, sampun langkung kalih wulan punika têka dèrèng wontên kabaripun, pangudaraosing panggalih punapa lajêng têrus dhatêng ing kitha Kadhiri, punapa manggih sabab wontên ing margi, manawi têrusa dhumatêng ing Kadhiri, punika nama botên ngèstokakên dhawuhipun, saupami manggih sabab wontên ing margi têka botên wontên kabaripun punapa-punapa, wasana lajêng kumambang dhumatêng ingkang adamêl gêsang.

Wiwit punika Radèn Tumênggung Sastranagara lajêng anglampahi botên nate sare dhumawah? Manawi karaos badhe sare namung mlampah-mlampah kemawon, katawisipun bilih sampun wungu lajêng asêgu-sêgu? Mas Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan anglampahi sampun tilêm kauban wangon, ingkang putra ugi angèstokakên.

Gêntos ingkang kacariyos, Ki Jasana anggènipun kautus dhumateng ing kitha Madiun amadosi Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, [Tanu...]

--- 1 : 55 ---

[...jaya,] ngantos dipun lampahi anjajah dhusun amilangkori, parandosipun botên sagêd pinanggih, ijab pangraos sabên tiyang dipun pitakèni, ewadene namung angsal wangsulan botên sumêrêp, Ki Jasana ngantos judhêg tuwin kodhêng manahipun, malah wontên kaelokanipun, salêbêtipun Ki Jasana wontên ing Madiun, sabên dintên malêbêt utawi angubêngi pêkên Madiun saha dhumatêng panggenan ingkang sakinten pantês dipun ambah, ananging inggih mêksa botên sagêd pinanggih, ing môngka wêgdal Ki Jasana wontên Madiun wau, Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, taksih salêbêtipun dados bakul kalithikan, sakalih-kalihipun têka botên sagêd sumêrêp, punika ingkang nama kaelokaning Pangeran, sapunika namung kantun amadosi dhatêng dalêmipun para priyantun tuwin dalêmipun para luhur ambokmanawi saking kapèpètipun lajêng katêksa anglampahi suwita wontên ing ngriku, ananging ingkang makatên wau botên gampil, amargi ing atasing pitakèn dhatêng para priyantun minggahipun dhatêng para luhur, kêdah mawi tata krami tuwin botên tilar dugi prayogi, têrkadhang adating para priyantun langkung malih para luhur, mawi pandangon ingkang sakalangkung tlêsih sangêt, têmahan dados kapanjang-panjang, tiwas namung badhe angicalakên wêgdal kemawon, mila bab punika supados rêmitipun Ki Jasana lajêng nekat dados tiyang ambarang ura-ura,

--- 1 : 56 ---

ingkang katuju namung dhatêng dalêmipun para priyantun tuwin dhatêng dalêmipun para luhur kemawon, ciptaning manahipun, bokmanawi wontên ing ngriku têmtu lajêng sagêd pinanggih kalayan gampil, ananging tiwas dipun lampahi dados tiyang ambarang ura-ura, ewadene ingggih mêksa botên sagêd pinanggih, sarêng sampun têtela botên wontên wusananipun, pêpuntoning manah namung badhe mantuk dhatêng Surakarta, dipun angkah mangkat benjing enjing wanci bangun enjing, Ki Jasana wontên ing pondhokan tansah mêrêm mêlik botên sagêd tilêm, ingkang dipun gagas badhe kadospundi aturipun, dene tiyang sêpuh kautus ing bandara sampun kalih wulan mantuk ngalênthung, sarêng sampun jam kalih dalu Ki Jasana karaos ngantuk, sanadyan sampun dipun slamur-slamur, mêksa botên kenging dipun sayuti, saking sangêting aripipun, lajêng tilêm wontên salêbêting salamuran, dèrèng sapintêna danguning anggènipun tilêm, Ki Jasana supêna dipun panggihi Kyai Ngabèi Yasadipura, dipun dhawuhi sampun ngantos mantuk rumiyin, anggènipun madosi Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, sawatawis dintên malih badhe sagêd pinanggih, sarta manawi sampun sagêd pinanggih, Ki Jasana kadhawuhan amituhu punapa sakajêngipun Ki Tanujaya kemawon, Ki Jasana sawêg matur sapunika pamanggènipun wayah jêngandika wontên ing pundi, dèrèng ngantos dipun paringi pangandika Ki Jasana kasêlak lajêng nglilir, tanginipun [tanginipu...]

--- 1 : 57 ---

[...n] kalayan garagapan, sarêng sampun rêrêm manahipun, supênanipun lajêng èngêt wêwentehan, dipun gagas-gagas têka elok sayêktos, Ki Jasana pancèn amituhu dhatêng supênan, mila sarêng supêna kados makatên wau lajêng botên saèstu mantuk dhatêng Surakarta.

Amangsuli Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat ing Kadhiri, nalika dèrèng jumênêng pangeran, asmanipun Radèn Mas Arya Puspadiningrat, santana dalêm riya nginggil putranipun kangjêng gusti pangeran adipati angabèi, putra dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping III ing Surakarta, patutan saking garwa radèn ayu adipati angabèi, sasurutipun ingkang rama Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Angabèi, lajêng kakêrsakakên dados pangeran santana, kapatêdhan nama Kangjêng Pangeran Arya Têpasana, sajumênêng dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping IV abdi dalêm Bupati Kadhiri Radèn Mas Tumênggung Puspakusuma, kakarsakakên dados abdi dalêm bupati lurah kaparak kiwa, ingkang kakarsakakên anggêntosi dados abdi dalêm Bupati Kadhiri, Kangjêng Pangeran Arya Têpasana, kapatêdhan santun nama Kangjêng Pangeran Adipati Arya Cakradiningrat. Sarêng ing kitha Kadhiri kaparingakên ing kangjêng guprêmèn mandar Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat wau

--- 1 : 58 ---

kaparêngipun kangjêng guprêmèn, kakarsakakên dados lurahipun para bupati mồncanagari ing bangwetan, ewadene sabên tanggal sapisan wulan Sawal, kangjêng pangeran adipati kaprêlokakên sangêt angabêkti ing sampeyan dalêm, saha lajêng angabêkti dhumatêng ingkang rama-rama para kangjêng pangeran ing Surakarta, sarampunging prêlu lajêng kondur dhumatêng ing kitha Kadhiri, makatên salamènipun, dilalah anyarêngi wontên sabab ingkang prêlu, sowanipun dhatêng ing Surakarta wêgdal wau, dèrèng ngantos dumugi tanggal sapisan wulan Sawal, lajêng katungka wontên utusanipun ingkang rayi Radèn Mas Arya Ranèngrat, pêpatih ing kitha Kadhiri, angaturi uninga ingkang raka, bilih ing rêdi Pêgat bawah kitha Tulungagung, wontên kraman arêraton, jêjuluk Prabu Jatikusuma, wadyabalanipun sampun kathah sangêt, sarêng kangjêng pangeran adipati sampun dumugi pamaosing sêratipun, ingkang rayi wau, sanalika lajêng sowan dhumatêng ingkang rama Gusti Panêmbahan Buminata, ingkang garwa saha para putra ingkang sami andhèrèk dhumatêng ing Surakarta, sami kacaosakên titip wontên ing Buminatan sadaya, amargi kangjêng pangeran adipati badhe lajêng kondur

dhumatêng ing kitha Kadhiri kalayan lêlancaran, dener[21] prêlunipun sampun dipun aturakên wuninga ingkang rama sadaya, sarta canthèl unjuk manawi wontên pandangu dalêm sampeyan dalêm kasumanggakakên [kasumanggaka...]

--- 1 : 59 ---

[...kên] ingkang rama Gusti Panêmbahan, sasampunipun têlas aturipun lajêng nyuwun pamit bidhalan, tindakipun agêgancangan daya-daya dumugia ing kitha Kadhiri, dene kangsènipun dhatêng Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, sampun botên kagalih babar pisan, kajawi kasupèn, ambokmanawi kagalih badhe angrêribêti lampah, sadumuginipun ing kitha Kadhiri lajêng animbali ingkang rayi Radèn Mas Arya Ranèngrat, kadangu punapa kawontênanipun, unjukipun ingkang rayi botên pae kalihan ingkang sampun kaaturakên uninga, ingkang rayi lajêng kadhawuhan anata prajurit ingkang sami badhe kadhawuhan andhèrèk angrabasèng mêngsah, sampun kathah-kathah, nanging kapilihana sampun ngantos wontên ingkang anguciwani, ingkang rayi matur sandika, sarêng pangrakiting para prajurit sampun rampung, sanès dintên kangjêng pangeran adipati lajêng bidhal dhumatêng ing kitha Tulungagung, sarêng sampun rêrêm sawatawis, lajêng sowan ingkang raka Radèn Mas Adipati Arya Jayèngrat bupati ing Srêngat, ingkang raka badhe kadhèrèkakên dhumatêng ing rêdi Pêgat, sarêng sampun dumugi ing kitha Srêngat, botên kacariyosakên kawontênanipun, enggalipun para prayagung têtiga, ing Kadhiri, Tulungagung, tuwin ing Srêngat, saha sawadyabala sadaya, lajêng sami bidhal dhumatêng ing redi Pêgat, sadumuginipun ing ngriku dèrèng ngantos campuh wadya kraman lajêng sami bibar pating salêbar, [salê...]

--- 1 : 60 ---

[...bar,] saking ulap dhatêng prayagung têtiga wau, kingkang[22] ajêjuluk Prabu Jatikusuma lajêng kapikut botên suwala.

Amangsuli lêlampahanipun Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya ingkang taksih ngêntosi wontên ing kitha Madiun, rintên dalu ingkang dipun gagas namung anggènipun badhe dhèrèk kangjêng pangeran adipati dhumatêng ing kitha Kadhiri, tumuntên sagêda kalampahan, kiyasipun Ki Tanujaya, botên ngamungakên ing Panaraga kemawon tiyang paguron ingkang sagêd angajar ngaji, kakintên ing kitha Kadhiri kemawon botên kirang, dados ciptaning tiyang kalih wau sampun botên babar pisan manahipun dipun isèni badhe wangsul dhatêng kitha Panaraga, mila sarêng sampun sabibaring bakda Siyam, daganganipun kalithikan sataksih-taksihipun, lajêng kaliyêrakên dhatêng tiyang sanès, prêlunipun samôngsa kangjêng

pangeran adipati sampun rawuh ing kitha Madiun, dados sampun botên susah manah bab punika, wasana anggènipun angajêng-ajêng dipun sarantosakên dumugi bakda Sawal mêksa dèrèng rawuh, Ki Tanujaya lajêng ngingsêp-ingsêp pawartos dhatêng pawong mitranipun ingkang griyanipun sacêlaking radinan ingkang asring dipun langkungi bilih kangjêng pangeran adipati sowan dhatêng Surakarta, tuwin kondur saking Surakarta, angsal katrangan bilih kangjêng pangeran adipati sampun wangsul saking nagari Surakarta, malah konduripun kala sadèrèngipun bakda Siyam, [Si...]

--- 1 : 61 ---

[...yam,] rawuhipun ing Madiun mriki sampun sirêp rare, nanging botên mawi kèndêl lajêng têrus kemawon, kados nawung wigatos ingkang sangêt, awit para garwa putra botên wontên ingkang andhèrèkakên kondur, namung para abdi jalêr sami akêkapalan sadaya, antawisipun namung tiyang kalih dasa.

Ki Tanujaya sarêng mirêngakên cariyosing mitranipun ingkang makatên wau, raosing manahipun lajêng judhêg, pangudaraosing batos, punapa nyrantosakên sawatawis dintên malih, punapa lajêng nusul dhatêng ing Kadhiri, kapanggih ing manahipun, badhe nyarantosakên sawatawis dintên malih, bokmanawi ingkang dipun sumêrêpi dening mitranipun wau sanès kangjêng pangeran adipati ing Kadhiri, nanging sarêng dipun sarantosakên ngantos sawatawis dintên botên rawuh manahipun sawêg pitados bilih kangjêng pangeran adipati sampun kondur dhumatêng ing Kadhiri sayêktos, mila Ki Tanujaya lajêng kapanggih kalihan Manguncitra, pamitan saèstu badhe andhèrèkakên Bagus Burham kasowanakên dhatêng ing Kadhiri, Manguncitra inggih sampun anyondhongi, enjingipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham lajêng bidhal dhumatêng ing kitha Kadhiri.

Kacariyos ing kitha Panaraga, Kangjêng Kyai Imam Bêsari sarêng ingkang kautus angaturi uninga dhatêng Radèn Tumênggung Sastranagara sampun wangsul, lajêng katingal lêjar panggalihipun,

--- 1 : 62 ---

dene kesahipun Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya sariranipun sampun botên badhe kaparan tutuh, namung sarêng sakesahipun tiyang kalih wau ngantos antawisipun kalih utawi tigang wulan, bilih wontên ingkang sami angraosi lajêng dipun dukani, utawi botên kaparêng dipun raosi, kagalih

angungkat-ungkat kala, mila sakesahipun Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, tiyang sagêbang tinatar botên wontên ingkang wani angraosi.

Kala samantên ing ngarsanipun kangjêng kyai, sabên sawulan sapisan, kadhawahakên ing tanggal kaping 15. Kangjêng Kyai adamêl lêlangên têtingalan ingkang dipun wastani rodat, ingkang kakarsakakên dados rodat wau para murid-murid ingkang kawical prigêl-prigêl sarta ingkang sae wêrnènipun, tuwin ingkang dêdêg pangadêgipun sami, kacariyos rodat makatên warni kalih, dipun wastani rodat Dêmak kalihan rodat Mataram, manawi rodat Dêmak cacahipun nênêm batakipun satunggal, dados tiyang pitu, batakipun angêmban golèk mawi dipun sindhèni lêlagon singir, ingkang nênêm sami ambêkta kêpêt sadaya, tabuhanipun kêndhang, trêbang, jedhor, sabrebetan kados dikir maulud, kaotipun dhikir maulud botên mawi ulah raga, jogèdipun katata, botên kenging sakajêng-kajêngipun piyambak, sairip kados dene jogèding badhaya, sabên sapada rodat [ro...]

--- 1 : 63 ---

[...dat] nênêm wau majêng satunggal-satunggal, enthanipun kados badhe angêntosi pangêmbanipun batak, nanging botên kasêmbadan, dados narimah sawêrni namung ngliling kalihan angêpêti kemawon, makatên sapiturutipun, ingkang sawau batakipun wontên ngajêng, sarêng rodat nênêm sampun kawaratan anggèning sami badhe angêntosi ngêmban, batakipun lajêng manggèn wontên têngah lêrês, manawi sampun makatên ingkang jogèd lajêng sami linggih sadaya, manawi sampun aso sawatawis, tabuhanipun kalaras kados singiran, rodat pitu lajêng sami mlampah urut kacang, ingkang dados batak dhawah wontên wingking, lampahipun mawi ulah raga, manawi sampun dumugi palinggihan, tabuhan suwuk, lajêng bibar.

Manawi Rodat Mataram cacahipun wolu, batakipun kalih dados sadasa, jogètipun ugi dipun tata, kados botên mawi ngêmban golèk, rodat wolu sami ambêkta sodor, sabên batak satunggal dados botohipun rodat sakawan, pirangipun[23] têtandhingan rekanipun mawi dipun totohi kados sawêrni tiyang ngabên sawung, ingkang totohan inggih namung batakipun kalih pisan punika, manawi sampun wiwit pêrang batak kalih wau lajêng sami anyawungi rodatipun piyambak-piyambak, ngantos dumugi pêrangipun rodat kawan jodho wau, namung rodat Mataram punika kêdah ngupados batak [ba...]

--- 1 : 64 ---

[...tak] ingkang kêdaling lesan kaduk cucut, ingkang sagêd adamêl rame tuwin ingkang sagêd adamêl gumujêngipun tiyang kathah, nalika Ki Tanujaya dèrèng kesah saking Panaraga, kapiji kangjêng kyai kadhawuhan dados batak Mataram, dipun sisihakên kalihan abdinipun kangjêng kyai nama Kramaleya, tiyang kêkalih wau sami wasisipun dhatêng lêlucon, mila manawi kangjêng kyai pinuju lêlangên rodatan, tiyang ningali kathahipun ngantos ewon, botên ngamungakên tiyang sakiwa têngênipun ing ngriku kemawon ingkang sami aningali, ananging tiyang ingkang griyanipun 3, 4, 5 pal, sami amêrlokakên aningali.

Sakesahipun Ki Tanujaya saking Panaraga, sawêg kaping kalih kangjêng kyai kaparêng lêlangên rodatan, ingkang kawêdalakên namung rodat Dêmak, ingkang dados batak Kramaleya, dene Kramaleya punika saking wasisipun dhatêng ulah raga, sarta cucutipun wêdaling wicara, tur pancên inggih kawical dèrèng kathah umuripun, mila inggih ngantos dados sêkar lathinipun tiyang sa-Panaraga, botên angamungakên tiyang èstri kemawon ingkang sami kasmaran dhatêng Kramaleya, dalah tiyang jalêr ugi kathah ingkang sami kasêngsêm.

Sarêng sampun jam kalih dalu lêlangên sampun kèndêl, ingkang sami aningali lajêng bibaran, kangjêng kyai tumuntên lumêbêt ing

--- 1 : 65 ---

dalêm amapan sare, sadaya ugi lajêng amapan tilêm dhatêng panggenanipun piyambak-piyambak, pandhapinipun kangjêng kyai lajêng katingal samun, botên mirêng sabawaning walang salisik, sarêng wanci gagat bangun, kacariyos Kangjêng Kyai Imam Bêsari supêna, dipun panggihi priyantun sêpuh mangangge cara kaji, matur dhatêng kangjêng kyai, bilih sawatawis wulan malih ing kitha Panaraga badhe kadhatêngan pacêklik agêng, rare-rare tuwin tiyang alit kathah ingkang sami kalirên, jalaran saking botên wontên ingkang dipun têdha, amargi sabin-sabin sami botên kamêdalan, dene jalaranipun kabêkta saking sumuking manahipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, anggèning rintên dalu tansah angandhut prihatos, amila Kangjêng Kyai Imam Bêsari kadhawuhan amadosi dhatêng tiyang kêkalih wau, samôngsa sampun kapanggih lajêng katimbalan mantuk dhumatêng ing Panaraga, dene pamanggènipun, namung wontên sakiwa têngênipun kitha Madiun kemawon, mangkatên[24] malih Bagus Burham punika sawatawis taun malih badhe dados tiyang linangkung, sapunika sawêg dipun angge lêlampahan, sarêng sampun têlas pangandikanipun tiyang sêpuh wau wontênipun ing supênan kangjêng kyai uninga Bagus Burham linggih samadyaning surambi sami dipun adhêp dening tiyang kathah, dalah para mutangalim sami katingal ngadhêp Bagus Burham sadaya, kangjêng kyai lajêng wungu, supênanipun taksih èngêt awêwentehan [a...]

--- 1 : 66 ---

[...wêwentehan] botên wontên ingkang kasupèn, mila sakalangkung andadosakên pangunguning panggalihipun kangjêng kyai, sarta sanalika kangjêng kyai lajêng kèngêtan dhatêng tiyang kalih wau, saparipolahipun tansah katingal wontên ing paningal, saupami panggalihipun botên pakèwêd dhatêng kiwa têngênipun, sagêd ugi kangjêng kyai tindak ngupadosi piyambak.

Sarêng sampun bang-bang wetan kangjêng kyai lajêng mêdal dhatêng pandhapi amlampah-mlampah, sadangunipun amlampah-mlampah ingkang dipun galih namung supênanipun ingkang sakalangkung elok wau, sarêng sampun wancinipun sêmbahyang Subuh, kangjêng kyai lajêng tindak dhumatêng masjid lajêng katungka dhatêngipun para pinisêpuh tuwin para murid-murid ingkang sami badhe sêmbahyang, sabakdaning sêmbahyang kangjêng kyai lajêng lênggah wontên ing surambi, kaadhêp para pinisêpuh tuwin para murid-murid sadaya, sambènipun sami maos Kuran, swaranipun gumarênggêng adamêl asrining surambi.

Sabakdaning ngaos Kuran-Kuran ingkang sami kawaos lajêng sami katutup sadaya, kangjêng kyai kantun lêlênggahan kemawon, sambènipun andangu kawontênanipun ingkang sami ningali rodat kala wau dalu katingal botên patos kathah kados sabênipun, wasana kangjêng kyai lajêng utusan rare kadhawuhan nimbali dhatêng Kramaleya, pangintênipun ingkang sami ngadhêp, Kramaleya badhe kadangu kawontênanipun bab kala wau dalu, sarêng

--- 1 : 67 ---

Kramaleya sampun sowan, lajêng kadhawuhan majêng, sadaya ingkang ngadhêp lajêng kèndêl botên wontên ingkang wani nyêbawa, sarêng Kramaleya sampun majêng, lajêng dipun dhawuhi, enjing punika kautus dhatêng ing kitha Madiun, amadosi Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, bilih sampun pinanggih kadhawuhan andhawuhakên, dipun timbali kangjêng kyai kadhawuhan wangsul dhumatêng ing pondhok Gêbang Tinatar, dene sakathahing kalêpatanipun ingkang sampun dipun lampahi, sami kaparingan pangapuntên, Kramaleya botên kalilan mantuk manawi dèrèng pinanggih kalihan Ki Tanujaya, Kramaleya kaparingan pasangon kathahipun sakawan reyal, saking sakalangkung bingahing manahipun, anggènipun nampèni yatra kawan reyal ngantos mawut pating salêbar dhatêng pundi-pundi, labêtipun botên nate nyêpêng yatra ngantos

sakawan reyal kathahipun, anggèning mêndhêti yatra tanganipun ngantos andharêdhêg, lajêng sami dipun gêgujêng dening para kamisêpuh ingkang sami ngadhêp, Kramaleya lajêng nyuwun pamit, munduripun kalihan wiraga angatingalakên kabingahanipun, ingkang sumêrêp saya gumujêng ambata rêbah, rare-rare sami pating cêkikik jawil-jinawil kalihan para kancanipun, angatingalakên bingahing manahipun anggèning badhe pinanggih malih kalihan Bagus Burham, namung para pinisêpuh sami dèrèng andungkap dhatêng kaparêngipun kangjêng kyai, manawi sami angèngêti dukanipun kangjêng kyai kala

--- 1 : 68 ---

samantên, kados salamènipun sampun botên sagêd lilih, dèrèng sapintêna dangunipun, têka sapunika sampun utusan amadosi, anggèning dhawuh sawêrni kados amadosi sadhèrèk ingkang sampun lami botên panggih-pinanggih, punika ingkang andadosakên pangunguning manahipn para pinisêpuh sadaya wau, nanging sajatosipun sadaya kemawon inggih sami bingah, dene badhe sagêd pinanggih malih kalihan Ki Tanujaya, amargi Ki Tanujaya wau pancèn tiyang sae manahipun, sarta lêgan lilan dhatêng barang darbèkipun.

Saunduripun Kramaleya saking ngarsanipun kangjêng kyai, para pinisêpuh lajêng sami kadhawuhan ngaji malih, kangjêng kyai namung lênggah sêsèndhèn kalihan amirêngakên, sarêng wanci jam sadasa enjing sawêg sami kadhawuhan bibaran.

Saking bingahing manahipun Kramaleya, samunduripun saking ngarsanipun kangjêng kyai, botên mawi mampir dhatêng griyanipun rumiyin, lajêng têrus mangkat saking mêsjid kemawon, namung nalika mangkatipun, atilar wêling dhatêng kamisêpuh tuwin dhatêng kancanipun, samôngsa semahipun amadosi dipun sanjangana bilih sawêg kautus kangjêng kyai dhatêng Madiun, mantukipun dèrèng sagêd anêmtokakên enggal dangunipun, sasampunipun tilar wêling lajêng mangkat, lampahipun ngutu botên mawi mandhêg tumolèh, ciptaning manahipun daya-daya tumuntêna sagêd [sagê...]

--- 1 : 69 ---

[...d] pinanggih kalihan mitranipun Ki Tanujaya. Botên kacariyosakên wontênipun ing margi, sarêng sampun dumugi padhusunan sacêlaking kitha Madiun, lajêng wiwit angangin-angin dhatêng tiyang langkung bokmanawi wontên ingkang sampun sumêrêp utawi sarawungan tiyang nama Ki Tanujaya, ambêkta anak jalêr taksih jaka alit, manawi wontên

ingkang sampun sumêrêp, pamanggènipun wontên pundi, sadaya ingkang dipun pitakèni sami amangsuli dèrèng nate sumêrêp, utawi botên sumêrêp, Kramaleya lajêng andumugèkakên lampahipun, sarêng sampun andungkap dumugi sacêlaking kitha, kados namung kirang lampahan saonjotan, sumêrêp sêndhang toyanipun bêning anyarong, sami dipun angge adus dening tiyang kathah, ciptaning manahipun kapengin badhe adus sakêdhap, supados sêgêr awakipun, ananging pakèwêd dene ingkang sami adus wau namung tiyang èstri sadaya, amila lajêng katêksa angêntosi sarampungipun, sarêng ingkang sami adus wau sampun sami mêntas, Kramaleya lajêng anyêlak dhatêng sêndhang, sawêg badhe cucul lajêng kanggêg, dening manahipun lajêng mangu-mangu botên kantênan ingkang dipun raosakên, wasana lajêng botên saèstu adus, nanging namung sukunipun kemawon kalih pisan sami dipun êkum ing toya kangge jampi sayah alinggih sela cêmêng, awakipun kasèndhèkakên ing uwit gayam, pangêkuming sukunipun saya [sa...]

--- 1 : 70 ---

[...ya] dangu saya karaos nikmat punapadene kasilir ing samirana, maripatipun ambaliyut kados dipun sirêpi, dangu-dangu lajêng lês tilêm kapati, saking sakecanipun anggèning tilêm, ngantos botên kagèt ramening rare ingkang sami adus cêciblon, sarêng sampun asar andhap, kados rumaos dipun gugah dening tiyang sêpuh sampun akaki-kaki, dipun pituturi sampun asalah wèngwèng eca-eca tilêm kemawon, kadhawuhan andumugèkakên lampahipun, sarta kadhawuhan anjujug sangandhaping waringin agêng sacêlaking alun-alun, punika mangke badhe kapanggih kalihan tiyang nama Ki Jasana, ugi tunggil kajêng sami amadosi dhumatêng Ki Tanujaya, sawêg dumugi samantên Kramaleya lajêng nglilir, aningali ing sêndhang saya kathah ingkang sami adus, Kramaleya satêngah ragi lingsêm manahipun, sarta botên angrumaosi bilih punika wau tilêm ngantos kapati, ananging lajêng dipun salamur amêndhêt toya wulu, sarta lajêng sêmbahyang wontên ing sela ngriku kemawon, sabakdaning sêmbahyang têrus mangkat dhatêng salêbêting kitha, ingkang kacipta tumuntêna dumugi ing alun-alun, lampahipun ngutu botên mawi mandhêg tumolèh, saking kuwatos ambok bilih lajêng dipun tilar kesah dening tiyang sêpuh ingkang kawasita salêbêting tilêm punika wau, sarêng lampahipun sampun dumugi ing alun-alun, manahipun Kramaleya têka mawi tarataban [tara...]

--- 1 : 71 ---

[...taban] kados manahing tiyang ingkang sampun kangsèn dhatêng bedhanganipun, sarêng saking katêbihan sampun katingal bilih sangandhaping waringin wontên sayêktos tiyang sêpuh linggih wontên ing ngriku, cês raosing manahipun ayêm kados dene sumêrêp bedhanganipun

ingkang sawêg dipun upadosi, Kramaleya sampun dumugi têmtu punika ingkang nama Ki Jasana, amila lajêng dipun purugi kalihan angawasakên dhatêng sêsipatanipun Ki Jasana, sarêng sampun tamat lajêng dipun cêlaki sêngadi pados latu kangge udut, Ki Jasana angewahi linggihipun kalihan gita amêndhêtakên thithikanipun, lajêng dipun ulungakên kalihan taklim, Kramaleya anggènipun anampèni kalayan anoraga, sarampunging pangagaripun lajêng kawangsulakên dhatêng Ki Jasana malih, kalihan pitakèn namanipun sarta ingkang dipun griyani, Ki Jasana amangsuli kalayan têmbung manis, prasaja tiyang saking nagari Surakarta, abdinipun Radèn Tumênggung Sastranagara, prayagung bupati kadipatèn anom, dumuginipun ing kitha Madiun kautus amadosi ingkang wayah nama Bagus Burham kabêkta dening pamomongipun nama Ki Tanujaya, mula bukanipun sampun kacariyosakên sadaya, ngantos dumuginipun Ki Jasana kapanggih kalihan Kramaleya punika, Ki Jasana lajêng gêntos pitakèn dhatêng Kramaleya, namanipun sarta ingkang dipun griyani, Kramaleya ugi lajêng amrasajakakên [amrasajakakê...]

--- 1 : 72 ---

[...n] namanipun abdinipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari ing pondhok Gêbang Tinatar kitha Panaraga, dene prêlunipun ugi kautus amadosi Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya, Kramaleya lajêng anyariyosakên jalaranipun anggèning Ki Tanujaya kadhawuhan kesah saking Panaraga, ngantos dumugi kadhawuhan amadosi punika, sarta lajêng anyariyosakên nalika piyambakipun katilêman wontên ing sêndhang, supêna dipun gugah dening priyantun sêpuh sampun akaki-kaki ngantos sagêd kapanggih sayêktos dhatêng Ki Jasana, amila Kramaleya sarta Ki Jasana sami anglairakên gumuning manahipun dhatêng kaelokan ingkang sawêg sami dipun awaki dening tiyang kalih wau, dèrèng ngantos dumugi anggèning sami rêrêmbagan, lajêng kabujêng ing wanci sêraping surya, Kramaleya lajêng dipun ajak dhatêng pondhokanipun Ki Jasana, sadumugining griya lajêng andumugèkakên panggusthining manah sapikangsalipun, ingkang prayogi sami dipun lampahi, wasana dèrèng ngantos dumugi ing griya kabujêng ing wanci mahrib, tiyang kalih lajêng sami mampir dhumatêng ing masjid sami anglampahi prêluning sêmbahyang, sabakdaning sêmbahyang lajêng têrus dhatêng pondhokanipun Ki Jasana kemawon andumugèkakên anggèning sami rêrêmbagan malih, sadumugining pondhokan Kramaleya lajêng dipun sêgah wedang panganan, sêkul sapirantosipun sarampunging nêdha lajêng [la...]

--- 1 : 73 ---

[...jêng] sami rêrêmbagan malih, rêmbagipun Kramaleya manawi wanci siyang badhe katalêngsêng dhatêng salêbêting kitha, Ki Jasana

amangsuli, bilih salêbêting kitha kemawon prasasat sampun kêmput anggèning amadosi, malah ngantos dipun labuhi ambarang ura-ura, ewadene mêksa botên sagêd pinanggih.

Kramaleya lajêng anyambêti, kalayan sêmu gumujêng, saupami, ... saupami makatên kenging wangsul, mênggah anggèning sami amadosi wau sami warana[25] kados tiyang ambarang jathilan, Ki Jasana punapa sagêd anglampahi, pangraosipun Kramaleya sarèhning sampun wontên ing têba, manawi manahipun kaisènan ing isin, ingkang badhe dipun isini sintên, tuwin ingkang badhe angisin-isin sintên, amargi tiyang ing ngriki dèrèng wontên ingkang sami sumêrêp dhatêng piyambakipun tiyang kalih wau, manawi sagêd kalampahan bilih Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham taksih sami wontên ing Madiun, tiyang kalih botên susah angawasakên kiwa têngên manawi anggèning ambarang jathilan nuju dipun tanggap utawi nuju bèbèr, sampun têmtu Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sami aningali, jalaran tiyang kalih wau pancèn ewoning[26] rêmên dhatêng têtingalan, wangsulanipun Ki Jasana, sagêd, nanging kêdah sarana mawi topèng, prêlunipun kangge aling-aling, bok bilih kapêthuk têtêpanganipun [têtêpanganipu...]

--- 1 : 74 ---

[...n] tiyang Kadhiri, botên sangêt-sangêt anggèning lingsêm, mupangatipun sagêd nyumêrêpi botên sagêd dipun sumêrêpi, pamanggihipun Ki Jasana ingkang makatên wau Kramaleya sangêt anggènipun condhong, sarêng sampun matêng rêmbagipun, Ki Jasana lajêng mêndhêt yatra kathahipun sakawan reyal, yatra samantên wau lajêng katumbasakên kapal kepang kalih, tuwin sapirantosipun, tirahanipun katumbasakên kêndhang alit kalihan gugur, gugur punika swaranipun kados salomprèt, pirantos tabuhanipun tiyang ambarang jathilan, sarêng sampun pêpak lajêng wangsul dhatêng pondhokan malih, tiyang kalih lajêng sami dandan, sarêng sampun rampung lajêng sami pangkat, nalika sawêg jumangkah ing lawang tiyang kalih sami sakalangkung panalangsaning manahipun dhatêng ingkang adamêl gêsang, dene sami angurbanakên awakipun dados badhut ambarang jathilan, Kramaleya angangge pênthul akalung kêndhang, Ki Jasana angangge têmbêm anyangking gugur, urut mêrgi kêndhangipun tansah tinabuh ngaplak alêlagon warni-warni, guguripun sinêbul bantas adamêl gambiraning tiyang pating grubyug aningali, Kramaleya pancèn gadhah dhasar cucut parigêl dhatêng samukawis, Ki Jasana sagêd dhatêng sêsêndhon, amila pambarangipun jathilan katingal laris sangêt, kathah para priyantun tuwin para sudagar-sudagar ingkang sami nanggap, saking larisipun tiyang kalih wau ngantos botên kobêr nginang utawi udut, paribasan dèrèng [dè...]

--- 1 : 75 ---

[...rèng] bibar sampun dipun êntosi ingkang badhe nanggap gêntos, saking kondhangipun ngantos dados sêkar lathinipun tiyang Madiun sandhung jêkluk jathilan Kramaleya, sênggakane Ki Jasana, makatên wau botên ngamungakên tiyang alit kemawon ingkang sami ngucapakên, dalah para priyantun ugi sami anirokakên lêlagoning jathilanipun Kramaleya, sanadyan kondhangipun sampun angêbaki ing kitha Madiun, larisipun angungukuli bakul ingkang pados setan, ewadene tiyang kalih wau manahipun botên korup dhatêng kathahipun yatra angsal-angsalanipun anggèning ambarang, ananging salêbêting manah botên kasupèn panyuwunipun dhatêng ingkang adamêl gêsang, mugi tumuntên sagêda kapanggih kalihan Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, mila Kramaleya tuwin Ki Jasana sabên dintên kemawon botên kèndêl-kèndêl taksih andumugèkakên anggènipun ambarang jathilan, manawi botên kaplantrang sabên sontên tiyang kalih wau sami mantuk dhatêng pondhokan, manawi ngantos kaplantrang lajêng sami sipêng, tilêm wontên ing purug, ananging namung tiga sakawan dintên lajêng wangsul dhatêng pondhokan malih.

Gêntos ingkang kacariyos, lampahipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham anggèning sami badhe sowan dhatêng Kêdhiri, sarêng sampun angambah margi salêbêting wana, tiyang kalih wau lajêng sami bingung botên sumêrêp ing lèr kidul, dangunipun ngantos [nga...]

--- 1 : 76 ---

[...ntos] tigang dintên tigang dalu, rintên dalu tansah ubêngan wontên salêbêting wana kemawon, dados salêbêtipun tiga[27] dintên tigang dalu wau, Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham kapêksa sami anglampahi botên nêdha, botên ngombe, tuwin botên tilêm, manawi Ki Tanujaya makatên dhasar tiyang sêpuh tuwin sampun kulina, sarêng Bagus Burham dèrèng nate botên nêdha ngantos samantên dintên lamènipun, mila ngantos nangis sarta sêsambat, sukunipun sayah sangêt, padharanipun karaos luwe, maripatipun arip sangêt, gulunipun salit raosipun ngorong, badanipun gumêtêr, kringêtipun gumrobyos kados tiyang adus, sarêng makatên lajêng dhawah brêg kasambêt, sarêng Ki Tanujaya sumêrêp bilih momonganipun kados makatên, raosing manahipun pating saluwir kados dipun juwing-juwing, mila lajêng amêsu budi angêningakên cipta, sadhakêp suku tunggal nutupi babahan nawa[28] sanga, nyênyuwun dhatêng ingkang adamêl gêsang, mugi paringa pitulung dhumatêng kawulanipun ingkang sawêg kasangsaya, labanipun tiyang mantêp dhatêng ing tekad, sanalika andhatêngakên gara-gara angin agêng agêgêrotan, kêkajêngan kathah ingkang sêmpal, ingkang rêbah tuwin ingkang rungkat, sasirêping angin lajêng katingal wontên teja anggamêng

wontên sanginggiling Bagus Burham, saicaling teja wontên pitulunging Pangeran, Ki Tanujaya dipun panggihi priyantun sêpuh mangagêm sarwa wulung, awêwarah

--- 1 : 77 ---

dhatêng Ki Tanujaya, manawi ing wêgdal punika Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, sami dèrèng kalamangsanipun dhatêng kitha Kadhiri, sami kadhawuhan wangsul malih dhatêng ing kitha Panaraga kemawon, aturipun Ki Tanujaya, sarèhning kesahipun saking Panaraga punika amargi dipun tundhung dening Kangjêng Kyai Imam Bêsari, dados saupami wangsul malih dhatêng Panaraga, Ki Tanujaya sakalangkung lingsêmipun, ingkang mangagêm sarwa wulung lajêng angandika malih, sapunika Kangjêng Kyai Imam Bêsari, dukanipun dhatêng Ki Tanujaya sampun lilih sayêktos, malah sampun lajêng kaparêng utusan amadosi, dene ingkang kautus abdinipun nama Kramaleya, makatên ugi Radèn Tumênggung Sastranagara, ugi utusan amadosi, ingkang kautus abdinipun nama Ki Jasana, sapunika Ki Jasana tuwin Kramaleya, sampun kêmpal dados satunggal, manggèn wontên ing kitha Madiun, mila Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sami kadhawuhan wangsul dhatêng ing kitha Madiun kemawon rumiyin, wontên ing ngriku marginipun sagêd kapanggih Ki Jasana kalihan Kramaleya, ingkang sakalih-kalihipun sami botên kanyanan, Ki Tanujaya lajêng matur, punika wau Bagus Burham mêntas botên èngêt, jalaran saking luwe sayah arip labêt saking sampun tigang dintên tigang dalu botên nênêdha botên ngombe tuwin botên tilêm, jalaran Ki Tanujaya wontên ing wana ngriki bingung botên sumêrêp [su...]

--- 1 : 78 ---

[...mêrêp] ing lèr kidul. Sarêng makatên Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sami kadhawuhan angêrêmakên maripatipun, Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham lajêng sami angèstokakên, pangraosipun sawêg mêrêm sakêjêpan, Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sami kadhawuhan angêlèkakên maripatipun, sarêng sampun mêlèk, tiyang kalih ngantos sami anjumbul sarta sakalangkung pangunguning manahipun, dene Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham sampun ngadêg wontên palataranipun tiyang gadhah damêl, tuwin mawi dipun urmati ungêling gôngsa gêndhing Kêbogiro angangkang, sarta lajêng dipun papagakên akalihan ingkang gadhah damêl, sasampunipun sami linggih satata tiyang kalih sami dipun kanthi kalêbêtakên ing pandhapa, sasampunipun sami linggih satata tumuntên dipun wêdali pisêgahipun ingkang gadhah damêl, sêkul ulam tuwin panganan caranipun tiyang padhusunan, wedangipun srêbat manis amangêt-mangêt, sanadyan Ki Tanujaya botên têlas-têlas pangunguning manahipun dhatêng kaelokan wau, ewadene botên kasupèn dhatêng

tatacara, lajêng angrogoh yatra sareyal, kabuwuhakên dhatêng ingkang gadhah damêl, ingkang gadhah damêl katingal sakalangkung bingahing manahipun, dene kadhatêngan tamu balaba, môngka caranipun tiyang padhusunan punika, botên wontên sumbangan ngantos srupiyah, mila panganggêpipun ingkang gadhah damêl, dhatêng tamu kalih wau anggèning

--- 1 : 79 ---

angaosi prasasat dhatêng Bupati ingkang ambawahakên.

Adatipun tiyang gadhah damêl ing ngriku punika, manawi pisêgah wau sampun dipun têdha, tirahanipun lajêng kalêbêtakên ing kroso kangge angsal-angsal, nanging sarêng dhatêng Ki Tanujaya botên makatên, sasampunipun pisêgah wau katêdha, ingkang badhe kangge angsal-angsal kadamêlakên piyambak, sêkul ulam sakroso agêng, mawi ingkung wêtah satunggal, pangananipun sakroso agêng, sarêng Ki Tanujaya sampun rampung prêlunipun, lajêng sami pamitan wangsul dhatêng ingkang gadhah damêl, ingkang gadhah damêl anguntapakên dumugi sajawining regol.

Tiyang tiga lajêng sami sêsalaman, sarta sami bage-binage wilujêng, Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, lajêng sami andumugèkakên lampahipun, angsal-angsalipun anggèning nyumbang, ingkang bêkta Ki Tanujaya, tangan têngên nyêpêng angsal-angsal, tangan kiwa nyangking sanguning pangangge, ingkang gadhah griya lajêng wangsul dhumatêng ing pandhapa, sapêngkêripun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham wau, tumuntên katungka dhatêngipun para sanak sadhèrèkipun ingkang gadhah griya, inggih ugi sami badhe buwuh, saking kathahipun, ngantos ungêling Kalaganjur angangkang tanpa kèndêl, samargi-margi Ki Tanujaya botên pêgat kapapagan para tiyang ingkang èmpêripun inggih sami badhe buwuh mariku, jalêr èstri

--- 1 : 80 ---

sami adhapyak-dhapyak, kawistara sami sênêng-sênêng manahipun.

Botên dangu lampahipun anglangkungi bulak malih, ingkang têbihipun kintên-kintên lampahan kalih onjotan, bulak wau kados dèrèng dangu dadosipun ing pasabinan, tuwin patêgilan, bokmanawi ing ngajêng saking bikakan wana, katitik saking tunggakaning kajêng-kajêng kathah ingkang sami dèrèng dipun dhangkèli, margi-marginipun sami dèrèng dipun

tanêmi eyub-eyub, amargi wêgdal wau sampun tumapaking môngsa katiga, bêntèripun ngandhap nginggil sami sumêlètipun, tiyang kalih tansah akicat-kicat.

Ki Tanujaya ragi karepotan pambêktanipun sanguning panganggèn akalihan sêkul ulam wau, sanajan sanguning panganggèn sakêdhap-sakêdhap dipun gêntosi dening Bagus Burham, ewadene Ki Tanujaya inggih taksih ambêntoyong pambêktanipun sêkul ulam, amargi saking kathahipun, sarêng dumugi satêngahing bulak, kapêthuk rare-rare sami badhe angupados kajêng rèncèk dhatêng wana, dados sêkul ulamipun punika wau lajêng kasukakakên dhatêng rare-rare sadaya wau, saupami kabêkta dhatêng nagari kamanah sakêdhik prêlunipun, dene ingkang dipun sukani sami sakalangkung bingah ing manahipun.

Antawisipun jam tiga siyang, utawi Asar inggil, lampahipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, sampun dumugi salêbêting kitha [ki...]

--- 1 : 81 ---

[...tha] Madiun, sarèhning bêntèripun dèrèng sirêp, tiyang kalih lajêng kèndêl wontên sangandhaping kajêng jaran, ingkang ing wêgdal wau nuju kathah godhongipun, ngiras pados pikiran ingkang badhe dipun jujug, sarta tansah botên mêndha trênyuhing manahipun, mila tiyang kalih wau, sabên angèngêti lêlampahanipun ingkang sawêg sinandhang lajêng sami akaca-kaca.

Kacariyos ingkang sawêg anamur lampah, pambarangipun jathilan Kramaleya kalihan Ki Jasana, wiwit enjing ngantos dumugi asar inggil totên[29] patosa kathah ingkang nanggap, môngka sabênipun laris sangêt, saking kathahipun ingkang sami nanggap, paribasan ngantos botên kobêr nginang, nanging ingkang makatên wau, malah sami andadosakên bingahing manahipun, dene sagêd mungkul anggèning ngulat-ulatakên dhatêng ingkang dipun upadosi, sarta tujuning manahipun sami têbih dhatêng pamrih bêbarangan, wontênipun sami dipun lampahi sami ambarang jathilan wau, saking awratipun kautus ing bêndara, botên ketang dipun lampahi wirang isin anggêripun sagêd pinanggih kalihan ingkang dipun upadosi.

Kalêrêsan wêgdal wau ing radinan agêng botên wontên tiyang langkung satunggal-tunggala mila kêtipungipun Kramaleya ingkang kakalungakên ing gulu, saha guguripun Ki Jasana, lajêng sami kadadosakên satunggal, namung dipun cangking kemawon, têmbêm [tê...]

--- 1 : 82 ---

[...mbêm] pênthulipun ingkang anutupi rai, sami dipun panjulukakên manginggil, urut mêrgi sinambi ginêman kados pundi wusananipun ingkang dipun lampahi, manawi sabên dintên namung tansah kados makatên kemawon, dangu-dangu badhê tuman dados tiyang ambêbarang.

Tiyang kalih wau sadangunipun ginêman ragi katungkul botên ningali kiwa têngên, lampahipun kaplantrang anglangkungi radinan ingkang dipun angge kèndêl tiyang kalih wau, nanging Kramaleya tuwin Ki Jasana sami botên angrêmpêlu bilih ingkang sami dipun upadosi sawêg angaub wontên ngriku, Bagus Burham botên pangling dhatêng Kramaleya, ingkang ing wêgdal wau taksih angangge pênthul kapanjulukakên manginggil, lajêng dipun cêluk kapurih kèndêl, Kramaleya tuwin Ki Jasana, sami botên pangling dhatêng Ki Tanujaya sanalika lajêng sami dipun purugi sarêng sampun cêlak, Ki Tanujaya lajêng dipun rangkul kalihan Ki Jasana, tiyang kalih sami nangis, Kramaleya kalihan Bagus Burham ugi sami tumut nangis, Ki Jasana lajêng ngêkêp-ngêkêp Bagus Burham kalihan dipun ambungi, pangêkêpipun botên uwal-uwal, saking kasoking kabingahan, dangu-dangu Ki Jasana lajêng kasambêt, sarêng sampun èngêt, sumêrêp wêrninipun Bagus Burham kêra sangêt paraeanipun katingal gêsêng kados wujudipun tiyang angandhut susah, sakalangkung wêlasing manahipun, môngka nalika taksih wontên ing nagari

--- 1 : 83 ---

Surakarta, sanadyan rintên dalu botên pisah kalihan Ki Tanujaya, badanipun lêma kulitanipun jêne, labêt saking dipun ugung ingkang êmbah, sabên dintên lumintu dipun paringi samukawis ingkang andadosakên kabingahanipun, dene sapunika ngantos anglampahi kasakit-sakit ingkang ngantos adamêl trênyuhing manah, mila Ki Jasana ngantos kawêdal wicantênipun anyênyuwun dhatêng ingkang adamêl gêsang. Mugi Gusti Allah ambêrkahana dhumatêng putu kula Bagus Burham, ing têmbe dadosa pangauban, kenginga kula titipi badan kula.

Saking têmên saha mantêping manahipun, Ki Jasana ngantos sagêd amênangi anggènipun Bagus Burham dados abdi dalêm kaliwon pujôngga. Mila Ki Jasana lajêng kadadosakên parampara ngiras nyêpêng pawêdalipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita (Bagus Burham), sarêng Ki Jasana tilar dunya, lajêng kapêtak wontên ing astana Pêngging, kadhèrèkakên Radèn Tumênggung Sastranagara.

Sasampunipun sami rêrêm manahipun, lajêng sami anyariyosakên lêlampahanipun piyambak-piyambak, tiyang sakawan sami pangunguning manahipun, sarêng sampun dumugi anggèning nyariyosakên lêlampahanipun piyambak-piyambak, lajêng dipun ajak dhatêng pondhokanipun Ki Jasana, Kramaleya tuwin Ki Jasana lajêng sami angrasuk panganggèn kados panganggenipun tiyang

--- 1 : 84 ---

kêkesahan, pênthul têmbêm sapirantosipun, katilar wontên ing ngriku kemawon, sadaya lajêng pangkat, sadumuginipun pondhokan, Kramaleya lajêng anêbahi ambèn, ingkang gadhah griya tumut ribut angêdal-êdalakên bantalipun ingkang katata wontên ing patanèn, Ki Jasana angindêl toya kasambi kalihan olah-olah, Kramaleya lajêng dhatêng warung têtumbas kabêtahanipun tiyang gêgriya, sarêng sampun dhatêng, tumbasanipun kapasrahakên dhumatêng Ki Jasana, kapurih ngolah, semahipun ingkang gadhah griya ugi angrencangi anggènipun olah-olah Ki Jasana, sarêng sadaya sampun matêng, lajêng katêdha tiyang gangsal kalêbêt ingkang gadhah griya, salêbêtipun sami nêdha, Kramaleya anyariyosakên anggènipun amadosi tiyang kalih wau, sanadyan cariyosipun botên dipun têmaha adamêl lêlucon, ananging sarèhne labanipun tiyang dhusun, ingkang sami mirêng ngantos botên kobêr nêdha, pijêr anggêgujêng dhatêng Kramaleya kemawon, dalah ingkang gadhah griya ingkang salaminipun botên nate gumujêng, ngantos tumut gumujêng kapingkêl-pingkêl.

Sasampunipun anggèning sami nêdha, tirahaning sêkul ulam lajêng kapurih nêdha saanak semahipun ingkang gadhah griya, tiyang gangsal lajêng sami ngaso tilêman, saking sampun sami katandhêgan sayah saha arip, botên dangu sadaya lajêng tilêm [tilê...]

--- 1 : 85 ---

[...m] kapati, namung ingkang gadhah griya piyambak ingkang dèrèng tilêm, malah ngantos sadalu muput namung ajêgrêg linggih kemawon.

Sarêng wanci bangun enjing, tiyang sakawan sampun sami tangi, sarta sapintên bingahing manahipun, dene satanginipun tilêm wedangipun sampun dipun rukti ingkang gadhah griya, tirahaning pangananipun ugi kacawisakên malih, mila Kramaleya tansah angalêmbana dhatêng ingkang gadhah griya wau, sadèrèngipun sami angombe wedang, tiyang

sakawan sami sêsuci dhumatêng ing lèpèn, sarampunging sêsuci lajêng wangsul malih, sadaya lajêng kêpung wontên ing ambèn sami wedangan, kasambi angrêmbag sakecanipun anggèning badhe wangsul dhumatêng ing Panaraga. Rêmbagipun Kramaleya sarèhning prêlunipun sampun kacêpêng, badhe ngêntosi punapa malih, mila prayogi mangkat enjing punika kemawon, mangke sontên sagêda dumugi kitha Panaraga, sanajan ragi kadalos[30] sawatawis, sarèhning môngsa padhang bulan, malah sakeca lampahipun, tiyang tiga sampun sami anyondhongi, sarampungipun anggèning dandan, lajêng pamitan ingkang gadhah griya sarta ingkang gadhah griya dipun tilari pituwas sawatawis supados dados bingahing manahipun. Tiyang sakawan lajêng sami mangkat. Ingkang gadhah griya angêtêrakên ngantos sawatawis têbih saking griyanipun.

--- 1 : 86 ---

Botên kacariyosakên wontênipun ing margi, sarêng wanci bakda ngisa tiyang sakawan sampun dumugi ing kitha Panaraga, Ki Tanujaya, Bagus Burham, tuwin Ki Jasana, lajêng sami anjujug ing pondhokan, namung Kramaleya ingkang anjujug ing griyanipun piyambak, sarêng sampun aso lajêng lapur dhumatêng kangjêng kyai, anggènipun mêntas kautus, sarampunging prêlunipun, lajêng kadhawuhan tumut anjagongi dhumatêng ing pondhokan, benjing enjing tiyang tiga kadhawuhan nyowanakên kangjêng kyai, Kramaleya matur sandika lajêng mêdal.

Kangjêng Kyai Imam Bêsari dhawuh dhumatêng ingkang garwa, Bagus Burham sakancanipun ingkang sawêg dhatêng wau, kadhawuhan maringi sêkul ulam ingkang eca-eca, sarta wedang panganan sapirantosipun, ingkang garwa angèstokakên, Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana sami dipun paringi gantèn, andadosakên kabingahanipun ingkang sami dipun paringi.

Nalika sawêg dhatêngipun Bagus Burham sarowangipun, wêgdal samantên ing pondhok sawêg rame-ramenipun para murid sami andêrês Kuran, sarêng sumêrêp Bagus Burham saha Ki Tanujaya dhatêng, anggèning ngaji lajêng kèndêl, sami amurugi dhatêng palinggihanipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham, pating tèmplèk kados anak putunipun piyambak, kalêrêsan ing wêgdal wau sadaya dèrèng wontên ingkang sami nêdha, mila lajêng sami dipun [di...]

--- 1 : 87 ---

[...pun] ajak nêdha sêsarêngan, ingkang pancèn gadhah cawisan lajêng angêdalakên cawisanipun piyambak-piyambak, ingkang sami botên gadhah cawisan lajêng kapurih nêdha sawontênipun paringipun kangjêng

kyai wau, sadaya sami pating kêcapah sampun botên wontên èwêd pakèwêdipun, Ki Jasana sakalangkung pangunguning manahipun, dene rare samantên kathahipun têka sami lulut sadaya dhatêng Ki Tanujaya, sabibaring nêdha, sarta sasampunipun nyingkir-nyingkirakên wadhahipun wau, lajêng wangsul sami pating tèmplèk dhatêng Ki Tanujaya malih, Ki Tanujaya lajêng anyariosakên lêlampahanipun sakesahipun saking Panaraga, ingkang sami dipun cariyosi kathah ingkang sami ambrêbês mili, ngantos sadalu muput botên wontên ingkang sami karaos ngantuk, sarêng sampun bangun enjing sadaya lajêng sêmbahyang dhatêng masjid, dèrèng sapintêna dangunipun anggèning sami sêmbahyang, lajêng katungka rawuhipun kangjêng kyai.

Sabakdaning sêmbahyang, lajêng sami wiwit ngaji dhumatêng ing surambi, pangajinipun Bagus Burham saya kantun kalihan kancanipun, môngka nalika dèrèng kesah saking Panaraga, pangajinipun sampun ragi mèmpêr, pancèn kenging dipun ajêng-ajêng tumuntên sagêd, sapunika malah glogab-glagêb, kados tiyang kabalabak ing toya, ewadene saking ajrihipun, ngantos sabakdanipun ngaji botên ngadêg-ngadêg, ngantos badhe toyan kemawon [ke...]

--- 1 : 88 ---

[...mawon] dipun ampêt.

Sarêng sampun sami kèndêl anggènipun ngaji, Ki Tanujaya kuwin[31] Ki Jasana, sami dipun bagèkakên kalihan kangjêng kyai, aturipun, angsal pangèstunipun kangjêng kyai sami ginanjar wilujêng, Kangjêng Kyai Imam Bêsari lajêng andangu malih kalihan gumujêng, sakesahipun Ki Tanujaya saking Panaraga, punika ingkang dipun jujug sintên, sarta salêbêtipun kêkesahan, kadospundi kawontênanipun Bagus Burham, Ki Tanujaya lajêng angaturakên lêlampahanipun sadaya, wiwit lolos saking Panaraga ngantos dumugi wangsulipun punika, botên wontên ingkang kalangkungan, kangjêng kyai sarêng mirêngakên aturipun Ki Tanujaya wau, raosing panggalihipun trênyuh sangêt, sarta katingal wêlasipun dhatêng Bagus Burham, pangudaraosing panggalih: amêmuji mugi-mugi wontêna pitulunging Pangeran aparing kanugrahan dhumatêng Bagus Burham, kadosdene wêcanipun para linangkung ingkang sampun dipun mirêngakên, anamung ing lair sakalangkung pamêthèsipun dhatêng ing pangajaran.

Kangjêng kyai lajêng gêntos dangu dhumatêng Ki Jasana, kadospundi lêlampahanipun angyèning[32] kautus amadosi Bagus Burham, Ki Jasana ugi lajêng ngaturakên lêlampahanipun wiwit mangkat saking nagari

Surakarta ngantos dumugi ngadhêp wontên ngarsanipun kangjêng kyai punika, rèntès botên wontên ingkang kalangkungan [kalangkung...]

--- 1 : 89 ---

[...an] satunggal-tunggala, satêlasing aturipun Ki Jasana wau sadaya, botên ngamungakên kangjêng kyai kemawon ingkang kawêdal anggarapi dhatêng Kramaleya, sadaya pinisêpuh ugi sami tumut anggarapi, mila ing wêgdal wau ingkang wontên salêbêting masjid sami gêr-gêran anggêgujêng dhatêng Kramaleya, langkung malih sarêng Kramaleya takèn dhatêng Bagus Burham, benjing punapa anggènipun kesah malih kantênanipun anggèning tata-tata badhe amadosi, wicantênipun makatên wau tiyang samêsjid sami gumujêng sadaya.

Sakèndêlipun gêgujêngan, kangjêng kyai dhawuh dhumatêng Ki Tanujaya, sapunika dosanipun dipun paringi pangapuntên, namung ing wingking kemawon dipun èngêt-èngêta, sampun ngantos gadhah patrap kados ingkang sampun-sampun, aturipun Ki Tanujaya sêndika sumêdya angèstokakên.

Sasampunipun kangjêng kyai anyêrêp-nyêrêpakên dhatêng Ki Tanujaya, lajêng dhawuh dhumatêng Ki Jasana, sarèhning sapunika Bagus Burham sampun pinanggih, sarta sampun wangsul dhumatêng ing Panaraga malih, Ki Jasana samôngsa sampun ngaso sawatawis dintên lajêng kalilan wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta, punapa kawontênanipun kadhawuhan lapur Radèn Tumênggung Sastranagara, Ki Jasana matur sêndika, ing wêgdal wau lajêng sami kadhawuhan bibaran.

Sarêng sampun rêrêm sawatawis dintên, Ki Jasana nyuwun pamit [pa...]

--- 1 : 90 ---

[...mit] wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta, Kangjêng Kyai Imam Bêsari anglilani, sarta dipun bêktani kintunan warni-warni wêdalan ing kitha Panaraga, kadhawuhan ngaturakên dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, mawi dipun bêktani rencang tiyang kalih, sasampunipun winêling-wêling, Ki Jasana lajêng mangkat.

Botên kacariyosakên enggal lamènipun sarta kawontênanipun wontên ing margi, dumugi ing nagari Surakarta, sampun wanci sontên, kalêrêsan ing wêgdal wau Radèn Tumênggung Sastranagara sawêg lênggahan wontên

ing pandhapa, kalihan ingkang putra Mas Ngabèi Rônggawarsita, sawêg sami angudaraos bab kesahipun Bagus Burham, dèrèng ngantos dumugi[33] kasaru dhatêngipun Ki Jasana, ingkang sawêg lêlênggahan sarêng uninga dhatêngipun Ki Jasana, sami botên sarônta lajêng dipun timbali dhatêng palênggahanipun, kadangu kadospundi kabaripun Bagus Burham, ingkang dinangu angaturakên lêlampahanipun anggèning kautus amadosi dhumatêng ingkang wayah Bagus Burham wau, botên wontên ingkang kalangkungan.

Radèn Tumênggung Sastranagara saha Mas Ngabèi Rônggawarsita amirêngakên aturipun Ki Jasana sadaya wau, raosing panggalih bingah angêmu sungkawa, bingahipun dene ingkang wayah sampun sagêd pinanggih, sungkawanipun, awit saking lêlampahanipun ingkang wayah wontên ing purug sakalangkung anggèning

--- 1 : 91 ---

mêmêlas, sarta adamêl trênyuhing panggalih, dados sakalihan namung sami sumendhe dhumatêng ingkang damêl gêsang, namung ragi wontên lêjaring panggalihipun sawatawis, dening ingkang wayah sapunika sampun wangsul malih dhumatêng ing kitha Panaraga, wusana Ki Jasana lajêng kadhawuhan ngaso dhumatêng ing griyanipun, sarta abdinipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari ugi sami kadhawuhan ngaso dhumatêng griyanipun Ki Jasana pisan.

Sarêng Ki Jasana sampun ngaso sawatawis dintên, prasasat rintên dalu lajêng botên kenging pisah kalihan Radèn Tumênggung Sastranagara, dipun dangu-dangu kawontênanipun Ki Jasana saha kawontênanipun Ki Tanujaya, punapadene kawontênanipun ingkang wayah, ingkang dinangu angaturakên sadaya lêlampahanipun, saha lêlampahanipun Ki Tanujaya tuwin Bagus Burham ingkang sampun dipun sumêrêpi piyambak, saha ingkang dipun mirêng-mirêngakên.

Antawis pitung dintên saking dhatêngipun Ki Jasana, abdinipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari sami kadhawuhan mantuk dhumatêng ing kitha Panaraga, Radèn Tumênggung Sastranagara gêntos angaturakên angsul-angsul warni pangagêman wêdalan ing nagari Surakarta, punapadene maringi pakintun warni-warni dhumatêng ingkang wayah.

Kacariyos, sawangsulipun Bagus Burham, pangajinipun saya bibrah botên wontên ingkang kalêbêt ing manah babar pisan,

--- 1 : 92 ---

mênggah ingkang makatên wau, sanajan kangjêng kyai botên kêkilapan dhatêng sadaya ingkang badhe dhumawah dhumatêng Bagus Burham, ananging mêksa taksih dipun pêthès sangêt, malah kadhingkala asring dipun slênthiki kupingipun, ewadene Bagus Burham botên pisan-pisan anggatosakên dhatêng pitutur prayogi, ingkang dipun rêmêni namung dhatêng pandamêl maksiyat, sabên dintên botên gothang kêplèk yatra kalihan kônca-kancanipun ingkang ugi sampun kalajêng rêmên dhatêng pandamêl maksiyat, botên ketang dhêlik-dhêlik dipun têmaha.

Taksih tunggil taun kalihan mantukipun Bagus Burham saking kitha Madiun, ing Panaraga kadhatêngan pacêklik, sadaya sabin-sabin ingkang sampun dipun tanêmi, sami kaambah ing ama mênthèk saha lodhoh, sarta walangsangit sapanunggilanipun, botên wontên ingkang sami nêdha pantunipun, amila tiyang alit ingkang panggêsanganipun sami tanèn, sami anandhang prihatos manahipun, ing padhusunan sami katingal mamring ical mathinipun, ing pundi-pundi kathah para rare saha tiyang sêpuh ingkang kalirên labêt saking kêluwèn, sambatipun para tiyang alit ingkang sami kêkirangan têdha, adamêl trênyuhing manahipun ingkang sami mirêngakên, namung para priyantun saha para sudagar, punapadene para tiyang salêbêting kitha ingkang taksih lumampah pandamêlanipun, botên patosa karaos manahipun,

--- 1 : 93 ---

ingkang dipun sumêrêpi amung awising rêrêgèn uwos, ingkang suwau sadangang namung rêgi: 3 wang, nyêngkanipun: 4 wang, sapunika dados rêgi: 12 wang, ingkang makatên wau ing atasipun tiyang ingkang taksih sagêd tumbas, botên sapintêna raosing manahipun, namung Kangjêng Kyai Imam Bêsari sanajan botên kêkirangan samukawis, ewadene inggih sakalangkung prihatosing panggalihipun, ingkang dipun kuwatosakên ambokmanawi pacêklik wau ngantos anglantur, pintên-pintên taun, botên wande inggih tumut kêkirangan têdha, mila lajêng parêpatan kalihan para pinisêpuh, sami kadhawuhan budidaya kadospundi sakecanipun ingkang dipun lampahi, sampun ngantos kalajêng-lajêng pacêklik punika ngantos adamêl kasangsaranipun para murid-murid ingkang jalaran kêluwèn, aturipun para pinisêpuh awarni-warni, wontên ingkang gadhah pamanggih paring sumêrêp dhatêng tiyang sêpuhipun, wontên ingkang gadhah pamanggih nyuwun biyantu têdha pitulunganipun parentah, wontên ingkang gadhah pamanggih sêtiyar piyambak, putusanipun kangjêng kyai, ingkang dipun agêm namung sêtiyar piyambak punika wau, inggih punika para murid sami kadhawuhan musapir dhatêng para priyantun, dhatêng para hartawan, sarta dhatêng para sudagar, punapadene dhatêng sanès-sanèsipun ingkang sakintêna angendahakên dhatêng kabangsan, mawi

dipun bêktani cathêtan kangge tôndha astanipun ingkang sami amaringi, [a...]

--- 1 : 94 ---

[...maringi,] sapintên angsal-angsalanipun lajêng kaklêmpakakên, bilih sampun anglêmpak, lajêng kangge sudhiyan têdhanipun para murid-murid sadaya, ingkang supados sampun ngantos adamêl rêkaos ing sadayanipun, sadaya sampun sami anyondhongi, ingkang badhe anglampahi inggih sampun sagah, dene lampahipun dipun tata sadintên edhang, kala samantên cacahing rare wontên kawan dasa satunggal, dados sapalihipun wontên kalih dasa malang satunggal, amila ingkang saperangan kalih dasa, ingkang saperangan sêlikur, rare kalih dasa utawi salikur wau pundi ingkang gadhah lampah musapir lajêng kapara sakawan, ingkang saperangan mangetan, ingkang saperangan mangilèn, ingkang saperangan mangalèr, ingkang saperangan mangidul, sami ambêkta cathêtan kangge pèngêtan cacahipun ingkang sami amaringi, Bagus Burham dhawah golongan ingkang cacahipun wontên salikur, ingkang gangsal wêlas tigang perangan alit, ingkang saperangan wontên cacah nênêm, Bagus Burham kadhawahakên ing perangan alit, ingkang cacahipun nênêm.

Tiyang sakitha Panaraga, para priyantun, para hartawan, para sudagar, sarta sanès-sanèsipun, sadaya sami angaosi dhatêng lêlabêtaning Kangjêng Kyai Imam Bêsari, botên ngamungakên para priyantun saha para sudagar kemawon, malah para liyan bôngsa ugi sami angaosi, pundi ingkang dipun dhatêngi

--- 1 : 95 ---

para murid-murid ingkang sami bêkta tèkênan musapir wau, anggèning nyukani sami jor-joran kathahipun, angsal-angsalanipun ingkang wujud yatra kemawon, botên kirang saking kalih dasa rupiyah sadintên, samantên wau dèrèng metang ingkang wujud uwos saha lisah, amila kawontênanipun ing pacêklik, sanajan ing pundi-pundi kathah ingkang sami kaluwèn, namung ing pondhok piyambak ingkang botên kêkirangan samukawis.

Nalika sawêg sadintên kalih dintên dumugi sawulan, golonganipun Bagus Burham, angsal-angsalanipun anggèning musapir, sami racak-racak kalihan kancanipun, ananging dangu-dangu namung angsal sakêdhik piyambak, malah lajêng botên angsal babar pisan, andadosakên pamuring-muringing manahipun juru anampèni, saupami botêna bêkta

sêrat cathêtan, kamanah angsal-angsalanipun kasalingkuhakên, sarêng cathêtanipun inggih kothong yêktos, dados namung dipun kintên botên lumampah kemawon, mila ngantos dipun srêngêni kathah-kathah, mênggah pangintênipun juru nampèni ingkang makatên wau, sayêktosipun pancèn botên nalingsir, awit Bagus Burham sakancanipun rare nênêm, sabên anglampahi tampi musapir lajêng nyalèwèng dolan sakajêng-kajêngipun piyambak, adhakanipun wontên pinggir lèpèn, sami mèmèt ngupados ulam, patrap makatên punika dangu-dangu kamirêngan Kangjêng Kyai Imam Bêsari, nanging sarèhne [sarèh...]

--- 1 : 96 ---

[...ne] kangjêng kyai dèrèng uninga piyambak, dados dèrèng sagêd aparing dêduka utawi amidana dhumatêng rare nênêm wau, nanging lajêng sami kadhawuhan ngulat-ulatakên, samôngsa Bagus Burham sarowangipun rare nênêm sami botên angèstokakên saha botên têmên-têmên dhatêng pandamêlanipun, kadhawuhan angaturi uninga kangjêng kyai, kangjêng kyai badhe uninga piyambak, sarta lajêng badhe dipun paringi pidana ingkang sakalangkung awrat.

Sanès dintên tampinipun musapir Bagus Burham sakancanipun, ingkang tigang golongan sami anglampahi tumêmên ing manahipun, pamrihipun sami anyadhang angsala pangalembana dhumatêng juru nampèni, utawi pangalembananipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari, namung Bagus Burham sakancanipun rare nênêm, sami ajak-ajakan dhatêng lèpèn, amargi gadhah padikan suwakan ingkang sampun wontên ulamipun kathah, sami ayon badhe dipun tawu, kalampahan rare nênêm sami dhatêng lèpèn anawu suwakan, suwakan ingkang dipun tawu wau ulamipun kathah sayêktos, saking kathahipun, ngantos kabêkta rare kalih taksih kawratên, ulam samantên wau lajêng kasade dhatêng pêkên, pêpajênganipun sami pun bage rare nênêm, namung sami dipun angge jajan piyambak, tirahanipun lajêng dipun angge gimêr.

Panawunipun suwakan Bagus Burham sakancanipun, ngantos dumuginipun [dumu...]

--- 1 : 97 ---

[...ginipun] anggèning sami gimêr dipun kodhol piyambak dening kangjêng kyai, sarêng wancinipun sampun badhe mantuk, kangjêng kyai lajêng ngrumiyini kondur, sarêng rare nênêm wau sampun sami mantuk, lajêng dipun timbali, sarta dipun dangu pajêng pintên panyadenipun ulam, rare nênêm sami botên sagêd matur namung tumungkul kemawon, amila

lajêng dipun gêbagi ing panjalin, sarêng sampun sami matur kapok, lajêng kaukum kadhawuhan angêbaki padasan, môngka padasanipun kangjêng kyai wau sadaya cacahipun pitu[34] iji, ingkang badhe angisèni namung rare nênêm, dados manawi padasan satunggal dipun isèni ing rare satunggal taksih malang padasan satunggal, ingkang satunggal punika sami iyon sintên ingkang kajibah angisèni, Bagus Burham lajêng ngêdalakên pamanggih, mêndhêt rumput lulangan nêm lênjêr, ingkang gangsal dipun bundhêli nyatunggal, ingkang satunggal dipun bundhêli kalih, rumput wau bundhêlanipun dipun gêgêm dening Bagus Burham, kancanipun sami dipun purih dudut, pundi ingkang pandudutipun angsal bundhêlan kalih, inggih punika ingkang angisèni padasan kalih, rare gangsal lajêng sami andudut, ananging pandudutipun sadaya namung isi bundhêlan nyatunggal, ingkang bundhêlan kalih taksih kantun wontên gêgêmanipun Bagus Burham, mila Bagus Burham lajêng katêksa angisèni padasan kalih wau.

Nalika rare-rare sami dêrdah anggèning badhe angisèni padasan [pa...]

--- 1 : 98 ---

[...dasan] wau, kangjêng kyai taksih lênggah wontên ing pandhapa, dados inggih uninga kawontênanipun ingkang sami dipun dêrdah. Sarêng Bagus Burham kajidhêg angisèni padasan kalih, kangjêng kyai ngantos gumujêng kalihan angèrang-erang Bagus Burham, dipun pangandikakakên, kala wau mêntas nawu suwakan, sapunika nawu sumur.

Saya lami Bagus Burham saya botên manah babar pisan dhatêng pasinaonipun ngaji, rintên dalu ingkang dipun agêngakên namung dhatêng pandamêl maksiyat, Ki Tanujaya ngantos rumaos wêgah amituturi, saking lingsêm saha ajrihipun dhatêng kyai, ngantos kasupèn dhatêng nêdha, manahipun sakalangkung prihatos, rintên dalu prasasat botên nate tilêm, makatên ugi kangjêng kyai, sarêng Bagus Burham sampun têtela botên kenging dipun ajar sae, panggalihipun saya botên sakeca, mupung dèrèng kalajêng-lajêng kaparêngipun namung badhe dipun antukakên kemawon, amargi botên tahan mirêng wêwadulipun para pinisêpuh ingkang sami kadhawuhan angapèn-apèni, wasana Bagus Burham lajêng dipun timbali, sarêng sampun sowan, para pinisêpuh saha ingkang sami ngadhêp, sadaya sami kadhawuhan mundur, namung Ki Tanujaya piyambak ingkang lajêng nyalimpêt angintip-intip, aling-alingan uwit jambu drêsana, badhe mirêngakên kadospundi dêdukanipun kangjêng kyai, sarêng kangjêng kyai mariksani kiwa têngên sampun [sampu...]

--- 1 : 99 ---

[...n] botên wontên tiyang, Bagus Burham lajêng dipun dukani, pandanguning dêduka ririh, nanging adamêl tatuning manah, ngantos dipun dhawuhi, manawi kapengin badhe pados warok, kangjêng kyai kaparêng nglantarakên, badhe dipun paringakên dhatêng Têgarèn, inggih punika panggenanipun para pêthut sarta gêgununganing para begol[35] kècu, Bagus Burham ngantos nangis, lajêng kalilan mundur.

Wêkdal wau Bagus Burham wiwit dipun paringi èngêt dening Pangeran, gadhah rumaos lingsêm sangêt dipun paringi pangandika ingkang makatên wau, saking lingsêmipun, ngantos kawêdal wicantênipun dhatêng Ki Tanujaya, bilih anggènipun sinau ngaji botên tumuntên sagêd, isin mantuk dhumatêng nagari Surakarta, mêdaling wicantênipun Bagus Burham ingkang makatên punika, Ki Tanujaya ngantos kumêpyur manahipun, Bagus Burham lajêng dipun rangkul kalihan dipun tangisi, kala samantên umuripun Bagus Burham kirang langkung sawêg gangsal wêlas taun.

Bagus Burham gadhah panêdha dhatêng Ki Tanujaya, sabên dalu kapurih ngêtêrakên dhatêng têmpuran lèpèn Watu, badhe anglampahi kungkum sakuwawinipun, sarta salêbêtipun anglampahi, sampun ngantos dipun cawisi barang-barang, ingkang katêdha namung pisang kaluthuk mêntah sadintên sadalu saulêr, Ki Tanujaya anyagahi sarta anjurungi sangêt, dhatêng osikipun Bagus Burham ingkang utami wau. Kalampahan Bagus Burham sabên dalu kungkum dhatêng lèpèn Watu, [Wa...]

--- 1 : 100 ---

[...tu,] Ki Tanujaya botên pisah akêkinthil kalihan ambêkta prabot ingkang badhe dipun angge santun, sadangunipun Bagus Burham anglampahi kungkum wau, ingkang kaèsthi botên wontên malih kajawi nyuwun dhatêng ingkang damêl gêsang tumuntêna pinaringan sagêd anggènipun sinau ngaji, sanajan Bagus Burham dèrèng sumêrêp bongkot pucukipun anglampahi, ewadene sarêng sampun kapèpèt, anggèning anglampahi lajêng botên kengguh dhatêng wêwêrnèn ingkang amêmengin manahipun, ngantos sagêd dumugi kawan dasa dintên laminipun, sarêng namung kantun sadalu, Bagus Burham dipun tari kalihan Ki Tanujaya, mangke dipun liwêtakên punapa ajêng, wangsulanipun Bagus Burham ajêng, nanging panêdhanipun mangke samôngsa sampun mêntas saking kungkum, dados jangkêp angsal kawan dasa dalu, tiyang kalih lajêng sami mangkat dhatêng lèpèn kados sabênipun, Ki Tanujaya ambêkta kêndhil kalihan uwos, katakêr satuwukipun dipun têdha tiyang kalih, kalihan ambêkta lawuh sawontênipun. Sadumugining lèpèn, Bagus Burham lajêng

wiwit kungkum, Ki Tanujaya ripik-ripik ngupados kajêng sakiwa têngênipun ing lèpèn ngriku, sarêng sampun angsal kamanah cêkap dipun angge ngliwêt, lajêng cêthik latu, ingkang dipun angge kêrên mêndhêt sela sacêlaking palinggihanipun kemawon, sarêng latunipun sampun murup, uwosipun lajêng dipun pususi, pambêthaking uwos kasarêng kalihan toyanipun, sarêng pangliwêtipun sampun [sampu...]

--- 1 : 101 ---

[...n] mêndhak, lawuhipun botên wontên, dipun upadosi sakiwa têngênipun ing ngriku botên pinanggih, kakintên dhawah wontên ing mêrgi kemawon, nanging lajêng botên dipun luru.

Sarêng sampun lingsir dalu Bagus Burham sagêd tilêm sak lêran, saking dayanipun botên nate sagêd tilêm, dados raosing badanipun kados tilêm ingkang mawi lèmèk gêlaran, makatên malih Ki Tanujaya, sarêng liwêtipun sampun mêndhak maripatipun karaos arip sangêt, tansah ngantuk, botên kenging dipun sayuti, dangu-dangu lajêng katilêmakên, awakipun kasèndhèkakên ing sela ingkang botên têbih kalihan palinggihanipun, sawêg angsal sak lêran, rumaos mirêng ungêling mariyêm ingkang bantêr sangêt suwaranipun, sanalika lajêng tangi aguragapan, satanginipun tilêm lajêng botên mirêng suwara punapa-punapa, kajawi namung kumriwiking toya mili, sarta suwaraning angkup pating karêlèk kados suwaraning kuthuk amadosi babonipun, Ki Tanujaya anuwèni Bagus Burham, nanging taksih katinggal tilêm, mila lajêng wangsul dhatêng palinggihanipun malih, botên watawis dangu sumêrêp wêwêrnèn kados rêmbulan, agêngipun saklapa, saking nginggil cumlorot dhawah salêbêting kêndhil, sapang[36] sumêrêp wêwêrnèn makatên wau, badanipun sakojur sami anjêkêrut, raosipun kados garinggingên, sukunipun kalih pisan sami ngoplok dhèngkèlên,

--- 1 : 102 ---

kringêtipun gumrobyos kados tiyang adus, sirahipun karaos kêmêl anggaringging, rumaos mindhak agêngipun, nanging dangu-dangu lajêng pulih malih botên gadhah raos punapa-punapa, sarêng manahipun sampun rêrêm, liwêtipun lajêng dipun junjung kasandhing wontên paliggihanipun, sakêdhap-kêdhap dipun mèk-mèki, bokmanawi kuwatos manawi ical.

Salêbêtipun Bagus Burham tilêm, supêna dipun panggihi ingkang êmbah buyut Kyai Ngabèi Yasadipura, wontênipun ing supênan, kadhawuhan mènglèng badhe dipun paringi dhawuh, sarêng sampun mènglèng, Kyai

Ngabèi Yasadipura lajêng lumêbêt dhatêng talinganipun Bagus Burham, wusana Bagus Burham lajêng nglilir, sarta lajêng mêntês[37] amurugi dhatêng palinggihanipun Ki Tanujaya, nêdha santun panganggèn kados sabênipun, sarêng anggènipun santun sampun rampung, lajêng kapurih nêdha, nanging dipun sanjangi botên mawi lawuh, awit lawuhipun punika wau rêntah wontên ing mêrgi, wangsulanipun Bagus Burham, botên dados punapa, ingkang ugêr sêkul, sarèhning botên bêkta ajang, dados panêdhanipun dipun iras wontên ing kêndhil kemawon, sarêng panêdhanipun sampun sawatawis pulukan, tanganipun kraos nyêpêng wêwêrnèn nanging sanès grayangipun sêkul, sarêng dipun inggahakên, jêbul ulam wadêr agêngipun satêbah, sanalika dipun sumêrêpakên dhatêng Ki Tanujaya, Ki Tanujaya rewa-rewa sangêt pangunguniipun, [pa...]

--- 1 : 103 ---

[...ngungunipun,] nanging ing batos sampun angintên bilih punika wahananipun ingkang cumalorot punika wau, mila lajêng amituturi dhatêng Bagus Burham, ulam wau kapurih nêlasakên sadaya.

Labanipun sampun kawan dasa dintên botên kalêbêtan sêkul, dados ing wêgdal wau panêdhanipun kraos eca saha amiraos, dangu-dangu sêkul sakêndhil têlas dipun têdha sadaya, namung kantun intipipun kemawon, dalah ulamipun ugi dipun têlasakên, namung êndhas kalihan kèpèt ingkang botên katut dipun têdha, dene intip saha êndhasing ulam sakèpètipun wau, lajêng dipun têdha dening Ki Tanujaya sadaya, saking cariyosipun inggih uhi[38] kraos eca sangêt, malah pangraosipun saking ecanipun salaminipun dèrèng nate angraosakên têtêdhan ingkang raosipun angungkuli punika, sarampungipun anggèning sami nêdha, Bagus Burham lajêng anyariyosakên supênanipun, Ki Tanujaya lajêng gêntos anyariyosakên wêwêrnèn ingkang sampun dipun sumêrêpi. Tiyang kalih lajêng sami angucap sukur ring Pangeran.

Ing wêkdal wau sawêg antawisipun jam tiga dalu, mila lajêng sami gêgancangan mantuk dhatêng ing pondhokan, sadumugining pondhokan sadaya taksih sami tilêm, tiyang kalih dados lajêng [la...]

--- 1 : 104 ---

[...jêng] sami andumugèkakên tilêm malih, tanginipun angajêngakên wanci subuh.

Satanginipun tilêm, tiyang kalih sami rumaos angsal kanugrahaning Pangeran, Bagus Burham kaparingan ilham sagêd sumêrêp dhatêng kasusastran kalayan botên sarana mawi dipun ajar, sastra Arab, Jawi, Walandi, satêmbungipun pisan, lajêng botên rumaos angèl maos kitab Kuran, dalah samaknanipun pisan, Ki Tanujaya angsal kanugrahaning Pangeran mangrêtos dhatêng wicantênipun kutu-kutu walang angataga, [39] nanging sarèhne labanipun tiyang sêpuh ingkang sampun botên kewran dhatêng sadaya kagunan, dados wêwahing kanugrahan wau manahipun saya sakalangkung mênêp.

Sarêng sampun wancinipun dhatêng mêsjid, Bagus Burham sakancanipun lajêng sami pangkat, para kancanipun sami ambêkta Kuran kangge ngaos mangke sabakdanipun subuh, Bagus Burham ingkang kabêkta kitab kalihan Kuran, mila sami dipun garapi dening para kancanipun wau, sarêng sampun dumugi ing mêsjid, sadaya lajêng sami wiwit sêmbahyang kados adat, dèrèng sapintêna dangunipun, lajêng katungka rawuhipun kangjêng kyai, nalika kangjêng kyai sawêg jumangkah ing masjid, sakalangkung pangunguning panggalihipun, dene thèrèkaning rare-rare ingkang sami sêmbahyang wau, dipun pariksani saking wingking sirahipu[40] wontên ingkang katingal [katinga...]

--- 1 : 105 ---

[...l] sumorot kados mawa cahya, nanging kangjêng kyai dèrèng sagêd nyatakakên sintên ingkang sirahipun mawa cahya wau. Amargi kajawi taksih rêpêt-rêpêt anggènipun mariksani namung saking wingking, dados botên patos têrang dhatêng rarenipun, dene ing wêgdal wau kangjêng kyai lajêng têrus dhatêng ing pangimanan kemawon, sabakdanipun sêmbahyang, kangjêng kyai lajêng lênggah ing surambi kados sabênipun, amariksani para murid-murid ingkang sami ngaji, pangajinipun Bagus Burham manggèn wontên ing wingking piyambak, saking kathahipun ingkang sami ngaji, suwantênipun ngantos gumarênggêng angumandhang, ingkang suwaranipun sae ulonipun sami dipun umbar, supados angsala pangalêmbana saening swaranipun, sadangunipun kangjêng kyai mirêngakên pangajinipun para murid-murid wau salêbêting panggalih ragi wontên ingkang dipun raosakên, dening mirêng sakecaning suwantênipun murid saha cêthaning pakêcapanipun ingkang adatipun botên nate wontên kados ingkang nêmbe kamirêngakên punika, mila sadaya ingkang sami ngaji lajêng dipun dhawuhi kèndêl, sadaya lajêng cêp botên wontên sabawanipun, sarêng sampun sami dipun pariksani, lajêng kadhawuhan ngaji malih, nanging sami kadhawuhan gêntos-gêntos satunggal-satunggal kemawon, ingkang dipun dhawuhi sami angèstokakên, sarêng uruting pangajinipun dhawah Bagus Burham, sadaya kancanipun sami botên mêntala aningali, dening botên wande namung [na...]

--- 1 : 106 ---

[...mung] dipun undhamana kalihan para pinisêpuh kados sabênipun, mila lajêng sami adhingkluk ngiling-ilingi Kuranipun, sawêrni kados anyêmak, wasana pangintêning para kancanipun sadaya wau sapunika dados kosok wangsul, amargi pangajinipun Bagus Burham suwaranipun sakalangkung buntas, ingkang dipun cengkok lagon Buminatan, ing Panaraga dèrèng nate sarawungan dhatêng lagon punika, saking saening suwaranipun saha saening lagonipun, ngantos kenging dipun paribasakakên suwaranipun ulêm arum aririh, ananging angumandhang turut usuk, pakêcapanipun aksara cêtha botên anyampar, dhumawahing ayat wijang sumèlèh, tiyang samêsjid lajêng sami rumaos kasoran dening kasagêdanipun Bagus Burham, sami pating plongo kados tiyang kamitênggêngên, sanalika Bagus Burham lajêng dipun timbali majêng dhatêng ngarsanipun kangjêng kyai, kalilan linggih ajêng-ajêngan, sarêng sampun mapan lajêng kadhawuhan dumugèkakên pangajinipun, kangjêng kyai kaparêng nyimak, pangajinipun Bagus Burham sabên angsal saayat lajêng dipun maknani pisan, makatên sapiturutipun ngantos angsal satunggal jus, pakêcapanipun ingkang ngambah aksara agêng alit botên wontên ingkang lêpat, anggènipun maknani sampun dipun anggêp lêrês dening kangjêng kyai, mila ing batos kangjêng kyai sakalangkung pangunguning panggalihipun, langkung malih para pinisêpuh sarta para kancanipun, [kancani...]

--- 1 : 107 ---

[...pun,] saking sangêting pangungunipun ulatipun ngantos sami pucêt, dene botên nyana bilih Bagus Burham tampi kanugrahaning Pangeran ingkang samantên kaelokanipun.

Sarêng anggènipun ngaji sampun kèndêl, kangjêng kyai lajêng andhawuhakên dhatêng para pinisêpuh saha dhatêng para murid-murid sadaya, kaparêngipun kangjêng kyai sapunika Bagus Burham dipun paringi nama Mas Ilham, sarta dipun karsakakên dados badalipun kangjêng kyai, ingkang sami dipun dhawuhi sami matur sêndika, sarêng sampun bibaran, ingkang kaparingan salam rumiyin Bagus Burham, lajêng gêntos-gêntos para pinisêpuh kados adat.

Sapêngkêripun kangjêng kyai, para pinisêpuh sami rêbat rumiyin anggèning sêsalaman dhatêng Bagus Burham, makatên malih para murid-murid, ugi rêbatan panguswaning tanganipun ingkang nêmbe tampi kanugrahaning Pangeran, wasana Bagus Burham lajêng angsal pangaji-aji

ingkang botên beda kalihan pangaji-ajinipun dhatêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari, punapa dene solah bawanipun, lajêng santun salaga angantawisi bilih unusaning tiyang sagêd.

Kawontênanipun ing kaelokan wau, misuwuripun sampun lajêng sumêbar salêbêting kitha Panaraga, para ngalim saha para mukmin, punapa dene para santri-santri, sakiwa têngênipun ing kitha Panaraga, sami dhatêng angalab barkah dhumatêng ingkang nêmbe angsal kanugrahaning [ka...]

--- 1 : 108 ---

[...nugrahaning] Pangeran wau, sabên dintên botên wontên pêdhotipun, malah indhaking pawartos, sudaning titipan, kala samantên Bagus Burham wau sami dipun kabarakên panuksmanipun Sèh Amongraga.

Bagus Burham sarêng sampun anampèni kanugrahaning Pangeran, rêmênipun dhatêng pandamêl maksiyat lajêng sirna kados dipun saponi, nakaling manahipun lajêng dados tiyang sarèh, alêmbah manah, tabiyatipun lajêng malih kados tiyang muslimin, rintên dalu namung tansah andêrês Kuran kemawon, kèndêl-kèndêlipun bilih nuju sêmbahyang utawi nuju nêdha, manawi malêm Jumuwah saha Anggara Kasih, anggèning ngaji ngantos sadalu muput, sabên sawulan ngantos sagêd katam Kuran rambah kaping sakawan, mila kangjêng kyai lajêng katingal asihipun sayêktos.

Saya dangu kangjêng kyai saya mindhak asihipun, manawi wontên rêmbag ingkang prêlu-prêlu, ingkang babagan dhatêng pamulangipun rare-rare, utawi têtanggêlan dhatêng kasagêdanipun rare, sasêlaning anggènipun ngaji, kadhawuhan tumut angêmbat, sanajan kala samantên umuripun dèrèng jangkêp nêmbêlas taun, ewadene rêmbag-rêmbagipun sampun kêrêp dipun agêm, kabêkta saking kasagêdanipun sarta pasèhing pangajinipun, sabên dintên Jumuwah kadhawuhan anglêlantih maos kutbah, mênggah kaparêngipun kangjêng kyai ingkang makatên wau, sayêktosipun pancèn awrat sangêt manahipun, [ma...]

--- 1 : 109 ---

[...nahipun,] saha rumaos botên kaconggah anglampahi, nanging sarèhning sampun botên sagêd mingkuh, dados wontênipun namung sêndika, sarêng kacobi, saking pangraosipun ingkang sami amirêngakên, pamaosipun kudbah[41] swaranipun saya tambah sae, pakêcapanipun cêtha, punapa dene sarêng pamaosipun kudbah wau, sarampungipun

lajêng dipun maknani pisan, sadaya ingkang mirêngakên ngantos botên gadhah rumaos bilih sawêg Jumuwahan wontên salêbêting masjid, rumaosipun kados angadhêp wontên pangayunanipun Ingkang Maha Sukci, mila sabên-sabên ingkang maos kutbah prasasat dipun wajibakên dhatêng Bagus Burham wau, para tiyang ingkang sami Jumuwahan dhatêng masjid, paribasan kirang papan langkung tiyang, saking kathahipun ngantos ambalabar dhatêng palataran.

Nalika Bagus Burham dèrèng nampèni kanugrahaning Pangeran, rumaosipun Ki Tanujaya botên kados sapunika awrating manahipun, kala rumiyin sabên dintên plêng-plêngan ngantos sadintên muput, manahipun botên gadhah sumêlang sakêdhik-kêdhika, sarta botên nate dipun upadosi, nanging sapunika prasasat botên sagêd pisah, sabên botên katingal sakêdhap kemawon, lajêng bingung anggènipun amadosi, sadintên-dintên wontênipun namung samar, raosing manahipun kados anilar rare ingkang sawêg sagêd ambarangkang kasèlèhakên [kasè...]

--- 1 : 110 ---

[...lèhakên] wontên sapinggiring balumbang.

Pancènipun Bagus Burham anggènipun wontên ing Panaraga taksih andumugèkakên sawatawis wulan malih, badhe nêlasakên piwulangipun kangjêng kyai ingkang murakabi dhatêng manahipun, nanging sarêng wontên rêmbag ingkang botên cocog kalihan manahipun, wontên Panaraga lajêng gorèh botên kraos sakêdhik-kêdhika, mila lajêng cariyos dhatêng Ki Tanujaya, bilih sanès dintên badhe nyuwun mantuk dhatêng nagari Surakarta, Ki Tanujaya sakalangkung anayogyani.

Sanès dintên tiyang kalih lajêng sowan kangjêng kyai, Ki Tanujaya ingkang matur, saking atur panuwunipun Bagus Burham, awit saking agênging barkahipun kangjêng kyai, anggènipun anglampahi nyantri wontên ing Panaraga, angsal pangèstunipun para lêluhur sampun kalampahan tampi kanugrahaning Pangeran, sarèhne wontên Panaraga sampun sakawan taun dangunipun, saha sampun wancinipun sêlam, amila ing mangke Bagus Burham kapêksa nyuwun pamit wangsul dhatêng ing nagari Surakarta, dene kaparêngipun kangjêng kyai ingkang sampun kadhawuhakên dhumatêng Bagus Burham, Ki Tanujaya ingkang anyagahi badhe matur Radèn Tumênggung Sastranagara, supados andadosakên condhonging panggalihipun.

Mênggah aturipun Ki Tanujaya sadaya wau, dipun galih-galih

--- 1 : 111 ---

wontên lêrêsipun, makatên malih sarèhning sagah badhe amilut ingkang dados karsanipun, dados kangjêng kyai inggih botên awrat lajêng amarêngakên, nanging saking kaparêngipun kangjêng kyai, sarta saking bingah-bingahing panggalihipun, badhe mantukipun Bagus Burham dhatêng ing nagari Surakarta wau, kagungan karsa badhe dipun pasrahakên piyambak, ngiras pantês badhe tuwi ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara, supados andadosakên lêganing panggalihipun, aturipun Ki Tanujaya sakalangkung amrayogèkakên, manawi makatên kapasang yogi, ing benjing kangjêng kyai sagêd amêdharakên ingkang dados raosing panggalih, Ki Tanujaya ingkang sagah ambabadi saking wingking, kangjêng kyai saya karênan panggalihipun, sarta lajêng dhawuh dhumatêng ingkang garwa, kadhawuhan tata-tata, kangjêng kyai badhe tindak dhumatêng nagari Surakarta, ingkang garwa matur sandika.

Sanès dintên kangjêng kyai bidhal dhumatêng ing nagari Surakarta. Saking kitha Panaraga dhumatêng ing nagari Surakarta, dipun tindaki dharat kemawon, prêlunipun badhe uninga têbih cêlakipun bilih dipun tindaki dharat, saha badhe mirsani kawontênanipun ing margi-margi, ngiras anglêlantih Bagus Burham, supados ing têmbe kulina dhatêng mlampah, ingkang dhèrèkakên namung para pinisêpuh saha para santana sawatawis, para abdi ingkang kadhawuhan dhèrèk antawisipun namung sadasa, ingkang dados pangajêngipun [pangajêngi...]

--- 1 : 112 ---

[...pun] Kramaleya, sami kadhawuhan bêkta bêbêktanipun Bagus Burham, tuwin angsal-angsal sawatawis wêdalan ing kitha Panaraga, tindakipun botên ngaya, namung sasêkecanipun kemawon, mila wontênipun ing margi ragi rêmbên sawatawis.

Turut margi kangjêng kyai botên kêndhat paring piwulang warni-warni dhatêng Bagus Burham, saha sabên-sabên dipun paringi sumêrêp têtuladan[42] ingkang sami dipun pariksani wontên ing margi, ingkang tampi piwulang kenging kaupamèkakên barang alit kalêbêtakên ing wadhah agêng, saking sadaya piwulangipun kangjêng kyai sami kacakup botên wontên ingkang cèwèt.

Saking rêmbêning tindakipun, saha saking kêrêpipun kèndêl, kawan dintên kawan dalu tindakipun kangjêng kyai sawêg dumugi Panambangan Bacêm, kangjêng kyai sapandhèrèk sami angasokakên sarira wontên ing pakèndêlan, sarêng sampun rêrêm, Ki Tanujaya nyuwun lilah badhe angrumiyini, prêlu angaturi uninga dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, kangjêng kyai anglilani, Ki Tanujaya lajêng mangkat, lampahipun sumêbrung kados dipun sawatakên, wanci jam sadasa siyang dumugi ing dalêm Sastranagaran, kala samantên Radèn Tumênggung Sastranagara sawêg lênggah ing pandhapa kalihan para panèwu mantri sawatawis, sami angrêmbag pandamêlan kados adat, sarêng uninga dhatêngipun Ki Tanujaya, lajêng jumênêng saking palênggahanipun lumêbêt ing dalêm, sakalihan [sakaliha...]

--- 1 : 113 ---

[...n] ingkang putra Mas Ngabèi Rônggawarsita, Ki Tanujaya sasampunipun sêsuci suku lajêng dipun timbali dhumatêng ing dalêm.

Salajêngipun Ki Tanujaya adamêl kagètipun tiyang sawawêngkon Sastranagaran sadaya, awit saking dhatêngipun botên sarêng kalihan Bagus Burham, sarta lajêng anjujug dhatêng ing dalêm kemawon, sami dipun kintên prêlunipun sangêt, panyananipun para tiyang warni-warni, wontên ingkang ngintên Ki Tanujaya dipun tundhung dening kangjêng kyai, wontên ingkang ngintên Bagus Burham sakit sangêt, sarta wontên ingkang ngintên bilih Bagus Burham tilar donya, mila para putra santana sarta para abdi-abdi sami bingung pating bilunglung,[43] ingkang adhêdhasar gêmbèng sami nangis pating salênggruk, para sadhèrèk lajêng sami anjirap ngajêng-ajêng kadospundi kabaripun ingkang yakin, sadangunipun Ki Tanujaya taksih wontên ing dalêm, para panèwu mantri ingkang sami anggarap pandamêlan, lajêng angèndêlakên pandamêlanipun, sami siyaga bokmanawi wontên prêlu ingkang kêdah dipun tindakakên.

Gêntos anyariyosakên ingkang wontên salêbêting dalêm, Ki Tanujaya lajêng kaparingan wedang, sarta kadhawuhan angaring-aringakên napasipun rumiyin, sasampunipun ngombe wedang tuwin napasipun sampun katingal aring, lajêng dipun dangu kawilujênganipun, saha andangu kawilujênganipun Bagus Burham, ing mangke kadospundi kawontênanipun ingkang wayah wontên [wo...]

--- 1 : 114 ---

[...ntên] ing Panaraga, sarta punapa wontên parlunipun sangêt, dene Ki Tanujaya ngantos malampah piyambak, têka botên namung kèngkènan kemawon.

Aturipun Ki Tanujaya angaturakên wilujêng botên wontên satunggal punapa, saha sapunika ingkang wayah Bagus Burham sampun wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta, sapunika taksih kantun sawêg angasokakên sarira kèndêl wontên ing Panambangan Bacêm, dene ingkang ngêtêrakên Kangjêng Kyai Imam Bêsari piyambak, mawi kadhèrèkakên para santana para pinisêpuh sarta para abdi sawatawis kathahipun, tindakipun saking kitha Panaraga dumugi nagari Surakarta, kaparêngipun kangjêng kyai namung dharat kemawon, saha lajêng ngaturakên babadipun ingkang wayah nalika wontên ing Panaraga ngantos dumugi ingkang wayah anampèni kanugrahaning Pangeran, punapa dene ngaturakên rêraosanipun kangjêng kyai ingkang sampun kadhawuhakên dhumatêng ingkang wayah piyambak, ingkang wayah sakalangkung awrat aminangkani ingkang dados kaparêngipun kangjêng kyai wau, pancènipun ingkang wayah dèrèng wangsul sapunika, taksih badhe andumugèkakên piwulangipun kangjêng kyai ingkang prêlu-prêlu, nanging sarêng kapèpèt ing rêmbag kados ingkang sampun kaaturakên wau, dados ingkang wayah wontên ing Panaraga lajêng botên kraos.

Radèn Tumênggung Sastranagara sakalihan ingkang putra Mas Ngabèi [Ngabè...]

--- 1 : 115 ---

[...i] Rônggawarsita, sarêng amirêngakên aturipun Ki Tanujaya sadaya wau, sami sakalangkung bingahipun, saking lêganing panggalihipun, kaupamèkakên bêndunganing bênawi ingkang akêmbêng-kêmbêng salaminipun, sapunika sagêd dhadhal dening kasêntoring banjir bandhang, dene ingkang wayah sampun kadumugèn ingkang sinêdya, sagêd anampèni kanugrahaning Pangeran. Anêtêpi ingkang dados pangèsthining panggalih rintên dalu, amila lajêng sami amuji sukur ring Pangeran, sapunika sampun kaparingan luwar ingkang dados prihatosing panggalihipun.

Mas Ngabèi Rônggawarsita dipun dhawuhi ingkang rama, kadhawuhan andhawuhakên dhumatêng ingkang rayi salah satunggal, kadhawuhana mêthuk kangjêng kyai dhumatêng Panambangan Bacêm, ambêktaa patumpakan tiga, ingkang kalih kangge anyudhiyani kangjêng kyai kalihan Bagus Burham, ingkang satunggal kangge ingkang rayi piyambak ingkang kadhawuhan mêthuk wau, ingkang kadhawuhan angrigênakên panataning pondhokan sapisêgahipun pisan, Mas Ngabèi Rônggawarsita

piyambak, sadaya wau sampun ngantos anguciwani, sarampungipun anggèning dhawuhakên dhumatêng ingkang putra, lajêng mêdal dhumatêng ing pandhapa malih, andumugèkakên lêlênggahan sawatawis dangunipun, kalihan paring uninga dhumatêng para panèwu mantri ingkang sami parêpatan wau, ingkang anampèni dhawuh katingal sami bingah manahipun, botên dangu lajêng kadhawuhan sami

--- 1 : 116 ---

bibaran, namung sontênipun kadhawuhan wangsul andhèrèk manggihi. Ingkang dipun dhawuhi sami matur sandika.

Sarêng para rayi-rayi, para putra santana, sarta para abdi-abdi sampun angsal katrangan bilih dhatêngipun Ki Tanujaya ambêkta kabar sae, lajêng sami luwar prihatosing manahipun, saking bingah-bingahipun, mantukipun Ki Tanujaya dhatêng ing pondhokan, sami dipun tandhu langak dening para rayi-rayi, para putra santana, kalihan asurak-surak.

Ingkang kapatah Mas Ngabèi Rônggawarsita mêthuk Kyai Imam Bêsari dhumatêng ing Panambangan Bacêm, ingkang rama alit nama Mas Ngabèi Awikrama, dipun aturi ambêkta kapal tiga kalêbêt titihanipun piyambak, kadhèrèkakên para santana sawatawis, sarta para abdi ingkang sami angarung kapal, sarêng dumugi ing Panambangan Bacêm, lajêng angaturakên salam taklimipun ingkang raka, saha angaturakên kasugêngan rawuhipun kangjêng kyai, punapa dene amaringakên pangèstu dhumatêng ingkang wayah Bagus Burham, sarêng sampun aso sawatawis dangunipun, sadaya lajêng bidhal, samargi-margi dados têtingalanipun tiyang kathah, Kramaleya botên kêmba anggèning tansah adamêl lêlucon turut mêrgi.

Ingkang sami kapatah anyambut damêl wontên ing dalêm Sastranagaran, para sadhèrèk, para putra, para santana, sarta para abdi-abdi, saking kathahipun, ngantos pating sariwêd adamêl [ada...]

--- 1 : 117 ---

[...mêl] sênêning pandulu, ingkang sami rêrêsik sarta ingkang sami tata-tata, tuwin ingkang sami olah-olah kados kagungan damêl mantu dadak-dadakan, sakilèn pandhapa dipun tatani gôngsa slendro pelok, sangajêng pandhapa dipun pasangi tarub anggênggêng, saking kathahipun ingkang sami nyambut damêl, panataning rêngrênggan[44] sapanunggilanipun, sakêdhap kemawon sampun rampung sadaya, ingkang badhe kangge

pisêgah amragat lêmbu satunggal, ramening tiyang ingkang sami olah-olah, anambahi dhatêng rêgênging pamirêngan, wanci jam gangsal sontên, gôngsa sampun mungêl angrangin, pangrakiting pasugata sampun kathah ingkang sami rampung, para putra santana sampun rampung anggèning sami dandan, ingkang kapatah angadhêp wontên pandhapa sampun sami ngadhêp athèrèk-thèrèk, ingkang kapatah angladosi sami angrakit ingkang badhe kaladosakên, Radèn Tumênggung Sastranagara sampun lênggah wontên samadyaning pandhapa dipun adhêp para panèwu mantri ingkang sami kadhawuhan tumut amanggihi, sadaya sêtolup ingkang sami dipun pasang wontên ing pandhapa, sarta ingkang sami kapasang wontên ing dalêm, tuwin ingkang sami kapasang wontên ing pondhokan, sampun sami dipun sumêdi, soroting dilah ingkang sampun dipun sumêdi wau, saking padhangipun ngantos kados raina.

Ki Tanujaya tansah wongsal-wangsul anganguk-anguki dhumatêng

--- 1 : 118 ---

sajawining regol, sarêng Kangjêng Kyai Imam Bêsari sampun dumugi ing radinan sacêlaking kabupatèn, Ki Tanujaya angaturi uninga bilih kangjêng kyai sampun rawuh, Radèn Tumênggung Sastranagara lajêng jumênêng dhatêng tarub, para panèwu mantri sarta para putra santana ingkang sami ngadhêp wontên ing pandhapa ugi sami mandhap sadaya, kangjêng kyai dumugi sajawining regol lajêng mandhap saking titihan, mandhapipun mawi dipun lawani Mas Ngabèi Rônggawarsita, sasampunipun anglawani kangjêng kyai, lajêng anglawani ingkang putra Bagus Burham, sarêng sampun mandhap ingkang putra dipun arasi awongsal-wangsul, para putra santana ingkang dipun dhawuhi mêthuk dhatêng sajawining regol, lajêng anggarubyug wontên sawingkingipun kangjêng kyai sadaya, Bagus Burham dipun gendhong Ki Jasana dumugi sangajêng pandhapa, lajêng dipun wisuhi sêkar sataman dhatêng ingkang ibu Nyai Ajêng Rônggawarsita, dipun gêpyoki ing gêgodhongan dhatêng ingkang êmbah Nyai Ajêng Sastranagara, tumuntên dipun kanthi lumêbêt ing dalêm, kangjêng kyai lajêng sêsalaman akalihan ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara, sarêng sampun bage-binage wilujêng, sakalihan lajêng lênggah wontên samadyaning pandhapa, para santana ing Panaraga sasampuning sami sêsuci ugi lajêng kairit ngadhêp dhumatêng ing pandhapa sadaya, Ki Tanujaya kadhawuhan dados among tamu, para abdi sami kadhawuhan aso dhumatêng ing pondhokan, ingkang kadhawuhan amrênah-mrênahakên [amrênah-mrênahakê...]

--- 1 : 119 ---

[...n] Ki Jasana, gumrênggênging para tamu tuwin ingkang sami amanggihi, ngrêrangining gôngsa ingkang binarung pangêliking talèdhèk, adamêl rêgênging pandhapa kabupatèn, lumadosipun wedang dhaharan waradin botên wontên kalangkungan, saking rigênipun ingkang sami dados among tamu sarta ingkang sami angladosi, sabên wedangipun sampun kalong lajêng dipun jogi.

Sasampunipun gôngsa suwuk, Kangjêng Kyai Imam Bêsari lajêng amêdharakên pangandika dhumatêng ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara, anggènipun karaya-raya dhumatêng ing nagari Surakarta punika, prêlunipun anuruti kangêning panggalih dhumatêng ingkang raka, Radèn Tumênggung Sastranagara, sagarwa putra sadaya, ingkang kaping kalih prêlu amasrahakên ingkang wayah Bagus Burham, ingkang kaparingakên kadhawuhan puruhita ngaji dhumatêng kangjêng kyai wontên ing pondhok Gêbang Tinatar, sarèhne ing sapunika sampun sagêd anêtêpi pangajêng-ajêngipun para sêpuh, tampi kanugrahaning Pangeran kados pangèsthining manahipun, sanajan kangjêng kyai namung dados lantaran kangge prabot tampining kanugrahanipun ingkang wayah, ewadene agênging panggalihipun angungkuli jênggêrênging rêdi Lawu, mila kangjêng kyai ngantos kalampahan angêtêrakên piyambak dhumatêng ing nagari Surakarta, amargi saking sakalangkung bingahing panggalihipun, sapunika Bagus [Ba...]

--- 1 : 120 ---

[...gus] Burham kapasrahakên ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara.

Radèn Tumênggung Sastranagara amangsuli sakalangkung agênging panuwunipun anggènipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari sampun sagêd anyêmbadani ingkang dados pangajêng-ajênging panggalihipun, botên langkung mugi ingkang sipat rahman lan rakim, anyêmbadanana ugi dhatêng panggalihipun Kangjêng Kyai Imam Bêsari.

Satêlasing atur wangsulanipun Radèn Tumênggung Sastranagara wau, gôngsa mungêl galaganjur, binarunging surakipun para putra santana amawurahan, sasuwuking galaganjur kangjêng kyai lajêng dipun ancarani lênggah dhahar sakalihan ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara.

Ingkang kadhawuhan andhèrèk dhahar namung para sadhèrèk, para putra, sarta para panèwu mantri ingkang sami kadhawuhan andhèrèk amanggihi kemawon, panataning dhaharipun wontên ing paringgitan,

para pinisêpuh saha para santana sami kaparingan nêdha ingkang sampun katata wontên ngèmpèr pandhapa ingkang sisih wetan, ingkang dipun dhawuhi ngêmbuli para santana ing Sastranagaran sadaya, saking sami sagêdipun ingkang kapatah dados among tamu, mila sadaya ingkang dhahar rahab-rahab botên wontên ingkang sami èwêd pakèwêd, salêbêtipun dhahar ingkang kagêm pacitan lêlampahanipun Ki Jasana kalihan Kramaleya nalika [nali...]

--- 1 : 121 ---

[...ka] sami kautus amadosi Bagus Burham dhumatêng ing kitha Madiun, wiwit ambarang ura-ura dumugi anggènipun ambarang jathilan, ingkang mirêngakên sami gumujêng gêr-gêran, anggèning dhahar ngantos sami kasupèn, labêt saking sami karênan panggalihipun, sabên kèngêtan patrap wiraganipun Ki Jasana, panjogèdipun jathilan, dhasar ingkang kadhawuhan nirokakên Kramaleya, lajêng tapuk gumujêng malih.

Sarêng sampun dumugi anggènipun sami dhahar, lajêng wangsul lêlênggahan ing pandhapa malih, sambènipun amariksani panjogèdipun talèdhèk, antawisipun jam kalih wêlas dalu, kangjêng kyai dipun aturi ngaso lumêbêt ing dalêm, para pinisêpuh sarta para santana ing Panaraga, ingkang badhe ngaso lajêng kairit kadhawuhan ngaso dhumatêng ing pondhokan, ingkang kantun ing pandhapa namung para sadhèrèk, para putra sarta para santana ing Sastranagaran, tuwin para panèwu mantri ingkang sami kadhawuhan dhèrèk amanggihi wau, namung para santana ing Panaraga satunggal kalih punapadene Kramaleya, taksih sami andhèrèk jagongan wontên ing pandhapa.

Punaginipun sadaya para putra santana, manawi Bagus Burham sampun mantuk saking Panaraga, saha sami ginanjar wilujêng, tuwin kasêmbadan ingkang dados pangèsthining para sêpuh-sêpuh para kulawarga sadaya sami badhe abingah-bingah sakadaripun, sarèhning [sarèh...]

--- 1 : 122 ---

[...ning] sapunika pangajêng-ajênging manah sampun nama kadumugèn, Bagus Burham sampun mantuk sarta angsal kanugrahaning Pangeran, amila sami badhe dipun têtêpi angluwari punagi nayuban sakulawarga sadaya.

Kala samantên lajêng kadadosakên nayuban, saking kaparêngipun Mas Ngabèi Rônggawarsita ingkang kadhawuhan anjogèd rumiyin Kramaleya,

ingkang anglarihi Ki Tanujaya kalihan Ki Jasana, gêndhingipun Cangklèk Panaraga, tiyang tiga wau sami lucunipun, sami wasisipun dhatêng jogèd, salêlewanipun adamêl gumujêngipun ingkang sami aningali, talèdhèkipun nama Gambyong ingkang sampun misuwur wasisipun anjogèd sarta saening swaranipun, dados kondhang kidungipun para nènèman ing jaman samantên, pun Gambyong sampun kulina sangêt dhatêng Ki Tanujaya, labêt sami tunggil pasuwitan nalika sami wontên ing Buminatan, dados tansah angajak gêgujêngan dhatêng Ki Tanujaya, Kramaleya ragi bêntèr manahipun, salêbêtipun jogèd kasambi anggarapi kalihan pun Gambyong, sanajan panggarapipun wau namung anggènipun badhe pados gujêng, dangu-dangu pun Gambyong sêling sêrêp, Kramaleya dipun ungêl-ungêlakên, watak Kramaleya tiyang daladag sugih kawanèn, dipun ungêl-ungêlakên makatên wau katingal nêpsu sangêt, lajêng ngunus dhuwung sêbrak. Dipun jodhèh? akên dhatêng dhadhanipun pun Gambyong, botên [bo...]

--- 1 : 123 ---

[...tên] ngaping kalih lajêng pêjah kapisanan, Ki Tanujaya kagèt sangêt manahipun, sawêg kranggèh-kranggèh badhe anudingi, dipun larihi dhuwung ugi pêjah kapisanan, Ki Jasana sawêg badhe klawe-klawe ugi dipun larihi dhuwung inggih pêjah ngênggèn, wêdaling rah andalêdêg amradini satêngahing pandhapa, para putra santana sarta para panèwu mantri, ramenipun kados gabah dipun intêri, dalah para tiyang ingkang sami aningali, ugi sami pating bilulung akontrang-kantring, ewadene ingkang wontên salêbêting dalêm, botên pisan-pisan sami kagèt, sarêng Kramaleya dipun cêpêng dening para putra santana, lajêng dipun purugi dening pinisêpuh ing Panaraga, dipun aturi ngèndêlakên kemawon, sarêng dipun culakên, Kramaleya taksih abriga-brigi kemawon, bangkèkanipun Ki Tanujaya dipun larak, kaujurakên mangalèr, bangkèkanipun Ki Jasana ugi dipun larak kaujurakên mangidul, dados abên suku, bangkèkanipun Gambyong inggih dipun larak kaujurakên mangetan, sirahipun katumpangakên sukunipun Ki Tanujaya, sarêng sampun rampung, Kramaleya lajêng bawa rodat Dêmak, sarêng minggah kadhawahakên eling-eling, gôngsa mungêl Kramaleya anjogèd ngalètèr. Astagapirolah, dèrèng sapintêna dangunipun, tiyang tiga ingkang pêjah wau sumêrêp-sumêrêp sampun sami anjogèt sadaya, pun Gambyong sampun sindhèn agalik-galik, [agalik-ga...]

--- 1 : 124 ---

[...lik,] sarêng dhawah gong anyindur Kramaleya, Kramaleya ing sêmu kadugi manahipun, mawi miraga amanggut-manggut, sarêng tiyang tiga sampun sami gêsang malih, ramenipun saya botên kantên-kantênan, ingkang wontên ing pandhapa lajêng sami surak mawurahan, Kramaleya

saya lajêng kanggêp lêluconipun, sandhung jêkluk, Kramaleya, para putra santana sarta para panèwu mantri, kathah pêparingipun warni-warni dhumatêng Kramaleya, andadosakên suka bingahing manahipun, dene bibaripun ngantos jam pitu enjing, wilujêng botên kirang satunggal punapa.

Kangjêng Kyai Imam Bêsari wontên ing nagari Surakarta ngantos wolung dintên wolung dalu, sabên dalu botên kêndhat abawa raos kalihan ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara, kala samantên para putra-putra sami kasuwunakên puruhita ing kangjêng kyai, malah Bagus Burham kadhawuhan dhèrèk puruhita pisan.

Radèn Tumênggung Sastranagara sarta para putra-putra sadaya, sami kasok asihipun dhatêng Kramaleya, ngèngêti nalika kadhawuhan amadosi Bagus Burham, prasasat tumut angraosakên lara-lapa, ngantos dipun labuhi wirang isin ambarang jathilan, dados sadaya wau lajêng sami malês aparing warni-warni, namung ingkang kathah piyambak pêparingipun Mas Ngabèi Rônggawarsita, kacariyos kirang langkung wontên kiwa têngênipun satus [sa...]

--- 1 : 125 ---

[...tus] rupiyah, mila sakalangkung andadosakên suka bingahing manahipun Kramaleya.

Kramaleya salêbêtipun wontên ing nagari Surakarta, tansah dados sêkar lathinipun tiyang kathah, botên angamungakên tiyang èstri kemawon ingkang sami angalêmbana, dalah tiyang jalêr ugi sami angalêmbana, sanadyan kathah ingkang sami kasêngsêm dhatêng piyambakipun, ananging manahipun botên purun anglampahi pandamêl rêsah, amargi saking jêjêgipun dhatêng pranataning agami.

Sarêng sampun pitung dintên pitung dalu, Kangjêng Kyai Imam Bêsari nyuwun pamit ingkang raka Radèn Tumênggung Sastranagara, bilih enjingipun badhe wangsul dhatêng ing dhukuh Gêbang Tinatar, ingkang raka sampun anayogyani, sarta ingkang rayi dipun caosi tôndha katrêsnan awarni kapal tumpakan satunggal, sarta pangagêman kakung putri awarni-warni wêdalan ing nagari Surakarta, para pinisêpuh tuwin para abdi, sami dipun paringi prabot nyapangadêg, kanthi dipun paringi pasangon sacêkapipun, para pinisêpuh saha para abdi sami sakalangkung panuwunipun, sarêng enjing kangjêng kyai sapandhèrèk lajêng bidhal, para putra sami kadhawuhan andhèrèkakên dumuhi[45] ing

Panambangan Bacêm, tindakipun kangjêng kyai botên kacariyosakên, sarêng antawisipun tigang dintên tigang dalu, sampun dumugi ing dhukuh

--- 1 : 126 ---

Gêbang Tinatar, wilujêng botên kirang satunggal punapa, ing kitha Panaraga saha wêwêngkon ing Gêbang Tinatar, lajêng wangsul mirah sandhang têdha malih, tuwin botên wontên sangsayanipun. -o-

Ing Ngandhap punika Cariyos Lêlampahanipun Bagus Burham wontên ing Nagari Surakarta

Sawangsulipun Bagus Burham saking Panaraga, raosing panggalihipun Radèn Tumênggung Sastranagara, kados siniram ing tirta marta bingahing panggalih kados amanggih rêtna sawukir, dening pangèsthinipun sampun sagêd kadumugèn sadaya, ananging labaning kagêm bôngsa luhur saha prayagung sêpuh, sakathahing kabingahan wau botên kawistara ing netya, namung Mas Ngabèi Rônggawarsita, tuwin Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, saking kasoking kabingahan, ngantos kasupèn botên angraosakên luwe, arip, tuwin ngêlak, dene botên kanyanan bilih ingkang putra tumuntên dhatêng kalayan ambêkta angsa-angsal ingkang agêng sangêt aosipun, langkung malih Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, saking rumaos sampun kadumugèn kajêngipun, dados tiyang kalih wau sami anglairakên prasêtya, ing dunya ngantos dumuginipun ing akir, sampun ngantos pisah kalihan Bagus Burham, Radèn Tumênggung Sastranagara kaparêng paring pangandika anêksèni prasêtyanipun tiyang kalih wau, mugi Gusti Allah anyêmbadanana, sarta lajêng dhawuh dhatêng Bagus Burham, samôngsa Bagus Burham sagêd [sagê...]

--- 1 : 127 ---

[...d] anampèni kamulyan saking Ingkang Adamêl Gêsang, Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, sami sagêda tumut angraosakên kamulyanipun, sagêda ngêmong manahipun tiyang kalih punika, amargi tiyang kalih punika tumrapipun Bagus Burham sampun angrencangi tumut lara lapa, aturipun Bagus Burham, sêndika badhe kaèstokakên, kala samantên, Bagus Burham lajêng kapundhut nunggil ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, rintên dalu prasasat botên pisah kalihan ingkang êmbah, sanajan sampun gadhah dhêdhasar kasagêdan saha kalangkungan, ewadene mêksa taksih dipun wêlêg ing kawruh warni-warni dening ingkang êmbah, paribasan, kasagêdanipun ingkang êmbah sampun dipun tumplak dhatêng Bagus Burham sadaya, sarêng kasagêdanipun ingkang

wayah sampun kagalih cêkap, kaparêngipun ingkang êmbah badhe dipun têtakakên, kapilihakên dintên ingkang prayogi kangge têtakan.

Sarêng ing dintên Rêbo Pon tanggal kaping 13 wulan Rabingulakir ing taun Dal 1742, Bagus Burham lajêng dipun têtakakên, ingkang êmbah andhatêngakên pasamuan agêng, mawi angaturi para gusti, para prayagung wadana kaliwon, sarta animbali para panèwu mantri, anggènipun jagongan ngantos tigang dalu, nalika badhe dipun iris, adat Jawi mawi dipun suwunakên ngabêkti dhumatêng para luhur ingkang sami rawuh, ingkang rumiyin piyambak [piyamba...]

--- 1 : 128 ---

[...k] kasuwunakên ngabêkti Gusti Panêmbahan Buminata, sarampungipun angabêkti, dipun paringi pangèstu sarta pamuji awarni-warni, tuwin lajêng angandika dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, samôngsa Bagus Burham sampun saras anggènipun anêtaki, kapundhut Gusti Panêmbahan, prêlunipun Gusti Panêmbahan sagêda angrêrencangi badhe kadadosanipun ing wingking, unjukipun Radèn Tumênggung Sastranagara namung anyumanggakakên.

Sarêng anggènipun têtak sampun saras, Bagus Burham lajêng kacaosakên suwita dhumatêng ing Buminatan, Gusti Panêmbahan sakalangkung asih dhumatêng Bagus Burham, rintên dalu botên kenging pisah ngadhêp Gusti Panêmbahan, sanajan taksih kawical rare, nanging sampun sagêd amrangkani panggalihipun Gusti Panêmbahan, sarêng pasuwitanipun sampun angsal sataun, lajêng dipun paringi pusaka aji jaya kawijayan, mila dipun namakakên pusaka, awit saking pangandikanipun Gusti Panêmbahan, punika wasiyat paring dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping III, kacariyos aji jaya kawijayan ingkang dipun paringakên dhumatêng Bagus Burham wau, sanès aji jaya kawijayan amangsulakên tapak paluning pandhe, sisaning gurenda, ananging aji jaya kawijayan amangsulakên samukawis ingkang sêdyanipun awon dhatêng ingkang sampun gadhah aji jaya kawijayan punika, ingkang anandukakên sami [sa...]

--- 1 : 129 ---

[...mi] kawêlèh saking dayanipun aji jaya kawijayan wau, sawatawis wulan malih lajêng dipun paringi ngèlmu kadigdayan, ngèlmu kagunan, tuwin kanuragan, sadaya ingkang sampun kaparingakên wau sami kacakub botên wontên ingkang cicir.

Bagus Burham wontên ing Buminatan saya kandêl pasuwitanipun, rintên dalu botên pisah wontên ngarsanipun Kangjêng Panêmbahan, wiwit punika lajêng kapitados anampèni pangandika ingkang prêlu-prêlu, tuwin ingkang wados-wados, punapadene lajêng wiwit dipun paringi piwulang dhatêng pangêrèhing praja.

Saking asihipun Gusti Panêmbahan dhatêng Bagus Burham, ngantos dipun pamèrakên raka dalêm sampeyan dalêm, sarta lajêng kasuwunakên ngalab bêrkah dados siswa dalêm, sampeyan dalêm inggih sampun amarêngakên, nanging kaparênging karsa dalêm badhe kacobi rumiyin, Bagus Burham lajêng kadhawuhan nilar. Gusti Panêmbahan lajêng mundur.

Sapêngkêripun Gusti Panêmbahan, Bagus Burham kadhawuhan ngirit dhumatêng ing Mantênan, botên dangu sampeyan dalêm lajêng miyos dhatêng ing Mantênan. Bantênan, Bagus Burham lajêng katimbalan majêng ing ngarsa dalêm, sasampunipun dumugi ing ngarsa dalêm, pandangu dalêm warni-warni, sarêng pandangu dalêm sampun dumugi, Bagus Burham lajêng kadhawuhan majêng, sampeyan dalêm lajêng ngasta sangandhaping kupingipun Bagus Burham, botên sapintêna dangunipun, Bagus Burham sampun [sa...]

--- 1 : 130 ---

[...mpun] lajêng tilêm kapati, dhawuh dalêm, Bagus Burham lajêng kadhawuhan ambuntêl mori karangkêp pitu, kados sacaranipun ambuntêl mayit, sarêng pambuntêlipun sampun rampung, dhawuh dalêm kadhawuhan anglêbêtakên dhumatêng ing bandhosa, bandhosa wau kadhawuhan anyêmplungakên dhumatêng ing bandêngan, sampeyan dalêm lajêng jêngkar.

Sarêng sampun pitung dintên pitung dalu, Bagus Burham kadhawuhan ngêntasakên, sarta kadhawuhan angêdalakên saking bandhosa, sarêng bandhosa tuwin morinipun buntêl dipun bikak, Bagus Burham katingalipun kados sampun tilar dunya. Dhawuh dalêm kadhawuhan angajêngakên dhumatêng ing ngarsa dalêm, sarêng sampun dipun ajêngakên, sampeyan dalêm kaparêng ambisiki dhumatêng Bagus Burham, botên dangu Bagus Burham lajêng anglilir, sarta lajêng sagêd ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, dhawuh timbalan dalêm, sapunika kadhawuhan aso rumiyin, sanès dintên badhe wontên dhawuh dalêm.

Munduripun Bagus Burham saking ngarsa dalêm, anjujug ing Buminatan, Gusti Panêmbahan sakalangkung ngunguning panggalih uninga warninipun Bagus Burham, dene guwayanipun saya katingal mindhak sae, namung badanipun radi katingal kêra sawatawis, mila lajêng kaparingan wedang dhaharan, cêcawisipun Gusti Panêmbahan, ingkang sampun katata wontên ing bangku, sami kadhawuhan ngandhapakên, sarta lajêng kapundhutakên sêkul, sarêng panêdhanipun [panêdhanipu...]

--- 1 : 131 ---

[...n] sampun rampung, saha sampun botên wontên ingkang sami ngadhêp, Bagus Burham lajêng dipun dangu kadospundi kawontênanipun, tuwin kados punapa raosipun, unjukipun, punapa kawontênan ingkang sampun dipun sumêrêpi, saha pangraos ingkang sampun dipun raosakên, punapadene wijang-wijangipun kawontênanipun sadaya wau, sampun kaunjukakên sadaya, Gusti Panêmbahan sakalangkung sukaning panggalih ing batos tansah ngalêmbana dhatêng kalangkunganipun Bagus Burham.

Sanès dintên sampeyan dalêm utusan dhumatêng ing Buminatan, dhawuh timbalan dalêm, mangke dalu Bagus Burham ngêndikan ing sampeyan dalêm, saha ingkang kadhawuhan ngirit Gusti Panêmbahan akalihan Radèn Tumênggung Sastranagara, unjukipun Gusti Panêmbahan sêndika, sarta lajêng kadhawuhakên dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, unjukipun inggih sêndika, sarêng sampun wancinipun, Radèn Tumênggung Sastranagara mêthuk Gusti Panêmbahan, lajêng sami sêsarêngan sowan malêbêt, ingkang andhèrèkakên malêbêt namung Bagus Burham piyambak, sadaya lajêng sami anjujug ing Mantênan.

Dèrèng dangu sampeyan dalêm lajêng miyos, têdhak dalêm anglangkungi ing Mantênan, sarêng uninga bilih rayi dalêm Gusti Panêmbahan, Radèn Tumênggung Sastranagara tuwin Bagus Burham, sampun sami sowan, sampeyan dalêm lajêng kèndêl, jumênêng wontên [wo...]

--- 1 : 132 ---

[...ntên] ing ngarsanipun Gusti Panêmbahan, ngêndikan ngantos sawatawis dangunipun, sarêng sampun wanci jam kalih wêlas dalu, sampeyan dalêm lajêng têdhak dhumatêng ing Bale Kambang, rayi dalêm Gusti Panêmbahan, akalihan Radèn Tumênggung Sastranagara tuwin Bagus Burham, sami kadhawuhan andhèrèk dhumatêng ing Bale Kambang, sarêng sadaya sampun sami satata, Bagus Burham kadhawuhan majêng dhumatêng ngarsa dalêm, Sampeyan Dalêm lajêng

andangu, nalika anglampahi dhawuh dalêm kalêbêtakên ing bandhosa, salajêngipun kacêmplungakên ing bandêngan pitung dintên pitung dalu, punika raos pangraosipun kadospundi, sarta anyumêrêpi punana: unjukipun Bagus Burham, sadaya raos ingkang sampun dipun raosakên, saha sadaya kawontênanipun ingkang sampun dipun sumêrêpi, sampun dipun unjukakên botên wontên ingkang kalangkungan, sampeyan dalêm lajêng dhawuh dhumatêng Bagus Burham, anêrangakên rungsiding raos ingkang sampun dipun raosakên, saha wahananing kahanan ingkang sampun kawahana, botên wontên ingkang kalangkungan, satêlasing pangandika dalêm, sampeyan dalêm lajêng andangu dhumatêng Bagus Burham, kadospundi wijang-wijangipun dhawuh dalêm ingkang sampun kadhawuhakên wau, Bagus Burham lajêng angunjukakên uninga sadaya dhawuh dalêm ingkang sampun dipun tampèni, sadaya unjukipun sampun cocog akalihan panggalih dalêm, Bagus Burham lajêng [la...]

--- 1 : 133 ---

[...jêng] kadhawuhan angabêkti ing sampeyan dalêm, Gusti Panêmbahan tuwin Radèn Tumênggung Sastranagara inggih lajêng sami angabêkti, sampeyan dalêm mawi matêdhani pangèstu dhumatêng Bagus Burham, benjing sapêngkêr dalêm, tuwin satilaripun Radèn Tumênggung Sastranagara, wahyuning pujônggha dalêm badhe dhumawah dhatêng Bagus Burham, benjing samôngsa sampun dados pujôngga dalêm, pangrêksanipun dhumatêng praja Surakarta ingkang tumêmên, tuwin ingkang ngatos-atos, amargi rêntênging praja dalêm saya lami saya mindhak, unjukipun Bagus Burham, nuwun sêndika, mugi-mugi angsala pangèstu dalêm, sagêda anglampahi dhawuh pangandika dalêm ingkang sampun kadhawuhakên, dhawuh timbalan dalêm, Radèn Tumênggung Sastranagara tuwin Bagus Burham lajêng kalilan mêdal, saunduripun saking ngêrsa dalêm, lajêng sami kèndêl wontên ing pamantênan malih, angêntosi konduripun Gusti Panêmbahan.

Sampeyan dalêm taksih anglajêngakên lêlênggahan akalihan rayi dalêm Gusti Panêmbahan, ingkang dados sêmbèning lênggah dalêm, angalêmbana dhumatêng kalangkunganipun Bagus Burham, sabobotipun dèrèng umur kalangkunganipun sampun angungkuli tiyang sêpuh, kajawi makatên lajêng angêndikakakên ingkang prêlu-prêlu tumrap praja dalêm, punapadene ugi taksih wontên sambêtipun pangandika dalêm tumrap dhumatêng Bagus Burham, unjukipun rayi dalêm Gusti Panêmbahan namung sêndika, saha dhawuh pangandika

--- 1 : 134 ---

dalêm wau badhe kaèstokakên, botên sawatawis dangu sampeyan dalêm lajêng jêngkar, Gusti Panêmbahan ugi lajêng mundur, Radèn Tumênggung Sastranagara tuwin Bagus Burham ugi lajêng andhèrèkakên.

Sarawuhipun ing dalêm, Radèn Tumênggung Sastranagara lajêng kalilan ngaso, Gusti Panêmbahan taksih andumugèkakên lênggah wontên ing pandhapa, ingkang ngadhêp namung Bagus Burham piyambak, Gusti Panêmbahan tansah anggagas dhawuhing pangandika dalêm, bilih ingkang putra Radèn Ajêng Gombak kadhawuhan anarimakakên dhumatêng Bagus Burham, sanadyan dhawuh dalêm wau nama nuju panggalihipun Gusti Panêmbahan, nanging pangudaraosing galih, sarèhning wêgdal punika Bagus Burham wau taksih anyêmut gatêl, saupami lajêng dipun dhaubakên,[46] Gusti Panêmbahan taksih ragi lingsêm, dene kagungan putra mantu dèrèng dados abdi dalêm, makatên malih sarèhning ingkang putra Radèn Ajêng Gombak wau panguwasanipun taksih gumantung ingkang rama piyambak, inggih punika Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat ing Kadhiri, sanadyan bab punika sampun têrang dhawuhing pangandika dalêm, ananging prêlu ugi dipun paringi uninga, dados pangêmbatipun sagêd kuwawi.

Kaparêngipun Gusti Panêmbahan, Bagus Burham sadèrèngipun kaparingan tariman ingkang putra badhe kasuwunakên kamirahan dalêm [da...]

--- 1 : 135 ---

[...lêm] dados abdi dalêm rumiyin, ananging anggènipun nyuwunakên wau ngêntosi sarêngan bilih sampun wontên kaparênging karsa dalêm amisudha para kawula dalêm pamagang, Bagus Burham badhe dipun sêsêlakên, dados botên angatawisi bilih amanggalih sangêt dhatêng Bagus Burham.

Taksih tunggil taun kalihan anggènipun Bagus Burham dados siswa dalêm, saha dèrèng ngantos kalampahan kasuwunakên dados abdi dalêm, Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping IV surut, amila Bagus Burham lajêng katêksa anyarèhakên manahipun, ewadene sêtyaning manahipun dhatêng Gusti Panêmbahan, malah dipun wêwahi, kosok wangsulipun Gusti Panêmbahan, asihipun dhatêng Bagus Burham inggih malah saya mindhak, malah lajêng kapitados anyêpêng bang-bang pangalum-aluming Buminatan sadaya, para abdi panèwu mantrinipun Gusti Panêmbahan, lajêng sami kadhawuhan basa kiyai lurah.

Sajumênêng dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping V, ingkang ngasta paprentahan kadipatèn, kasampirakên dhumatêng Gusti Panêmbahan Buminata, ewadene sadaya tumindakipun pandamêlan, sarta têtêp pocotipun abdi dalêm kadipatèn, Gusti Panêmbahan botên kaparêng amêngku, taksih mawi kacumadhongakên dhawuh saha kasumanggakakên [kasumang...]

--- 1 : 136 ---

[...gakakên] sakaparêngipun ing karsa dalêm.

Sadangunipun Gusti Panêmbahan kasampiran panguwasa ngasta paprentahan kadipatèn, Bagus Burham sampun kasuwunakên ganjaran dados abdi dalêm rambah kaping kalih, sapisan kasuwunakên dados abdi dalêm panèwu jaksa kadipatèn anom, anggêntosi tilas lêlampahanipun Ngabèi Nitinagara, ingkang sampun tilar dunya, sampeyan dalêm botên kaparêng, malah lajêng wontên wiyosing dhawuh timbalan dalêm, ingkang kakarsakakên anggêntosi Ngabèi Sura Adimênggala, katêdhan nama Ngabèi Sutawiguna, anak têtilaranipun Ngabèi Nitinagara ingkang sawêg umur 2 taun, nama pun Sarengat, ingkang sampun kalapurakên ing ngarsa dalêm, kakarsakakên dados abdi dalêm mantri sêpuh kadipatèn anom, anggêntosi Ngabèi Sura Adimênggala wau, kapatêdhan nama Ngabèi Nitinagara, sarèhning pun Sarengat wau dèrèng akil balèk, amila kadhawuhan adamêl wakil ingkang sampun dipun anggêp pitados, mênggah dhawuh dalêm wau inggih lajêng lêstantun kadhawuhakên.

Ingkang kaping kalih, wontên lowongan abdi dalêm mantri êmban kadipatèn anom, tilas lêlampahanipun Ngabèi Mêrtadrana, botên tilar waris anak, Bagus Burham inggih kasuwunakên anggêntosi malih, sampeyan dalêm inggih dèrèng [dè...]

--- 1 : 137 ---

[...rèng] kaparêng, amargi Ngabèi Mêrtadrana gadhah waris sadhèrèk jalêr tunggil bapa biyung, nama pun Tulus, dados abdi dalêm Panakawan Bundêran, mila ingkang kakarsakakên anggêntosi pun Tulus wau, kapatêdhan nama nunggak sêmi Ngabèi Mêrtadrana.

Sarêng Bagus Burham sampun kasuwunakên dados abdi dalêm ngantos rambah kaping kalih mêksa dèrèng kaparêng, Gusti Panêmbahan ing batos angêmu duka, amargi rumaos lingsêm panggalihipun, saking sangêting anawung duka, sabên lênggah rat ing kadipatèn anom, manawi

wontên para santana dalêm ingkang kasêrêg prakawis sambut, anggèning ngadili botên mawi kapariksa panjang lajêng katêtêpakên kawon kemawon, kala samantên saking kathahipun para santana dalêm ingkang sami katêtêpakên pikawonipun wau, suwantênipun sami rame, ramening pangandika wau botên angamungakên wontên ing dalêm tuwin ing pajagongan kemawon, sanadyan wontên ing ngarsa dalêm inggih sami botên kêndhat anggèning sami angêdalakên swara, dangu-dangu kamirêngan sampeyan dalêm, labanipun agêng sangêt pangêmong dalêm dhumatêng ingkang rama Gusti Panêmbahan, dados para santana dalêm ingkang sami dèrèng narimah katêtêpakên pikawonipun wau, dening rat kadipatèn, pambayaring sambutanipun sami kaparingan saking asta dalêm sadaya, sarêng makatên lajêng kèndêl botên wontên ingkang wani angumbar pangandika malih.

Lajêngipun wontên jilid 2

1. Warukung.
2. tiyang.
3. parabi.
4. kêdhung.
5. timbali.
6. kalih-kalihipun (dan di tempat lain).
7. wêkdal (dan di tempat lain).
8. makatên.
9. paimaman (dan di tempat lain).
10. kapêksa (dan di tempat lain).
11. mahrib.
12. sadean bêras.
13. kadhawuhan.
14. Radèn.
15. tarkadhang.
16. kawontênanipun.
17. kangjêng (dan di tempat lain).
18. nanging.
19. ingkang.
20. rumiyinakên.
21. dene.
22. ingkang.
23. pêrangipun.
24. makatên.
25. sarana.
26. ewoning tiyang ingkang.
27. tigang.
28. hawa.
29. botên.
30. kadalon.
31. tuwin.

32. anggèning.
33. dangu.
34. pitung.
35. begal.
36. sarêng.
37. mêntas.
38. ugi.
39. antaga.
40. sirahipun.
41. kutbah (dan di tempat lain).
42. têtuladhan.
43. bilulung.
44. rêrênggan.
45. dumugi.
46. dhaupakên (dan di tempat lain).

Lelampahanipun R. Ng. Ranggawarsita

Pujangga Karaton ing Surakarta

Jilid II

--- 2 : 0 ---

Sêrat Babad Cariyos Lêlampahanipun Suwargi Radèn Ngabèi Rônggawarsita

Pujônggа Agêng ing Nagari Surakarta Adiningrat

Jilid 2

Kawêdalakên dening Kumite Rônggawarsitan

Kacithak ing Drikêrèi Marês Surakarta

Taun 1932 _ 951000

--- 2 : 1 ---

Awit saking panggalihipun Gusti Panêmbahan taksih anawung dêduka, dening kasêsanipun anggèning nyuwunakên ganjaran pangkat dhatêng Bagus Burham, mila lajêng sowan malêbêt, Bagus Burham kadhawuhan andhèrèk, sarêng sampeyan dalêm sampun lênggah ing paringgitan, Gusti Panêmbahan lajêng majêng ing ngarsa dalêm, sasampunipun lênggah satata, sampeyan dalêm lajêng andangu dhumatêng ingkang rama Gusti Panêmbahan, bab prêluning karaton, bab prêluning praja, bab kawontênanipun nagari Surakarta, taksih warni-warni ingkang dipun dangokakên, Gusti Panêmbahan angunjukakên wangsulan sadaya ingkang dados pandangu dalêm wau, sampeyan dalêm angraosi bab wisudhan, manawi wontên abdi dalêm ingkang tilar dunya, wêwatêsaning waris ingkang kêdah dipun gêntosakên, satunggal, waris anak jalêr, kalih waris anak èstri, tiga waris sadhèrèk jalêr, sakawan waris kaponakan anaking sadhèrèk jalêr, manawi wontên abdi dalêm ingkang tilar dunya taksih gadhah waris sakawan bab wau, tilas kalênggahanipun kêdah kaparingakên dhatêng waris, dene manawi abdi dalêm ingkang tilar dunya wau sampun botên gadhah waris, punika sawêg kenging dipun gêntosi dening pamagang ingkang sampun dangu pasuwitanipun, ingkang srêgêp pasowananipun, saha ingkang sampun gadhah lêlabêtan, sukur angsal pamagang ingkang gadhah kagunan tuwin kalangkungan, samantên wau kajawi abdi dalêm [dalê...]

--- 2 : 2 ---

[...m] ingkang kawajibanipun dados kriya, kados ta carik, sungging, sungkêt, burdir, puntu, tênun, undhagi, pandhe, sayang sapanunggilanipun, punika ingkang kêdah kagêntosakên, manawi gadhah waris, inggih kêdah warisipun salah satunggal ingkang sampun nyêkapi dhatêng kawajibanipun, manawi warisipun botên wontên ingkang nyêkapi dhatêng pandamêlanipun ingkang tilar dunya wau, punika warisipun sawêg kenging dipun tilar, ananging waris ingkang dipun tilar wau, botên lajêng dipun kèndêlakên kemawon, taksih kêdah dipun galih dados abdi dalêm ingkang mèmpêr kalênggahaning bapa.

Pangandika dalêm botên wêntala badhe nyilêp waris sakawan bab wau, amargi abdi dalêm sadaya punika sampun kathah ingkang sami alabêt praja, sawêg pintên dangunipun jaman Giyanti dumugi sapunika, malah taksih kathah abdi dalêm ingkang sampun amêningi kala jamanipun pêrang agêng Giyanti.

Sampeyan dalêm lajêng angêndikakakên nalika adêgipun karaton Mataram, para abdi dalêm jaman kala samantên, anggèning suwita sami ambêkta têdha piyambak-piyambak, amila sampeyan dalêm taksih

angèngêti sangêt dhatêng lêlabêtanipun para abdi dalêm, ing sasagêd-sagêd sampun ngantos angewahi dhatêng wêwênanging warisipun para abdi dalêm wau, malah ingkang rama Gusti Panêmbahan satêngah dipun wêlèhakên, ananging dipun sambang [sa...]

--- 2 : 3 ---

[...mbang] liring pangandika, sampun ngantos anyilêp dhatêng warisipun para abdi dalêm, botên sae kadadosanipun, sumukipun mindhak anyiyutakên praja, ing môngka pangèsthining panggalih dalêm, panjênêngan nata Jawi punika kaluhuranipun sagêda pulih kados kala jaman kina.

Ingkang rama Gusti Panêmbahan rumaos kaluhuran pangandika dalêm, mila unjukipun namung badhe angèstokakên.

Sampeyan dalêm anglajêngakên pangandhika dalêm, mila wontênipun sampeyan dalêm dèrèng sagêd amarêngakên suwunipun[1] ingkang rama, nalika Bagus Burham kasuwunakên dados abdi dalêm panèwu jaksa tuwin mantri êmban, amargi ingkang kasuwun wau sami taksih gadhah waris.

Sarêng sampeyan dalêm mawi angandikakakên Bagus Burham, Gusti Panêmbahan rumaos angsal mêrgi, wusana lajêng munjuk sampeyan dalêm, manawi wontên lilah dalêm, Bagus Burham kasuwunakên kamirahan dalêm kapacaka dados abdi dalêm urdênas kemawon, amargi abdi dalêm urdênas punika namung gumantung wontên kaparêngipun karsa dalêm, dene sapunika Bagus Burham sampun kasowanakên malêbêt, angadhêp wontên sangandhaping jambêt kalampok.

Dhawuh timbalan dalêm, panyuwunipun ingkang rama sampeyan dalêm botên kagungan pakèwêd amarêngakên, sapunika sampeyan dalêm badhe uninga Bagus Burham rumiyin.

Gusti Panêmbahan ragi sulaya kalihan karsa dalêm, kaparêng

--- 2 : 4 ---

dalêm badhe wuninga makatên têgêsipun sabên dintên Bagus Burham kadhawuhan nyowanakên malêbêt, supados kulina kalihan sampeyan

dalêm rumiyin, panampinipun Gusti Panêmbahan, Bagus Burham badhe dipun uningani sampeyan dalêm, mila lajêng mengo mangidul dhawuhakên dhumatêng Nyai Tumênggung ingkang tampi, kadhawuhan nimbali dhumatêng Bagus Burham, kadhawuhana majêng dhatêng godhagan (sapunika nama paningrat), aturipun nyai tumênggung sêndika.

Bagus Burham sampun kairit majêng ing ngarsa dalêm, sadumuginipun ing godhagan lajêng sila mabukuh, sirah konjêm ing siti, dhawuh timbalan dalêm kadhawuhan minggah, Bagus Burham inggih lajêng minggah, linggihipun sangya[2] mabukuh, anggènipun mapanakên bokongipun ngantos katingal kêlèt kalihan jobin pêthak ingkang dipun linggihi, sadangunipun ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, botên dipun paringi pangandika punapa-punapa, namung kêdhap-kêdhap kalirik dipun pariksani, sampeyan dalêm taksih andumugèkakên ngêndikan akalihan ingkang rama Gusti Panêmbahan, sarêng sampun ngajêngakên jêngkar dalêm, sampeyan dalêm angêndikakakên anggèning mêntas kapisungsung gêntha saking Walandi agêngipun sapalinggihan kapara langkung, wujudipun kapriksakakên ingkang rama.

Kala samantên gêntha wau kasèlèhakên wontên sakidul kori Prabasuyasa perangan jawi, lajêng dipun pariksani saking [sa...]

--- 2 : 5 ---

[...king] palênggahan kemawon dening ingkang rama, Gusti Panêmbahan sakalangkung eram ing panggalihipun, saha angalêmbana saening garapipun saha agêngipun, unjukipun, gêntha punika saupami kapasang wontên sacêlakipun kori Brajanala, badhe anambahi asrining sêsawangan.

Sarêng sampeyan dalêm badhe jêngkar, gêntha wau gujênganipun ingkang nginggil kaasta ing asta kiwa, lajêng kaumbulakên manginggil, pangandhika dalêm dhumatêng ingkang rama, têka ènthèng kemawon gêntha punika bobotipun, botên sêmbada kalihan agênging wujudipun, ingkang rama namung andhêku kalihan gumujêng kemawon.

Satêmênipun pangandika dalêm ingkang makatên wau, kagêm anyêmoni ingkang rama Gusti Panêmbahan, ingkang rama punika satriya agêng ingkang sampun misuwur kadibyanipun, ing Surakarta botên wontên ingkang nyamèni agênging panguwaosipun, nanging manawi sawêg wontên ingkang dipun rênani, ngantos angènthèngakên boboting satriya agêng, salêbêtipun taksih ngasta gêntha wau sampeyan dalêm lajêng tindak dhatêng palinggihanipun Bagus Burham, gêntha ingkang dipun asta wau lajêng katutupakên kangge ngurungi Bagus Burham. Krêkêp,

katingal botên sêsak tuwin botên anggronggong, Sampeyan Dalêm lajêng lumêbêt ing Prabasuyasa, ingkang rama Gusti Panêmbahan lajêng kalilan ngaso kondur.

--- 2 : 6 ---

Gusti Panêmbahan badhe ambikak ajrih sangêt kalihan sampeyan dalêm, bokmanawi wontên kaparênging karsa dalêm ingkang Gusti Panêmbahan botên mangrêtos, botên dangu lajêng kondur, samunduripun saking parasdya turut mêrgi botên têlas-têlas pangudaraosing galih ingkang dados kaparênging karsa dalêm, dipun inggahakên, dipun andhapakên, mêksa dèrèng sagêd pinanggih, manawi pangandika dalêm wau sampun rumaos saha sampun têrang bilih anyêmoni Gusti Panêmbahan, ingkang dipun raosakên wau namung anggènipun anutupi gêntha Bagus Burham, Gusti Panêmbahan dèrèng andukap ingkang dados kaparêngipun karsa dalêm, dangu-dangu lajêng mupus ing pêpasthèn, namung nyênyuwun dhatêng ingkang adamêl gêsang, mugi-mugi wontên pitulunging Pangeran angrêksa dhumatêng kawilujênganipun Bagus Burham.

Sarêng sampun tigang dintên tigang dalu, Gusti Panêmbahan katimbalan ngêndikan ing sampeyan dalêm, sanalika lajêng sowan, anggèning tindak sawêg dumugi palataran, sampeyan dalêm lajêng utusan nyai tumênggung, Gusti Panêmbahan kadhawuhan lajêng dhumatêng ing paringgitan kemawon, sarêng ingkang rama sampun lênggah, sampeyan dalêm lajêng jumênêng, gêntha ingkang kagêm anutupi Bagus Burham wau lajêng dipun asta kasingkirakên dhatêng panggènanipun lami, Bagus Burham taksih dèrèng ewah palinggihanipun, saha guwayanipun inggih botên ewah, sampeyan dalêm [dalê...]

--- 2 : 7 ---

[...m] lajêng andhawuhakên dhumatêng ingkang rama, kaparêngipun karsa dalêm, sapunika Bagus Burham kakarsakakên dados abdi dalêm carik kadipatèn, kapatêdhan nama Rônggа Pujangganom, (katêlahipun nama Rôngga Pajanganom),[3] unjukipun Gusti Panêmbahan sêndika, lajêng kalilan mundur, Bagus Burham andhèrèk, sampeyan dalêm lajêng jêngkar angadhaton.

Sadumuginipun ing dalêm, dhawuh dalêm wau lajêng kadhawuhakên dhumatêng abdi dalêm bupati kadipatèn, kanthi maringakên Bagus Burham, lajêng kadhawuhan nêtêpakên kados adat, dene pandamêlanipun lêstari kapundhut wontên ing Buminatan.

Tampining dhawuh timbalan dalêm anggèning Bagus Burham kakarsakakên dados abdi dalêm carik kadipatèn, kapatêdhan nama Rôngga Pajanganom = Pujaganom,[4] amarêngi ing dintên Sênèn Paing tanggal kaping 4 wulan Sapar taun Alip 1747, sinangkalan candraning warsa, amuji suci pandhitaning ratu[5]

Panggalihipun Gusti Panêmbahan sampun ragi sumèlèh, dene Bagus Burham sampun angsal pancadan dados abdi dalêm, sapunika namung kantun anggalih kalampahaning dhaubipun ingkang putra Radèn Ajêng Gombak, sanadyan kaparêngipun Gusti Panêmbahan wau daya-daya tumuntên sagêdipun kalampahan, namung sarèhning Radèn Ajêng Gombak wau taksih gumantung wontên panguwasanipun Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat, amila

--- 2 : 8 ---

ingkang langkung prêlu aparing uninga rumiyin dhumatêng ingkang putra kangjêng pangeran adipati ing Kadhiri.

Gusti Panêmbahan badhe amaringi sêrat dhumatêng ingkang putra Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat, ing Kadhiri, ingkang kadhawuhan damêl sêratipun saha ingkang kadhawuhan nyêrat Mas Rôngga Sastra Panêmbung, suraosing sêrat, awit saking angèstokakên dhawuhing pangandika dalêm, Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan, ingkang sampun suwarga kaping IV, Radèn Ajêng Gombak kadhawuhan anarimakakên dhumatêng Bagus Burham, anakipun Ngabèi Rônggawarsita (Jayusman) ingkang sapunika sampun kakarsakakên dados abdi dalêm carik kadipatèn, kapatêdhan nama Rôngga Pajanganom, kangjêng pangeran adipati kapundhut lilahipun, saha katimbalan ingkang rama dhumatêng ing nagari Surakarta, badhe dipun paringi uninga tuwin pangandika ingkang prêlu-prêlu tumrap kaparêngipun Gusti Panêmbahan wau.

Sarêng sêrat sampun dados lajêng dipun tapak astani, sarta lajêng dipun lak, tumuntên lajêng kaparingakên dhumatêng Mas Ngabèi Sêtraharja, mantri pinisêpuh ing Buminatan, inggih punika ingkang badhe kautus maringakên sêrat wau dhumatêng Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat ing Kadhiri, Mas Ngabèi Sêtraharja lajêng pangkat, wontên ing mêrgi botên kacariyos.

Sadumuginipun ing kitha Kadhiri lajêng sowan kangjêng pangeran adipati, [a...]

--- 2 : 9 ---

[...dipati,] anggènipun amanggihi wontên ing paringgitan, Mas Ngabèi Sêtraharja matur kados adat prêlunipun kautus, sêrat lajêng dipun aturakên, sarêng sêrat sampun kawaos tamat, kangjêng pangeran adipati lajêng andangu dhumatêng Mas Ngabèi Sêtraharja, bab pangèdhêkipun Bagus Burham wontên ing Buminatan, Ngabèi Sêtraharja ngaturakên punapa kawontênanipun ingkang sampun dipun sumêrêpi. Kangjêng pangeran adipati sakalangkung pangunguning panggalihipun, môngka dèrèng sapintêna dangunipun, nalika kangjêng pangeran adipati kapanggih Bagus Burham tuwin Ki Tanujaya wontên kitha Madiun kala samantên, wêrnènipun taksih katingal anglarèni, dene sapunika sampun dados tiyang sêpuh ingkang limpat panggraitanipun, nanging wiwit kala samantên kangjêng pangeran adipati pancèn panggalihipun sampun kraos, nalika sêsêripun Bagus Burham dipun tumbas ingkang putra Radèn Ajêng Gombak, sapunika têka badhe dados jatukramanipun sayêktos.

Sarêng sampun sawatawis dangu, Mas Ngabèi Sêtraharja kadhawuhan aso dhumatêng panggenan ingkang sampun dipun sudhiyakakên, kangjêng pangeran adipati lajêng lumêbêt ing dalêm, ingkang garwa lajêng dipun timbali, sarêng radèn ayu adipati sampun sowan, lajêng dipun paringi uninga ingkang dados kaparêngipun ingkang rama Gusti Panêmbahan, radèn ayu adipati dèrèng andungkap [andung...]

--- 2 : 10 ---

[...kap] ingkang dados kaparêngipun ingkang raka, mila namung angaras kalihan nyuwun cumandhong dhawuh. Ingkang raka lajêng anglairakên raosing panggalih, sarta angèngêtakên kaelokaning Pangeran dhumatêng ingkang garwa, nalika sêsêripun Bagus Burham katumbas ingkang putra nalika wontên Madiun kala samantên, têka sapunika wahananipun badhe dados jodhonipun ingkang putra sayêktos. Ingkang garwa lajêng gumujêng latah, amargi taksih kèngêtan lêlampahanipun Bagus Burham kalihan ingkang putra Radèn Ajêng Gombak kala samantên.

Enggaling rêmbag, kangjêng pangeran adipati sakalihan ingkang garwa sampun sami anyondhongi, sanès dintên Ngabèi Sêtraharja kalilan wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta, mawi dipun bêktani sêrat wangsulan, botên kacariyosakên wontên ing margi, enggaling cariyos sampun dumugi ing Buminatan, sêrat wangsulan saking ingkang putra

lajêng kaunjukakên Gusti Panêmbahan, sêrat lajêng kawaos, sarampunging pamaos Gusti Panêmbahan sangêt bingah ing panggalihipun, sêratipun kangjêng pangeran adipati wau lajêng kaparingakên dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, sarta lajêng kawaos, satamating pamaosipun, panggalihipun ugi sakalangkung bingah,dene botên nyana dhatêng agênging kabêjanipun ingkang wayah, mila lajêng animbali dhumatêng ingkang putra Mas Ngabèi Rônggawarsita, sarêng sampun [sampu...]

--- 2 : 11 ---

[...n] sowan, lajêng dipun paringi uninga sêratipun Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat, ingkang putra kadhawuhan amirantos lamaran ingkang badhe kacaosakên Gusti Panêmbahan, saha amirantosana badhe pangundhuhipun pangantèn, aturipun ingkang putra sêndika.

Kacariyos ing kitha Kadhiri, kala samantên sapêngkêripun Mas Ngabèi Sêtraharja, kangjêng pangeran adipati sakalihan ingkang garwa, lajêng bidhal dhumatêng ing nagari Surakarta, sowan dhumatêng ing Buminatan, kadhèrèkakên para putra santana saha para abdi-abdi sawatawis kathahipun, ambêkta sapirantosing tiyang gadhah damêl ngantos pintên-pintên kapal, sarêng dumugi ing Buminatan, andadosakên bingahing panggalihipun ingkang rama, dene sadaya angsal-angsal wau lajêng kadhawuhan maringakên dhumatêng ingkang gadhah kawajiban piyambak-piyambak.

Kênthêling rêmbag, Radèn Ajêng Gombak saèstu katarimakakên dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, panggihipun wontên ing dalêm Buminatan, amarêngi ing dintên Sênèn Kaliwon tanggal kaping 17 wulan Bêsar nunggil taun Alip 1747, komuk sucining pandhita mudha,[6] Gusti Panêmbahan andhatêngakên suka, mawi pasamuwan agêng, angaturi para pangagêng Jawi Walandi, botên wontên ingkang kalangkungan, sanadyan Radèn Ajêng Gombak wau namung putra pundhutan, nanging sarèhning Gusti Panêmbahan wau [wa...]

--- 2 : 12 ---

[...u] botên kagungan putra piyambak, dados raosing panggalih botên bedha kalihan putranipun piyambak, mila pasamuwanipun ngantos sapêkên muput.

Sarêng pangantèn sampun sapêkên, lajêng kasuwun dipun undhuh dhumatêng ing Sastranagaran, Radèn Tumênggung Sastranagara ugi andhatêngakên suka, pamiwahanipun botên beda kalihan ing Buminatan, pasamuwanipun ugi ngantos sapêkên, sarêng sampun bibar sapêkên, pangantèn lajêng kapundhut malih dhumatêng ing Buminatan.

Salapaning dintên pangantèn, lajêng gêntos dipun undhuh dhumatêng ing Kadhiri, wontên ing Kadhiri ugi dipun wiwaha malih kados nalika panggihipun, malah pasamuwanipun langkung agêng wontên ing Kadhiri, amargi kangjêng pangeran adipati sawêg nêmbe sapisan punika kagungan damêl mantu, dados dipun paribasakakên ambubak kawah, mila pasamuwanipun botên namung sapêkên kemawon, ananging ngantos anglantur pintên-pintên dintên botên wontên kèndêlipun, waragadipun ngantos botên mawi petangan. o.

Cariyos Lêlampahanipun Mas Rôngga Pajanganom, wontên ing Kitha Kadhiri.

Mas Rôngga Pajanganom wontên ing kitha Kadhiri laminipun ngantos pintên-pintên wulan, sampun rambah-rambah dipun timbali Gusti Panêmbahan, supados enggal wangsul dhatêng Surakarta, nanging kangjêng pangeran adipati dèrèng sagêd ngaturakên, dados sadangunipun [sa...]

--- 2 : 13 ---

[...dangunipun] wontên ing kitha Kadhiri sapisan kemawon dèrèng nate sowan tuwi dhumatêng ing Buminatan, tuwin dhumatêng ing Sastranagaran, ewodene botên pisan-pisan andadosakên dêdukanipun Gusti Panêmbahan, malah sabên wulan kaparingan kintunan warni-warni wêdalan ing Surakarta, supados andadosakên kabingahaning manahipun Mas Rôngga Pajanganom sakalihan radèn ayu.

Sanadyan Mas Rôngga Pajanganom wontên ing Kadhiri botên kacuwan manahipun, nanging raosipun botên kados wontên ing nagari Surakarta, punapadene manawi kèngêtan asihipun Gusti Panêmbahan dhumatêng saliranipun, raosing panggalih lajêng ngênês saking prihatosipun, sabên dalu namung tansah kêkadhar wontên ing jawi kemawon, ingkang garwa Radèn Ayu Rôngga ngantos bela tumut prihatos, Ki Tanujaya botên kirang anggènipun amitututi dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, supadès[7] sampun ngantos katingal susah panggalihipun, manawi ngantos kawistara, ambokmanawi sagêd adamêl sêling sêrêping panggalihipun kangjêng pangeran adipati sakalihan, mindhak botên sae kadadosanipun,

ewodene Mas Rôngga Pajanganom botên kengguh sadaya pituturipun Ki Tanujaya wau, malah Mas Rôngga Pajanganom nyuwun pamit dhatêng Surabaya, saha dhatêng ing Bali.

--- 2 : 14 ---

Kangjêng pangeran adipati sampun botên kêkirangan pamilutaning panggalih dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, supados têntrêm wontên ing kitha Kadhiri kemawon, nanging Mas Rôngga Pajanganom mêksa adrêng botên kenging dipun pambêngi, mila kangjêng pangeran adipati inggih lajêng amarêngakên, nanging dipun dhawuhi sampun ngantos dangu-dangu, Mas Rôngga Pajanganom aturipun sêndika, lajêng dipun paringi sangu sacêkapipun kangge wontên ing margi dumugi mantukipun, sanès dintên lajêng mangkat, ingkang dipun kanthi namung Ki Tanujaya piyambak, panganggenipun sami anyalamur pindha santri.

Sadumuginipun ing Surabaya Mas Rôngga Pajanganom dhatêng ing dhusun Ngadiluwih, badhe sumêdya sowan Kyai Tunggulwulung, ingkang sampun kasusra ing jagad têtiga dados tiyang linangkung ing sasami, saciptanipun dados, sumêrêp sadèrèngipun winarah sampun dados gêgunungganipun tiyang sa-bang wetan sadaya, sarêng sampun dumugi ing dhusun Ngadiluwih, lajêng dipun papagakên dening Kyai Tunggulwulung, kalêbêtakên ing griya.

Kyai Tunggulwulung punika dèrèng kawical tiyang sêpuh, kintên-kintên sawêg wanci gadhah putu kalih, pitêpanganipun dhatêng sasami sae, tandukipun gapyak, wicantênipun manis sumanak, tuwin pratitis, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya sampun sami kalinggihakên ing Salu, Kyai Tunggulwulung ambagèkakên [ambagè...]

--- 2 : 15 ---

[...kakên] kawilujênganipun tiyang kalih, Mas Rôngga Pajanganom amangsuli wilujêng, sarta lajêng anglairakên saraosing panggalih sumêdya ngangsu kawruh badhe puruhita dhatêng panjênênganipun Kyai Tunggulwulung.

Wangsulanipun Kyai Tunggulwulung anglairakên cupêting kawruh, saking labaning kirang sarasehan, ingkang dipun kulinaning[8] namung tiyang dhusun sakiwa têngênipun ing Ngadiluwih ngriki kemawon, manawi Mas Rôngga sumêdya badhe puruhita dhatêng piyambakipun, punika kaparibasakakên sungsang buwana balik, lêrêsipun malah piyambakipun

ingkang puruhita dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, wicantênipun Kyai Tunggulwulung ingkang makatên wau kalihan ngatingalakên sumèhing pasêmon, padhanging polatan, kasambi pitakèn dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, tuwin dhatêng Ki Tanujaya, sakalihan punapa ingkang dipun sêptani, mila sadangunipun rawuh sakalihan dèrèng sami dipun caosi pisêgah, cara ngriki pisaratipun kêdah mawi dipun taros rumiyin.

Mas Rôngga Pajanganom, tuwin Ki Tanujaya, sami amangsuli namung anyumanggakakên kemawon, nanging ingkang dipun doyani namung ulam lèpèn.

Kyai Tunggulwulung lajêng kèndêl sakêdhap, lajêng tumênga manginggil, sanalika lajêng wontên ulam badhèr wagal, klalèn, dhawah saking nginggil, agêngipun sakempol-kempol,

--- 2 : 16 ---

sami pating kalèpèk wontên ing jogan, Kyai Tunggulwulung lajêng angundang anak semahipun, kapurih anggorèngi ulam lèpèn ingkang wontên ing jogan punika, amargi sêlak badhe kagêm pacitan ngunjuk wedang tamunipun kalih punika, ulam lajêng dipun pêndhêti dening Nyai Tunggulwulung saanakipun, kabêkta dhumatêng pawon.

Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sarêng sami sumêrêp mujijatipun Kyai Tunggulwulung ingkang kawêdalakên wau, sanadyan lairipun katingal eram sarta angalêmbana, nanging ing batos sami amaoni kamanah taksih amindho damêl, amila Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sami andum damêl angêdalakên mujijatipun piyambak-piyambak, sadangunipun Nyai Tunggulwulung uthêg ambèthèti ulam, tuwin wontên ingkang sampun kumrèngsèng wontên ing wajan, lajêng wontên tiyang kalih sami angirit jodhang kalih, tiyang wau sarêng sampun dumugi sangajênging griyanipun Kyai Tunggulwulung, lajêng dipun papagakên dening Nyai Tunggulwulung, dipun kintên amunjung dhumatêng semahipun, nanging sarêng dipun pitakèni, badhe madosi Mas Rôngga Pajanganom kalihan Ki Tanujaya, Nyai Tunggulwulung ragi kalincutan manahipun, wasana lajêng dipun irit dhatêng ing griya, sarêng sampun kapanggih kalihan Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, bêbêktanipun kalih jodhang lajêng sami dipun aturakên, sumêrêp pisêgahipun [pi...]

--- 2 : 17 ---

[...sêgahipun] dhatêng priyantun sakalihan punika, tiyang kalih wau sami dipun pitakèni dening Ki Tanujaya, ngakên saking dhusun Selagugur, jodhang kalih lajêng kapasrahakên Nyai Tunggulwulung, sarêng kawêdalakên isinipun sêkul ulam, tuwin panganan, punapa dene ulam lèpèn gorengan, badhèr tagèh, klalèn, agêngipun ugi sakempol-kempol, wedang sarampadan, sagêndhisipun pisan, sadaya wau lajêng katata andhèr wontên ing ambèn, sarêng sampun dipun tampèni, tiyang kalih lajêng nyuwun pamit wangsul, wadhahipun lajêng sami dipun tilar sadaya, sanès dintên sagah badhe dipun purugi, sapêngkêripun tiyang kalih wau, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sakalih-kalihipun sami muji sukur ring Pangeran, dene pangèsthining manahipun sami sagêd kalêksanan, namung Kyai Tunggulwulung piyambak ingkang anjêngêr, ngantos sapandurat botên sagêd wicantên, sangking anggèning angrumaosi mujijatipun taksih kawon kalihan tamunipun, wasana lajêng rumaos bilih piyambakipun pancèn kawon linangkung, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sumêrêp osiking manahipun Kyai Tunggulwulung, amila lajêng kasêsamur dipun aturi sami angrahapi pisêgahipun sadhèrèk Selagugur wau, Kyai Tunggulwulung inggih lajêng tumut angrahapi, lajêng katungka pisêgahipun Nyai Tunggulwulung kaladosakên, lajêng sami

--- 2 : 18 ---

katata wontên ing ambèn, mila katingalipun rêma kados pisêgahipun tiyang ingkang badhe gadhah damêl.

Tiyang tiga anggèning sami lêlinggihan wiwit siyang dumugi sontên, botên wontên ingkang karaos sami sayah, Ki Tanujaya awon nganggur nyuwun pitakèn dhatêng Kyai Tunggulwulung, menggah têbih cêlakipun dhusun Selagugur punika, kalihan dhusun Ngadiluwih sapintên têbihipun, wangsulanipun Kyai Tunggulwulung, manawi botên kalèntu taksih lampahan sawisan damêl, Kyai Tanujaya andhêku kalayan angatingalakên bingahing manahipun.

Sarêng sampun dalu, tiyang tiga lajêng sami saraseyan ngabên lungiding manah, katiganipun sami sawung patohan sadaya, sarêng saya dalu Kyai Tunggulwulung ragi kasêsêr rêmbagipun, amila sampun lajêng angrumaosi kawon, sarta angalêmbana sangêt dhatêng lêpasing panggalihipun Mas Rôngga Pajanganom, sawawratipun taksih lare Kyai Tunggulwulung sampun botên sagêd anginggahi inggiling kawruhipun, amila lajêng matur dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, manawi kaparêng nyuwun badhe puruhita, Mas Rôngga Pajanganom akipa-kipa botên sagêd amituruti, amargi rumaos dèrèng pantês dipun puruhitani, wasana namung lajêng dados mitra darma kemawon.

Mas Rôngga Pajanganom wontên ing Ngadiluwih nyipêng pitung dintên pitung [pi...]

--- 2 : 19 ---

[...tung] dalu, lajêng bidhal dhatêng ing Banyuwangi, pangèsthining panggalih badhe amadosi padhukuhanipun Kyai Ajar Wiradi, ing dhusun Ragajampi, sarêng lampahipun dumugi ing dhusun Ngêpos Kapanjèn, lajêng pitakèn dhatêng bakul garabadan ingkang sawêg pinuju dhasar wontên ing Ngêpos ngriku. Punapa sumêrêp padhukuhanipun Kyai Ajar Wiradi ing dhusun Ragajampi, ingkang dipun pitakèni wangsulanipun, sumêrêp, nanging namanipun wontên ing Banyuwangi ngriki dede Kyai Ajar Wiradi makatên, kasêngbut[9] Kyai Ajar Wirakôntha, griyanipun ugi ing dhusun Ragajampi, saking dhusun Ngêpos Kapanjèn ngriki taksih lampahan sawisan damêl, lampahipun mangetan lêrês, manawi sapunika lajêng tindak, kados botên ngastos[10] bakda luhur sampun dumugi. Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sangêt panarimahipun dhatêng ingkang suka pitêdah wau, wasana lajêng andumugèkakên lampahipun dhatêng ing dhusun Ragajampi.

Sarêng lampahipun sampun dumugi ing dhusun Ragajampi, botên mawi pitakèn malih, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, lajêng anjujug padhukuhanipun Kyai Ajar Wirakôntha kemawon, ing wêgdal wau Kyai Ajar sawêg linggih wontên sangajênging patanèn, dipun adhêp dening para siswanipun anggabab wontên ing talundhagan, para siswa wau pangadhêpipun sami anoraga kados satataning ngadhêp bôngsa luhur, sabên awawan [awa...]

--- 2 : 20 ---

[...wan] ginêm kalihan para siswanipun, para siswanipun wau anggèning amangsuli mawi anyêmbah sêsedhokan.

Kyai Ajar Wirakôntha wau kacariyos, ênèm sêpuhipun sawêg antawisipun kawan dasa gangsal taun, dêdêgipun agêng inggil, kêkulitanipun ambambang awak, brêngosipun kêtêpan, paraeanipun ragi sae, wicantênipun sora, sajak botên wontên ingkang dipun èrêpakên: padhukuhanipun, mapan tuwin wiyar, ngajêng wingking wontên lèpènipun, griyanipun sakawan sampun agêng-agêng sadaya, payonipun sami atêp, lumbungipun manggèn sawetaning griya wingking kapara têbih, sakiduling lumbung kandhang maesa, kandhang lêmbu, tuwin

kandhang maenda, wujuding maesa, lêmbu, tuwin maenda, kawistara, tabêri pangopènipun, sawanganipun sami ayêm alêmu-lêmu. Sakilèning pandhapa wontên masjidipun agêng anjênggarang, masjid wau kinupêng ing balumbang ingkang kabatur ing sela cêmêng, toyanipun bêning anyarong, dipun ingahi ulam tômbra sami katingal pating sariwêt adamêl sênênging manah, sabên wontên galibêding tiyang lajêng sami angrompol bêbayakan, èsthinipun kados angajêng-ajêng tumuntêna sami dipun têdhani. Pakaranganipun Kyai Ajar rêsik gumarining, pasitènipun pasir, mirit rêsikipun, pakarangan wau kopèn sangêt pangupakaranipun, têtanêmanipun warni-warni, manggis, dhuku, kêpêl,

--- 2 : 21 ---

rambutan, jêram kêprok, jêram lêgi, sapanunggilanipun, nanging ingkang dipun kathahakên namung jêramipun kêprok, sanadyan sadaya têtanêman wau sawêg sami nêdhêng-nêdhêngipun awoh ambiyêt, ewadene kathahing uwohipun dèrèng paja-paja sami kalihan jêramipun kêprok, jêramipun kêprok wau racakipun sawêg sami sadêdêging tiyang inggilipun, katata rampak abêbanjêngan botên wontên ingkang katingal moncol sêsipatanipun, kathahipun ngantos pintên-pintên dasa uwit, uwohipun sami ambiyêt, ngantos katingal kados sêmpal-sêmpala, wêrnènipun jêne-jêne asêmu abrit, anambahi dhatêng asrining sêsawangan, ing batos Mas Rônggo Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sami kapingin dhatêng uwohing jêram kêprok wau, badhe kangge jampi ngêlak, namung kapenginipun wau lajêng kandhèh dening sabaring panggalih, Ki Tanujaya angiling-ilingi ingkang lajêng anglairakên rêraosan kalihan Mas Rôngga Pajanganom, ing ngriki punika jêramipun kêprok têka agêng-agêngipun samantên, sadangunipun Ki Tanujaya tuwin Mas Rôngga Pajanganom angiling-ilingi uwohing jêram wau, lajêng wontên pêksi dêrkuku sajodho saking kidul mencok uwit jêram ingkang sawêg dipun iling-ilingi dening tiyang kalih wau, sasampunipun mencok wontên ing ngriku sami salisik, sawêrni kados angaso. Pêksi dêrkuku èstri angudaraos dhatêng ingkang [ing...]

--- 2 : 22 ---

[...kang] jalêr, gumun sangêt dhatêng woh-wohan ing ngriki punika, langkung malih jêramipun kêprok, uwohipun ambiyêt agêng-agêng, wêrnènipun jêne-jêne, ingkang sampun sêpuh ngantos katingal abrit ambaranang, têka botên wontên ingkang wani angrêsahi, dalah pêksi-pêksi ingkang sami doyan nêdha woh-wohan, inggih botên wontên ingkang wani saba ing ngriki, beda kalihan panggenan sanèsipun, jêramipun botên sagêd agêng-agêng tuwin jêne-jêne, taksih ijêm-ijêm kemawon sampun dipun undhuhi, môngka manawi ing ngriki punika ingkang abrit-abrit botên kirang, punapa pancèn botên badhe dipun

undhuhi babar pisan, sêngaja dipun ingah ngurag, ingkang isinipun ngantos thukul pating carongat, mênawi sampun kalajêng kados makatên, gèk badhe dipu[11] angge punapa, saèstunipun lajêng botên pajêng dipun sade. Dêrkuku jalêr amangsuli: inggih punika ingkang dipun wastani beda-bedaning tiyang, ingkang taksih ijêm-ijêm sampun dipun undhuhi, punika kabêkta ingkang gadhah jêram wau tiyang botên gadhah, amila daya-daya badhe dipun sade, dene ingkang ngantos dipun uragakên kados ing ngriki punika, ingkang gadhah tiyang cêkap, botên kêkirangan samukawis, makatên punika sawêg tata lairipun, nanging inggih wontên tiyang kacêkapan ingkang tabiyatipun kados tiyang botên gadhah, ingkang makatên wau saking anggènipun nyingkiri dhatêng hawa [ha...]

--- 2 : 23 ---

[...wa] nêpsu, amargi manawi botên makatên ingkang gadhah lajêng botên uman, dening kawon rumiyin kalihan tiyang ingkang sampun kawijèn sugih pamrih, sanadyan sampun dipun sêrung tuwin dipun têngga, ewadene manawi ingkang nêngga wau sawêg eman èwêt, tiyang ingkang sampun kawijèn sugih pamrih wau, pamêndhêtipun tanpa ngèngèh-ngèngèh, ngantos kados amêndhêti dhatêng tanêmanipun piyambak.

Dêrkuku èstri amangsuli kalihan gumujêng, gumun sangêt dhatêng tiyang ingkang sugih pamrih wau, dene botên nandukakên pamrihipun dhatêng pakarangan ngriki punika, punapa saking dèrèng sumêrêp, saupami sampun sumêrêp, mendah anggènipun mêndhêti, pangintênipun badhe angaji pupung.

Ingkang jalêr amangsuli, anglêrêsakên dhatêng wicantênipun ingkang èstri, sadaya botên wontên ingkang lêpat, ananging atasipun ing lair, sarêng wêwadosipun, punika ingkang angèl dipun upadosi, mênggah wadosipun makatên, mila padhukuhanipun Kyai Ajar Wirakôntha punika kajèn keringan, punika satêmênipun gadhah kêmat, inggih punika ingkang dipun wastani Aji Panglèngkètan, sintên kemawon ingkang wani mêndhêt barang gadhahanipun ingkang wontên salêbêting pakarangan punika, punapa ingkang dipun pêndhêt lajêng krakêt botên sagêd uwal, sarta lajêng dhèngkèlên botên sagêd kesah-kesah, sagêdipun kesah tuwin [tu...]

--- 2 : 24 ---

[...win] sagêdipun uwal barang ingkang dipun pêndhêt wau, manawi sampun nyuwun pangapuntên kalihan Kyai Ajar, patraping panyuwunipun

pangapuntên, kados dene abdi dhatêng gustinipun, ingkang èstri lajêng dipun purih aningali tiyang kathah ingkang sami ngadhêp dhatêng Kyai Ajar punika, wiwitipun anggèning kèlu kèdhêp dhatêng Kyai Ajar wau, inggih saking dayaning kêmatipun kados ingkang dipun cariyosakên wau. Ingkang èstri lajêng pitakèn dhatêng ingkang jalêr, kêmat punika wujud punapa, têka dayanipun anggêgirisi, punapa punika saking mandining upasipun, ingkang jalêr amangsuli kalayan gumujêng. Kêmat makatên botên gadhah wujud, nanging saking cipta utawi sabda, manawi sampun dipun lampahi punapa saciptanipun dhatêng, sasabdanipun dados, nanging manawi sampun sumêrêp pagêdhonganipun, ingkang dipun wastani bikakanipun, badhe dipun pasangi kêmat kados punapa, kêmatipun cabar botên dados, saupami piyambakipun katitahakên doyan dhatêng woh-wohan, ambok inggih badhe anêlasakên woh-wohan sapakarangan punika, sagêd kemawon, langkung malih manawi tinitah dados manungsa, badhe nêlasakên jêram sapakarangan punika sadaya, namung sakêdhap kemawon, amargi nalika Kyai Ajar punika sawêg dipun wêjang dening gurunipun, kala samantên sawêg nuju tilêm wontên sanginggilipun anggèning mêjang, dêrkuku èstri katingal kalêgan manahipun, sinambi [sina...]

--- 2 : 25 ---

[...mbi] andhidhisi gulunipun ingkang jalêr, kalayan angudaraos, têka bêja têmên dene ingkang jalêr sumêrêp pamêjanging gurunipun Kyai Ajar, lha gèk bikakanipun wau wujud punapa. Ingkang jalêr amangsuli, botên wujud punapa-punapa, wontênipun namung patrap, inggih punika saupami wontên tiyang badhe mêndhêt woh-wohan, punapadene saisinipun pakarangan punika, sadèrènging tanganipun angranggèh, tangan wau kapandênga rumiyin sapandurat, lajêng kausapna ing talapakan rambah kaping tiga, kalayan mêgêng napas, punika kêmatipun sampun cabar botên dados, dene gurunipun Kyai Ajar punika, nama Kyai Ajar Sidalaku, padhepokanipun ing Pancak Tabanan, nagari Bali, sapunika Kyai Ajar Sidalaku wau inggih taksih wilujêng, manawi punika pancèn guru linangkung sayêktos, sumêrêp sadèrènging winarah, sagêd dhatêng agal lêmbat, botên kewran manjing ajur-ajèr, dene tiyang ingkang sami mariki punika, kalêbêt tiyang kêsasar, sarta ingkang kathah namung bangsaning tiyang rucah kemawon, saking rumaos botên wontên tiyang linangkung malih kajawi Kyai Ajar Wirakôntha, mila sarêng sami kataman kêmatipun Kyai Ajar, lajêng ngewon botên purun kesah saking ngriku, coba dipun tingalana, tiyang kalih ingkang sami ngadêg wontên sangandhaping wit jêram punika, (wicantênipun pêksi drêkuku jalêr punika kalihan suka pitêdah dhatêng ingkang

--- 2 : 26 ---

èstri, kapurih ningali dhatêng Mas Rôngga Pajanganom tuwin dhatêng Ki Tanujaya (ambok inggih kalintêran ngantos tigang dintên tigang dalu, arak dipun kèndêlakên kemawon, parlunipun pancèn dipun kala, supados sami mêndhêtana woh-wohan pundi ingkang dipun sênêngi, manawi sampun kataman kêmatipun, Kyai Ajar sawêg mêdal saking griya, kalayan pitakèn sêmu ngerang-erang, ciptaning manahipun, botên wontên tiyang sagêd kajawi piyambakipun, manawi tiyang ingkang kataman kêmat wau sampun kalesedan, sarta sampun purun angrêrêpa nyuwun pangapuntên, kêmatipun ingkang ngengingi dhatêng tiyang wau, sawêg dipun bikak, dene manawi Kyai Ajar ambikak kêmatipun piyambak, tanganipun kausapakên githokipun rambah kaping tiga.

Sadangunipun pêksi dêrkuku wau wicantên kalihan ingkang èstri, Ki Tanujaya sangêt anggèning aniling-nilingakên, ngantos wicantêning pêksi wau botên wontên ingkang kècèr sakêdhik-kêdhika, makatên malih Mas Rôngga Pajanganom, ugi sampun sagêd nyakup dhatêng wicantêning pêksi dêrkuku wau, wasana tiyang kalih lajêng sami anglairakên suka sukur ring Pangeran, dene manahipun sami kagadhuhan ilham, sumêrêp dhatêng wicantênipun sadaya kumêlip.

Wasitaning pêksi dêrkuku wau lajêng sami badhe dipun nyatakakên, tiyang kalih badhe ambikak kêmatipun Kyai Ajar, ingkang

--- 2 : 27 ---

kapasang wontên sadaya wau, sasampuning sami dipun bikak, lajêng wangsul dhatêng sangajênging pandhapa malih, ewadene mêksa dèrèng dipun sapa aruh dening Kyai Ajar, dipun lampu gêgujêngan kalihan cantrikipun kemawon, kiyasing manahipun, samôngsa tiyang kalih wau sampun purun mêndhêt woh-wohan ingkang sami katingal amenginakên punika, botên wande badhe kataman ing kêmatipun.

Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sami kabranang manahipun, lajêng angragèh[12] amêndhêt jêram kêprok, ingkang manggèn wontên sangajêng pandhapa lêrês, sarêng Kyai Ajar sumêrêp tamunipun badhe ngundhuh jêram ingkang sampun dipun pasangi kêmat, ing batos sakalangkung bingahing manahipun, tamu wau tamtu badhe katalikung dening kêmatipun, ananging kados punapa pangunguning manahipun Kyai Ajar, dening kêmatipun botên sagêd andayani dhatêng tiyang kalih wau, mênggah ingkang makatên wau botên ngamungakên Kyai Ajar kemawon ingkang sangêt pangungunipun, para tiyang ingkang sami ngadhêp Kyai Ajar ugi sakalangkung eraming manahipun, malah pangudaraosing batos, punapa sapunika kadibyanipun Kyai Ajar sampun cabar, wasana Kyai Ajar lajêng dhatêng ing pandhapa angacarani dhatêng

tamunipun, Mas Rôngga Pajanganom, Ki Tanujaya lajêng sami kalêbêtakên dhatêng ing griya.

--- 2 : 28 ---

Pancènipun Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sami badhe kalinggihakên wontên kajogan ngandhap, tunggil tiyang kathah ingkang sampun sami ngadhêp dhatêng Kyai Ajar, ananging Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya lajêng minggah ing kajogan nginggil kemawon, anggèning linggih ajêng-ajêngan kalihan Kyai Ajar, sanadyan Kyai Ajar ing batos botên rêna manahipun, nanging sinamun ing sêmu ngantos botên kawistara, wasana lajêng ambagèkakên kawilujênganing tamunipun.

Tiyang kalih lajêng sami amangsuli wilujêng, Ki Tanujaya lajêng anglairakên ingkang dados pikajêngipun, sumêdya badhe ngangsu kawruh, wangsulanipun Kyai Ajar, kados botên badhe kalèntu manawi priyantun kalih wau sumêdya ngangsu kasagêdan dhatêng Kyai Ajar, amargi pancèn kasusra ing jagad têtiga, padosa botên angsal kalih kados Kyai Ajar Wirakôntha, sarêng makatên, Ki Tanujaya ing batos angudaraos, tiyang makatên punika adatipun malah botên sampurna kasagêdanipun, garanipun namung anggèning sagêd ngêmat, ewadene badhe dipun jajagi sapintên lêbêting manahipun, Ki Tanujaya lajêng anoraga kalayan angluhurakên kasagêdanipun Kyai Ajar, dhasar Ki Tanujaya baud sangêt angonggrong manahing tiyang, amila sadaya wicantênipun Kyai Ajar botên namung dipun luhurakên kemawon, ananging lajêng dipun alêmbana ingkang Kyai [Kya...]

--- 2 : 29 ---

[...i] Ajar ngantos botên mangrêtos babar pisan, bilih pangalêmbananipun Ki Tanujaya wau namung anjujung[13] ngêntêbakên.

Kyai Ajar malah kados dipun unggar manahipun, anggèning badhe angêdalakên kadibyanipun daya-daya tumuntên dipun sumêrêpana dhatêng tamunipun, dipun kintên tamunipun namung tiyang sêmbarangan kados para cantrikipun ingkang sami ngadhêp sadaya wau, botên sumêrêp bilih tamunipun pancèn tiyang linangkung sadaya, wasana Kyai Ajar lajêng dhawuh dhatêng cèrèt, anglo tepas, kadhawuhan tumandang anggodhok wedang kados adat.

Adat ingkang sampun kalampahan, sabên Kyai Ajar dhawuh makatên wau, cèrèt, anglo tepas lajêng tumandang ing damêl, cèrèt malampah dhatêng sumur amêndhêt toya, anglo tepas lajêng adados latu, cèrèt lajêng tumumpang anglo, ngantos dumugi saumobipun, makatên sapitirutipun ngantos dumugi patehan sapirantosipun, sami sagêd tumandang mlampah piyambak, ananging sarêng badhe kangge nyêgah Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sadaya ingkang dipun dhawuhi wau sami botên wontên ingkang angèstokakên, sami ayon botên wontên ingkang purun tumandang kados sabênipun, amila anggèning badhe nyêgah wedang lajêng sami dipun rukti dening para cantrik-cantrikipun kemawon.

Sarêng kêmatipun Kyai Ajar sampun botên wontên dayanipun,

--- 2 : 30 ---

Kyai Ajar sawêg gadhah rumaos bilih tamunipun pancèn dede santri balaka kemawon, ananging têmtu tiyang linangkung ingkang anglugas raga amêmindha santri dhusun, wasana Kyai Ajar sakalangkung panalangsaning manahipun, dene sadangunipun ngantos kêkilapan dhatêng sakalihan ingkang nêmbe rawuh, mênggah anggèning Kyai Ajar gadhah patrap ingkang kados makatên wau sajatosipun namung kangge anjajagi manahipun tiyang, ewadene manawi ingkang dipun jajagi wau namung ukur tiyang limrah kemawon, ingkang kathah lajêng korup dhatêng pangabaranipun, sampun pintên-pintên atus tiyang ingkang sami ulap dening kataman pangabaranipun, wujudipun inggih kados ingkang sami katrêm wontên ing ngriki punika, satunggal kemawon dèrèng wontên ingkang gadhah kalangkungan kados priyantun sakalihan ingkang nêmbe rawuh, sarèhne Kyai Ajar sampun rumaos bilih kasagêdanipun cabar dening kadibyanipun priyantun sakalihan wau, sagêdipun namung ngaturakên pitêdah, bilih sakalihan sumêdya badhe puruhita, sami dipun aturi dhatêng padhepokanipun Kyai Ajar Sidalaku, ing dhukuh Pancak Tabanan, ing nagari Bali, punika satunggiling wiku ingkang sampun asoca bathara, inggih punika gurunipun Kyai Ajar Wirakôntha dene manawi sakalihan kaparêng tindak dhatêng dhukuh Tabanan, Kyai Ajar Wirakôntha ingkang badhe andhèrèkakên.

--- 2 : 31 ---

Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sanalika langkung kaduwunging manahipun, dene kabrananging panggalih ngantos sami amigarakên kalangkunganipun Kyai Ajar, ingkang sapunika sampun anglairakên panalangsaning manahipun, môngka anggèning sakalihan ambikak kêmatipun Kyai Ajar wau botên pisan-pisan badhe andadar

kalangkunganipun Kyai Ajar, ananging namung badhe anyoba wêwarahipun pêksi dêrkuku ingkang sampun kamirêngakên, amila sakalihan lajêng rêsêp rumakêt têtêpanganipun dhatêng Kyai Ajar, saha tansah ngrêrapu panalangsanipun Kyai Ajar dhatêng sakalihan wau, wasana Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya punapadene Kyai Ajar Wirakôntha, lajêng sami botên wontên tabêt-tabêting panggalih, sadalu muput namung sami sarasehan punapa sapikangsalipun.

Kyai Ajar Wirakôntha anyariyosakên kawontênanipun Kyai Ajar Sidalaku, Kyai Ajar wau ingkang dipun prasudi botên namung kapandhitan kemawon, ananging anyakup dhatêng sadaya kawruh lair batos, Kyai Ajar rêmên sangêt dhatêng Wedha-Wedha ingkang nyariyosakên lêlampahanipun para luhur jaman kina, amila pèngêtan wau sami kasêrat wontên ing kropak ngantos pintên-pintên atus kathahipun, ingkang sapunika taksih wêtah dados pasimpênanipun Kyai Ajar, ananging para priyantun ing kilèn ngriki botên wontên ingkang gatosakên [ga...]

--- 2 : 32 ---

[...tosakên] utawi rêmên dhatêng kawontênaning pèngêtan wau, amargi saking sami botên sagêd, dening cariyos wau sami kasêrat ing sastra Bali, têmbungipun taksih Jawi Kina.

Mas Rôngga Pajanganom sakalangkung kayungyun ing panggalihipun mirêngakên cariyosipun Kyai Ajar Wirakôntha wau, osiking panggalih daya-daya lajêng sagêda tumuntên sowan dhatêng Kyai Ajar Sidalaku, sarta botên kasupèn ngaturakên panuwunipun dhatêng Kyai Ajar Wirakôntha, dene suka pitêdah ingkang sagêd anuju dhatêng panggalihipun Mas Rôngga Pajanganom, sarêng sampun bangun enjing, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, lajêng sami pamitan dhatêng Kyai Ajar kalihan badhe andumugèkakên lampah sêdyaning panggalih lajêng dhatêng padhepokanipun Kyai Ajar Sidalaku, Kyai Ajar Wirakôntha nyuwun badhe andhèrèkakên, ananging sakalihan botên sagêd amituruti pangèsthinipun Ajar Wirakôntha wau, amargi sakalihan botên namung satunggal kemawon ingkang dados tujuning panggalih, ananging taksih badhe mampir-mampir dhatêng ingkang dados panujuning panggalih, Kyai Ajar inggih namung anyumanggakakên, sasampuning bage-binage wilujêng, sanalika lajêng mangkat.

Gêntos ingkang kacariyosakên, anuju wanci enjing, Gusti Panêmbahan Buminata sawêg lêlênggahan akalihan Radèn Tumênggung Sastranagara, ingkang dados rêntênging panggalih angraosakên [angra...]

--- 2 : 33 ---

[...osakên] anggènipun Mas Rôngga Pajanganom wontên ing Kabupatèn Kadhiri, sarèhning sampun andungkap pitung wulan, ing mangke Radèn Tumênggung Sastranagara kadhawuhan mêthuk, supados tumuntên mantuk dhumatêng nagari Surakarta, aturipun Radèn Tumênggung Sastranagara, sêndika, ananging kajawi kaparêngipun Gusti Panêmbahan, punapa botên prayogi kasarantosakên sawatawis wulan malih, amargi saking pamawasing panggalihipun, ing wêgdal punika Mas Rôngga Pajanganom sawêg mungsêng anggèning pados puruhitan, ewadene manawi kaparêngipun Gusti Panêmbahan kêdah kadhawuhan mêthuk, inggih badhe kaèstokakên.

Kêncênging panggalihipun Gusti Panêmbahan, namung kêdah tumuntên dipun pêthuk, amargi manawi botên tumuntên dipun pêthuk, sagêt ugi lajêng kamidilêpên, mila kêparêngipun Gusti Panêmbahan wau, Radèn Tumênggung Sastranagara tumuntên kadhawuhan anglêksanani, Radèn Tumênggung Sastranagara aturipun sêndika badhe angèstokakên, sasampuning dumugi dhawuh pangandikanipun Gusti Panêmbahan, Radèn Tumênggung Sastranagara lajêng nyuwun pamit mundur.

Sarawuhipun ing dalêm, raosing panggalihipun tansah rangu-rangu, dening dèrèng wontên tujuning panggalih ingkang badhe kautus, wasana lajêng angêningakên cipta nyuwun cumadhong dhawuh dhatêng [dha...]

--- 2 : 34 ---

[...têng] Ingkang Amurbèng Gêsang, labaning wiku linangkung, sanalika lajêng angsal wêwênganing Pangeran, ambikak warananing panggalihipun Radèn Tumênggung Sastranagara, ingkang katingal wontên ing ngarsanipun namung ingkang rayi Mas Agustundha, kalih Ki Jasana, amila ingkang rayi kalih Ki Jasana, lajêng sami dipun timbali (Mas Agustundha punika ingkang rayi wuragil Radèn Tumênggung Sastranagara, putranipun Kyai Yasadipura sapisan, sarêng sampun diwasa lajêng dados abdi dalêm bupati jaksa nama Radèn Tumênggung Amongpraja, ananging wiwit mêdal kasuwun dados putranipun Radèn Tumênggung Sastranagara).

Mas Agustundha kalih Ki Jasana, sampun sowan wontên ngarsanipun Radèn Tumênggung Sastranagara, sasampuning rêrêm, lajêng dipun dhawuhi manawi badhe kautus dhumatêng ing Kadhiri, mêthuk ingkang putra Mas Rôngga Pajanganom, aturipun ingkang putra sandika, sarta dipun paringi piwêling, saking ing Surakarta sampun anjujug ing Kabupatèn Kadhiri, kadhawuhan têrus dhumatêng ing Surabaya

kemawon, amargi ingkang putra Mas Rôngga Pajanganom sapunika taksih wontên sakiwa têngênipun kitha Surabaya, supados sampun ngantos dados lampah, langkung prayogi kadhawuhan angêntosi wontên ing Giri, punika mangke dangu-dangunipun kalih dintên sampun sagêd kapanggih ingkang putra, satêlasing dhawuh pangandikanipun Radèn Tumênggung Sastranagara, pasundhulanipun ingkang putra Mas Agustundha lajêng dipun timbul ingkang rama [ra...]

--- 2 : 35 ---

[...ma] ngantos rambah kaping tiga, dene ingkang dados sarananing margi kadhawuhan bêkta Ki Jasana, sasampunipun winêling-wêling lajêng sami kadhawuhan mangkat, ingkang rama anjampangi dumugi sajawining regol.

Lampahipun Mas Agustundha kalih Ki Jasana, wontên ing margi botên kacariyos, enggalipun sampun dumugi ing kitha Surabaya, wontên kitha Surabaya namung rêrêm sawatawis jam dangunipun, amung prêlu kangge angasokakên badan kemawon, sarta pancènipun taksih sagêd kacêkap saupami kalajêngakên dhumatêng ing Giri, mila sarêng anggèning ngaso sampun dumugi lajêng kalajêngakên dhumatêng ing Giri, sadumuginipun ing Giri Mas Agustundha kalih Ki Jasana lajêng sami pados pangason.

Kacariyos lampahipun Mas Rôngga Pajanganom, tuwin Ki Tanujaya, sawangsulipun saking dhukuh Ragajampi dêrênging panggalih lajêng badhe têrus sowan Kyai Ajar Sidalaku ing dhepok Tabanan nagari Bali, ananging raosing panggalih têka rangu-rangu kados wontên ingkang dipun raosakên, amila kêncênging panggalih kêdah wangsul rumiyin dhatêng Surabaya malih, sadumuginipun ing Surabaya panggalihipun saya sangêt pangungsêtipun anggèning ngudi dhatêng kawursitaning sarira, paguron ing pundi kemawon prasasat sampun sami dipun dhatêngi sadaya, sarêng lampahipun sampun atêpung gêlang, èsthining panggalih lajêng badhe [ba...]

--- 2 : 36 ---

[...dhe] jiyarah dhumatêng ing pasareyan Giri, sawangsulipun saking Giri lajêng badhe têrus sowan Kyai Ajar Sidalaku ing dhukuh Tabanan nagari Bali.

Sarêng rêmbagipun sampun kênthêl, Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, lajêng sami bidhal dhumatêng ing pasareyan Giri, kados

punapa kemawon kagèting panggalihipun Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sarêng lampahipun sampun dumugi ing Giri, mak gabrus, kapanggih ingkang rama Mas Agustundha kalih Ki Jasana, amila sakalihan lajêng sami arêrangkulan gulèt kados kupu tarung, sarêng sampun dumugi anggènipun sami rêrangkulan, sadaya lajêng ngaso dhatêng sacêlaking pasarean.

Mas Rôngga Pajanganom, sadèrèngipun nyuwun sêsêrêpan dhumatêng Mas Agustundha, raosing panggalih tansah amolak-malik botên sagêd sumèlèh, malah lajêng anuwuhakên gagasan warni-warni, sakathahing gagasan wau satunggal kemawon prasasat botên wontên ingkang adamêl sakecaning panggalih, apês-apêsipun, angudaraos, punapa Gusti Panêmbahan utawi ingkang êmbah salah satunggal wontên ingkang gêrah, tuwin ing dalêm punapa wontên prêlu sangêt ingkang saliranipun kêdah mantuk, sarêng anggèning ngaso sampun sami rêrêm, lajêng nyuwun pawartos dhatêng ingkang rama, saha dhatêng Ki Jasana, mênggah anggèning kapanggih wontên ing Giri punika, punapa

--- 2 : 37 ---

lêlana saking karsanipun piyambak, punapa kautus amadosi. Mas Agustundha lajêng amratelakakên punapa kawontênanipun anggèning kautus ingkang rama, saha Gusti Panêmbahan, tuwin maringakên pangèstunipun Gusti Panêmbahan sakalihan ingkang rama, Mas Agustundha lajêng cariyos, sadangunipun ingkang putra wontên ing Kadhiri dumugi sapunika, Gusti Panêmbahan sabên-sabên tansah andangu dhumatêng ingkang rama, kawilujênganipun ingkang putra Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa radèn ayu.

Sarêng Mas Rôngga Pajanganom sampun amidhangêtakên sadaya pangandikanipun ingkang rama Mas Agustundha, saha mirêngakên aturipun Ki Jasana, raosing panggalihipun ragi ayêm sawatawis, dene angsal kabar kasugênganipun Gusti Panêmbahan, saha kasugênganipun ingkang êmbah, ingkang rama tuwin ingkang ibu, punapadene kabar kawilujênganipun ingkang rama rama alit sadaya, sarêng sampun dumugi, Mas Rôngga Pajanganom, ing batos lajêng nalôngsa dhatêng ingkang amurbèng gêsang, benjing punapa sagêdipun tumuntên wangsul dhatêng Surakarta, pancènipun inggih sampun kagungan panggalih badhe tumuntên wangsul dhatêng Surakarta wau, ananging sarêng rumaos dèrèng kacêkap prêlunipun, dados raosing panggalih lajêng sarèh, ewadene sasagêd-sagêd, sawangsulipun saking Bali kemawon dipun èsthi sangêt sagêdipun [sa...]

--- 2 : 38 ---

[...gêdipun] wangsul dhatêng Surakarta, sarêng sampun botên wontên ingkang karêmbag malih, sadaya lajêng andumugèkakên anggèning badhe jiyarah dhatêng ing pasarean, sarampunging prêlu lajêng sami mêdal angupados palêrêman, saking dayaning sayah saha arip, wontên ing palêrêman sami sagêd tilêm sakeca, sarêng enjing lajêng sami bidhal mangkat dhumatêng ing Bali, wontên ing margi botên kacariyos, enggalipun sampun sami dumugi parêdèn Tabanan sacêlaking padhukuhanipun Kyai Ajar Sidalaku.

Ing Padhukuhan Tabanan punika dados dongènganipun tanah Bali ingkang sisih kidul, sampun kalêbêt tanah parêdèn, ingkang taksih rame sitinipun lêmpung abrit, minggah-minggah lajêng lêmpung kawoworan pasir, mêrginipun menggak-menggok manut ratаning siti, manawi môngsa rêndhêng mêrginipun lunyu sangêt, saya minggah sitinipun mawi anglumut, labêt kayoman ing wit-witan ingkang agêng-agêng, saking lunyunipun, manawi kangge langkung asring andhawahakên, pasitèn Pancak Tabanan punika botên namung rêndhêng kemawon têlêsing sitinipun, sanadyan katiga ugi katingal têlês-têlês, kabêkta saking pasitèn ngompol, tuwin taksih kathah sangêt kêkajêngan ingkang agêng-agêng, mila dhatêng sêsawangan inggih botên sagêd bablas, malah wujudipun taksih sawêrni kados wana agêng.

Lampahipun Mas Rôngga Pajanganom tuwin Mas Agustundha, sapanunggilanipun, [sapa...]

--- 2 : 39 ---

[...nunggilanipun,] sanadyan katingal rêkaos, nanging sami sênêng-sênêng manahipun, dene sumêrêp jajahan ingkang salaminipun gêsang sawêg nêmbe ngambah punika, langkung malih Mas Rôngga Pajanganom, saking agênging pangajêng-ajêng ngantos botên angraosakên sayah sakêdhik-kêdhika, ing batos namung daya-daya tumuntên sagêd kapanggi[14] dhatêng Kyai Ajar Sidalaku, mila ngantos lampahipun botên angwontênakên pringga bayaning margi.

Botên antawis dangu padhepokanipun Kyai Ajar Sidalaku saking katêbihan sampun katingal, angrêmbêl, saya dangu saya katingal cêtha, sarêng dumugi sawetaning padhepokan, kintên-kintên kantun lampahan saonjotan, wontên sêndhang pasiraman, ananging pasiramanipun sintên, sadaya sami botên angsal katrangan, sêndhang wau binatur sela mawi kaukir-ukir ingkang sakalangkung awig panggarapipun, sakiwa têngêning sêndhang wontên griyanipun alit-alit kalih ingkang kadamêl inggih saking

sela sadaya, panggarapipun ugi mawi kaukir-ukir kados panggaraping sêndhang wau, manawi kasawang-sawang saplak candhining bôngsa luhur jaman kina, Mas Rôngga Pajanganom sarencangipun lajêng sami adus, toyanipun dhatêng badan raosipun asrêp, langkung malih anggèning adus pancèn sampun lungse wanci, mila saking asrêpipun sadaya ngantos sami anarêthêk wel-welan.

Sarêng sampun rampung anggèning adus, badanipun lajêng karaos [karao...]

--- 2 : 40 ---

[...s] sêgêr sumyah, sayahipun ical sadaya, saking sakecanipun, ngatos sami botên gadhah rumaos manawi mêntas lumampah têbih, ing wêgdal wau wancinipun sampun pêtêng arêpêt-rêpêt, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun lajêng sami minggah ing padhepokan.

Ungêling cênggèrètnong ingkang sami mencok ing kêkajêngan, enthanipun[15] kados suka pêpèngêt dhatêng Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, sampun rêmbên-rêmbên tindakipun, Kyai Ajar sampun angajêng-ajêng. Ungêling gangsir ngênthir, kumaruwuk adamêl rêsiking pamirêngan, esthanipun kados panguwuhing cantrik angenggalakên tindakipun, ibêring konang pating karêlip alêliwêran, esthanipun kados asuka darma[16] pêpadhanging margi, anggèning sami minggah dhatêng ing padhepokan.

Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, sampun sami dumugi ing padhepokan, Kyai Ajar Sidalaku angancarani, dhatêng tamunipun sakawan pisan, sami kapurih lumêbêt ing griya tuwin lajêng sami dipun papanakên palinggihanipun dalah pamanggènipun, ingkang dipun ancarani rumiyin Mas Agustundha, kalinggihakên wontên jarambahing griya ingkang nginggil, wontên wetan majêng mangilèn, Mas Rôngga Pajanganom kalinggihakên wontên sawingkingipun Mas Agustundha, Ki Jasana tuwin Ki Tanujaya, sami kapurih linggih wontên wingkingipun Kyai Ajar Sidalaku,

--- 2 : 41 ---

wontên kilèn majêng mangetan, sasampunipun sami kabagèkakên, Kyai Ajar lajêng dhawuh dhatêng para cantrikipun, kadhawuhan angêdalakên pisêgah.

Pisêgahipun Kyai Ajar towak sapinggan mêlêp, dipun lambari ing dhulang kajêng, ingkang kangge ngombe bumbung alit-alit, sawarni kados wadhah jangkrik, namanipun dhasar, sami dipun dhèrèk sakiwa têngêning pinggan, ingkang dipun angge cidhuk canthing alit ugi saking bumbung, namanipun jêlani, sarêng sampun lumados, Kyai Ajar angacarani sami dipun aturi ngunjuk, dhawuhipun lowung kangge jampi ngêlak, sarêng sampun dipun ombe, sadaya sami kadangu, ingkang kasêgahakên punika manawi tanah kilenan namanipun punapa. Mas Rôngga Pajanganom ingkang matur, paringipun pisêgah Kyai Aja[17] punika manawi tanah kilenan dipun wastani: arak arèn, toyaning teresan arèn, Kyai Ajar lajêng gumujêng kalihan ngêndika, manawi tanah ngriki namanipun tuwak, kajêngipun tuwaking agêsang, Mas Rôngga Pajanganom angluhurakên dhawuh pangandikanipun Kyai Ajar, tiyang agêsang punika prêlu angupadosa tuwak ingkang santosa, supados jêjêg adêging gêsangipun. Dhawuhipun Kyai Ajar namung tigang kêcap, ingkang prêlu kêkah punika, sarta Kyai Ajar lajêng ngandika, manawi kagungan têkên luyung kalih iji, ingkang satunggal kadamêl agêng, ingkang satunggal kadamêl alit, wontênipun [wo...]

--- 2 : 42 ---

[...ntênipun] kadamêl agêng alit, luyungipun warni kalih, ingkang satunggal sampun sêpuh, ingkang satunggal taksih ênèm, mila ingkang taksih ênèm punika kadamêl agêng ingkang sampun sêpuh punika kadamêl alit, sanadyan ingkang ênèm punika wujudipun agêng, ananging ing têmbe kanggenipun awèt ingkang alit, têkên luyung wau lajêng kaparingakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, saha dipun paringi pangandika ingkang agêng punika kaparingakên Mas Agustundha, ingkang alit kaparingakên Mas Rôngga Pajanganom.

Kyai Ajar kèndêl sakêdhap, lajêng dhawuh dhatêng cantrikipun, kadhawuhan ngêdalakên pisêgahipun sêkul ulam sawontênipun, kangge pacagaking lêlênggahan, botên dangu cantrik angêdalakên sêkul ulam, tumpêng satunggal, dipun wadhahi dhulang, ulamipun ranjapan sadhulang, janganipun kaluwih sapinggan bênthang, sarêng sampun lumados, sêkul saulamipun lajêng dipun bage dening Kyai Ajar, pambagenipun sawarni kados ambage kêndhurèn, uncêting tumpêng kapêndhêt rumiyin, dipun paringakên Mas Agustundha, dipun dèkèki ulam sapêpakipun, sarêng sampun makatên, tumpêngipun lajêng dipun oncèki, dipun icali kulitipun, lajêng kapara sêkawan, ingkang satunggal Mas Rôngga Pajanganom, ingkang satunggal Kyai Ajar piyambak, ingkang satunggal kaparingakên Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, ingkang [ing...]

--- 2 : 43 ---

[...kang] satunggal taksih dipun ngèngèhakên, kadèkèk wontên sawingkingipun Kyai Ajar, dados wontên sangajêngipun Ki Tanujaya lêrês.

Pangêduming sêkul Kyai Ajar sampun rampung sadaya, lajêng sami dipun acarani nêdha, punapa kabêkta saking luwe, dene sadaya botên wontên ingkang pakèwêd, panêdhanipun katingal sami rahap-rahap, malah Kyai Ajar inggih katingal cekoh andêmênakakên manah, pamêndhêting jangan cidhak-cidhuk kados kawontênanipun tiyang limrah kemawon, ingkang dèrèng lêbêt sêsêrêpanipun, pancèn anggumunakên, dene sampun jumênêng wiku samukawis ingkang katêdha taksih lugu anjayèng ragan (cênthini), ananging manawi ingkang sampun tandhês sêsêrêpanipun dhatêng raos, malah adamêl kandêling piyandêlipun, amargi umumipun para tiyang ingkang sami sowan mariku, manawi Kyai Ajar kaparêng dhahar samukawis ingkang dipun sêgahakên, langkung malih bilih pandhaharipun katingal kathah, punika amracihnani bilih ingkang sami sowan Kyai Ajar wau nama taksih tinêngga ing kabêgjan, utawi badhe kadumugèn ingkang dados sêdyanipun, punapa malih, mobah polahipun Kyai Ajar tuwin wêdaling pangandikanipun, punika dados pasêmonipun ingkang sami sowan wontên ing ngriku sadaya, sarèhning sêkul ulam ingkang sami katêdha wau nama sampun dipun panci, manawi tiyang [ti...]

--- 2 : 44 ---

[...yang] ingkang nêdha wau kalêbêt momot, sêkul pandumanipun Kyai Ajar samantên wau sawêg dhawah cêkapan, manawi tiyang ingkang cicik, satêmênipun sanadyan sagêd têlas inggih sampun angaya, ewadene panêdhanipun tiyang gangsal kalêbêt Kyai Ajar sami sagêd têlas sadaya, ingkang ragi anggumunakên punika ingkang tumrap Ki Jasana tuwin Ki Tanujaya, paringipun sêkul Kyai Ajar namung sapalihing bagiyanipun Bagus Burham, ewadene tuwuking padharanipun rumaos sampun kêbak sangêt, paribasan ngantos dipun ênêt-ênêt, ing môngka tiyang kalih wau manawi sampun purun nêdha pancèn wêwicalanipun tiyang drêmba sadaya.

Sasampuning rampung anggèning sami nêdha, wadhahing sêkul ulam lajêng sami kaundurakên sadaya, namung sêkul sabagean ingkang dipun adhêpakên dening Ki Tanujaya, malah lajêng kasukakakên babar pisan, sarta mawi dipun paringi pangandika, sêkul ulam punika pancèn sampun lêrêsipun dados gadhahanipun Ki Tanujaya, lowung kangge wadhangan, lajêng kapurih ambuntêl.

Saking cariyosipun tiyang ingkang sampun mangrêtos dhatêng pralampitanipun Kyai Ajar wau anggèning nêgêsi makatên. Nalika Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun dumugi padhepokanipun Kyai Ajar, ingkang dipun acarani lumêbêt rumiyin sarta ingkang lajêng kalinggihakên wontên ing ngajêng piyambak [piyamba...]

--- 2 : 45 ---

[...k] Mas Agustundha, punika pasêmon bilih ing têmbe linggihipun Mas Agustundha badhe wontên sangajêngipun Mas Rôngga Pajanganom, (sarêng sampun sami yuswa tigang dasa gangsal taun, Mas Agustundha saking mantri kadipatèn lajêng kadadosakên panèwu jaksa pangadilan dalêm pradata agêng, lajêng minggah malih dados abdi dalêm kaliwon jaksa, sarêng yuswa kawan dasa taun lajêng dados abdi dalêm bupati jaksa pangadilan dalêm pradata agêng, kapatêdhan nama Radèn Tumênggung Amongpraja), Mas Rôngga Pajanganom, sarêng yuswa salangkung taun lajêng dados abdi dalêm mantri carik kadipatèn anom, nama Mas Ngabèi Sarataka, sarêng yuswa tigang dasa taun, lajêng dados abdi dalêm panèwu carik, anggêntosi ingkang rama Mas Ngabèi Rônggawarsita kaping II, nama nunggak sêmi Radèn Ngabèi Rônggawarsita kaping III, sarêng yuswa tigang dasa gangsal taun, lajêng dados abdi dalêm kaliwon kadipatèn anom, kapatêdhan nama saha sêsêbutan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita).

Pisêgahipun Kyai Ajar towak, sapinggan mêlêp, punika pasêmon tuwin pralampitanipun Kyai Ajar dhatêng tamunipun sadaya wau, kajêngipun adêging gêsang punika sasagêd-sagêd angupadosa cagak tuwak ingkang santosa, supados sagêd jêjêg adêging gêsangipun, manawi sampun kacêpêng sêdyanipun, sampun ngantos anggadhahi supe manahipun, ingkang limrahipun [limrahi...]

--- 2 : 46 ---

[...pun] tiyang kathah dipun wastani mêndêm, supados lêstari sapanginggilipun.

Paringipun têkên luyung kalih iji, ingkang agêng luyungipun ênèm, kaparingakên Mas Agustundha, ingkang alit luyungipun sêpuh, kaparingakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, wasitanipun Kyai Ajar, têkên wau ingkang agêng kalihan ingkang alit, kanggenipun awèt ingkang alit, punika pralampita tuwin pasêmonipun Kyai Ajar dhatêng Mas

Agustundha tuwin dhatêng Mas Rôngga Pajanganom. Manawi Mas Agustundha punika ing têmbe badhe dados priyantun agêng bôngsa luhur, ananging yuswanipun botên panjang, Mas Rôngga Pajanganom, sanadyan ing têmbe ugi dados priyantun agêng, nanging taksih kawon luhur kalihan Mas Agustundha, ananging yuswanipun langkung panjang Mas Rôngga Pajanganom, tinimbang kalihan yuswanipun Mas Agustundha, (sarêng Mas Agustundha tuwin Mas Rôngga Pajanganom, sampun sami kalampahan dados bôngsa luhur, Mas Agustundha, Radèn Tumênggung Amongpraja, yuswanipun 42 taun, lajêng seda, jalaran gêrah bêntèr saha cêkoh namung sawatawis dintên dangunipun, Mas Rôngga Pajanganom), Radèn Ngabèi Rônggawarsita yuswanipun 74 taun, jalaran gêrah cêkoh dangunipun tigang dintên).

Paringipun sêkul uncêt kakupêng ing ulam, dhatêng Mas Agustundha, punika pasêmonipun Kyai Ajar, bilih ing têmbe Mas [Ma...]

--- 2 : 47 ---

[...s] Agustundha badhe landhêp panggalihipun, sarta badhe sagêd ambabadi ruwêd rêntênging manahipun tiyang, sarta badhe dipun luluti tuwin dados gêgunungganipun para sanak sadhèrèk.

Sêkul tumpêng sasampuning kulitipun dipun icali lajêng kasigar têngah lêrês, sigaran tumpêng wau lajêng kapalih malih, ugi têngah lêrês, ingkang satunggal kaparingakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, ingkang satunggal dhatêng Kyai Ajar piyambak, punika pasêmonipun Kyai Ajar dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, manawi sapunika kawidigdan tuwin kaninditanipun Mas Rôngga Pajanganom, sampun wiwit katingal, sarta sampun rumasuk dhatêng têlênging panggalih sampun botên pae kalihan Kyai Ajar, saupami tinraju kados sampun botên silir, sarta sampun sagêd anyakup dhatêng sadaya kasagêdan.

Sêkul tumpêng ingkang sapara wolon lêrês, ingkang kaparingakên dhatêng Ki Tanujaya, tuwin dhatêng Ki Jasana punika pasêmonipun Kyai Ajar dhatêng tiyang kalih wau, bilih Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana wau kalêbêt wêwicalanipun tiyang wicaksana, sarta kalêbêt tiyang sugih kagunan, sagêd manjing ajur-ajèr, ananging kasagêdanipun dèrèng anyarambahi, dados dèrèng sagêd anyamèni dhatêng Mas Rôngga Pajanganom tuwin dhatêng Kyai Ajar.

Sêkul tumpêng saprapat, ingkang kasèlèhakên wontên sangajêngipun Ki Tanujaya, ingkang lajêng kaparingakên pisan, sarta

--- 2 : 48 ---

mawi dipun sabdani dening Kyai Ajar lowung kangge wayon, punika pasêmonipun Kyai Ajar dhatêng Ki Tanujaya, bilih ing têmbe Ki Tanujaya badhe kawahyon gadhah turun ingkang sagêd angêmpali dhatêng darahing karaton, dene anggèning kawahyon tuwin kabêgjan wau pancèn sampun dados pandumanipun Ki Tanujaya piyambak, ananging tumimbulipun taksih gangsal turunan, dados taksih kabuntêl kados wujuding sêkul paringipun Kyai Ajar wau, sarta turunipun Ki Tanujaya ing wingking salamèn-lamènipun botên badhe sagêd pisah kalihan Mas Rôngga Pajanganom.

Pasêmonipun Kyai Ajar Sidalaku dhatêng Ki Tanujaya, gangsal turunan badhe sagêd angêmpali darahing karaton, tuwin turunipun ing wingking salamèn-lamènipun botên sagêd pisah kalihan Mas Rôngga Pajanganom, punika cocog kalihan kawontênanipun, mênggah têrangipun kados pratelan ing ngandhap punika.

Ki Tanujaya, anak-anak Ki Tanukrama, abdi dalêm jajar ngawin kadipatèn.

Ki Tanukrama wau anak-anak, bokmas Jayawacana, angsal Radèn Jayawacana, jajar kabayan kadipatèn, kalêrês wayahipun Radèn Tumênggung Sastranagara, anakipun Radèn Ngabèi Purwawikrama.

--- 2 : 49 ---

Dene Mas Jayawacana wau anak-anak Radèn Ngantèn Sewadilaga, garwanipun Radèn Mas Panji Sewadilaga, santana dalêm panji buyut.

Radèn Ngantèn Sewadilaga wau lajêng anak-anak 3:

1. Radèn Rênggarukmi, 2. Radèn Ayu Purwadirja, 3. Radèn Purwatanaya.

Dene Radèn Rênggarukmi wau pêputra 2: 1. Bandara Kangjêng Pangeran Arya Adikusuma. 2. Radèn Ayu Pangeran Cakradiningrat.

Kyai Ajar Sidalaku tuwin tamunipun sadaya, sadalu muput botên wontên ingkang sami tilêm, ingkang kaginêm namung bab parluning agêsang tuwin sanès-sanèsipun ingkang sakintên murakabi, wêgdal samantên Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sadaya, ngantos botên gadhah kajêng, amargi sadaya karêntêging manah ingkang badhe kasuwunakên sêsêrêpan dhatêng Kyai Ajar, dèrèng ngantos kawêdalakên sampun karumiyinan dhawuhipun Kyai Ajar ingkang cocog kados karêntêging manahipun Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sadaya wau, dhawuhipun wau botên [bo...]

--- 2 : 50 ---

[...tên] namung kangge pralampita utawi pasêmon kemawon, ananging kadhawuhakên pangandika kalayan wêwentehan, paribasan sadaya wau sami botên angsal papan, ing batos namung sami angalêmbana.

Sarêng sampun jam kalih dalu, utawi wancinipun sirêp tiyang, Mas Rôngga Pajanganom dipun ajak Kyai Ajar mêdal dhatêng ing latar, Kyai Ajar tuwin Mas Rôngga Pajanganom, lajêng sami lêlênggahan wontên sangandhaping wit dhuku ingkang adatipun kangge lêlênggahan Kyai Ajar, Kyai Ajar lajêng angandika dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, anggènipun dipun ajak mêdal dhumatêng ing latar punika sampun gadhah pangajêng-ajêng bilih badhe dipun paringi ngèlmu kasunyatan, ngèlmu kadibyan, ngèlmu kanuragan sasaminipun, pamanggihipun Kyai Ajar Mas Rôngga Pajanganom punika saupami sabin sampun kêbak isi tanêman, ingkang gêsanging tanêman sakalangkung subur, manawi dipun wêwahi tanêman malih ingkang namung nunggil warni kemawon, tumrap Mas Rôngga Pajanganom, sampun sakêdhik paedahipun, namung wontên pêpêthingan ingkang salamènipun botên nate kaparingakên dhatêng sintên-sintên, inggih punika ingkang dipun wastani ngèlmu pangawasaning panggalih, punika pantês dados cêcêpênganipun Mas Rôngga Pajanganom, sanalika punika Mas Rôngga Pajanganom lajêng dipun wêjang ngèlmu pamawasaning panggalih, dhawuhipun Kyai Ajar ngèlmu wau manawi dipun wawas,

--- 2 : 51 ---

sagêd sumêrêp sadèrèngipun winarah, sarta sagêd sumêrêp dhatêng kawontênan ingkang dèrèng tumimbul, sarampunging pamêjangipun Kyai Ajar, Mas Rôngga Pajanganom lajêng dipun paringi pangandika, balih[18] ing têmbe Mas Rôngga Pajanganom, badhe dados pangangsoning kagunan tuwin kaninditan, ingkang limrahipun sami dipun wastani pandhitaning praja.

Kyai Ajar lajêng andumugèkakên pangandika, kala rumiyin inggih anglampahi dados pandhitaning praja, kados ingkang badhe dipun lampahi Mas Rôngga Pajanganom wau, sanadyan sapunika sariranipun sampun atêtruka wontên ing parêdèn, ewadene inggih taksih dipun lêluri sarta dipun aosi dening ingkang angabdèkakên, malah manawi wontên ruwêd rêntênging praja Kyai Ajar botên kenging kantun, taksih tumut angêmbat.

Kyai Ajar lajêng anyariyosakên gadhah sêrat-sêrat Jawi kina, ingkang kasêrat wontên ing kropak, tuwin kasêrat wontên ing dalancang kajêng, ingkang kaanggit para êmpu ing jaman kina, inggih punika Sêrat Ramadewa, Sêrat Bimasuci, Sêrat Bratayuda, Sêrat Darmasarana, tuwin Sêrat Aji Pamasa sapanunggilanipun, punika ingkang eklasing panggalih badhe kaparingakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom sadaya, ananging sarèhning têmbungipun Jawi kina taksih awarni-warni, kabêkta ingkang nganggit botên [bo...]

--- 2 : 52 ---

[...tên] namung satunggal, sarta sêrat-sêrat wau taksih sami karêngga ing sêkar agêng, ananging Kyai Ajar anêmtokakên, bilih Mas Rôngga Pajanganom badhe botên kewran anjawèkakên sadaya sêrat-sêrat wau. Ingkang lajêng umum dados wêwaosanipun para tiyang kathah.

Wondene manawi ing têmbe Mas Rôngga Pajanganom sampun ingganggêp pandhita dening tiyang kathah, manawi wontên pandangunipun para luhur, utawi pitakènipun para pawong mitra, punapa ingkang kadangokakên, utawi punapa ingkang dipun pitakèkakên, wangsulanipun kêdah ingkang pratitis, botên kenging sawarni pados-pados, utawi sampun pisan-pisan anjalomprongakên, manawi wontên ingkang andangu utawi pitakèn, bab têmbung kawi, bab kasusastran, bab petangan, bab pawukon, bab cakrawarti, bab palak, bab kawontênaning môngsa kala, bab jôngka, bab kawontênaning jaman, bab rajah-rajah, bab sajarah, tuwin bab agami, kêdah sagêd amangsuli sami sanalika ingkang pratitis, sampun ngantos alihan amadosi wêwaton utawi ambikak sêrat-sêrat, manawi taksih amadosi wêwaton, utawi taksih ambikak sêrat-sêrat, punika dèrèng kenging sinêbut pandhita.

Kyai Ajar anglajêngakên wêwarahipun dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, [Pajanga...]

--- 2 : 53 ---

[...nom,] prayogi anganggea piwulangipun Kyai Agêng Ngabdurahman ing Sela, dhatêng para putra wayahipun, kagungan karsa para turasipun sami kadhawuhan, sampun kêndhat anglampahi tapa brata, sami andhêdhêra kasaenan, ingkang andhap asor, ingkang purun ngawon dhatêng basa sakêcap, sampun rêmên amirêngakên dhatêng wicantên lalawora, sampun pisan-pisan angebahakên utawi adamêl rumaosing manahipun tiyang tuwin ingkang ajrih asih dhatêng ratu gustinipun.

Mas Rôngga Pajanganom sampun botên kêkirangan pamilutanipun dhatêng Kyai Ajar Sidalaku, ingkang supados tansah lumintu lumuntur sih katrêsnanipun Kyai Ajar dhatêng sariranipun, sakalih-kalihipun nama sami kalêrêsan, Kyai Ajar Sidalaku rumaos kalêgan panggalihipun, dene salaminipun dèrèng nate dipun puruhitani kados Mas Rônggga Pajanganom wau, saking sadaya piwulangipun sagêd katampèn kalihan gambêlanging panggalih. Mas Rôngga Pajanganom rumaos angsal kabêgjan ingkang agêng sangêt, dening sagêd anampèni piwulang saking Kyai Ajar ingkang sakalangkung murakabi dhatêng sariranipun, amila Mas Rôngga Pajanganom saya sakalangkung ajrih asihipun dhatêng Kyai Ajar, paribasan, sanadyan dipun pêjahana botên pisan-pisan badhe suminggah, makatên ugi Kyai Ajar Sidalaku, katrêsnanipun dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, saking ing agêngipun [a...]

--- 2 : 54 ---

[...gêngipun] ngantos tanpa pêpindhan, dados botên anggumunakên bilih bêbundhêlaning panggalihipun Kyai Ajar ingkang parlu-parlu sarta ingkang agêng sangêt aosipun, tuwin ingkang wados-wados, ingkang salaminipun sugêng dèrèng nate kabrèbèl dhatêng para murid-muridipun, punika lajêng katumplak dhatêng Mas Rôngga Pajanganom sadaya.

Mas Rôngga Pajanganom saupami jêne angsal sêsangling ingkang sakalangkung sae garapanipun, amila padhanging panggalih ngantos amrabani dhatêng soroting pasuryan, lajêng katingal mancorong kados padhanging purnamasidhi.

Wasitanipun Kyai Ajar dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, kagalih sampun anyêkapi, sakalihan lajêng sami lumêbêt ing pacrabakan, Mas Agustundha sarta Ki Tanujaya punapadene Ki Jasana, katiga pisan taksih sami linggih anjêgrêg, sêsambènipun, sarêng sumêrêp bilih Kyai Ajar tuwin Mas Rôngga Pajanganom sami lumêbêt ing pacrabakan, tiyang tiga lajêng angewahi anggèning linggih.

Wêkdal wau sampun wanci bangun enjing, swaraning sawung kaluruk awurahan, kaluruking sata wana pating cakikèr adamêl asrining pamirêngan, ocèhing pêksi sikatan pating carêngkling, kados suka sasmita dhatêng tiyang ingkang srêgêp dhatêng pandamêlan, supados tumuntêna wiwit nyambut damêl, amargi sampun wancining tiyang [ti...]

--- 2 : 55 ---

[...yang] nyambut damêl, soroting Sang Hyang Bagaskara amarbabak abrit, kados prabaning rêdi katunu, para cantrik ingkang sampun sami tangi sadaya, lajêng tumandang ing damêl punapa pandamêlanipun piyambak-piyambak, wontên ingkang rêrêsik pacrabakan, wontên ingkang nyapu pakarangan, wontên ingkang nyirami sêsêkaran.

Sarêng sampun rêpêt-rêpêt, kados antawisipun wanci jam satêngah nêm enjing, Kyai Ajar Sidalaku lajêng mêdal saking pacrabakan, kadhèrèkakên Mas Agustundha, Mas Rôngga Pajanganom, Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, angubêngi capurining padhepokan, sinambi gêginêman ingkang adamêl sênênging manahipun para tamu.

Para cantrik ingkang sami sawêg nyambut damêl, sadaya sami katingal sênêng manahipun, panyambutipun damêl sami mêmpêng-mêmpêng ngatingalakên kawêkêlaning manahipun, ingkang lèrèging pangajêng-ajêng namung dhatêng pangalêmbana, ingkang sami anggulawênthah têtanêman, pandhangir tuwin pangupakaranipun sêsêkaran sapanunggilanipun, katinggal tumêmên kados angupakara gadhahanipun piyambak, ingkang sami anyirami sêkaran tuwin tanêman ingkang kêdah dipun sirami ing wanci enjing, anggènipun anyirami sami satiti angati-ati, supados botên adamêl risaking sêsêkaran ingkang sawêg nêdhêng-nêdhêngipun sami sêkar.

--- 2 : 56 ---

Pakaranganipun Kyai Ajar Sidalaku wiyar angilak-ilak, pasitènipun abrit anyêkar tlasih, ing nginggil kaurug ing wêdhi lêmbat, pagêring capuri sela cêmêng kaentha banon sarimbag, ananging agêngipun tikêl sakawan kalihan agênging banom,[19] pamasangipun rapêt, botên wontên ingkang anggaronggong, regolipun agêng anjênggarang sawarni griya kalênthèng, ugi saking sela cêmêng, sakiwa têngêning regol, wontên candhinipun tiyang Buda kalih iji, sami ngadêg angrangkul gada, sakiwa têngêning candhi wontên uwitipun nagasari kalih uwit, ingkang gêsangipun

amènginakên, turut pinggiring pakarangan katanêman kalapa gadhing pintên-pintên dasa kathahipun, uwohipun katingal ambiyêt garing-garing, sangajênging pacrabakan dipun damêl patamanan, sêsêkaranipun kalêbêt èdi-èdi, adamêl kasêngsêming manahipun tiyang ingkang sami aningali, wujuding sêkaripun awarni-warni, wontên ingkang wungu anjangês, wontên ingkang abrit ambaranang, wontên ingkang abrit ênèm, wontên ingkang pêthak amêmplak, wontên ingkang jêne, tuwin wontên ingkang kapurônta, sangandhaping sêkar-sêkaran wau pasitènipun têtanêman rumputan kapagêran ing sela balèbèkan ingkang inggiling sela namung sadêdêging parumputan, panataning sêsêkaran kalêbêt awig, pananêmipun kasêlang-sêling, manawi dipun tingali saking katêbihan, sawarni kados sêkar sataman, [sa...]

--- 2 : 57 ---

[...taman,] sêkar-sêkar ingkang sampun sami wigar, utawi ingkang sampun sami gogrog saking gagangipun, sami ambalasah dhawah ing parumputan, manawi dipun sawang kados kasur baludru ijêm, ingkang dipun sêbari sêkar môncawarni.

Salêbêting pakarangan tanêmanipun woh-wohan kalêbêt kathah, sakathahing woh-wohan wontên sadaya, raosipun sami eca-eca, wontên ingkang lêgi arum, wontên ingkang lêgi tumêg, ugi wontên ingkang lêgi tuntung kêcut, woh-wohan samantên wau wontên ingkang sawêg pradapa, wontên ingkang sawêg sêkar, ugi wontên ingkang sawêg anuju awoh, racak-racak, uwohipun sami andados, katingal ambiyêt, kados sêmpal-sêmpala, gandaning kuwèni tuwin gandaning durèn ingkang sampun matêng uwit, mulêg anggadag, angêbaki salêbêting pakarangan, ingkang kawical doyan dhatêng woh-wohan, kala mênjingipun tansah lerag-lèrèg, nyut, Ki Tanujaya lajêng kèngêtan lêlampahanipun nalika wontên ing dhusun Ngadiluwih, padhepokanipun Kyai Ajar Wirakôntha, sanalika wau Kyai Ajar Sidalaku botên kêkilapan dhatêng karêntêging manahipun Ki Tanujaya, amila Ki Tanujaya lajêng dipun pangandikani dening Kyai Ajar, tiyang ingkang taksih rêmên angungasakên kadibyanipun kados Kyai Ajar Wirakôntha ing Ngadiluwih, punika angantawisi dèrèng inggil [ing...]

--- 2 : 58 ---

[...gil] sêsêrêpanipun, mila prayogi ingkang sami èngêt, sampun pisan-pisan rêmên angatingalakên dhatêng kadibyan, inggih manawi sawêg jinurung, manawi wontên ingkang angasorakên kadibyanipun, uwohipun namung tiwas angisin-isini, tiyang punika sanadyan sagêda mabur dhatêng awang-awang, prayogi ingkang adhêdhasar kèndêl, ananging

manawi wontên pôncabaya utawi baya pakèwêd, punapadene wontên parlunipun ingkang prêmati, punika sawêg sêdhêngipun angatingalakên kadibyan, sarta ingkang sagêd amungkasi ing damêl, dados botên anguciwani, utawi botên amadal sumbi.

Mas Rôngga Pajanganom tuwin Ki Tanujaya, sarêng mirêng pangandikanipun Kyai Ajar Sidalaku ingkang makatên wau, pitadosing panggalih saya sakalangkung kandêl, sarta sami anêmênakên bilih Kyai Ajar Sidalaku wau pancèn satunggiling pandhita ingkang panggalihipun sakalangkung sidik, sumêrêp sadèrèngipun winarah, tuwin sumêrêp dhatêng karêntêging manahipun tiyang.

Sarêng Kyai Ajar sampun kêmput anggèning angubêngi salêbêting pakarangan, lajêng lumêbêt dhatêng ing pacrabakan, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sadaya, botên pisah wontên sawingkingipun Kyai Ajar kemawon, sadumugining pacrabakan sadaya lajêng sami linggih satata, sakathahing sêrat ingkang sampun kasagahakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, sampun cumêpak [cumê...]

--- 2 : 59 ---

[...pak] wontên sacêlaking palênggahanipun Kyai Ajar.

Kyai Ajar Sidalaku lajêng amasrahakên sêrat-sêrat wau dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, sasampuning dipun tampèni dening Mas Rôngga Pajanganom, Kyai Ajar lajêng aparing dhawuh dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, bilih sêrat wau ingkang satunggal buku wontên tuladha pêthikan sastra buda ing jaman kina, saking pintên-pintên nagari, sanadyan sapunika sampun botên kalampah, ananging botên wontên awonipun mangrêtos dhatêng sastra buda wau bokmanawi ing wingking wontên ingkang ambêtahakên, utawi wontên ingkang pitakèn, botên amangsulakên, pêthikan sastra buda wau lajêng kapêndhêt dening Kyai Ajar, sarta lajêng kawaos wontên sangajêngipun Mas Rôngga Pajanganom, sarampunging pamaosipun, lajêng kaparingakên dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, kadhawuhan anyumêrêpi, sarta lajêng kadhawuhan maos gêntos, sêrat wau ugi lajêng kawaos akalihan Mas Rôngga Pajanganom, pamaosipun tamban nanging cêtha, Kyai Ajar sajak botên gumun anyumêrêpi Mas Rôngga Pajanganom sagêd maos sastra buda wau, sarampunging pamaosipun Kyai Ajar namung ngêndika: sampun lêrês sadaya.

Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, wontên ing Bali namung nyipêng sadasa dintên, sadasa dalu, salêbêtipun sadasa dintên sadasa dalu namung sarasehan kawruh warni-warni, Kyai Ajar

--- 2 : 60 ---

botên kêmba anggèning mêlêg piwulang dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, kacariyos sarêng sampun angsal sadasa dalu, Mas Rôngga Pajanganom lajêng nyuwun pamit dhatêng Kyai Ajar, badhe wangsul dhatêng nagari Surakarta, ananging mawi mampir rumiyin dhumatêng ing kitha Kadhiri, parlu angampiri dhumatêng ingkang garwa ingkang katilar wontên ing kitha Kadhiri, amargi anggèning katilar lêlana laminipun sampun tigang wulan, Kyai Ajar namung amangsuli prayogi, ananging sarèhning môngsa pajar surya, dipun parayogèkakên mangkat mangke dalon-dalon kemawon, Kyai Ajar sagah angêtêrakên sapikangsalipun.

Enggaling cariyos, sarêng sampun dalu, kados antawisipun jam sanga langkung sakedhik, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, lajêng sami kadhawuhan mangkat, Kyai Ajar anêtêpi pangandikanipun, angêtêrakên sapikangsalipun, wêgdal wau dipun pèngêti dening Mas Rôngga Pajanganom, amarêngi tanggal kaping 16 wulan Jumadilakir ing taun Ehe 1748, sinangkalan (ngèsthi dadi pandhitaning ratu).[20]

Lampahipun Kyai Ajar kadhèrèkakên Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, Ki Tanujaya akalihan Ki Jasana, tiyang kalih sami anggendhong buku, manawi dipun sawang kados lampahing santri ingkang mêntas apuruhita saking pondhok, ing wêgdal wau wêdaling rêmbulan sampun ragi inggil, lampahipun [lampahipu...]

--- 2 : 61 ---

[...n] sampun dumugi ing wana Tabanan, salêbêting wana botên wontên sabawaning walang salisik, namung mirêng swaraning angkop pating karêlèk, kados swaraning kuthuk amadosi babonipun, sarêng lampahipun dumugi margi ingkang sawatawis mandhap, Kyai Ajar lajêng kèndêl, katingal kados ambudi badhe sakecaning lampah, botên sawatawis dangu Kyai Ajar lajêng angulur-ulur dhadhung saking kuliting rami, dhadhung wau saking pundi angsalipun, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sami botên sumêrêp, sarêng sampun kêmput panguluring dhadhungipun, Kyai Ajar lajêng andika, sarèhning punika marginipun mandhap, sarta sami anglumut, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, sami dipun dhawuhi anyêpêngi dhadhung wau ingkang kêncêng, kadhawuhan lumampah urut kacang, Kyai Ajar ingkang gêntos wontên wingking,

kalihan ngasta pungkasaning dhadhung ingkang sami dipun cêpêngi dening Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun wau, dhawuhipun Kyai Ajar lajêng sami dipun èstokakên, sarêng lampahipun antawis angsal kawan dasa tindak, Kyai Ajar Sidalaku lajêng anyuwara sora kados anggêtak pêksi, Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sami kagèt aguragapan, anyarêngi kagèting manahipun tiyang sakawan wau, dhadhung ingkang sami dipun cêpêngi wau kraos kados dipun sêndhal, wasana tiyang sakawan lajêng sami kaplèsèt dhawah, dhawahipun atumpuk undhung dados [dado...]

--- 2 : 62 ---

[...s] satunggal, wêgdal dhawahipun tiyang sakawan wau sami rumaos kados tiyang amlêng ical akal budinipun, sarêng sampun sami èngêt, sadaya sami anyêbut, astaga, kadospunapa kemawon kagèt pangunguning manahipun, dene Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun, sumêrêp-sumêrêp sampun dumugi wontên palataran kabupatèn kitha Kadhiri, kalêrêsan ing wêgdal wau Radèn Ayu Rôngga Pajanganom sawêg lêlangên gula-ganthi kalihan para abdi-abdi wontên ing palataran sawetan dalêm, abdi ingkang jagi ing bangsal ngajêngan botên pangling dhatêng Mas Rôngga Pajanganom, tuwin dhatêng Ki Tanujaya, amila lajêng gita-gita angaturi uninga dhumatêng Radèn Ayu Rôngga Pajanganom, bilih ingkang raka Mas Rôngga Pajanganom sampun rawuh, kalihan kadhèrèkakên Ki Tanujaya, mawi dipun dhèrèkakên tamu kalih, ingkang satunggal taksih ênèm, ingkang satunggal sampun sêpuh, sanalika ingkang sami gula-ganthi lajêng bibar, Radèn Ayu Rôngga Pajanganom lajêng enggal-enggal amêthukakên ingkang raka, sarêng sampun tundhuk, ingkang raka lajêng kakanthi kabêkta lumêbêt dhumatêng ing gadri wetan, swaraning para abdi gumuruh sami sêsarêngan alok bilih Mas Rôngga Pajanganom sampun rawuh, saking rame swaraning para abdi-abdi wau ngantos kapirêng Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat sakalihan ingkang ing wêgdal wau sawêg lêlênggahan wontên ing gadri [ga...]

--- 2 : 63 ---

[...dri] kilèn, sarta sawêg angraosi anggèning lêlana ingkang putra mantu dumugi dintên punika têtêp tigang wulan, amila Kangjêng Pangeran Adipati sakalihan lajêng sami têdhak dhumatêng ing gadri wetan, aparing pambagyarja dhumatêng ingkang sawêg rawuh, Mas Rôngga Pajanganom lajêng angabêkti dhumatêng ingkang rama marasêpuh sakalihan, Radèn Ayu Rôngga Pajanganom lajêng dipun dhawuhi ingkang rama ngabêktia dhumatêng ingkang garwa Mas Rôngga Pajanganom.

Sasampuning sami lênggah satata, Mas Rôngga Pajanganom lajêng angaturakên lêlampahanipun anggèning lêlana kalayan lêlancaran, sarta angaturi uninga, bilih ingkang rama Mas Agustundha tuwin Ki Jasana, kautus ingkang êmbah tuwin kautus gusti panêmbahan, amêthuk Mas Rôngga Pajanganom, punapa saparlunipun sampun kaaturakên sadaya, sapunika Mas Agustundha tuwin Ki Jasana, taksih sami angêntosi wontên ing jawi, Kangjêng Pangeran Adipati lajêng dhawuh dhumatêng abdi jalêr, Mas Agustundha sarencangipun, kadhawuhan mapanakên wontên ing gêdhong tamu sawetaning pandhapi, sanalika lajêng kairit kapapanakên dhatêng ing gêdhong tamu, sarta lajêng kaparingan wedang panganan sapirantosipun, dèrèng sapintêna dangunipun kalihan rawuhipun Mas Rôngga Pajanganom wau, lajêng mirêng swaraning jam agêng sawêg jam sadasa lêrês, amila Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun [sarowangipu...]

--- 2 : 64 ---

[...n] sadaya taksih gadhah rumaos kados tiyang supêna, dene saking ing Bali dumugi ing kitha Kadhiri, namung dipun lampahi kirang langkung namung satêngah jam, mênggah ingkang makatên wau kabêkta saking kadibyanipun Kyai Ajar Sidalaku ingkang pantês pinundhi-pundhi salamènipun.

Kangjêng Pangeran Adipati sakalihan ingkang garwa, punapa dene Radèn Ayu Rôngga Pajanganom, sakesahipun Mas Rôngga Pajanganom saking kitha Kadhiri, salêbêtipun tigang wulan, kaupamèkakên tarulata amarêngi môngsa katiga ngêrak, taru-taru ingkang nêmbe sumêmi, sami alum angalêntrèh dening kataman daya bêntèring Sang Hyang Bagaskara, lata-lata ingkang nêmbe sumulur, sami purêt alum saking daya bêntèring siti pêpindhanipun kados angganing manungsa ingkang kataman anandhang roga, têmahan saranduning angga anggagra kusika, sarêng sadhatêngipun Mas Rôngga Pajanganom, ing mangke pêpindhanipun, tumuruning jawah ingkang sakalangkung dêrês, andadosakên sêgêring taru-taru, dados ijo riyu-riyu, lata-lata ingkang sampun alum ical kêkuwataning sumulur, lajêng sagêd pulih kêkuwatanipun, utawi kaupamèkakên dhatênging usada ingkang prêmati, têmahan ingkang anandhang roga sanalika lajêng nirmala waluya jati.

Botên antawis dangu pangruktining dhahar sampun rampung, abdi ingkang kapatah dados tukang dhahar nyuwun cumadhong dhawuh, panataning

--- 2 : 65 ---

dhahar wontên ing pundi, kangjêng pangeran adipati aparing dhawuh kaparêng dhahar sêsarêngan kalihan Mas Rôngga Pajanganom tuwin Mas Agustundha, sarampunging panatanipun dhahar sadaya lajêng sami dhahar sêsarêngan, salêbêtipun dhahar Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat sakalihan ingkang garwa, sakêdhap-sakêdhap tansah amariksani ingkang putra mantu Mas Rôngga Pajanganom, amargi sakalangkung pangunguning panggalih dening soroting pasuryanipun ingkang putra mantu beda sangêt kalihan nalika dèrèng lêlana, kala rumiyin namung limrah saukuring anaking priyayi kemawon, sapunika katingal sumilak wêning, amancorong kados prabaning purnamasidhi, Kangjêng Pangeran Adipati sampun angintên, bilih ingkang putra mantu sampun anampèni palaling Pangeran, sagêd anggayuh punapa ingkang dados pangèsthining panggalih, ing batos Kangjêng Pangeran Adipati amêmuji sokur ing Allah, mugi-mugi ingkang putra mantu sagêda widada sapanginggilipun, sampun wontên sambekalanipun, makatên ugi Mas Rôngga Pajanganom, sampun botên kêkilapan dhatêng osiking panggalihipun ingkang rama marasêpuh, amila ing batos amêmuji, mugi-mugi ingkang rama marasêpuh dinirgakna ing yuswanipun, Gusti Allah aparinga rahmad ingkang agêng. Kamulyaning dunya mugi linanggêngna dhumatêng putra wayah.

Sarêng sampun rampung anggèning sami dhahar, lajêng bibaran, Mas Rôngga [Rông...]

--- 2 : 66 ---

[...ga] Pajanganom sakalihan ingkang garwa, kadhawuhan ngaso Mas Agustundha lajêng kadhawuhan wangsul dhumatêng ing gêdhong tamu malih, Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana sasampuning ngaturakên bêbêktaning sangunipun tuwin buku-buku angsal-angsalipun saking Bali, lajêng sami kaparingan nêdha, sarampunging nêdha lajêng ngaso nunggil Mas Agustundha wontên ing gêdhong tamu, sadaya ingkang mêntas andon lêlana lajêng sami ngaso, sadaya wau malah lajêng sidhêm pramanêm botên wontên utawi botên kamirêngan sabawaning tiyang gêginêman.

Sarêng sampun wanci awaling subuh, Mas Rôngga Pajanganom sampun wungu lajêng mlampah-mlampah wontên salêbêting capuri kabupatèn, swaraning sawung kaluruk asêsauran tanpa kèndêl, suka pitêdah bilih ing wêgdal wau sampun wanci bangun enjing, enthanipun[21] kados anggugah dhatêng para umating Allah ingkang sami taksih tilêm, kapurih sami tangi, lajêng rumaganga ing damêl punapa mêsthènipun, ungêling pêksi putêr tamban pating talêdhok, adamêl asrining pakarangan, ungêling cingcing goling, pating carêngkling, kados swaraning gêndèr

pathêt sanga, prabaning Hyang Aruna amrababak abrit, kados sirunging pasuryan ingkang nawung dêduka.

Dèrèng sapintêna dangunipun, lajêng kapirêng swaraning cinggot pating galêrit, tendha[22] para abdi jalêr èstri sampun kathah ingkang sami tangi, para abdi jalêr ingkang jagi wontên ing pandhapi, [pa...]

--- 2 : 67 ---

[...ndhapi,] tuwin ingkang tilêm wontên ing bangsal pasowanan, sampun sami tangi sadaya, lajêng anggulungi patilemanipun, sarampungipun anggèning agulungi[23] lajêng mantuk dhatêng griyanipun piyambak-piyambak, para abdi ingkang gadhah pandamêlan wontên salêbêting kabupatèn, lajêng sami anandangi pandamêlanipun piyambak-piyambak, wontên ingkang angisèni jamban, wontên ingkang rêrêsik, wontên ingkang mlêtêr anyaponi palataran, wontên ingkang anyrêbèti kursi meja sapanunggilanipun, ingkang sami gadhah kawajiban anggodhog wedang, sampun sami acêthik latu, wêgdal wau sampun angajêngakên wanci jam satêngah nêm enjing, Mas Rônggа Pajanganom lajêng wangsul lumêbêt ing gadri, ingkang garwa sampun wungu sarta sampun dipun sêrati dening abdinipun ingkang dados tukang nyêrati.

Abdi tukang wedang, lajêng angladosakên wedang pangunjukanipun Radèn Ayu Rônggа Pajanganom sakalihan ingkang raka, katungka dhatêngipun abdi tukang dhaharan, angladosakên dhaharan ingkang kadhahar ing wanci enjing, Mas Agustundha akalihan Ki Tanujaya, lajêng dipun aturi utawi dipun timbali Radèn Ayu Rônggа dhumatêng ing gadri wetan, sarêng sampun sami dhatêng, lajêng dipun aturi ngunjuk wedang tuwin dhahar sarapan sawontênipun, Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, lajêng dipun tatakakên panganan sapêpakipun, salêbêtipun sami ngunjuk wedang, Radèn [Ra...]

--- 2 : 68 ---

[...dèn] Ayu Rônggа angaturakên wilujêng dhumatêng ingkang rama Mas Agustundha, sarta amaringi wilujêng dhumatêng Ki Tanujaya, Ki Jasana, ingkang rama Mas Agustundha tuwin Ki Tanujaya, Ki Jasana, sami angaturakên panuwun, Radèn Ayu Rônggа nyuwun kabar, kadospundi kawontênanipun ing Buminatan, ing Sastranagaran punapa sami wilujêng, aturipun Mas Agustundha, sapêngkêripun kala samantên, sadaya sami wilujêng, botên wontên satunggal punapa, Mas Agustundha lajêng andumugèkakên pangandika, dhumatêng Radèn Ayu Pajanganom, bilih sariranipun kautus Gusti Panêmbahan saha ingkang rama Radèn

Tumênggu[24] Sastranagara, manawi Mas Rôngga Pajanganom sakalihan, sami dipun timbali kondur dhumatêng ing nagari Surakarta, dhawuhipun Gusti Panêmbahan, sariranipun sampun sakalangkung onêng dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom sakalihan, kajawi punika, badhe wontên pangandikanipun Gusti Panêmbahan ingkang sakalangkung wigatos dhumatêng ingkang putra Mas Rôngga Pajanganom, amila Mas Agustundha lajêng kadhawuhan anjujug wontên ing Kabupatèn Kadhiri kemawon, ananging dhawuhipun ingkang rama Radèn Tumênggung Sastranagara, manawi anjujug wontên ing kitha Kadhiri têmtu botên sagêd kapanggih kalihan Mas Rôngga Pajanganom, amargi wêgdal punika Mas Rôngga Pajanganom sawêg ngupados puruwitan[25] ingkang sagêd cocog kalihan manahipun, sagêdipun lajêng kapanggih, [ka...]

--- 2 : 69 ---

[...panggih,] Mas Agustundha kadhawuhan anjujug wontên ing astana Giri Kadhaton, dhawuhipun Radèn Tumênggung Sastranagara wau ugi lajêng kaèstokakên, sarêng dumugi ing astana Giri Kadhaton, lajêng sagêd pinanggih sayêktos, wasana Mas Agustundha lajêng dipun ajak andumugèkakên lampah ngantos dumugi ing kitha Bali.

Aturipun Radèn Ayu Rôngga, pancènipun anggèning wontên ing kitha Kadhiri namung dipun angkah dangu-dangunipun kawan dasa dintên, nanging sarèhning ingkang raka Mas Rôngga Pajanganom badhe andumugèkakên pados puruwitan sapikangsalipun, dados Radèn Ayu Rôngga kapêksa nyarantosakên sarawuhipun ingkang raka Mas Rôngga Pajanganom, dumadakan anggèning kesah pados puruwitan ingkang raka têka ngantos tigang wulan sawêg rawuh, sadangunipun Radèn Ayu Rôngga wontên ing kitha Kadhiri, kadospunapa onênging panggalihipun dhumatêng ingkang rama Gusti Panêmbahan, prasasat botên wontên pêpindhanipun, ananging kadospundi sagêdipun kondur dhatêng Surakarta, amargi Mas Rôngga Pajanganom dèrèng rawuh, saupami kesahipun ingkang raka wau kantênan ingkang dipun jujug, Radèn Ayu Rôngga Pajanganom pancèn badhe nusul, kajawi dipun ajak kondur dhatêng Surakarta, ing batos ragi ngandhut kuwatos, sarèhning dèrèng paham jajahan tanah wetan, manawi bingung, adat wêwatêkanipun [wêwa...]

--- 2 : 70 ---

[...têkanipun] tiyang tanah wetan, gampil anggèning nêmu kuwuk, tujonipun dèrèng ngantos dipun susul sampun lajêng mantuk piyambak.

Mas Rôngga Pajanganom anyambêti kalihan mèsêm, manawi lêrêsipun utawi petanganipun, pancèn dintên kalawingi dèrèng sagêd dumugi kitha Kadhiri, apês-apêsipun taksih sawulan malih, dumadakan lajêng wontên parimarmaning Pangeran dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom sarowangipun sadaya, ingkang sagêd angenggalakên dumugi kitha Kadhiri dintên kala wingi, satêlasing pangandikanipun Mas Rôngga Pajanganom, Mas Agustundha, Ki Tanujaya, Ki Jasana, kados sami sasmita gumujêng sêsarêngan. Amargi saking sami angraosakên kaelokaning Pangeran ingkang sami dipun lampahi.

Mas Rôngga Pajanganom anglajêngakên pangandikanipun dhatêng ingkang garwa bab kaelokan ingkang mêntas dipun lampahi kalawingi sontên, wiwit mangkat saking Bali ngantos dumuginipun ing Kabupatèn Kadhiri kalawau dalu, ingkang garwa sakalangkung pangunguning galihipun, sarta lajêng angalêmbana dhatêng kadibyanipun Kyai Ajar Sidalaku, dèrèng ngantos dumugi anggèning sami wawan pangandika, lajêng katungka rawuhipun Kangjêng Pangeran Adipati Cakradiningrat, sarta lajêng kaparêng lênggah lesehan anunggil sagêlaran kalihan ingkang putra tuwin ingkang sami sawêg lêlênggahan, [lê...]

--- 2 : 71 ---

[...lênggahan,] dene sadaya ingkang sawêg lêlênggahan wau lajêng sami satata amarikêlu.

Sanadyan Kangjêng Pangeran Adipati sampun rawuh sampun ngantos pakèwêd, dipun sakecakna kados kalawau, ewadene sadaya mêksa taksih sami ajrih, wasana lajêng andangu, punika wau sami angrêmbag punapa, dene kamirêngakên ngantos gêr-gêran, kados tiyang ningali wayang, pantêsipun ingkang damêl lêlucon Ki Tanujaya.

Mas Rôngga Pajanganom lajêng matur, bab lêlampahanipun kalawau dalu, punapa kawontênanipun dipun aturakên sadaya, Kangjêng Pangeran Adipati sakalangkung ngungun, ngantos kawiyos pangandikanipun, kapengin badhe têpang kalihan Kyai Ajar Sidalaku, sarta lajêng ngudaraos, jêmbar-jêmbaring jagad, têka taksih wontên tiyang ingkang gadhah kalangkungan kados kadibyanipun tiyang jaman kina, Ki Tanujaya lajêng matur, dhawuhipun Kangjêng Pangeran Adipati wau pancèn kaluhuran, sarta Ki Tanujaya pancèn sampun nêksèni piyambak, nganggêp dhatêng kalangkunganipun Kyai Ajar Sidalaku, pancèn satunggiling pandhita ingkang asoca bathara, kadibyanipun angidap-idapakên, punapa ingkang dipun pangandikakakên sadaya nyata, ananging manawi katimbangakên kalihan kadibyanipun para luhur sawêg nama ngirib-irib, Kangjêng Pangeran Adipati [Adi...]

--- 2 : 72 ---

[...pati] kados dèrèng kasupèn, kalangkunganipun saha kadibyanipun Radèn Tumênggung Kêrtanagara, abdi dalêm Bupati Kadipatèn, ingkang umum asma Kartanagarasêkti, kalasamantên sawêg pinuju caos, dene Kaliwon ingkang caos Radèn Ngabèi Yasadipura kaping II (Sastranagara) Ki Tanujaya inggih andhèrèk, dilalah salêbêting Karaton kalêbêtan duratmaka, manawi botên kasupèn, lêbêting duratmaka wanci jam 11 dalu, Radèn Tumênggung Kêrtanagara ngêndika kalihan Radèn Ngabèi Yasadipura, manawi salêbêting Karaton mangke badhe kalêbêtan duratmaka, dene ingkang dados duratmaka satriya dibya sêkti môndraguna sagêd manjing ajur-ajèr, Radèn Ngabèi Yasadipura kadhawuhan ngatos-atos, sarêng sampun wanci lêbêting duratmaka, Radèn Tumênggung Kêrtanagara, kalih Radèn Ngabèi Yasadipura lajêng sami malêbêt dhatêng kaputrèn, lêbêtipun prayagung kalih wau sami matak aji lêlimunan, sarêng sampun dumugi ing Kaputrèn, lajêng anjêjêp wontên panggenan ingkang badhe dipun jujug dening duratmaka, kala samantên ingkang dados duratmaka sampun botên kêkilapan salêbêtipun dhatêng ing kaputrèn manuksma kaleyanging godhong dhadhap ingkang kèli ing kalèn, prayagung kalih wau inggih botên kewran dhatêng gêgêlaring kadibyanipun sang duratmaka, enggalipun lajêng abôndayuda ngabên kasêktèn, sang duratmaka ingêbut kalih, nalika campuhipun sang duratmaka kalihan prayagung kalih wau, manawi dipun [di...]

--- 2 : 73 ---

[...pun] côndra kados pêrangipun Radèn Narayana kalihan Radèn Prêmadi nalika wontên ing kraton Kumbina, wêkasan ingkang dados duratmaka kapikut, makatên malih nalika Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun punika (kaping V) taksih jumênêng Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom, têdhak dhumatêng Samarang, kagungan karsa badhe mundhut wangsul tanah Jawi ingkang prajangjianipun namung dipun paosi, kala samantên namung kadhèrèkakên pangeran putra dalêm 2, bupati nayaka 2, kanthi Radèn Tumênggung Sastranagara, sadumuginipun Samarang, nalika Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom badhe têdhak pêpanggihan kalihan tuwan jendral, sadèrèngipun têdhak, sarira dalêm sadaya dipun sidhikara kalihan Radèn Tumênggung Sastranagara, dumadakan sarampunging parlu pêpanggihan, kalampahan angsal damêl sayêktos, prajangjian lajêng kaaturakên wangsul, sarta Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom dipun aturi bujana wontên salêbêting kapal pêrang, ngiras amariksani punapa kawontênanipun kapal pêrang, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom inggih amituruti kaparêng têdhak, sarêng dumugi ing baita, tuwan jendral sakalangkung anggèning angurmati, botên sawatawis dangu lajêng lênggah dhahar, sabibaring dhahar kangjêng

gusti lajêng amariksani salêbêting baita, sarêng anggèning mariksani dumugi ing ngêdhèg, kangjêng gusti angasta hèk kalihan anguk-anguk [anguk-angu...]

--- 2 : 74 ---

[...k] sagantèn, kangjêng gusti angagêm supe pusaka dalêm, kagêm ing panunggul ragi logro, wasana pusaka dalêm supe ingkang kagêm wau lajêng rêntah dhumatêng ing sagantên, panggalih dalêm sakalangkung kagèt, saking kagèting panggalih dalêm, kawiyos pangandika dalêm ingkang sora, ngantos kamirêng[26] tuwan jendral, tuwan jendral lajêng nyuwun matur, punapa ingkang dhawah dhumatêng sagantên, kangjêng gusti amangsuli, agêm dalêm supe dhawah dhumatêng sagantên, tuwan jendral namung sadhakêp kalihan gêgêtun, wasana kangjêng gusti lajêng animbali dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, dipun paringi uninga bilih agêm dalêm supe kacêmplung ing sagantên, dhawuh dalêm, kadhawuhan amadosi, unjukipun sêndika.

Radèn Tumênggung Sastranagara kèndêl sakêdhap, angêningakên panggalih, sami sanalika agêm supe sampun kagêgêm ing asta têngên, lajêng kaunjukakên tuwan jendral sarêng uninga ngantos gèdhèg-gèdhèg.

Aturipun Ki Tanujaya, sadaya wau manawi sampun kagalih tandhês, sarta manawi sampun sagêd anunggilakên gêsang kita kalihan ingkang adamêl gêsang, ingkang dipun paribasakakên, roroning atunggal, utawi satu mungging rimbagan, punika punapa ciptanipun dados, ananging Tanujaya sagêdipun namung cariyos, manawi anglampahi botên sagêd.

--- 2 : 75 ---

Satêlasing aturipun Ki Tanujaya, Kangjêng Pangeran Adipati lajêng mèsêm kalihan ambalang srutu manila dhatêng Ki Tanujaya, pog, kenging dhadhanipun, cêg, katubruk lajêng dipun akêp, Ki Tanujaya lajêng angêdalakên thithikan, dèrèng ngantos kathithikakên, lajêng dipun paringi upêt dening Radèn Ayu Rôngga Pajanganom.

Kangjêng Pangeran Adipati lajêng andangu dhumatêng Ki Tanujaya, nalika ing nglêbêt karaton kalêbêtan durjana, Ki Tanujaya punapa sampun gadhah anak.

Aturipun Ki Tanujaya sampun gadhah anak satunggal, kintên-kintên umur 3 taun, môngka sapunika sampun umur 18 taun, dados lamènipun sapriki sampun 15 taun, Kangjêng Pangeran Adipati lajêng angèngêt-èngêt, wasana lajêng angandika, kados sampun lêrês, amargi kalasamantên sariranipun sampun dados santana dalêm Riya, taksih asma Radèn Mas Arya Puspadiningrat, malah sapêngkêripun wontên durjana sabên dalu lajêng kadhawuhakên tuguran, pangeran putra satunggal, pangeran santana satunggal, riya pandhapi satunggal, riya ngandhap sawo satunggal, santana panji cacah sakawan, ananging dipun pilihi ingkang sampun yuswa tigang dasa taun minggah. Dumugi samantên Radèn Ayu Rôngga Pajanganom, apêgat,

--- 2 : 76 ---

klimah matur dhumatêng ingkang rama, sarèhning anggènipun wontên ing kitha Kadhiri sampun antawisipun kawan wulan, sarta ingkang rama gusti Panêmbahan tuwin ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara ngantos utusan nusul, amila manawi kaparêng dintên benjing enjing utawi dangon-dangonipun tigang dintên, ingkang garwa Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang salira, sami nyuwun pamit kondur dhumatêng nagari Surakarta.

Kangjêng Pangeran Adipati pancènipun taksih awrat amarêngakên, sarta taksih kangên kalihan Mas Rôngga Pajanganom, ananging sarèhning Mas Rôngga Pajanganom pancèn dipun bêtahakên dening ingkang rama Gusti Panêmbahan, amila panyuwunipun pamit ingkang putra wau Kangjêng Pangeran Adipati inggih sampun amarêngakên, ananging kadhawuhan anyarantosakên tigang dintên kemawon malih, amargi badhe dipun paringi angsal-angsalan sapantêsipun, punapadene sarèhning Radèn Ayu Rôngga katingal sampun ambobot, dhawuhipun ingkang rama benjing êmbèn wau kadhawuhan nitih tandhu kemawon, badhe kapilihakên tandhu ingkang cêkap kangge tiyang sakawan, dados saliranipun botên kontrag, makatên malih kala samantên kangjêng pangeran adipati dèrèng ngantos amaringi kancing ukêl dhumatêng ingkang putra, amargi Mas Rôngga Pajanganom kasêsa badhe anjajah dhatêng tanah wetan, sarèhning sapunika sampun dhatêng, [dha...]

--- 2 : 77 ---

[...têng,] amila paringipun kancing gêlung lajêng kaparingakên, wangkingan lajêng kaparingakên dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, dhawuhipun, wangkingan punika nama Kyai Abimanyu, pusaka saking ingkang eyang Radèn Tumênggung Puspadiningrat, kala rumiyin agêmipun ingkang eyang buyut Radèn Tumênggung Cakradiningrat

(juragan Bali), sasampunipun wangkingan dipun tampèni, Mas Rôngga Pajanganom nyuwun lilah badhe uninga wilahipun, sarampungipun dipun pariksani wangkingan lajêng dipun agêm, Kangjêng Pangeran Adipati lajêng jumênêng badhe lênggah ing pandhapi, sadaya sami kadhawuhan andumugèkakên lêlênggahan.

Sarêng sampun dumugi tigang dintên, Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa, saèstu badhe wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta, sadèrèngipun Mas Rôngga nyuwun pamit dhumatêng Kangjêng Pangeran Adipati sakalihan, tandhu ingkang badhe dipun titihi Radèn Ayu Rôngga Pajanganom dalah ingkang badhe ngrêmbat, punapadene bau-bau ingkang badhe angrêmbat bêbêktanipun Radèn Rôngga Pajanganom sakalihan, sarta ingkang kapatah ngrêmbat angsal-angsal, sampun sami siyaga wontên ing ngajêngan, kapal-kapal sabêgondhalipun, ingkang badhe dipun titihi Mas Rôngga Pajanganom, Mas Agustundha sarta ingkang badhe dipun tumpaki Ki Tanujaya, Ki Jasana punapa dene ingkang badhe dipun tumpaki para Mantri Kadhiri ingkang kadhawuhan andhèrèkakên dumugi [du...]

--- 2 : 78 ---

[...mugi] Surakarta ugi sampun sami siyaga, botên sawatawis dangu kangjêng pangèran adipati sakalihan ingkang garwa, lajêng mêdal lênggah ing pandhapi, Mas Rôngga Pajanganom sakalihan, lajêng nyuwun pamit, sasampuning sami ngabêkti, lajêng kalilan bidhal, ingkang rama kangjêng pangeran adipati sakalihan, sami anguntapakên dumugi sangajênging kabupatèn.

Ingkang lumampah wontên ing ngajêng piyambak bau-bau ingkang sami angrêmbat pangagêman sarta bau ingkang sami angrêmbat angsal-angsal, antawis kalih dasa rêmbat, tuwin bau-bau andhungan ingkang anggêntosi ngrêmbat wontên ing margi, lajêng dipun tindhihi para mantri jagakarya, ing kabupatèn kalih iji, sami anumpak kapal, lajêng lampahing tandhu ingkang dipun titihi Radèn Ayu Rôngga Pajanganom, ingkang andhèrèk numpak tunggil satandhu Mas Rara Sarsiyêm, abdi êmban kalih iji, dipun rêmbat tiyang wolu, sawingkinging tandhu lajêng bau andhungan 16 iji, lajêng para Mantri jagakarya kabupatèn cacah 4 iji, sarta Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, ugi sami anumpak kapal, satêngêning tandhu Mas Agustundha, sakiwaning tandhu Mas Rôngga Pajanganom, inggih sami anumpak kapal, sawingkingipun para mantri jagakarya lajêng bau-bau ingkang sami angrêmbat barokoh isi têtêdhan ingkang kangge sudhiyan wontên ing margi, lampahipun gumarêdêg adamêl asrining radinan agêng, samêrgi-mêrgi dados têtingalaning [têti...]

--- 2 : 79 ---

[...ngalaning] akathah ingkang sami dèrèng sumêrêp, pangintênipun awarni-warni, wontên ingkang angintên para kangjêng bupati badhe sowan dhumatêng ing nagari Surakarta wontên ingkang amastani bôngsa luhur boyongan badhe apindhah dêdalêm.

Lampahipun Mas Rôngga Pajanganom sapandhèrèkipun sadaya wontên ing margi botên kacariyosakên, namung amêndhêt gancaring cariyos, manawi siyang andumugèkakên lumampah, manawi dalu anyipêng wontên ing kawadanan pundi ingkang sami kamêrgèn, wontên ing margi laminipun pitung dintên pitung dalu, lajêng dumugi ing nagari Surakarta, anjujug wontên ing dhusun Mondhokan, salèr wetanipun nagari, Ki Tanujaya kalih Ki Jasana, kadhawuhan angrumiyini angaturi uninga ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, sadumuginipun ing Sastranagaran, lajêng matur punapa kawontênanipun, andadosakên sukaning panggalihipun Radèn Tumênggung Sastranagara, wasana lajêng dhawuh sudhiya pisêgah sapantêsipun, dayaning prayagung luhur adamêl pisêgah tiyang atusan, botên ngantos kawan jam pangruktining sêkul ulam sampun sami matêng sadaya, sarêng sampun sontên, ingkang arêrêm wontên ing pamondhokan lajêng sami mangkat, wanci sêraping srêngenge sadaya sampun dumugi ing Sastranagaran, ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara amapagakên dhatêng taritising pandhapi, ingkang wayah Radèn [Ra...]

--- 2 : 80 ---

[...dèn] Ayu Rôngga Pajanganom, sasampuning kaparingan wilujêng, lajêng kakanthi kalêbêtakên ing dalêm, ginarêbêg para pandhèrèk saha para putra santana Sastranagaran ingkang sami amêthuk dhatêng palataran, sadumugining dalêm lajêng sami lênggah sadaya, katungka lumadosipun pangunjukan wedang sarta lumadosipun dhaharan, tuwin lajêng dipun ladosi dhahar, ingkang pantês andhèrèk dhahar sami kadhawuhan dhahar sêsarêngan, sabibaring dhahar lajêng sami kalilan ngaso Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa, lajêng sami ngaso dhumatêng ing gêdhong wetan, sadaya lajêng sami bibaran, sarta kaprênahakên wontên panggenan ingkang sampun kasudhiyakakên.

Sarêng enjingipun, Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa, siyaga badhe sowan dhumatêng ing Buminatan, angsal-angsal ingkang kabêkta dhumatêng ing Buminatan, sampun kasudhiyakakên dalah ingkang ngrêmbat, sarêng sampun samêkta lajêng sami mangkat, sadumuginipun ing Buminatan, kalêrêsan ing wêgdal wau Gusti Panêmbahan sampun lênggah wontên ing jawi, sarêng uninga Mas

Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa, sampun dhatêng sakalangkung sukaning panggalihipun, Gusti Panêmbahan ngantos kaparêng mêthuk dhumatêng ingkang putra lajêng kalêbêtakên ing dalêm, Radèn Ayu Rôngga Pajanganom lajêng dipun panggihi para priyantun ing Buminatan sadaya, ingkang pangrêngkuhipun sami [sa...]

--- 2 : 81 ---

[...mi] rêsêp rumakêt kados putranipun piyambak, sadaya angsal-angsal lajêng kapasrahakên dhumatêng priyantunipun Gusti Panêmbahan ingkang pinitados, ingkang dhumatêng para bibi-bibi lajêng sami kapasrahakên piyambak-piyambak, Gusti Panêmbahan lajêng wangsul lênggah wontên ing paringgitan ingkang iring wetan, kaadhep dening Mas Rôngga Pajanganom, Gusti Panêmbahan lajêng aparing wilujêng dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, sarta andangu dene ngantos dangu botên wangsul-wangsul dhatêng ing nagari Surakarta, Gusti Panêmbahan ngantos sakalangkung onêng, saking sakalangkung onênging panggalih, ngantos kalampahan Mas Agustundha kadhawuhan nusul dhatêng ing kitha Kadhiri, ananging wêkasanipun angalênthar, botên wangsul sarta botên wontên katranganipun, panggalihipun Gusti Panêmbahan ngantos judhêg.

Mas Rôngga Pajanganom lajêng ngaturakên punapa kawontênanipun, nalika dipun undhuh dhumatêng ing Kabupatèn Kadhiri, kawontênanipun pasamuwan dumugi sabibaripun, sarta wiwit anggènipun kesah ngupados puruwitan ngantos kapanggihipun kalihan ingkang rama Mas Agustundha wontên ing Giri Kadhaton, punapa dene wangsulipun anglajêngakên pados puruwitan dhatêng nagari Bali, tuwin lêlampahan kawontênanipun nalika wontên ing Bali ngantos dumuginipun wangsul dhumatêng ing Kabupatèn Kadhiri, sampun dipun aturakên sadaya botên wontên ingkang kalangkungan.

--- 2 : 82 ---

Nalika Gusti Panêmbahan amirêngakên aturipun Mas Rôngga Pajanganom ingkang sampun kaaturakên sadaya wau, panggalihipun sakalangkung rêna, anggèning amirêngakên botên cêkap namung sapisan kemawon, nanging manawi wontên ingkang nocogi kalihan panggalihipun, Mas Rôngga Pajanganom kadhawuhan mangsuli malih, langkung malih sarêng angunjukakên anggèning wontên ing kitha Bali, ngantos dumuginipun wangsul dhumatêng ing Kabupatèn Kadhiri, saupami dhahar makatên prasasat botên sagêd tuwuk, tandhanipun kêdhap-kêdhap andangu bab punika, sarêng sampun wanci dhahar, Gusti Panêmbahan lajêng lênggah dhahar, Mas Rôngga Pajanganom sakalihan ingkang garwa, sami

kadhawuhan andhèrèk dhahar, salêbêting dhahar sênbening[27] pangandika, namung anggènipun Mas Rôngga Pajanganom nalika mangkat saking Bali dumuginipun ing Kabupatèn Kadhiri, para priyantun ingkang sami amirêngakên saming[28] gumujêng gêr-gêran, sadaya sami gumun, malah wontên ingkang kawêdal pangandikanipun, Kyai Ajar Sidalaku punika wêrnènipun kadospunapa, patutipun gadhah pasêmon wingit, kados pasêmoning bôngsa luhur, kuciwanipun panggenanipun têbih sangêt, saupami cêlaka pancèn kapengin badhe sowan.

Sarêng sampun rampung anggèning dhahar, Gusti Panêmbahan lajêng jumênêng wangsul lênggah ing jawi malih, Mas Rôngga Pajanganom andhèrèk lajêng satata ngadhêp malih, Radèn Ayu Rôngga Pajanganom [Pajangano...]

--- 2 : 83 ---

[...m] kadhawuhan anatakakên pasarean wontên ing kamar gadri wetan, supados lajêng ngaso.

Gusti Panêmbahan taksih andumugèkakên lênggah malih, ingkang kalilan ngadhêp namung Mas Rôngga Pajanganom piyambak, angandikakakên punapa kawontênanipun ing nagari Surakarta, salêbêtipun Mas Rôngga Pajanganom wontên ing kitha Kadhiri, salêbêtipun wawan pangandika, Gusti Panêmbahan angudaraos, dene solah bawanipun Mas Rôngga Pajanganom têka beda sangêt kala rumiyin kalihan sapunika, sanadyan kala rumiyin sampun kawical peranganipun tiyang sagêd, nanging botên kados sapunika, samukawisipun sampun angatawisi bilih badhe dados cêcalonaning tiyang linangkung, dalah soroting wadana sampun katingal padhang sumêblak kados pamanjêring purnamasidhi, amila Gusti Panêmbahan rumaos bingah dene kagungan kanthi ingkang sampun kenging pinasrahan angêmbat pakaryaning praja.

Wiwit punika Mas Rôngga Pajanganom lajêng anjrak wontên ing Buminatan, amargi kaparêngipun Gusti Panêmbahan, ingkang putra Radèn Ayu Rôngga Pajanganom, kadhawuhan wontên ing Buminatan, parlunipun kadhawuhan lêstantuna angawat-awati lêbêt wêdaling yatra ingkang katindakakên sabên dintên, ingkang kaping kalih Mas Rôngga Pajanganom sabên dintên sagêd wontên ngarsanipun Gusti Panêmbahan, dados manawi sawanci-wanci wontên parlunipun [parlu...]

--- 2 : 84 ---

[...nipun] Gusti Panêmbahan, sanalika sagêd kadhawuhakên, aturipun Mas Rôngga Pajanganom, sêndika. Sadangunipun Mas Rôngga Pajanganom anjrak wontên ing Buminatan, rintên dalu babar pisan botên sagêd ngaso, ewadene raosing panggalihipun namung sênêng, dene tansah winêlêg ing piwulang ingkang murakabi agêng dhumatêng sariranipun, ananging sasêlaning parlunipun Gusti Panêmbahan, utawi manawi Gusti Panêmbahan anuju sawêg sare, tuwin anuju têdhakan ingkang Mas Rôngga Pajanganom botên kadhawuhan andhèrèk, Mas Rôngga Pajanganaom lajêng amrêlokakên sowan ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, dene ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, anggèning paring piwulang dhumatêng Mas Rôngga Pajanganom, malah saya anglangkungi kalihan ingkang sampun.

Taksih anunggil salêbêting taun Jimawal 1749, kaparêngipun Gusti Panêmbahan, Mas Rôngga Pajanganom, kasuwunakên dados abdi dalêm mantri carik kadipatèn anom, ing wêgdal wau sampun anyarêngi kalihan môngsakalanipun gampil, sarêng sêrat sampun konjuk, botên ngantos pitung dintên, sampun wontên wiyosing nawala dalêm, anggènipun Mas Rôngga Pajanganom, kasuwunakên dados mantri carik, sampeyan dalêm sampun amarêngakên, kapatêdhan nama Mas Ngabèi Sarataka, saking bingahing panggalihipun Gusti Panêmbahan, sanalika [sana...]

--- 2 : 85 ---

[...lika] nawala dalêm wau lajêng kaparingakên dhumatêng Radèn Tumênggung Sastranagara, kadhawuhan anêtêpakên kados adat, Mas Rôngga Pajanganom lajêng kairit dhumatêng ing bangsal Marakata, lajêng kakêpyakakên, têtêpipun dados abdi dalêm Mantri Carik, sinangkalan angkaning warsa, têrus dadi pandhitaning ratu.[29]

Sasampuning têtêp dados abdi dalêm mantri carik, sabên ing dintên Sênèn Kêmis, Mas Ngabèi Sarataka wiwit sowan malêbêt, sajêngkar dalêm lênggah sewaka, lajêng sowan kantoran, ngantos dumugi jam 3 siyang, manawi kathah pandamêlan têrkadhang ngantos langkung saking jam 3 siyang, para kancanipun abdi dalêm panèwu mantri carik kadipatèn sapangandhap, punapadene abdi dalêm panèwu mantri carik kasêpuhan, sanadyan umuripun sami mênang sêpuh, amargi Mas Ngabèi Sarataka sawêg antawisipun yuswa tiga likur taun, ewadene sadaya sampun sami angaosi sarta sampun dipun aji-aji, dados manawi karaosakên panjang, wontênipun jaman sapunika para sagêd sami angsal pangaji-aji, punika pancèn botên thukulan jaman sapunika kemawon, ananging pancèn sampun cangkokan wiwit kala jaman kina.

Mas Ngabèi Sarataka sadaya pandamêlan saha sêsêratanipun, kasusastran sapanunggilanipun, lajêng dados têtuladanipun para abdi dalêm panèwu mantri carik sadaya, saking saening [sae...]

--- 2 : 86 ---

[...ning] sêratanipun, kaparênging karsa dalêm, abdi dalêm carik sami kadhawuhan anulad, ngantos kasusra lajêng karan cengkok kadipatèn.

Nalika Mas Ngabèi Sarataka yuswa salangkung taun, anêdhak sêrat pêpalinipun para panjênêngan dalêm nata, sangandhaping sêrat pêpali wau mawi dipun dèkèki ôngka taun nalika panêdhakipun 1753 saking saening sêratanipun, waris ingkang anyimpên sêrat pêpali wau, gadhah pamanggih pantês kaaturakên ing kangjêng parentah agêng nagari kala samantên ingkang jumênêng pêpatih dalêm Bandara Kangjêng Radèn Adipati Sasradiningrat, ingkang adêdalêm ing dhukuh Ngendraprastha, sêrat wau sarêng dipun uningani, bandara kangjêng radèn adipati sakalangkung angalêmbana saening sêratanipun, malah kaparêngipun bandara kangjêng radèn adipati, sêrat pêpali wau lajêng kadhawuhan amlangkani mawi kaca, kapasang wontên sacêlaking palênggahanipun.

Wêkdal kala samantên, sabên dintên Sênèn Kêmis sabibaring pasowanan, manawi sampeyan dalêm sampun lênggah ing langên katong. Mêthelan Mas Ngabèi Sarataka têmtu katimbalan ngêndikan ing sampeyan dalêm, parlu andangu punapa ingkang dados kaparêngipun karsa dalêm piyambak, utawi sanès-sanèsipun, tarkadhang manawi panggalih dalêm anuju sêla, sampeyan dalêm [da...]

--- 2 : 87 ---

[...lêm] lajêng andangu nalika Mas Ngabèi Sarataka kesah puruwita dhumatêng ing tanah wetan, Mas Ngabèi Sarataka inggih lajêng munjuk kawontênanipun, sanadyan sampeyan dalêm sampun botên kêkilapan dhumatêng para putra santana dalêm, ingkang taksih sami gadhah kalangkungan kados ingkang dipun unjukakên Mas Ngabèi Sarataka wau, kados ta: kalangkunganipun ingkang rama Gusti Panêmbahan Buminata, manawi sampun tiwikrama sagêd ngêdalakên swara kados swaraning balêdhèg, Radèn Tumênggung Sasradipura manawi sampun tiwikrama sagêd andhatêngakên lindhu sami sanalika, Radèn Tumênggung Kêrtanagara manawi sampun tiwikrama punapa saciptanipun dados, taksih kathah para putra santana dalêm, tuwin para abdi dalêm ingkang sami dipun pangandikakakên sami taksih kagungan tuwin ingkang sami taksih gadhah kalangkungan ingkang kados makatên wau, dados

kalangkunganipun Kyai Ajar Sidalaku wau inggih botên anggumunakên tuwin botên anèh, malah pangandika dalêm, sadaya tiyang ingkang sampun kasumêrêpan utawi kasusra sami gadhah kalangkungan, manawi dipun raosakên kalayan panjang, kadosdene sampun kodrat gadhahanipun piyambak, utawi sampun gadhah wiji badhe dados tiyang linangkung, amila piwulang ingkang dipun lêbêtakên dhatêng manahing tiyang ingkang sampun gadhah wiji kalangkungan wau, punika namung dipun upamèkakên nyiram wiji ingkang sampun [sa...]

--- 2 : 88 ---

[...mpun] dados dhêdhêran, manawi anggèning anyirami sagêd anêlêsi siti ingkang kangge andhêdhêr wiji wau, têmtu lajêng thukul, ananging tiyang ingkang botên gadhah kodrat dados tiyang linangkung, sanadyan dipun wulanga sakathahing kasagêdan dening tiyang ingkang kasagêdanipun prasasat sagêd anjara langit, sadaya piwulang wau rêkaos sangêt sagêdipun lumêbêt dhatêng sanubari, têrkadhang sisip sêmbiripun sagêd dados tundha bema, ananging sadaya tiyang punika têmtu sami gadhah wiji kasagêdan, saupami wijining kasagêdan wau dhatêng kanuragan, manawi dipun tanêmi ing ngèlmu kasunyatan, punika têmtu botên sagêd thukul sae, sagêda thukul inggih namung thukul-thukulan kemawon, dene sagêdipun thukul sae manawi dipun tanêmi ing ngèlmu kanuragan, dados kalangkungan wau kajawi pancèn sampun dados gadhahanipun piyambak, ingkang tamtu gandhèngipun kalayan kaelokan, dene kaelokan wau prasasat botên kenging ginayuh, bokmanawi sadaya kados taksih sami èngêt dhatêng dadongenganipun Bagus Sanjaya, anakipun Rôngga Kartayuda ing Warung, punika nalika sawêg lair saking ing guwa garba, sampun gadhah kalangkungan utawi kaelokan, nalika ari-arinipun badhe dipun kêthok, kadamêlakên wêlad dêling kados limrahing jabang bayi lair, botên sagêd pasah, dalah dipun pagas kathahing dêdamêl, ugi botên wontên ingkang pasah, malah dipun [di...]

--- 2 : 89 ---

[...pun] cobi dipun gigit ing untu dening tiyang sêpuhipun, mêksa tanpa damêl, wasana namung lajêng dipun kèndêlakên kemawon, nalika ngupakara jabang bayi, ari-arinipun ugi katut dipun upakara nanging sarêng sampun kala mangsananipun uwal, ari-ari wau lajêng sagêd pisah saking pusêr, nanging lajêng ical botên kantênan, tiyang sêpuhipun botên sagêd amanggihakên, Bagus Sanjaya wau sarêng sampun umur sawindu, katingal sampun gadhah kalangkungan, awakipun sampun botên pasah kataman tapak paluning pandhe, saya agêng lajêng katingal kalangkunganipun ingkang anèh-anèh dene karosanipun sampun kasusra sagêd angawonakên gajah, tuwin sampun nate amrithili kuku siyunging sima namung kalayan tangan kemawon, manawi dipun cakar utawi dipun

kêrah-kêrah dening sima ingkang dipun parithili wau, pangraosipun namung kados dipun kukur ing rare alit kemawon, nalika suwarga dalêm ingkang eyang sampeyan dalêm suwarga, sabên wontên sima enggal, Bagus Sanjaya lajêng kalêbêtakên ing kandhang sima, sarèhning anggèning kalêbêtakên dhatêng kandhang sima wau sampun kêkêrêpên, dados dangu-dangu simanipun malah kamigilan, rumaos kawus sangêt dhatêng Bagus Sanjaya, dene Bagus Sanjaya wau sarêng sampun diwasa lajêng dados pêpatih dalêm, kapatêdhan nama Radèn Adipati Sasradiningrat, ingkang karan Seda ing Bêtawi, punika kalêrês ingkang eyang [e...]

--- 2 : 90 ---

[...yang] kalihan priyantun dalêm Radèn Ayu Sasrakusuma, tuwin ingkang eyang kalihan Radèn Adipati Sasradiningrat punika.

Nalika Sèh Sitijênar amirêngakên pamêjangipun Sunan Benang dhumatêng Sunan Kalijaga, sanadyan namung mirêngakên kemawon, suprandene sagêd gadhah kalangkungan angungkuli kasagêdanipun para wali, ingkang makatên wau tumrap Sèh Sitijênar, wijining kasagêdan dhatêng ngèlmu kasunyatan, saupami ingkang kawêjangakên Sunan Benang wau babagan ngèlmu kanuragan utawi sanèsipun, punika dèrèng têmtu bilih Sèh Sitijênar sagêd nyakup dhatêng sakathahing piwulang ingkang dipun mirêngakên wau, mila manawi tiyang sêpuh punika botên awas pamawasipun dhatêng lare, kadadosanipun lajêng botên sagêd kados pangajêng-ajênging tiyang sêpuhipun.

Para abdi dalêm ingkang sami ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, mirêng pangandika dalêm ingkang kados makatên wau, sadaya sami angluhurakên pangandika dalêm, kala samantên ingkang ngadhêp cakêt wontên ing ngarsa dalêm: 1. Radèn Tumênggung Cakradipura, Radèn Ngabèi Yasadipura kaping II (Sasranagara), 3. Mas Ngabèi Sarataka, dene prayagung kalih wau sami dados kêkasih dalêm, sarta sami kagungan kalangkungan tuwin kadibyan ingkang sampeyan dalêm sampun uninga piyambak, namung sampeyan dalêm kagungan pangintên, Mas Ngabèi Sarataka punika kasagêdanipun [kasagêdanipu...]

--- 2 : 91 ---

[...n] sampun cêkap kagêm angladosi sampeyan dalêm, nanging kuciwa dene umuripun dèrèng kathah, saupami sampun andungkap umur kawan dasa taun, pangintêning panggalih dalêm kados gadhah kalangkungan ingkang botên beda kalihan prayagung kalih wau, amila kaparênging

karsa dalêm, Mas Ngabèi Sarataka lajêng kakulinakakên ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, tuwin lajêng kadhawuhan anampèni dhawuh dalêm ingkang badhe kadhawuhakên dhatêng pundi kaparêngipun karsa dalêm.

Kala samantên, saupami sêkar Mas Ngabèi Sarataka sampun wiwit mêgar saking salaga, sanadyan dèrèng sapintêna kathahing yuswanipun, ananging sampun botên nate amangsulakên ingkang dados pandangu dalêm, ananging dèrèng sapintêna dangunipun anggèning Mas Ngabèi Sarataka kapiji wontên ing ngarsa dalêm, wasana sarêng amarêngi ing dintên Jumuwah Kaliwon tanggal kaping 29 wulan Bêsar ing taun Je 1750, sinangkalan, sirna gatining pangandika nata[30] Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping V, surut, gêrah dalêm namung sawatawis dintên dangunipun, surut dalêm wau sampeyan dalêm sawêg yuswa 39 taun langkung 8 wulan 23 dintên lamining jumênêng dalêm nata namung 2 taun langkung 11 wulan, 26 dintên lajêng kasarèkakên dhumatêng ing astana dalêm Ngimogiri.

--- 2 : 92 ---

Nalika dhumawahing gêrah dalêm, lajêng botên kaparêng mêdal saking kamar pasareyan dalêm, ingkang kalilan ngadhêp wontên sacêlaking pasareyan dalêm, para bêndara kangjêng pangeran putra dalêm namung Gusti Panêmbahan Buminata punika kalêrês ingkang rama paman kalihan sampeyan dalêm, para abdi dalêm namung Radèn Tumênggung Sasranagara, 2. Radèn Tumênggung Cakradipura.

Kacariyos, nalika surut dalêm kirang tigang dintên, Radèn Tumênggung Sastranagara kautus sampeyan dalêm, andikakakên animbali pêpatih dalêm, Kangjêng Radèn Adipati Sasradiningrat, Radèn Tumênggung Sastranagara sadumuginipun ing kapatihan, kangjêng radèn adipati sampun siyaga dados kampuhan, lênggah wontên ing paringgitan ingkang sisih kilèn, sadhatêngipun utusan dalêm, sasampunipun dipun ancarani lênggah satata, utusan dalêm wau dèrèng ngantos andhawuhakên timbalan dalêm, pêpatih dalêm sampun angrumiyini matur nuwun sêndika kangjêng radèn adipati lajêng sowan malêbêt, kadhèrèkakên Radèn Tumênggung Sastranagara, sadumuginipun ing nglêbêt, lajêng anjujug ing pasarean dalêm kemawon, sarêng sampun kauningan ing sampeyan dalêm, sampeyan dalêm dèrèng ngantos andhawuhakên ingkang dados kaparêngipun ing karsa dalêm, kangjêng radèn adipati sampun angrumiyini munjuk, kawula nuwun, sadaya ingkang dados kaparêngipun [ka...]

--- 2 : 93 ---

[...parêngipun] ing karsa dalêm ingkang badhe kadhawuhakên, unjuk kawula nuwun sêndika, ingkang makatên wau sampeyan dalêm inggih sajak katingal sampun tampi dhatêng unjukipun pêpatih dalêm wau, saha kawistara andadosakên karênanipun panggalih dalêm, sampeyan dalêm kalihan sarean lajêng mèsêm.

Ingkang sami angadhêp wontên sacêlaking pasareyan dalêm, mirêng unjuk sasmitanipun pêpatih dalêm ingkang kados makatên wau ugi sajak sampun sami mangrêtos sadaya, kawistara saking bingaring pasuryan saha sami angatingalakên lêga rênaning panggalih, Gusti Panêmbahan Buminata malah lajêng mèsêm kalihan amanggut-manggut.

Sarêng sampun sawatawis dangu, kangjêng radèn adipati saha Gusti Panêmbahan, tuwin Radèn Tumênggung Sastranagara, sami kadhawuhan mêdal, namung Radèn Tumênggung Sasradipura ingkang taksih kalilan ngadhêp wontên sacêlaking pasarean dalêm, akalihan priyantun dalêm Radèn Ayu Dewakusuma. Kangjêng radèn adipati lajêng têrus sowan kangjêng tuwan residhèn, kala samantên ingkang dados residhèn wontên ing Surakarta, Kangjêng Tuwan W.P. pan Ham (Wilêm Pikèt pan Ham) kangjêng radèn adipati lajêng andhawuhakên dhawuh dalêm dhatêng kangjêng tuwan residhèn, unjukipun kangjêng tuwan residhèn sêndika, amila kangjêng tuwan residhèn lajêng angaturi sêrat dhatêng [dha...]

--- 2 : 94 ---

[...têng] Kangjêng Tuwan P. E. Rênês, guprênur jêndral ing Bêtawi.

Sarêng amarêngi ing dintên Sênèn Kaliwon tanggal kaping 10 wulan Sura ing taun Dal 1751 wuku Wuye windu Kunthara, sinangkalan têtêp wigati sabdaning pêpatih,[31] putra dalêm pambajêng Bandara Kangjêng Pangeran Arya Adikusuma, miyos saking priyantun dalêm Radèn Ayu Sasrakusuma, putranipun Radèn Tumênggung Cakradipura kaping 2, kajumênêngakên Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Anom Sudibya Rajaputra Narendra Mataram, sarêng sampun jumênêng kangjêng gusti pangeran adipati anom, lajêng kajumênêngakên nata, ajêjuluk Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana Senapati Ing Ngalaga Ngabdulrahman Sayidin Panatagama ingkang kaping VI ing nagari Surakarta Adiningrat.

Nalika jumênêng dalêm nata sampeyan dalêm kaping VI wau yuswa dalêm sawêg 16 taun langkung 10 wulan 22 dintên, kala samantên

ingkang jumênêng dados pêpatih dalêm Kangjêng Radèn Adipati Sasradiningrat, ingkang sumare ing Imogiri, ingkang dados abdi dalêm pangulu, Kyai Pangulu Sumêmi, ingkang dados pujônggа Radèn Tumênggung Sastranagara, ingkang dados abdi dalêm jaksa radèn tumênggung amongpraja kaping II, para nayaka dalêm, abdi dalêm bupati kaparak kiwa, Radèn Mas Arya Jayadiningrat, abdi dalêm bupati kaparak têngên, Radèn Mas [Ma...]

--- 2 : 95 ---

[...s] Arya Purwadiningrat, abdi dalêm bupati gêdhong kiwa Radèn Tumênggung Sasradipura, abdi dalêm bupati gêdhong têngên Radèn Tumênggung Prawiradipura, abdi dalêm bupati sèwu Radèn Tumênggung Jayanagara, abdi dalêm Bupati Bumi Radèn Tumênggung Tôndhanagara, abdi dalêm Bupati Agêng Radèn Tumênggung Kartanagara, abdi dalêm Bupati Panumping Radèn Tumênggung Wiraguna, ingkang mangagêngi kadipatèn anom, Gusti Panêmbahan Buminata, ingkang dados kondhangipun abdi dalêm bupati kadipatèn, Radèn Tumênggung Sasranagara.

Antawis tigang taun, saking jumênêng dalêm nata, Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping VI wau lajêng wontên dauru pêrang agêng ing Dipanagaran, kacariyos, ing nagari Surakarta inggih tumut siyaga jagi-jagi, ambokmanawi para ngraman adamêl rêridhu ambêbahak sajawining kitha saha salêbêting kitha Surakarta, amila para abdi dalêm agêng alit sami kadhawuhan apacak baris, wontên sajawining kitha tuwin namung wontên salêbêting kitha, sami dipun senapatèni dening bupatinipun piyambak-piyambak, kala samantên para abdi dalêm rèh kadipatèn anom, inggih sami kadhawuhan apacak baris wontên têpang watês bawah kabupatèn kadipatèn anom.

Panatanipun ingkang Bupati Radèn Tumênggung Sastranagara, abdi [a...]

--- 2 : 96 ---

[...bdi] dalêm golongan rèh kadipatèn anom, kabage dados sakawan bageyan, ingkang tigang bageyan apacak baris, ingkang sabageyan tugur wontên salêbêting karaton, ingkang tigang bageyan wau lajêng kapara tiga, ingkang sabageyan, kadhawuhan apacak baris wontên ing dhusun Sêmanggi Lèr, dados têpang watês akalihan bawah kadipatèn ingkang sisih kidul, dipun tindhihi abdi dalêm kaliwon panèwu mantri, kanthi mantri carik sabêkêl jajaripun, ingkang sabageyan malih kadhawuhan apacak baris wontên ing kampung Kanoman dumugi Baturana mangidul,

têpang watês akalihan bawah kabupatèn gêdhong têngên, ugi dipun tindhihi abdi dalêm kaliwon panèwu mantri, saha abdi dalêm mantri carik sabêkêl jajaripun, ingkang sabageyan malih kadhawuhan apacak baris wontên ing dhusun Nusupan, namung dipun tindhihi abdi dalêm panèwu mantri kemawon, tuwin mantri carik sabêkêl jajaripun, awit sampun angsal biyantunipun para kenthol-kenthol, ing Nusupan satiyangipun magêrsari antawisipun tiyang tigang atusan.

Kala samantên Mas Ngabèi Sarataka dhawah wontên pajagèn ing dhusun Nusupan, ingkang dipun kanthi botên wontên malih namung Ki Tanujaya, kalih Ki Jasana, rintên dalu botên nate pisah kalihan Mas Ngabèi Sarataka, ngiras angamisêpuhi para

--- 2 : 97 ---

kenthol ing Nusupan samagêrsarinipun, kala samantên Mas Ngabèi Sarataka sawêg kagungan putra satunggal, nama Radèn Ajêng Sudinah pêparab Radèn Ajêng Manun, sawêg umur 2 taun, ugi kapundhut putra kalihan Gusti Panêmbahan Buminata.

Salêbêtipun wontên pabarisan, nyut, Mas Ngabèi Sarataka kèngêtan dhumatêng ingkang putra Radèn Ajêng Sudinah wau, saparipolahipun namung katingal wontên ing paningal kemawon, sanadyan sampun dipun sabili ingkang kados punapa, ewadene botên sagêd angêndhakakên raosing panggalihipun ingkang kados makatên wau, tansah katingal agawang-gawangan, Mas Ngabèi Sarataka malah lajêng dipun sasupe dening Ki Tanujaya, anggèning katingal akamidolopên, mênggah sêsawangan ingkang kados makatên wau ing atasipun wontên pabarisan prayogi dipun singkirakên ingkang têbih, awit badhe botên prayogi kadadosanipun, amargi sagêd nyudakakên dhatêng yuwananing sarira, sami sanalika wau Mas Ngabèi Sarataka lajêng kèngêtan bilih sawêg anglampahi ayahan.

Dèrèng sapintêna dangunipun, lajêng sami mirêng ungêling sanjata abêbrondongan, sarta swaraning surak mawurahan, barisan kadipatèn ingkang wontên ing dhusun Nusupan wau, lajêng sami siyaga angrêgêm dêdamêlipun piyambak-piyambak, botên dangu lajêng [la...]

--- 2 : 98 ---

[...jêng] katungka dhatêngipun wadya barandhal anêmpuh ing dhusun Nusupan, sanalika lajêng dipun papagakên dening barisan kadipatèn,

campuhing pêrang langkung rame, gêntos kalindhih, ungêling sanjata pating jarêthot lumintu tanpa kèndêl, kukusing sandawa mulêg pêtêng kados uwabing rêdi katunu, bênthiking watang pating garopyak kados têtêngêr swaraning grahana, pangadhuhing tiyang kenging dêdamêl adamêl marindinging wulu, dhawahing tiyang pêjah pating gadêbug kados dhumawahing kalapa saking uwit, dangu-dangu barisan kadipatèn ragi kasêsêr, amargi saking karoban mêngsah, para tiyang magêrsari sakantunipun, lajêng sami kapalajêng asalang tunjang, sami ambujêng gêsangipun piyambak-piyambak, kantun para kenthol tuwin para têtindhih kemawon, sami puguh anglawan sapikangsalanipun, para barandhal adamêl gêlar wulan tumanggal, dèrèng sapintêna dangunipun, barisan kadipatèn kalêbêt Mas Ngabèi Sarataka, kenging gêlaring mêngsah, kluwêng, kluwêng, jêbul sampun kakêpang wakul dening barandhal.

Wadya barandhal ingkang anêmpuh dhumatêng ing dhusun Nusupan wau, para tiyang padhusunan ingkang sampun kenging katêlukakên dening barandhal, sabageyan agêng saking ing dhusun Pêngging Ngaliyan mangalèr dumugi Kêbondalêm, ingkang dados têtindhihing barandhal nama Radèn Ngabèi Arumwijaya, Mantri Sanggan Sêkar ing dhusun Kêbondalêm, kalêrês ingkang rayi dêlês akalihan Radèn Ngabèi

--- 2 : 99 ---

Yasadipura: Tus Pajang, sami putranipun Radèn Tumênggung Padmanagara, kasih[32] Kyai Asradimêja, pradikan saha pamijèn ing dhusun Ngaliyan, kalêrês ingkang putra mantu Radèn Ngabèi Yasadipura wau, pangajênging barandhal kalih wau sarêng sumêrêp bilih ingkang dipun kêpang inggih ingkang wayah Mas Ngabèi Sarataka, sakancanipun golongan kadipatèn, sarta sarêng sumêrêp dhatêng Ki Tanujaya tuwin Ki Jasana, priyantun kalih wau lajêng sami malajêngi, malah kirang sakêdhik kemawon dipun ancarani waos kalihan Ki Jasana, sampuna mawi nyuwara acêluk-cêluk namanipun Ki Tanujaya, pancèn kantun cêprotipun kemawon nanging sarêng sami nyuwara angundang namanipun Ki Tanujaya, badhe panumbakipun lajêng kanggêg, wasana Ki Tanujaya, kalih Ki Jasana, lajêng sami pinaringan èngêt sampun botên pangling dhumatêng Radèn Ngabèi Arumwijaya, tuwin dhatêng Kyai Asradimêja, Radèn Ngabèi Arumwijaya lajêng angrangkul dhumatêng ingkang wayah buyut Mas Ngabèi Sarataka kalihan muwun, para pangagêng ingkang sami nyumêrêpi sami akamitonggongên, Kyai Asradimêja lajêng anggablogi dhatêng Ki Tanujaya, kalih Ki Jasana.

Radèn Ngabèi Arumwijaya, saha Kyai Asradimêja, sami anyariosakên kawontênanipun anggèning sami katêlukakên dening barandhal, pangagênging barandhal ingkang nêlukakakên wau apangkat bupati, sasampuning anêluk-nêlukakên tiyang-tiyang [tiyang-ti...]

--- 2 : 100 ---

[...yang] ing Kêbondalêm mangidul, lajêng badhê mangilèn dhatêng kitha Bayalali, Radèn Ngabèi Arumwijaya, kalih Kyai Asradimêja, dipun kanthèni prajurit barandhal kiwa têngênipun satus, kapurih anukup ing dhusun Nusupan, amargi ing dhusun Nusupan wau sampun kasusra panggenanipun tiyang sugih arta tuwin jêne sela, Radèn Ngabèi Arumwijaya botên kagungan pangintên bilih dhusun Nusupan sampun dipun barisi dening prajurit kadipatèn, wasana Radèn Ngabèi Arumwijaya kalih Kyai Asradimêja, sarencangipun tiyang Kêbondalêm tuwin tiyang ing Pêngging, antawisipun tiyang gangsal atusan, sadaya lajêng angêmpal ngayom dhatêng barisan kadipatèn, para barandhal ingkang sanès tiyang Kêbondalêm tuwin tiyang ing Pêngging, lajêng sami kapalajêng bibar pating salêbar, ingkang sampun kasompok botên sagêd oncat, lajêng sami nungkul tumut ngêmpal prajurit ing Pêngging ingkang sampun ngayom dhatêng prajurit kadipatèn, wasana ing dhusun Nusupan wilujêng botên saèstu dados aradaning prajurit barandhal.

Sasampuning sami rêrêm, Mas Ngabèi Sarataka lajêng adamêl lapuran katur ing parentah kabupatèn kadipatèn anom, anglapurakên punapa kawontênanipun ingkang sami mêntas dipun lampahi, sarêng sêrat palapuran sampun katur ing kabupatèn, lajêng katêrusakên katur ing Buminatan, dhawuhipun Gusti

--- 2 : 101 ---

Panêmbahan, Radèn Ngabèi Arumwijaya, tuwin Kyai Asradimêja, satiyangipun alit sadaya, kadhawuhan angantukakên dhumatêng ing Kêbondalêm tuwin dhumatêng ing Pêngging, kadhawuhan amasrahakên dhumatêng abdi dalêm ingkang apacak baris wontên sakilèning watês kitha Surakarta supados dipun antukakên dhatêng ing Kêbondalêm tuwin dhatêng ing Pêngging, sadaya sampun kalampahan sami dipun êtêrakên mantuk, dumuginipun ing Kêbondalêm, sarta ing dhusun Pêngging, wilujêng botên kapapag ing mêngsah, punapadene ing Kêbondalêm, sarta ing Pêngging lajêng botên kasêrang ing barandhal malih.

Taksih salêbêtipun pêpêrangan ing Dipanagaran, amarêngi ing taun Jimakir, 1754 sinangkalan, dadi tinata pandhitaning ratu,[33] Mas Ngabèi Sarataka, kakarsakakên dados panèwu sadasa kadipatèn anom, nama saha sêsêbutanipun lêstari, Mas Ngabèi Sarataka.

Salêbêtipun Mas Ngabèi Saratake dados Panèwu sadasa kadipatèn anom, manawi wontên gugad bab prakawis sambut, anggèning amutusi namung anglugokakên punapa prajangjianipun ingkang sampun sami dipun sanggêmi, saupami sêrat prajangjian mungêl anicil sabên satêngah taun 30 rupiyah, putusaning pangadilan namung anglêstarèkakên punapa ingkang sampun dados prajangjianipun kemawon,

--- 2 : 102 ---

ananging kathahing cicilan, botên kenging langkung sapara sakawaning pamêdalanipun ingkang kagigat, namung lung tinampèning cicilan mêdal saking kabupatèn kadipatèn anom, dados ingkang kagigat katêtêpakên kêdah angulungakên pamêdalipun sapintên petanging cicilanipun dhatêng ingkang nyambutakên, dumugi sapundhatipun, putusan makatên wau sampun dipun kaparêngakên dening pangagênging kadipatèn anom, saha lajêng sami dados panarimahipun ingkang gugat tuwin ingkang kagugat.

Sarêng amarêngi ing dintên Sênèn Wage tanggal kaping 22 wulan Bêsar ing taun Jimawal 1757 sinangkalan sabda wigati pangandikaning ratu,[34] Kangjêng Gusti Pangeran Arya Purubaya, putra dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping IV, miyos saking Pramèswari Dalêm Kangjêng Ratu Kancana, kajumênêngakên nata, anggêntosi kapraboning pulunan dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping VI, ajêjuluk, Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana Senapati Ing Ngalaga Ngabdulrahman Sayidin Panatagama ingkang kaping VII, ing nagari Surakarta Hadiningrat, nalika jumênêng dalêm nata ingkang sinuhun kaping VII wau, yuswa dalêm 34 taun langkung 11 wulan 6 dintên.

Taksih anunggil salêbêting taun Jimawal 1757, Mas Ngabèi Sarataka, kakarsakakên mingsêr dados abdi dalêm [dalê...]

--- 2 : 103 ---

[...m] panèwu carik kadipatèn anom, kapatêdhan nama saha sêsêbutan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pandamêlanipun kapiji wontên ing ngarsa dalêm. Angladosi ingkang dados kaparêngipun ing karsa dalêm, gêdhongipun kadhawuhan nunggil abdi dalêm carik ing Kasêpuhan.

Nalika Radèn Ngabèi Rônggawarsita dados abdi dalêm panèwu carik, yuswanipun sampun tigang dasa taun, sarta lajêng wiwit bawa dalêm piyambak wontên ing kampung Pasar Kliwon, dados anêtêpi wontên ing

blabag kadipatèn, kala samantên sampun wiwit katingal amumpuni dhatêng samukawis, saha lajêng dados pangangsoning pitakenan, tuwin lajêng misuwur dados paguroning kasusastran Jawi, para gusti, para bandara, saha para luhur, punapadene putraning para gusti kathah ingkang sami dipun puruwitakakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, malah para bandara ingkang kawical sagêd dhatêng kasusastran, tuwin ingkang kawical sagêd dhatêng mardawa lagu, 1. Bandara Kangjêng Pangeran Panji Dipakusuma kaping 2, Bandara Kangjêng Pangeran Arya Natabrata kaping 2, Bandara Kangjêng Pangeran Arya Cakradiningrat, Bandara Radèn Mas Panji Esmusubrata, Bandara Radèn Mas Panji Purwasubrata, tuwin sanès-sanèsipun. Dalah para tuwan-tuwan inggih wontên ingkang puruhita kasusastran Jawi, kados ta: Tuwan Pèdrik Wintêr, Tuwan [Tu...]

--- 2 : 104 ---

[...wan] Jonas Purtir, Tuwan Dhoning, Tuwan Dhabu, tuwin Tuwan Jansên, punapadene para abdi dalêm, saha anaking para abdi dalêm panèwu mantri ugi kathah ingkang sami kalêbêtakên dados siswa, kala samantên Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng damêl pathokaning panyêrat kasusastran Jawi, ingkang dipun namakakên paramasastra Jawi.

Kalêrêsan kalihan kala mangsanipun, kala samantên Tuwan Jonas Purtir ing kampung Mondhokan, nyuwun lilah dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan, badhe angêdalakên sêrat kabar Jawi, kangge anjêmbarakên padaganganipun para sudagar Walandi, tuwin para sudagar sanès-sanèsipun, angêmot pawartos umum ingkang parlu dipun sumêrêpi ing tiyang kathah, kawêdalakên saminggu sapisan, sabên ing dintên Kêmis, sampeyan dalêm inggih sampun amarêngakên, sêrat kabar wau kapatêdhan nama Bramartani (surut dalêm sampeyan dalêm kaping VII, jumênêng dalêm sampeyan dalêm kaping VIII, sêrat kabar Bramartani wau kapatêdhan santun nama Jurumartani, sarêng jumênêng dalêm sampeyan dalêm kaping IX, lajêng kawangsulakên nama Bramartani malih). Ingkang dados juru ngarangipun ngiras pangagênging pangêcapan, Tuwan Jonas Purtir piyambak, sarèhning Tuwan Jonas Purtir wau dèrèng patos sampurna dhatêng têmbung Jawi amila lajêng nêdha pitulungan dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita,

--- 2 : 105 ---

kaparênga dados êmbaning juru ngarang, kala samantên Radèn Ngabèi Rônggawarsita, inggih andhanganakên, ugêr asmanipun botên katingalakên ing akathah, mila salairipun sêrat Bramartani wau, lajêng dados kalangan ajanging sarasehan têmbung sarta kasusastran Jawi,

dados Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau inggih sampun nate angraosakên awratipun tiyang dados juru ngarang (rêdhaktur).

Kala jaman samantên, panatanipun dhatêng para manjurung, dèrèng patosa dipun satitèkakên, bokmanawi sarèhning namung babagan pakabaran ingkang rèmèh-rèmèh, utawi babagan angudi bab indhaking sêsêrêpan, ingkang kathah sami botên mawi sorogan,[35] cêkap namung ijêmanipun[36] ingkang dipun kèngkèn[37] kemawon, malah ingkang kathah para manjurung wau sami dhatêng griyanipun êmbaning juru ngarang piyambak, ngiras omongan sawontênipun.

Satunggaling dintên, Tuwan Jonas Purtir anampèni panjurung soroganipun namung ijêmanipun rencang ingkang dipun kèngkèn kemawon, sarèhning ingkang manjurung wau Tuwan Jonas Purtir sampun têpang sae, dados botên kamanah panjang badhe kadadosanipun ing wingking, bokmanawi malah kakintên badhe botên dados punapa, môngka panjurung wau suraosipun anacat dhatêng tindaking parentah ingkang botên lêrês, nalika Tuwan Jonas Purtir [Pur...]

--- 2 : 106 ---

[...tir] anampèni panjurung wau, dumadakan botên mawi kasumêrêpakên rumiyin dhatêng êmbaning juru ngarang, lajêng têrus kapacak kemawon, sawêdalipun sêrat Bramartani ingkang isi panacat tindaking parentah wau, sarèhning panacatipun ingkang dipun mêmiringi Kangjêng Tuwan Residhèn, Hèndrik Magilapri,[38] amila kangjêng tuwan residhèn sakalangkung duka, dhawuhing bêndu dhatêng Tuwan Jonas Purtir, kala samantên kangjêng tuwan residhèn lajêng têdhak dhatêng griyanipun Tuwan Jonas Purtir, parlu badhe andhawuhakên[39] dêduka, dene amacak panjurung ingkang wosipun namung dhatêng panacat, dhawuhipun Kangjêng tuwan residhèn, Tuwan Jonas Purtir badhe kaaturakên dhatêng rad pan yustisi, kasuwunakên paukuman.

Tuwan Jonas Purtir mirêng pangandikanipun kangjêng tuwan residhèn ingkang kados makatên wau, manahipun sakalangkung gêtêr, sarta botên nyana bilih lajêng kados makatên kadadosanipun, ing môngka pawartos ingkang kapacak wau, satêmênipun inggih cocog kalihan kawontênanipun, amila Tuwan Jonas Purtir pêpuntoning manah namung badhe ngaturakên namanipun ingkang manjurung kemawon, ananging gagasan wau lajêng kèndêl, amargi Tuwan Jonas Purtir lajêng botên kèngêtan dhatêng namanipun ingkang manjurung wau, ewadene sasagêd-sagêd inggih badhe endha dhawuh pangancaming pamidana wau, Tuwan Jonas Purtir lajêng matur, sarèhning sariranipun punika bôngsa kulit [ku...]

--- 2 : 107 ---

[...lit] pêthak, sanadyan sagêd dhatêng têmbung Jawi, ananging sayêktosipun taksih kirang sampurna, amila bab punika Tuwan Jonas Purtir prasasat botên sumêrêp, amargi tindaking angarang mawi dipun apèn-apèni dening bôngsa Jawi, sarta inggih milih ingkang sampun kasusra kasagêdanipun dhatêng kasusastran Jawi, inggih punika Radèn Ngabèi Rônggawarsita, abdi dalêm panèwu carik kadipatèn anom, dados sadaya sakathahing panjurung sasampuning dipun tampèni lajêng kapasrahakên dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, malah ingkang kathah panjurung wau lajêng katampèn saha kajujugakên dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita kemawon, sagêd ugi panjurung ingkang suraosipun kagalih anacat tindhaking parentah wau, ingkang nampèni Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak, wontênipun lajêng kapacak, kados inggih sampun katimbang lêrês.

Sarêng Kangjêng tuwan residhèn mirêng aturipun Tuwan Jonas Purtir ingkang kados makatên wau, dêdukanipun malah kados dipun unggar, saking sangêting duka ngantos anggêbrag-gêbrak meja, sanalika kangjêng tuwan residhèn utusan animbali Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kadhawuhan jujug dhatêng griyanipun Tuwan Jonas Purtir botên kalilan pamit, sarèhning kala samantên Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg anuju sowan, dados lajêng kasusul malêbêt (kraton) mila anggèning [anggè...]

--- 2 : 108 ---

[...ning] dhatêng griyanipun Tuwan Jonas Purtir taksih mangangge kampuhan, sarta sanadyan kados punapa kagèting panggalihipun, ananging sarèhning botên angrumaosi kagungan sabab punapa-punapa, dados panggalihipun inggih têtêk kemawon, sarêng sampun wontên ngarsanipun kangjêng tuwan residhèn, kangjêng tuwan residhèn lajêng andangu kawontênanipun panjurung ingkang kapacak wontên ing Bramartani wêdalipun ing dintên Kêmis kapêngkêr punika, ingkang suraosipun anacat dhatêng parentah, punika punapa karanganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, manawi dede punika karanganipun sintên, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên sagêd angaturakên katrangan, inggih lêrês sariranipun dados êmbaning juru ngarang, sarta inggih lêrês sadaya karangan saking para manjurung ingkang sami dipun tampèni dening juru ngarang, sadèrèngipun kapacak kapasrahakên dhatêng êmbaning juru ngarang sadaya, namung panjurung ingkang angêmot anacat dhatêng parentah wau, dumadakan êmbaning juru ngarang botên sumêrêp, amargi sadèrèngipun utawi pamacakipun botên

mawi kasumêrêpakên rumiyin dhatêng êmbaning juru ngarang, sumêrêp-sumêrêp sampun kapacak wontên Bramartani wau, êmbaning juru ngarang pancèn badhe angurus bab punika dhatêng Tuwan Jonas Purtir, ananging lajêng katungka dipun timbali kangjêng tuwan residhèn.

--- 2 : 109 ---

Aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kados makatên wau, botên mawi kadangokakên dhatêng Tuwan Jonas Purtir, ananging kangjêng tuwan residhèn malah sakalangkung duka sangêt, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kagalih tiyang sagêd ngikal basa, amila bab punika ingkang katêtêpakên lêpat Radèn Ngabèi Rônggawarsita, manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên sagêd ngaturakên namanipun ingkang manjurung, têtela manawi panjurung wau karanganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak, kangjêng tuwan residhèn badhe angunjuki uninga ing sampeyan dalêm, kasuwunakên pocot, sarta lajêng kasêrêg dhatêng rad pan yustisi, kasuwunakên paukuman.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita aturipun taksih kêkah manawi bab punika botên sumêrêp sayêktos, amargi pancèn botên mangrêtos, ewadene manawi karsanipun kangjêng tuwan residhèn anêtêpakên bilih panjurung wau karanganipun êmbaning juru ngarang, Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên badhe selak.

Sakèndêling aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang makatên wau lajêng cêp, botên wontên sabawaning walang salisik, sadaya kados kamidolopên, kangjêng tuwan residhèn saha Tuwan Jonas Purtir sami botên mangêrtosi bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg manungku puja sêmèdi, anêgês dhatêng [dha...]

--- 2 : 110 ---

[...têng] Ingkang Murbèng Gêsang, ingkang kaèsthi mugi paringa wêwêngan tuwin kaelokan saking kuwasanipun ingkang adamêl gêsang dhumatêng sariranipun, kaparênga anguwalakên saking bêbaya.

Pangèsthi wau manawi têmên-têmên têka sagêd kabul sayêktos, dèrèng sapintêna dangunipun, lajêng wontên swara athèthèk-thèthèk kontên, sarêng dipun wêngani dening Tuwan Jonas Purtir ingkang anèthèk kontên wau prayantun sampun satêngah sêpuh, pasemonipun ringas, sawanganipun kêndêl, tatag, botên wêgahan, sarêng priyantun wau sampun pinanggih kalihan Tuwan Jonas Purtir, lajêng têtabikan, sarta suka

tarima kasih dhumatêng Tuwan Jonas Purtir, dene panjurungipun sampun sagêd kapacak ing Bramartani wêdalipun kala Kêmis ingkang kapêngkêr punika, ananging sajatosipun panjurung wau pancèn taksih kirang pratitis, amila panjurung ingkang sampun kapacak wau dipun sambêti malih ingkang langkung pratitis, wicantên makatên wau tanganipun kalihan angrogoh sêrat ingkang dipun kantongi wontên kanthonganing rasukan ingkang lêbêt, lajêng katampèkakên dhatêng Tuwan Jonas Purtir, Tuwan Jonas Purtir amangsuli sakalangkung trima kasih, sarta dipun sagahi sambêtipun karangan punika benjing Kêmis ngajêng punika badhe kapacak malih, prayantun wau lajêng pamit badhe andumugèkakên parlu, sarèhning Tuwan Jonas Purtir sampun kulina dhatêng tamunipun wau, dados Tuwan Jonas Purtir

--- 2 : 111 ---

botên makèwêdakên, sasampuning têtabikan lajêng mêdal.

Sawêdalipun tamu wau kangjêng tuwan residhèn lajêng animbali upasipun, ingkang kadhawuhan angêntosi sajawining kontên, kadangu tiyang ingkang lumêbêt punika wau sadèrèngipun anèthèk kontên punapa mawi pitakèn dhatêng upas rumiyin, aturipun upas botên, malah upas inggih gumun, mokal manawi botên sumêrêp bilih kangjêng tuwan sawêg lênggah wontên ing ngriki, amargi upas inggih sampun kulina dhumatêng tamu punika wau, kalihan lajêng matur, kangjêng tuwan residhèn punapa dèrèng uninga, wangsulanipun kangjêng tuwan residhèn, sampun uninga (punika namanipun Radèn Purwawijaya).

Kangjêng tuwan residhèn lajêng amêlèhakên dhumatêng Tuwan Jonas Purtir, sabab punapa kala wau botên purun prasaja, têka malah lendhehan dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, dados sampun têtela ingkang dora malah Tuwan Jonas Purtir, ingkang têmên Radèn Ngabèi Rônggawarsita.

Tuwan Jonas Purtir lajêng nyuwun pangapuntên, wontênipun lajêng matur ingkang kados makatên wau amargi saking kasupèn dhatêng namanipun prayantun ingkang manjurung wau, mênggah kawontênanipun anggèning lendhehan dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika sarèhning prayantun ahli dhatêng têmbung bokmanawi sampun têpang dhatêng prayantun ingkang manjurung wau saèstunipun badhe sagêd anitèni [ani...]

--- 2 : 112 ---

[...tèni] dhatêng pangikêting têtêmbunganipun, lajêng sagêd andumuk namanipun.

Kangjêng tuwan residhèn namung tansah anggoyangakên mustakanipun kemawon, wasana lajêng mundhut pangapuntèn dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarta anêtêpakên bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita satunggaling prayantun ingkang alus panggalihipun, sarta lajêng dhawuh dhumatêng Tuwan Jonas Purtir, supados nuwun pangapuntên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, Tuwan Jonas Purtir inggih lajêng nyuwun pangapuntên.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita angaturakên panuwun dhumatêng tuwan residhèn, sarta bab punika wau tumrap Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun botên dados punapa, tuwin cariyos dhatêng Tuwan Jonas Purtir, bilih sapunika Radèn Ngabèi Rônggawarsita nyuwun kèndêl anggènipun dados êmbaning juru ngarang Bramartani, mugi kangjêng tuwan residhèn kaparênga anêksèni, dhawuhipun kangjêng tuwan residhèn inggih kaparêng anêksèni.

Sarêng sampun rampung, kangjêng tuwan residhèn lajêng kondur dhumatêng ing paresidhenan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan tunggil sakareta kalihan kangjêng tuwan residhèn, sarêng sampun dumugi ing paresidhenan, karetanipun kangjêng tuwan residhèn [residhè...]

--- 2 : 113 ---

[...n] kadhawuhan anitihi Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng ing dalêmipun.

Sanès dintên kangjêng tuwan residhèn lajêng anindakakên mariksa dhumatêng Radèn Purwawijaya, sarèhning papriksanipun kalêrês lêpat, putusanipun lajêng karampungan wontên rad pan yustisi, dumugining putusan kaukum sawulan.

Taksih anunggil wulan kalihan panyêrêgipun kangjêng tuwan residhèn dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kangjêng tuwan residhèn amaringi tôndha katrêsnan, awarni lesnar panyêratan, komplit dalah sapirantosipun, lesnar wau tutupipun mawi kacêplok salaka kasêrat ing sastra latin mungêl, Radèn Ngabèi Rônggawarsita (sasedanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, lajêng dhawah waris mantu Radèn Atmakartika, lajêng asma Radèn Ngabèi Jayadarsana).

Kacariyos, anuju ing dintên Akat, Tuwan Pèdrik Wintêr (Tuwan Pèdrik Wintêr punika juru basa ing Surakarta, ingkang gambaripun kacandhi wontên sangajênging dalêm guprênuran Surakarta) dhumatêng ing Rônggawarsitan, wigatosipun tuwi kawilujênganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amargi Tuwan Pèdrik Wintêr mirêng kabar, bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita mêntas dipun timbali kangjêng tuwan residhèn, punika nawung wigatos punapa. Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng anyariyosakên punapa [pu...]

--- 2 : 114 ---

[...napa] kawontanênipun, saengga ngantos dumugi dipun paringi tôndha katrêsnan awarni lesnar panyêratan, lesnar wau lajêng dipun uningakakên dhatêng Tuwan Pèdrik Wintêr.

Tuwan Pèdrik Wintêr sakalangkung ngungun, sarta panggalihipun inggih sakalangkung bingah, dene kawontênanipun sampun pinanggih wilujêng, namung sajatosipun, nalika Radèn Ngabèi Rônggawarsita dados êmbaning juru ngarang Bramartani, panggalihipun pancèn botên cocog, amargi pandamêlan juru ngarang punika dipun upamèkakên ancik-ancik pucuking êri, manawi botên ngatos-atos sagêd tumancêp sukunipun piyambak, uwohipun namung dipun sigèni ing para kônca, ing mangke Tuwan Pèdrik Wintêr andhèrèk bingah sarêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun kèndêl anggèning dados êmbaning juru ngarang, mawi nyariyosakên kathah-kathah bilih tumrapipun bôngsa kulit pêthak, dados juru ngarang makatên, dipun anggêp pandamêlan ingkang sakalangkung gawat, mila ingkang sami dados juru ngarang punika balanjanipun inggih botên sakêdhik, kabêkta saking gawatipun pandamêlan wau.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalangkung panuwunipun, dene Tuwan Pèdrik Wintêr sampun kaparêng paring katrangan bab gawatipun tiyang dados juru ngarang, Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng mantuk.

Amarêngi ing dintên Akat Wage tanggal kaping 3 wulan Rabingulakir, [Rabingu...]

--- 2 : 115 ---

[...lakir,] ing taun Ehe 1772 wanci jam 12 dalu, ingkang êmbah Radèn Ngabèi Rônggawarsita, asma Radèn Tumênggung Sastranagara, abdi

dalêm bupati kadipatèn anom, saha pujônggga dalêm seda jalaran gêrah sêpuh, dumugi yuswa 85 taun, layon lajêng kasarèkakên dhumatêng ing astana Ngaliyan, (Pêngging) wontên sawetanipun ingkang rama Radèn Ngabèi Yasadipura sapisan.

Sasedanipun ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara wau, panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, lajêng kathah ingkang karaos-raos, sapisan sariranipun sawêg dados panêwu, kaping kalih nama kapêpêtan sumbêr kasugêngan, amargi nalika taksih sugêngipun ingkang êmbah dados sumbêring kasugêngan sagarwa putra, amila panggalihipun sakalangkung prihatos, mênggah prihatosing panggalih wau ngantos dipun lampahi pintên-pintên wulan dangunipun.

Sarêng amarêngi ing dintên Kêmis Pon tanggal 20 wulan Ruwah taun Jimawal 1773 sinangkalan katon pandhita sabdaning ratu,[40] kaparêngipun ing karsa dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kakarsakakên dados abdi dalêm kaliwon kadipatèn anom, saha pujôngga ing nagari Surakarta Hadiningrat, kapatêdhan nama lêstari Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pandamêlanipun kapiji wontên ing ngarsa dalêm, angladosi punapa

--- 2 : 116 ---

ingkang dados kaparêngipun ing karsa dalêm, sanadyan Radèn Ngabèi Rônggawarsita kalêbêt dèrèng sêpuh yuswanipun, ananging sampun kawêntar bilih panggalihipun sampun kadunungan waskitha, amila sampeyan dalêm badhe anyobi dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, punapa inggih waskitha yêktos.

Anuju satunggiling dintên, sampeyan dalêm lênggah ing parasdya (P.B. VII), ingkang ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, Ondêr Mayor Radèn Panji Jayaningrat (Radèn Panji Jayaningrat punika pawingkingipun lajêng jumênêng pêpatih dalêm, asma Kangjêng Radèn Adipati Sasranagara, Kangjêng Ridêr) saha para putri-putri, sampeyan dalêm ngasta arta krêtas, nyatus kathahipun sadasa lêmbar dados gunggung 1000 rupiyah, dhawuh dalêm dhumatêng ondêr mayor, pangandika dalêm kalayan bisik-bisik, arta 1000 rupiyah wau badhe kaparingakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, nanging botên mawi dipun pangandikakakên, karsa dalêm wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun sumêrêp punapa dèrèng, manawi sampun sumêrêp pancèn inggih sidik sayêktos, satêlasing pangandika dalêm lajêng animbali Nyai Sumêdhang, kadhawuhan nimbali Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sapêngkêripun Nyai Sumêdhang, yatra krêtas sadasa lêmbar wau lajêng kabundhêlan ing sap

asta dalêm, sarta lajêng kasampirakên wontên ing pamidhangan, bundhêlanipun kadhawahakên ing pêngkêran dalêm, [da...]

--- 2 : 117 ---

[...lêm,] botên dangu Radèn Ngabèi Rônggawarsita katingal majêng ing ngarsa dalêm, sampeyan dalêm lajêng angasta sêrat, sarta lajêng ngêndika akalihan Ondêr Mayor Radèn Panji Jayaningrat, ingkang dipun pangandikakakên sajak babagan ingkang prêlu sangêt, amargi pasuryan dalêm kawistara kados anawung dêduka, ananging sajatosipun sasolah bawaning sarira dalêm wau namung kagêm samudana kemawon.

Sarêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun dumugi ing ngarsa dalêm, lajêng kèndêl wontên ing tratag sawetan parasdya, sarêng sampun ngaras kaping kalih lajêng minggah dhumatêng ing parasdya, sarta lajêng alampah dhodhok dhumatêng ing pêngkêran dalêm, sadumuginipun ing pêngkêran dalêm, sasampuning ngaras rambah kaping tiga, lajêng jèngkèng, bundhêlan arta ingkang wontên ing sap asta dalêm lajêng dipun uculi, sarta lajêng kakandhut wontên ing padharan, sarampungipun anggèning amrênahakên, pangandhuting arta, lajêng ngaras malih, têrus mundur dhumatêng ing tratag, kèndêl sawatawis lajêng têrus mundur wangsul dhumatêng ing gêdhong carikan. Sapêngkêripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sampeyan dalêm anggènipun gumujêng botên kenging dipun ampêt, dalah ingkang sami ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm jalêr èstri, sarta para putri-putri anggèning sami badhe gumujêng ugi botên kenging dipun ampêt, wasana lajêng sami asêsarêngan gumujêng ambata rêbah. Ingkang ngadhêp [ngadhê...]

--- 2 : 118 ---

[...p] wontên ing ngarsa dalêm sadaya sami gumun, sampeyan dalêm katingal rêna sangêt, sarta lajêng kawiyos pangalêmbana dalêm dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, malah pangandika dalêm dhumatêng Ondêr Mayor Radèn Panji Jayaningrat, sampeyan dalêm mirêng piyambak pangandika dalêm ingkang rama Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun kaping IV, bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau kawêca badhe dados pujôngga ingkang kasagêdanipun linangkung piyambak, pangandika dalêm wau sanadyan namung anirokakên pangandika dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun kaping IV, ewadene lajêng nyawabi dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila sasampuning kawiyos dhawuh pangandika dalêm wau, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng wiwit kawêntar kalangkunganing panggalih, sarta lajêng kasusra sagêd sumêrêp sadèrèngipun winarah.

Kala samantên Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun sugih pawong mitra, mênggah pawong mitranipun wau botên angêmungakên para priyantun kemawon, ananging para gusti, para bêndara, sarta para luhur, ugi kathah dalah para tuwan-tuwan bôngsa Cina, bôngsa Arab inggih kathah, pangrakêtipun bêbasan dhatêng pawong mitra angrêsêpakên manah, manawi dhumatêng para gusti, para bênda[41] para luhur, sakalangkung anggènipun anoraga, manawi dhumatêng para panèwu mantri, dhatêng sadaya tiyang alit [ali...]

--- 2 : 119 ---

[...t] pangrêngkuhipun sumanak kados dhatêng sadhèrèk piyambak.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika dhatêng pawong mitranipun bujakrama sangêt, sabên dipun dhatêngi pawong mitranipun, sampun têmtu mawi kasêgah dhahar, sanadyan dhatêngipun sampun alungse môngsa, inggih mêksa mawi kasêgah dhahar, pisêgah wau botên namung sawontênipun kemawon, ananging inggih kalêbêt sae, amila sanadyan pamêdalipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau kapetang agêng, sarta môngsakala taksih dipun paringi saking Gusti Panêmbahan Buminata, saking ingkang marasêpuh, punapadene saking paring dalêm, ewadene sugêngipun kalêbêt rêkaos, amargi dongèngipun ingkang sami anyumêrêpi Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau botên nate anyipêngakên arta, sabên tampi arta saking ing pundi kemawon, têmtu namung kagêm sadintên, manawi tampinipun arta namung sakêdhik, kêrsanipun inggih alit, manawi tampinipun arta ragi kathah, kêrsanipun inggih lajêng agêng, têrkadhang mawi anabuh gôngsa, utawi anênanggap ugêr kenging kangge mêrgi angêdalakên arta.

Ngantos dangu Tuwan Pèdrik Wintêr botên pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan, amargi saking kathahipun pandamêlan ingkang kêdah karampungakên, sarêng pandamêlanipun sampun rampung lajêng èngêt dhatêng mitranipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila [a...]

--- 2 : 120 ---

[...mila] Tuwan Pèdrik Wintêr kagungan karsa badhe pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan, ngiras pantês angaturakên wilujêng anggènipun mêntas kakarsakakên dados abdi dalêm kaliwon, sadumuginipun ing Rônggawarsitan, ing wêgdal wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg aningali patamanan wontên ing wingking, sarta anênggani abdi ingkang

kadhawuhan amêncar-mêncarakên pisang, ngiras kagêm anglêlipur panggalih, saking ing wêgdal wau sawêg pinuju rêkaos, ingkang dipun agêm nyamping lakên ijêm, singêpipun ingkang rayi Radèn Ayu Rônggawarsita, lajêng dipun sasabi angagêm rasukan Walandi saking dhasar lakên ingkang sakalangkung kandêl, saking anggènipun anyaosi angsal-angsal Tuwan Jansên nalika pêrlop dhatêng nagari Walandi, (bokmanawi ingkang nama opêryas) sajawining rasukan taksih mawi kasingêpan kamli ingkang wêrnènipun taksih enggal, dados manawi dipun tingali, agênging sarira ngantos kados rêmbêng, jêdhul, Tuwan Pèdrik Wintêr dhatêng, sarêng sampun kapanggih kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, lajêng nyuwun sêsêrêpan, punapa Radèn Ngabèi Rônggawarsita pinuju botên sakeca, dene wanci makatên têka taksih angagêm singêp, sarta angagêm rasukan arangkêp-rangkêp, Radèn Ngabèi Rônggawarsita amangsuli kalihan gumujêng, sarta lajêng anyariyosakên, tiyang Jawi punika taksih pitados sangêt dhatêng gugon tuhon, [tu...]

--- 2 : 121 ---

[...hon,] ugi taksih amigatosakên dhatêng sawabing angsar, pandangunipun Tuwan Pèdrik Wintêr punika botên lêpat, dêne wanci makatên sariranipun taksih aridhong-ridhong, pantês-pantêsipun panganggenipun tiyang sakit, ananging sariranipun waras-wiris botên sakit, wontênipun mangangge makatên punika, amargi sariranipun sawêg ananêm pisang, gêsanging pisang sagêda dêbogipun agêng sarêmbêng, kados wujuding sariranipun punika, pisang punika katitikanipun namung wontên ing dêbog, sabên dêbogipun agêng, warnènipun ijêm, kados wujuting nyamping ingkang dipun agêm punika, uwohipun badhe landhung, adamêl bingahipun ingkang nanêm, sagêd amurakabi dhatêng anak putu, wangsulan kados makatên wau Tuwan Pèdrik Wintêr panggalihipun kapranan sangêt, anggènipun gêgujêng ngantos kapingkêl-pingkêl, wasana Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng dipun aturi lênggah ing panyêratan kados adat manawi rawuh, Radèn Ngabèi Rônggawarsita taksih lêstantun angagêm kados makatên wau.

Nalika Tuwan Pèdrik Wintêr taksih wontên ing patamanan, Radèn Ayu Rônggawarsita sampun apados-pados kangge angwontênakên pisêgah, dumadakan sintên kemawon ingkang dipun têba sami gampil, amila lajêng sagêd amirantos pisêgah kados adat manawi Tuwan Pèdrik Wintêr rawuh, makatên [ma...]

--- 2 : 122 ---

[...katên] ugi Tuwan Pèdrik Wintêr sampun botên kêkilapan dhatêng kawontênan ingkang sawêg dipun uningani, amargi saking kulinanipun, amila lajêng matur dhumatêng ingkang Bok Ayu Radèn Ayu Rônggawarsita, manawi kala wau dalu mêntas mênang kasukan wontên ing kamar bolah, amila ingkang bok ayu dipun caosi ujuran, matur makatên wau kalihan angrogoh wadhah arta ingkang kadèkèk wontên kanthonganing calana, lajêng kacaosakên dalah sakanthongipun, sarêng sampun dipun tampèni lajêng kapetang, isinipun awarni arta krêtas nyadasa rupiyah kathahipun 15 lêmbar, dados 150 rupiyah, Radên Ayu Rônggawarsita lajêng matur dhumatêng Tuwan Pèdrik Wintêr, angaturakên panuwun, akalihan matur pamênangipun Tuwan Pèdrik Wintêr punapa kathah sangêt, dene amaringi ujuran ngantos samantên kathahipun, Tuwan Pèdrik Wintêr amangsuli kathah, mila sagêd anyaosi ujuran ngantos samantên, dados nama sami bêkjanipun.

Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng angobètakên pisêgah ingkang badhe kaladosakên, kathahing pisêgah botên susah karonce namanipun, Tuwan Pèdrik Wintêr ngantos gumun, dene anyêgah tiyang satunggal ngantos samantên kathahipun, dhasar Radèn Ayu Rônggawarsita wau satunggiling putri ingkang amumpuni dhatêng olah-olahan cara Walandi, sasampuning

--- 2 : 123 ---

bibar dhahar lajêng wangsul lalênggahan malih.

Salêbêtipun sami lêlênggahan, ingkang karêmbag bab anggènipun Tuwan Pèdrik Wintêr angadani ngarang Bausastra, Tuwan Pèdrik Wintêr angrumaosi anggèning kirang sampurna dhatêng têmbung Kawi, manawi Radèn Mas Arya Gôndakusuma pinuju pinarak dhumatêng griyanipun Tuwan Pèdrik Wintêr, kenging dipun ajak sarasehan, amargi panggalihipun gathekan.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng nyambêti, manawi Tuwan Pèdrik Wintêr kaparêng badhe dhèrèk ambiyantu, wangsulanipun Tuwan Pèdrik Wintêr sakalangkung bingah, sanès dintên baboning Bausastra badhe kaaturakên mariki, dados anggènipun amriksani sagêd satiti, sarta sabên dintên Akad Tuwan Pèdrik Wintêr sagêd ajêg pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan.

Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng anglairakên karêntêging panggalihipun, saupami Radèn Ngabèi Rônggawarsita kapundhut kangjêng guprêmèn, kakarsakakên dados guru agêng têmbung Jawi, kapindhah dhumatêng nagari Walandi, kaparingan balônja sawulan 1000 rupiyah, wontên nagari

Walandi kaparingan pondhokan kalayan lêlahanan, waragading lampah kasanggi saking kangjêng guprêmèn, tuwin kenging ambêkta garwa putra, manawi para putra ingkang badhe kabêkta wau sampun wontên ingkang wanci sakolah, ingkang badhe nyakolahakên kangjêng guprêmèn, wontên nagari Walandi

--- 2 : 124 ---

wau botên salamènipun, nanging mawi wêwangên, laminipun namung 12 taun, manawi sampun dumugi wêwangên kaparingan pènsiyun, kathahipun sapalihing balanjanipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita punapa kaparêng anglampahi, dene manawi wontên pakèwêding panggalih, amargi sampun dados abdi dalêm, punika badhe kasuwun dhatêng ingkang sinuhun.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita sapandurat botên sagêd amangsuli, wasana lajêng matur dhumatêng Tuwan Pèdrik Wintêr kalayan angrêrêpa.

Katrêsnanipun Tuwan Pèdrik Wintêr dhumatêng sariranipun, sakalangkung agênging panuwunipun, saha pantês kapundhi salami-laminipun, namung sarèhning sapunika sariranipun wau sampun apangkat agêng, punika ingkang andadosakên pakèwêding panggalihipun, saupami kangjêng guprêmèn kalampahan nyuwun dhumatêng sampeyan dalêm ingkang sinuhun, saèstunipun sampeyan dalêm inggih amarêngakên, ananging ing wingking lajêng kadospundi, tumrap raos Jawi lajêng dipun wastani tiyang botên antêpan, wêwatêkan ingkang kados makatên punika, manawi tumrap kala jaman Mataram minggah, paukumanipun dipun pêjahi, anak putunipun kaburak saking bale griyanipun, sanadyan sapunika ukum makatên wau sampun botên kalampahan, ananging ing wingking anak putunipun lajêng botên pajêng suwita, kagalih turunipun [turu...]

--- 2 : 125 ---

[...nipun] tiyang botên antêpan, amila bab punika mugi sampun andadosakên cuwaning panggalihipun Tuwan Pèdrik Wintêr, manawi sariranipun piyambak botên sagêd anglampahi, ananging manawi kangjêng guprêmèn namung ambêtahakên dhatêng tiyang ingkang sagêd dhatêng têmbung Jawi, sariranipun sagah amadosakên, inggih punika ingkang rayi piyambak, nama Radèn Mas Puspawilaga mênggah kasagêdanipun dhatêng kasusastran Jawi, sampun botên beda kalihan sariranipun, saha sariranipun kadugi ananggêl.

Enggaling rêmbag sagêd kalampahan, Radèn Mas Puspawilaga saèstu kabêkta dhatêng nagari Walandi, ingkang ambêkta Tuwan Pèdrik Wintêr piyambak, katêtêpakên dados guru agêng têmbung Jawi, sarêng sampun jangkêp 12 taun, lajêng wangsul dhumatêng nagari Surakarta malih, sarta angsal pènsiyun sawulan 400 rupiyah.

Gêntos kacariyos, anuju satunggaling dintên, wanci ngajêngakên jam 6 enjing, Kenthol Martawijaya, ing dhusun Nusupan, sowan dhumatêng ing Rônggawarsitan, kalihan atawan-tawan tangis, sampun têmtu kemawon andadosakên kagèting panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sasampunipun sami lêlênggahan, Kenthol Martawijaya angaturi uninga, kala wau wanci jam 4 enjing, anakipun jalêr ingkang [ing...]

--- 2 : 126 ---

[...kang] nama Martadikara, namanipun alit Kenthol Sukardi, mantuk saking jagong lajêng karaos sakit, sakitipun wau sawêg dipun upakara lajêng tilar dunya, sarèhning kala gêsangipun dèrèng nate puruwita ngèlmi kasampurnan, amila parêng botên kaparênga, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kasuwun rawuh dhumatêng ing Nusupan, parlu dipun aturi amaringi bêrkah dhumatêng anakipun ingkang sampun tilar dunya wau. Kala samantên Radèn Ngabèi Rônggawarsita inggih kaparêng amituruti, sanalika lajêng tindak dhumatêng ing dhusun Nusupan, kadhèrèkakên garwa putra sadaya.

Kenthol Martawijaya punika sudagar agêng ing dhusun Nusupan, ingkang sampun kaloka kasugihanipun, kalêrês sadhèrèk misanan kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sami buyutipun Kenthol Jantèn ing dhusun Nusupan, lajêng dados besan, anakipun èstri Kenthol Martawijaya, kapêndhêt mantu akalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kaangsalakên Radèn Mas Panji Ranakusuma, santana dalêm panjiranan.

Sarêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagarwa putra sampun dumugi griyanipun Kenthol Martawijaya ing dhusun Nusupan, lajêng anjujug dhumatêng ing griya kemawon, ing ngriku para kadang kadeyan, para tôngga têpalih ingkang sami anglayat sampun kêbak, semahipun ingkang tilar dunya tansah karômpa

--- 2 : 127 ---

ing sanak sadhèrèk, sakêdhap-sakêdhap dados pêtikan, makatên malih Nyai Martawijaya, anggènipun botên èngêt ngantos arambah-rambah, ramening tangis kados calapita dalah Kenthol Martawijaya kemawon dhatêngipun saking mêthuk Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ugi lajêng animbrung nangis, saking sangêtipun anggèning nangis, malah lajêng gêntos dados pêtikan, sarêng sampun sami èngêt, sadaya lajêng sami linggih satata, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angandika dhatêng Kyai Martadikrama, kalêrês sadhèrèkipun jalêr Kenthol Martawijaya, sarta dados marasêpuhipun ingkang tilar dunya wau, makatên pangudaraosipun, tiyang tilar dunya punika manawi taksih kathah ingkang sami anangisi punika namanipun taksih karêjan, makatên malih patut-patutipun, utawi tata kraminipun, tiyang tilar dunya punika inggih kêdah dipun tangisi punapadene ingkang sami nglayat, sasagêd samia ngatingalna anggènipun abela sungkawa, ewadene kathah-kathahipun tiya,[42] salêbêtipun sami nglayat lajêng gêgujêngan kalihan kancanipun ingkang sami nglayat, mênggah ingkang makatên punika kalêbêt pêpetanganipun tiyang ingkang dèrèng sumêrêp dhatêng tata krami. Kyai Martadikrama namung matur kaluhuran, kalihan anyêmbah, Kenthol Martawijaya anyêlani atur, manawi kaparêng anakipun ingkang sampun atilar dunya, saèstu kasuwunakên [kasuwu...]

--- 2 : 128 ---

[...nakên] barkah, kenginga dipun angge sangu, saha sasampunipun lajêng badhe dipun sucèni, amargi pangruktining pasucèn sampun rampung, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng nyêlak dhatêng panggenaning mayit, sarta lajêng dhawuh lurubing mayit kadhawuhan ambikak, sarêng sampun kabikak, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angêndika sêmu kagèt, Martadikara punika botên tilar dunya, sawêg tilêm kapati kemawon, cobi kasarantosakên sakêdhap, mangke sagêd tangi piyambak, para waris ingkang mirêng pangandikanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang kados makatên wau sadaya sami bingah, lajêng kapirêng wicantêning para waris ingkang sami badhe kaul, wontên ingkang badhe nyaosi arta pêthak satapas (manawi sapunika sakandhi 500 rupiyah) wontên ingkang badhe nyaosi bôngsa kêling sapêpakipun, Kyai Martadikrama inggih kaul, manawi mantunipun sagêd gêsang, gangsanipun ingkang nama Rarasati badhe dipun caosakên, sarêng swaraning pakaulanipun para waris sampun sami kèndêl, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng anyêlaki jisimipun Martadikara, tanganipun Martadikara ingkang dipun sidhakêpakên, kalih pisan lajêng dipun asta, patrapipun kados lare dolanan ancak-ancak ale, kainggahakên, kaandhapakên, rambah-rambah, dangu-dangu Martadikara lajêng sagêd wahing, sarta lajêng sagêd tangi piyambak, tuwin lajêng [la...]

--- 2 : 129 ---

[...jêng] pulih kados sauni-uni, sarêng Martadikara sampun sagêd gêsang malih, tiyang salêbêting griya ramenipun kados gabah dipun intêri, kabarung tangising kadang warga ingkang sami bêbêg angandhut kabingahan, ngantos adamêl kagètipun ingkang sami lêlinggihan wontên ing pandhapi, angintên bilih salêbêting griya wontên bêncana, para sanak sadhèrèk ingkang sami wontên ing jawi, sami pating garubyuk lumêbêt ing griya, sarêng sampun sami dumugi ing griya, wasana sadaya lajêng sami anjêngêr, sasirnaning kasusahan lajêng malik dados kabingahan, Nyai Martawijaya akèn anata dhahar wontên sangajênging krobongan, sarta wontên satêngahing pandhapi, sarêng panatanipun dhahar sampun rampung, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagarwa putra lajêng sami dipun aturi dhahar, para santana ing Nusupan jalêr èstri, sami kadhawuhan dhèrèk dhahar, ingkang sanès santana sami anêdha wontên ing pandhapi, salêbêtipun nêdha sambènipun namung gêgujêngan, ingkang sami nêdha ing griya ingkang adamêl gumujêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita anggarapi anggènipun nangis Kenthol Martawijaya kala wau, salêbêtipun botên èngêt, sarêng dipun gula wênthah dening bok ênèm, têka sagêd nyambi angujiwat, ingkang sami andhèrèk nêdha lajêng sami gumuyu ambata rêbah, Nyai Martawijaya sêpuh lajêng matur, anggènipun Kenthol Martawijaya botên èngêt punika wau, punapa tansah [ta...]

--- 2 : 130 ---

[...nsah] dipun pariksani kemawon, dene uninga dhatêng tiyang ingkang sampun satêngah pêjah sagêd angujiwat dhatêng bok ênèm, aturipun Nyai Martawijaya ingkang makatên wau anambahi adamêl kaprananipun ingkang sami mirêng, ingkang wontên salêbêting griya anggènipun sami gumujêng botên kenging dipun ampêt, Kenthol Martawijaya ngantos thêlêg-thêlêg.

Sarêng sampun rampung anggènipun dhahar, sêkul ulam lajêng kaundurakên sadaya, ingkang sami mêntas dhahar lajêng wangsul dhatêng palênggahan utawi palinggihanipun malih, Kenthol Martawijaya saanak semahipun, sakulawarganipun, lajêng sami satata ngadhêp Radèn Ngabèi Rônggawarsita.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng aparing dhawuh dhumatêng para kadang warga ingkang sami ngadhêp sadaya, sarèhning sampun botên wontên sakara-kara, Radèn Ngabèi Rônggawarsita mundhut pamit badhe kondur, para sêntana ing Nusupan sadaya sami nyandhêt sampun ngantos kondur sapunika, dipun aturi nyare saking sapêkên, ananging Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên karsa, wasana sadaya namung sami anyumanggakakên, Nyai Martawijaya lajêng angrukti ingkang kaaturakên

kagêm angsal-angsal, sêkul ulam pintên-pintên panjangilang, tumpêngipun kalih agêngipun sadandang-dandang, tumpêng kalih wau ing ngandhap sami dipun krowoki, kangge anutupi anggènipun [anggèni...]

--- 2 : 131 ---

[...pun] anyaosi yatra pêthak kalih tapas, kathahipun sèwu rupiyah, anakipun jalêr Kyai Martadikrama, kalih pisan sami kapurih andhèrèkakên dumugi ing Rônggawarsitan, anglampahakên baitanipun Kyai Martadikrama nama pun Naga, ingkang badhe dipun titihi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagarwa putra, tindakipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita saking Nusupan sampun kèndêl jam 3 siyang, dumugi Rônggawarsitan sampun kèndêl jam 5 sontên, angsal-angsalipun sêkul ulam lajêng kabage waradin dhatêng para sanak sadhèrèk, angsal-angsalipun saking Nyai Martawijaya ingkang kasingidakên wontên sangandhaping tumpêng, sampun lajêng dipun caosakên dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, andadosakên bingahing panggalih, ingkang satapas lajêng kadhawuhan maringakên dhumatêng para putra sarta para abdi ingkang sami andhèrèk, sarta ingkang sami atêngga dalêm, ingkang satapas badhe wontên karsanipun, nanging botên dipun pangandikakakên.

Sapêngkêripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita saking dhusun Nusupan, tular-tumularing pawartos, lajêng kasusra bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagêd anggêsangakên tiyang pêjah, sumêbaring pawartos ingkang kados makatên wau, anjalari kathahipun para tiyang ingkang sami sowan dhumatêng Rônggawarsitan, sami nyuwun jêjampi anyuwun sanès-sanèsipun.

--- 2 : 132 ---

Sanès dintên Kenthol Martawijaya saanak semahipun, Kyai Martadikrama ugi saanak semahipun, sami sowan dhumatêng ing Rônggawarsitan, parlu angaturakên panyuwun sarta badhe angluwari karêntêging manah ingkang sampun kawêdal ing wicantên, sumêdya angabdi saanak semahipun sadaya, anggènipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun agêsangakên[43] dhumatêng anakipun ingkang sampun tilar dunya, sarta prasêtya, Kenthol Martawijaya sarta Kyai Martadikrama, ing salamènipun gêsang badhe botên kasupèn dhatêng kasaenanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, punapadene sowanipun punika, angaturakên tôndha katrêsnan awarni sêmbêt-sêmbêt, cindhe sêkar cindhe cakar sapêpakipun, sinjang polos, sinjang limar, sinjang gunung guntur, sapêpakipun, paningsêt dringin, paningsêt sarêm sawuku ugi sapêpakipun (sadaya wau sami wêdalan saking kitha Grêsik, damêlanipun Nyai Modin

ingkang sampun misuwur alus garapanipun, manawi dipun kêrta aji botên sagêd kirang saking pangaos 1000 rupiyah) Kyai Martadikrama lajêng matur, nalika samantên ugi gadhah kaul, samôngsa anakipun mantu sagêd gêsang sayêktos, gangsanipun nama Rarasati badhe dipun caosakên, sarèhning dumugi sapunika sagêd lêstantun gêsang, amila sapunika badhe dipun caosakên, benjing punapa anggènipun [anggènipu...]

--- 2 : 133 ---

[...n] utusan mundhut.

Dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, mênggah sih katrêsnanipun Kenthol Martawijaya, sakulawarganipun sadaya, sarta sih katrêsnanipun Kyai Martadikrama, sarèhning sadaya wau kangge angluwari punagi amila sami wajib dipun tampèni kalayan rênaning panggalih, dene gôngsa pun Rarasati inggih ugi dipun tampèni, anamung sarèhning sariranipun dèrèng adamêl gêdhong kangge wadhah gôngsa, sapunika taksih katitipakên dhumatêng Kyai Martadikrama kemawon rumiyin, samôngsa-môngsa sampun kagungan gêdhong gôngsa kemawon badhe kapundhut.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalihan ingkang garwa, sami angalêmbana balabaning besanipun, punapadene dhatêng Kyai Martadikrama, amila pangraosing panggalih barang-barang samantên wau têtêp saking paringipun Ingkang Kuwaos, ingkang dipun kaparêngakên dados lantaran, Kenthol Martawijaya, kalih Kyai Martadikrama.

Kenthol Martawijaya sakulawarganipun sadaya anggènipun angabdi sami dipun têtêpi sadintên muput, punapa sadamêl-damêlipun caraning angabdi sami dipun lampahi sadaya, kosok wangsulipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalihan, anggènipun anyuba-nyuba ngantos langkung samêsthinipun, saking saening pisêgahipun, manawi dipun agêm kagungan damêl alit-alitan [alit-ali...]

--- 2 : 134 ---

[...tan] kemawon pantês, sarêng sampun wanci jam 6 sontên, sadaya wau lajêng sami nyuwun pamit badhe mantuk, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalihan inggih anglilani, sarta lajêng sami anguntapakên dumugi ing palataran.

Sarêng sampun kèndêl jam 7 sontên, ingkang êmbah Radèn Ngabèi Yasadipura kaping III (Radèn Tumênggung Yasadipura), Radèn Ngabèi Rêksadipura (Radèn Tumênggung Amongpraja, ingkang ing ngajêng asma Radèn Bagus Tundha) sarta ingkang raka Radèn Ngabèi Wirayuda (Radèn Tumênggung Prawiradipura), tuwin para rama alit para rama nak dhèrèk, sadaya sami dipun aturi dhumatêng ing Rônggawarsitan, sarêng sampun sami rawuh lajêng sami dipun aturi ngêpang hajat kêndhurèn, ingkang dipun aturi andongani Kyai Ngabèi Imanpura, ingkang dipun kondangakên inggih angsal-angsalipun Kenthol Martwijaya wau, sarêng sampun rampung anggènipun andongani, ingkang sami angêpang hajat wau lajêng sami dipun aturi mundhut barang-barang pisungsung sakaparêngipun piyambak-piyambak, sadaya wau sarèhning sampun sami kulina dhatêng panggalihanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila sadaya botên wontên ingkang sami pakèwêd, tirahanipun lajêng kaparingakên garwa putra, malah Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak satunggal kemawon botên ngagêm (oman).

--- 2 : 135 ---

Sadaya wau sasampunipun rampung pambagenipun hajat, lajêng sami dipun aturi dhahar, sabibaripun dhahar lajêng andumugèkakên lêlênggahan ngantos dumugi bangun enjing sawêg sami kondur.

Amarêngi ing taun Je 1774 Radèn Mas Arya Gôndakusuma ing Mangkunagaran, amartuwi ingkang saudara Tuwan Pèdrik Wintêr, amargi anggèning apawongmitran supêkêtipun sampun kados sadhèrèk piyampak, dados ing sawanci-wanci rawuh botên susah mawi cêcala, sarta sanadyan rawuhipun wau sampun lungse wancinipun amara tamu, Tuwan Pèdrik Wintêr anggènipun anampèni kalayan dhangan ing panggalih, dados sakalihan panggalihipun sami cocog utawi roroning atunggil, sadangunipun sami lêlênggahan Tuwan Pèdrik Wintêr anguningakakên anggènipun angarang Bausastra Kawi sasampunipun kawaos, Radèn Mas Arya Gôndakusuma angunandika anggènipun Tuwan Pèdrik Wintêr paham dhatêng têmbung Jawi, dhatêng rimbag-rimbag sapanunggilanipun, punapadene sagêdipun dhatêng têmbung Kawi, sampun botên beda kalihan para pujônggа, Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng gumujêng, Radèn Mas Arya Gôndakusuma kagalih angonggrong, Radèn Mas Arya Gôndakusuma akipa-kipa, botên pisan-pisan angonggrong, amargi sariranipun punika rumaosing panggalih botên beda [be...]

--- 2 : 136 ---

[...da] kalihan sadhèrèk piyambak, dados anggènipun angalêmbana dhumatêng Tuwan Pèdrik Wintêr punika wau namung matur salugunipun kemawon, sarta kapiritakên sariranipun piyambak, sanadyan sariranipun punika ewonipun rêmên ipil-ipil, ananging angrumaosi dèrèng paja-paja mèmpêr kalihan Tuwan Pèdrik Wintêr, taksih paribasan bumi kalihan langit, amila anggèning sariranipun ipil-ipil têmbung Kawi sapikangsalipun, pintên banggi sagêd ngarang-ngarang kados tuwan Pèdrik Wintêr. Wangsulanipun Tuwan Pèdrik Wintêr kalayan cêkak aos, sokur manawi makatên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anggènipun ngêndika kalajêngakên, anamung saupami sariranipun kasêmbadan sagêd angarang sêrat-sêrat, tujuning panggalihipun ingkang dipun rêmêni angarang sêrat ingkang mawi sêkar, Tuwan Pèdrik Wintêr inggih nayogyani ingkang dados kaparêngipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma wau, ananging ingkang parlu piyambak, tiyang ngarang sêrat punika sagêda karanganipun dipun ajêngi dening tiyang kathah, malah pamanggihipun Tuwan Pèdrik Wintêr, sêrat-sêrat Babad Tanah Jawi ingkang sampun rinêngga mawi sêkar, sêrat Babad Majapait, sêrat Babad Dêmak, ngantos dumugi sêrat Babad Kartasura, ingkang sampun dipun uningani para pujôngga jaman kina, anggèning anyêkarakên namung guru sakacêpêngipun kemawon, ugêr pêpetanganing wanda sagêd jangkêp, dados botên [bo...]

--- 2 : 137 ---

[...tên] angangge pêpathokaning guru lagu, amila pangraosing panggalihipun Tuwan Pèdrik Wintêr, sêrat-sêrat babad wau pakêcapaning pamaos, ragi kithal, malah têtêmbunganipun pisan, manawi dipun satitèkakên kathah ingkang anêmpuh butuh, ananging sarèhning sampun dipun ajêngi dening tiyang kathah, inggih lajêng dados sae. Radèn Mas Arya Gôndakusuma rumaos botên sagêd anginggahi dhatêng sêsêrêpanipun Tuwan Pèdrik Wintêr, pancèn panggalihipun lantip saha sumrambah.

Lajêngipun wontên jilid 3.

1. panyuwunipun.
2. sangsaya.
3. Dalam kata "Pajanganom", letak "taling" salah, seharusnya diletakkan sebelum huruf "na" tetapi dalam teks diletakkan sebelum huruf "nga".
4. Pujangganom.
5. Sengkalan: amuji suci pandhitaning ratu (Senin Paing, 4 Sapar 1747 A.J., Selasa, 23 Nopember 1819 A.D.).
6. Sengkalan: komuk sucining pandhita mudha (Senin Kaliwon, 17 Besar 1747 A.J., Selasa, 16 September 1820 A.D.).

7. supados.
8. kulinani.
9. kasêbut.
10. ngantos.
11. dipun.
12. angranggèh.
13. anjunjung.
14. kapanggih.
15. esthanipun (dan di tempat lain).
16. damar.
17. Ajar.
18. bilih.
19. banon.
20. Sengkalan: ngèsthi dadi pandhitaning ratu (16 Jumadilakir 1748 A.J., 21 Maret 1821 A.D.).
21. esthanipun.
22. tôndha.
23. anggulungi.
24. Tumênggung.
25. puruhitan (dan di tempat lain).
26. kapirêng.
27. sambening.
28. sami.
29. Sengkalan: têrus dadi pandhitaning ratu (1749 A.J., 1821/22 A.D.).
30. Sengkalan: sirna gatining pangandika nata (29 Besar 1750 A.J., 5 September 1823 A.D.).
31. Sengkalan: têtêp wigati sabdaning pêpatih (10 Sura 1751 A.J., 15 September 1823 A.D.).
32. kêkasih.
33. Sengkalan: dadi tinata pandhitaning ratu (1754 A.J., 1826/27 A.D.).
34. Sengkalan: sabda wigati pangandikaning ratu (Senin Wage, 22 Besar 1757 A.J., Senin, 14 Juni 1830 A.D.).
35. sorog: a key, sorogan, a drawer; layang sorogan, a letter containing a warning, final notice, threat etc. (EH:325,566).
36. ijêm: ijêman, 1. mung diucapake sarana lesan (ora katulis). 2. ak. surasaning lajang; ijêmane, têgêse, karêpe, lire [JJ:167].
37. kèngkèn: (cf. kongkon) to have smn do sth (EH:273).
38. Kangjêng Tuwan Residhèn, Èndrik Magilapri. H. Mac. Gillavry (Wakil Resident Surakarta, 1823-24; Resident Surakarta, 1825-27, 1830-34).
39. andhawahakên.
40. Sengkalan: katon pandhita sabdaning ratu (20 Ruwah 1773 A.J., 24 Agustus 1845 A.D.).
41. bêndara.
42. tiyang.
43. anggêsangakên.

Lelampahanipun R. Ng. Ranggawarsita

Pujangga Karaton ing Surakarta

Jilid III

--- 3 : 0 ---

Sêrat Babad Cariyos Lêlampahanipun Suwargi Radèn Ngabèi Rônggawarsita

Pujôngga Agêng ing Nagari Surakarta Adiningrat

Jilid III

Kawêdalakên dening Kumite Rônggawarsitan

Kacithak dhatêng Elêktris Drikêrèi Marês Surakarta

Taun 1933

--- 3 : 1 ---

Tuwan Pèdrik Wintêr angancarani[1] ngunjuk wedang saha êsês srutu, sêsambènipun andumugèkakên ngrêmbag têmbung Kawi sapikangsalipun, sariranipun prasaja tuwin angrumaosi, satêmênipun sagêdipun ragi mangrêtos dhatêng têmbung Jawi tuwin dhatêng têmbung Kawi punika, saking anggènipun talatos kêrêp sarasehan kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kaliwon kadipatèn anom, saha abdi dalêm pujôngga ingkang sampun misuwur babagan kawruh lair batos, Tuwan Pèdrik Wintêr nglajêngakên matur dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, punapa sariranipun sampun têpang kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, manawi sampun têpang sukur. Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng ngalêmbana dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pitêpanganipun gampil, dhatêng tamu gapyak, sumanak, kumrakêt, panggalihanipun limrah, ngêblak, malah kenging dipun wastani priyantun brèh wèh, samukawis ingkang dipun têmbung dening mitranipun botên

nate suwala, kasagêdanipun sumrambah, pangandikanipun pratitis, radi kaduk cucut, namung kuciwanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika malarat.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma amangsuli manawi dèrèng têpang, nanging sariranipun sampun mirêng manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika kawêntar tiyang sagêd, malah sariranipun mirêng sagêd anggêsangakên tiyang sampun pêjah, nanging sariranipun dèrèng [dè...]

--- 3 : 2 ---

[...rèng] têpang, bilih namung srawungan kemawon sampun rambah-rambah wontên nglêbêt kraton, wontên Mangkunagaran. Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng nêrangakên dhatêng Tuwan Pèdrik Wintêr, manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika garwanipun buyut dalêm kaping: III, putranipun Kangjêng Pangeran Adipati Cakraningrat, bupati ing Kadhiri, ingkang garwa wau kalihan sariranipun sadhèrèk misanan, sami buyut dalêm kaping: III, nanging sêpuh sariranipun, Radèn Ayu Rônggawarsita wau wayah Ngabeyan, sariranipun wayahipun Kangjêng Ratu Alit, sami putra suwargan.

Tuwan Pèdrik Wintêr gumun sangêt, dene Radèn Mas Arya Gôndakusuma dèrèng têpang kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila lajêng matur, saupami katêpangakên sariranipun punapa kaparêng.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma, amangsuli bingah sangêt, benjing punapa anggènipun anglarapakên, sariranipun namung andhèrèk, Tuwan Pèdrik Wintêr mangsuli, manawi kaparêng sapunika kemawon, mupung taksih sontên, kalêrêsan nuju môngsa têrang, malêm tanggal kaping: 12, rêmbulanipun sampun agêng, mangke sagêd jênak anggènipun lêlênggahan, kondur dalon-dalon botên dados punapa, Radèn Mas Arya Gôndakusuma inggih lajêng anyondhongi.

--- 3 : 3 ---

Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng animbali abdinipun nama Saridin, kadhawuhan dhumatêng ing Rônggawarsitan, angaturakên konyak sabotol, srutu manila sapêthi, kêbak saêblèg, sarta kadhawuhan matur, mangke sakêdhap malih sariranipun badhe pinarak, kalihan ambêkta tamu saking Mangkunagaran, asmanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, aturipun Sidin sêndika, namung manawi kaparêng sarèhning mangke

Tuwan Pèdrik Wintêr nitih kareta, abdinipun Bêndara Radèn Mas Arya Gôndakusuma pun Penjol, kalih pun Karana, badhe dipun ajak rumiyin, ngiras angrencangi pambêktanipun barang punika, dhawuhipun Tuwan Pèdrik Wintêr sampun kaparêng, tiyang tiga lajêng sami mangkat, kalêrêsan ing wêgdal wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg lêlênggahan wontên sakilèn dalêm, sakalihan ingkang garwa, sinambi mariksani patamanan, ngiras mariksani iyasanipun pamêjangan, ingkang kaprênahakên wontên sakilènipun dalêm, dados anggènipun lêlênggahan punika kaprênah wontên sawetaning pamêjangan cakêt, punapadene ngiras angenggali kursi anggènipun amaringi Kangjêng Tuwan Residhèn Hèndrik Magilapri, jêdhul, Sidin dhatêng, ambêkta rencang pun Penjol, pun Karana, lajêng matur punapa kawontênaning anggènipun kautus, sampun kaaturakên sadaya, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalangkung bingah, paringipun Tuwan Pèdrik Wintêr wau sami kadhawuhan [kadha...]

--- 3 : 4 ---

[...wuhan] andèkèkakên wontên sanginggiling meja, sarta lajêng dhawuh dhumatêng ingkang garwa, kadhawuhan anyêpakakên gêlas alit tiga, tuwin kadhawuhan angrukti pisêgah kados adat, sarèhning punika mangke anggènipun sami lêlênggahan badhe dangu, amila kadhawuhan anyêgah dhahar, nanging cêkap kasêkulakên liwêt kemawon, ulamipun sawung kabiri, amiliha ingkang sampun ragi anggajih. Dèrèng ngantos dumugi anggènipun adhawuh-dhawuh dhumatêng ingkang rayi, jêdhul, katungka rawuhipun Tuwan Pèdrik Wintêr, kalihan Radèn Mas Arya Gôndakusuma, Radèn Ngabèi Rônggawarsita amapagakên kalayan padhanging pasuryan tuwin sakalangkung anaraga,[2] lajêng sami dipun ancarani lênggah ing kursi, Tuwan Pèdrik Wintêr sadèrèngipun lênggah, mawi angiling-ilingi kursi ingkang badhe dipun lênggahi wau, kalihan matur, kursi punika pundhutan saking pundi, dene sae têmên, gagragipun anyar, wêrninipun bagus, èmpêripun kados damêlan tukang Walandi, mirit saening garapanipun, kados wêdalan saking Samarang, Radèn Ngabèi Rônggawarsita matur kalihan sêmu gumujêng, anggènipun maringi Kangjêng Tuwan Residhèn Hèndrik Magilapri, sawêg kala wau siyang, mila kursi punika kalihan sariranipun, saupami pangantèn makatên sawêg posah-pasihan, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anyambêti, sok makatêna nama sami kalêrêsanipun [kalêrêsani...]

--- 3 : 5 ---

[...pun] anggènipun sami pinarak mariki punika parlunipun badhe anganyari lênggah kursi enggal, prayagung tiga lajêng sami gumujêng sêsarêngan, kalayan sami amapan lênggah.

Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng anêpangakên Radèn Mas Arya Gôndakusuma, kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sasampuna[3] katêpangakên lajêng sami sêsalaman, sarampunging sêsalaman, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng ngaras rambah kaping tiga, kados sêmbahing abdi dalêm dhatêng panjênêngan dalêm nata, Radèn Mas Arya Gôndakusuma akipa-kipa, botên kaparêng nampèni sêmbahipun Radèn Ngabèi Rôgawarsita,[4] nanging Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng matur, anggènipun ngaras punika sampun lêrêsipun, sarta sampun rinilan ingkang adamêl gêsang, Radèn Mas Arya Gôndakusuma dèrèng tampi aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau, nanging namung kacathêt wontên salêbêting panggalih kemawon.

Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng mêdal, angirit abdi ingkang ambêkta patehan, sarta ingkang ambêkta dhaharan, sadaya lajêng sami dipun ladosi wedang, gêlasipun lajêng dipun ilingi konyak, ugi lajêng dipun ladosakên, dhaharan pisêgahipun Radèn Ayu Rônggawarsita, lajêng dipun ancarakakên, para tamu lajêng sami matur nuwun, sarta lajêng sami kadhahar, Radèn Ayu Rônggawarsita inggih lajêng dhèrèk amanggihi pisan, [pi...]

--- 3 : 6 ---

[...san,] Radèn Mas Arya Gôndakusuma krami adhi ajêng, dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita krami adhi.

Anggènipun lêlênggahan katingal sami jênak, ingkang dipun pangandikakakên dèrèng sami angambah babagan ingkang prêlu-prêlu, namung sami gêgujêngan kemawon, sêsambènipun ngunjuk wedang, dhahar dhêdhaharan sakaparêngipun, salunthinganipun sami sêsarêngan angunjuk konyak, utawi êsês srutu.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma mundhut sumêrêp dhumatêng ingkang rayi Radèn Ngabèi Rônggawarsita, yuswanipun sapunika sampun pintên taun, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun: 46 taun, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng angêndika, sok makatêna wontên taun Be ôngka: 1728, Radèn Ngabèi Rônggawarsita aturipun lêrês.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma andumugèkakên ngêndika, dados kaot: 10 taun, kalihan sariranipun, sêpuh Radèn Ngabèi Rônggawarsita. Sariranipun wontên taun Jimakir ôngka 1738, Tuwan Pèdrik Wintêr anyambêti sariranipun kalihan Radèn Mas Arya Gôndakusuma namung kaot kalih taun, sêpuh Tuwan Pèdrik Wintêr, manawi sariranipun wontên taun Be 1736, manawi taun Walandi 1805.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma anyêlani atur, sariranipun asring mirêng ingkang asma Pangeran Karanggayam, punika punapa inggih [ing...]

--- 3 : 7 ---

[...gih] lêrês pujôngga ing karaton Pajang, sarta asma wau kabêkta saking anggènipun dêdalêm, punapa pancèn asmanipun Karanggayam, sarta punapa inggih sagêd anêrahakên para pujôngga dumugi sapunika, tuwin sumarenipun wontên ing pundi. Punapa inggih wontên ing Karanggayam wau.

Aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, Pangeran Karanggayam punika kabêkta anggènipun dêdalêm wontên ing dhusun Karanggayam, asmanipun ingkang lugu Pangeran Tumênggung Sujanapura, sarêng sampun rèrèh lajêng dêdalêm wontên ing dhusun Karanggayam, lajêng katêlah asma Pangeran Karanggayam, tuwin inggih anêrahakên dumugi sariranipun sawêg turun kaping: 8, têturutanipun makatên:

Pangeran Tumênggung Sujanapura, ingkang adêdalêm ing Karanggayam, abdi dalêm pujôngga ing nagari Pajang, sarêng seda sumare ing dhusun Palar, pêputra Radèn Tumênggung Wôngsabaya, Bupati Mataram, lajêng pêputra Kyai Agêng Wanabaya, lajêng pêputra Kyai Agêng Nayamênggala, ing Palar, lajêng pêputra Kyai Agêng Nayatruna ing Palar, lajêng asma Ngabèi Sudiradirja, punika ingkang kacariyos amumpuni dhatêng mardawa lagu, tuwin lagon-lagoning sêkar Macapat, lajêng pêputra Ngabèi Sudiradirja kaping: II, ingkang karan Sudiradirja Gantang lajêng anganakakên ingkang ibu, Nyai Ajêng Rônggawarsita, lajêng angwontênakên Radèn Ngabèi Rônggawarsita.

--- 3 : 8 ---

Tuwan Pèdrik Wintêr anyambêti, turun kaping: 8 wau manawi pêpetangan Jawi namanipun punapa.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma anyambêti, manawi botên kalèntu turun kaping: 8 wau dipun wastani: gropak senthe, utawi gupak senthe, bokmanawi pikajêngipun ingkang adamêl saloka, tiyang gupak senthe makatên raosipun gatêl, sanadyan dipun wisuhana rambah kaping: 8 nanging tabêting gatêl tasih kemawon, kosok wangsulipun turun kaping: 8 punika inggih taksih katingal, amargi taksih wontên pêpetanganipun.

Tuwan Pèdrik Wintêr nyuwun sêsêrêpan dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, wiwit karaton Pajang, dumugi karaton Surakarta, punika sampun wontên pujôngga rambah kaping pintên.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita amangsuli, manawi botên kalèntu sawêg wontên: 14 pujôngga, Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang ametang, Tuwan Pèdrik Wintêr ingkang nyêrati: 1. Pangeran Tumênggung Sujanapura, ingkang dêdalêm ing Karanggayam, katêlah asma Pangeran Karanggayam. 2. Ngabèi Dhadhap Tulis. 3. Tumênggung Jayaprana. 4. Tumênggung Sujanapura. 5. Tumênggung Surawadi. 6. Ngabèi Saralathi. 7. Ngabèi Wirasastra. 8. Kyai Agêng Buyut. 9. Tumênggung Janur. 10. Tumênggung Tirtawiguna. 11. Pangeran Wijil. 12. Pangeran Sastrawijaya. [Sastrawija...]

--- 3 : 9 ---

[...ya.] 13. Radèn Ngabèi Yasadipura sapisan. 14. Radèn Tumênggung Sastranagara. Ingkang sêsêbutanipun pangeran sarta ingkang sêsêbutanipun tumênggung, punika pangkat pilênggahipun dados bupati, ingkang sêsêbutan kyai sarta ingkang sêsêbutanipun ngabèi, punika pangkat pilênggahipun dados kaliwon.

Tuwan Pèdrik Wintêr anyambêti, punapa dèrèng dumugi ôngka: 15, ngêndika makatên wau kalihan mèsêm, Radèn Mas Arya Gôndakusuma inggih ugi gumujêng.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita matur ingkang ôngka 15 inggih wontên, nanging dèrèng kenging kawêdharakên, namung gumantung wontên ingkang amastani.

Prayagung tiga wau anggènipun lêlênggahan kawistara sami sênêng panggalihipun, sanadyan sampun wanci bangun enjing, ewadene botên wontên ingkang angraosakên sayah, sarêng Tuwan Pèdrik Wintêr amariksani kagunganipun jam, malah sampun kèndêl jam: 4 enjing amila prayagung sakalihan lajêng sami nyuwun pamit badhe ngaso, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anyumanggakakên, malah lajêng andhèrèkakên dumugi ing lèpèn Bathangan.

Kala samantên Radèn Mas Arya Gôndakusuma, dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita supêkêtipun aparibasan, satu mungging rimbagan, sakalihan sampun sami angicalakên pakèwêding [pakè...]

--- 3 : 10 ---

[...wêding] panggalih, dene anggènipun puruwita kasusastran Jawi, têmbung Kawi sarta pêpathokaning anyêkarakên, saengga sampun kacakup sadaya, amila Radèn Mas Arya Gôndakusuma wau mênggah kamursidaning panggalih dhatêng kasusastran, sampun sairib kalihan para pujôngga, malah Tuwan Pèdrik Wintêr lajêng angrumaosi kawon sagêd.

Satunggiling dintên, amarêngi ing dintên Jumuwah wanci jam: 9 enjing, Radèn Mas Arya Gôndakusuma, pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan, ingkang andhèrèkakên namung abdi panakawan kalih, satunggal pun Karana, kalih pun Penjol, ing wêgdal wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg lênggah wontên ing panyêratan gadri kilèn, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng dipun aturi dhumatêng ing panyêratan kemawon.

Botên dangu Radèn Ayu Rônggawarsita angirit abdi angladosakên pangunjukan wedang, tuwin dhaharan punapa sawontênipun, ngiras andhèrèk manggihi pisan, sasampuning sami angunjuk wedang, Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng lumêbêt ing dalêm, angrukti dhahar ingkang badhe kaladosakên samôngsa sampun wanci dhahar, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anglairakên karêntêging panggalih dhumatêng ingkang rayi Radèn Ngabèi Rônggawarsita. Sariranipun kapengin sangêt sagêda jumênêng pangeran, ingkang supados sagêd amurakabi dhumatêng para putra sadaya, (satêmênipun [(satê...]

--- 3 : 11 ---

[...mênipun] anggèning anglairakên karêntêging panggalih ingkang kados makatên wau, ngiras kagêm anyobi dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang panggalihipun sampun kalokèngrat manawi sidik, sagêd sumêrêp sadèrèngipun winarah), Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng matur kalihan gumujêng. Kaparêngipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma ingkang kadhawuhakên punika wau têmtu sagêd kalampahan, ananging sapunika dèrèng kala mangsanipun, sarta wêgdal punika Radèn Mas Arya Gôndakusuma sawêg kacobi akalihan ingkang amurbèng dumados, sadaya kawontênan ingkang dipun uningani, botên wontên ingkang cocog kalihan raosing panggalihipun, paribasan, sawêg ancik-ancik wontên pucuking wangkingan, manawi kirang ngatos-atos,

sagêd ugi adamêl tiwas, mênggah kawontênan ingkang dipun aturakên sadaya wau kêdah dipun tampèni kalayan sukaning panggalih, amargi sadaya panjangkah punika manawi badhe kadumugèn, têmtu kathah cobinipun, manawi jangkahipun wiyar, cobinipun inggih agêng, ananging cobi ingkang kadhawahakên dhatêng tiyang ingkang badhe kadumugèn jangkahipun, sajatosipun botên dados punapa, utawi botên tumama, amargi ingkang cinobi wau pancèn rinêksa sangêt dening ingkang adamêl gêsang, dados namung dumunung wontên ing karsa, botên sagêd angewahakên dhatêng kuwaosipun ingkang Maha [Ma...]

--- 3 : 12 ---

[...ha] Kuwasa, manawi anguningani kawontênan ingkang sawêg dipun tindaki, Radèn Mas Arya Gôndakusuma wau paribasan damêl biting kemawon rêkaos kalampahanipun, ananging manawi sampun kala mangsanipun, anggènipun ngêndika makatên wau kalihan mandêng pasuryanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma (cobi kayêktosana benjing taun Jimawal 1781) môngka wêgdal pêpanggihan wau amarêngi wulan Rabingulakir taun Be 1776, dados kirang 5 taun (kaparêngipun ingkang Amurbèng Jagad, Radèn Mas Arya Gôndakusuma botên namung sagêd jumênêng pangeran kemawon, nanging malah sagêd adamêl pangeran, sarta sinêmbah ing pangeran, atur makatên wau, sanadyan sagêd angibahakên panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, ananging sajak botên katingal bêbêg, amargi pangandikanipun wau, sawarni kados dene taksih cangkriman, utawi dèrèng ngêblak, sanadyan ingkang dipun pangandikakakên wau, sampun mangrêtos sadaya, nanging raosing panggalih taksih sêmang-sêmang, dados malah rewa-rewa botên mangrêtos babar pisan, amila lajêng matur, sarèhning ingkang kadhawuhakên punika wau panggalihipun dèrèng sagêd tampi, supados sampun ngantos katagêlan,[5] mugi kaparênga amêdharakên ingkang sajati dados raosing panggalih botên rangu-rangu, sukur bage sèwu sagêd damêl pamarêming panggalih.

--- 3 : 13 ---

Sarêng makatên Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng amêdharakên pangandika kalihan wêwèntèhan, mênggah wosing aturipun punika wau, Radèn Mas Arya Gôndakusuma, badhe sagêd jumênêng Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kaping 4 anggêntosi panjênênganipun ingkang raka Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kaping 3, kalampahanipun kados ingkang kaaturakên punika wau. Radèn Mas Arya Gôndakusuma sarêng mirêng pamêdhar sabda sajati kados ingkang kasêbut ing nginggil wau, sapandurat botên sagêd amangsuli, pasuryanipun ngantos katingal pucêt, astanipun kalih pisan gêtêr andharêdhêg, wasana lajêng angrangkul lungayanipun Radèn

Ngabèi Rônggawarsita, kalihan angandika, manawi pamêcanipun Sang Dwijawara wau kapara yêktos. Radèn Mas Arya Gôndakusuma aprasêtya, salaminipun badhe botên kasupèn dhumatêng ingkang rayi Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarta kaanggêp sadhèrèk ingkang sinarawèdi, tuwin sasugêngipun badhe aparing pitulungan ingkang dados karibêtaning panggalih, punapadene ing têmbe manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita seda rumiyin, sariranipun kaparêng amaringi sarananing wasana sacêkapipun, makatên malih aparing pitulungan têdha dhumatêng para putra ingkang sami katilar sapantêsipun.

Kacariyos, pangandikanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, [Gôndakusu...]

--- 3 : 14 ---

[...ma,] kasêbut ing nginggil wau sadaya sagêd nêtês, sarêng sampun sagêd kalampahan jumênêng Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kaping 4, pêparingipun dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kenging dipun upamèkakên tanpa petangan, sarta manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita kagungan panyuwun, botên nate kawangsulakên).

Sawêg kèndêl kemawon anggènipun sami anggilut pangandika ingkang wigatos, jêdhul, Radèn Atmadikara, 2. Radèn Atmawiraga, kautus ing sampeyan dalêm, utusan dalêm wau lajêng dipun panggihi wontên ing panyêratan kemawon, sarêng sampun sami lênggah satata, Radèn Atmadikara andhawuhakên timbalan dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kapatêdhan sêrat, paring dalêm sêrat wau kawadhahan ing kanthong panjang, mawi kaêlak pitu, sarta mawi kajapit ing sungu, sawarni kados cêmpurit, sarêng sampun kabikak, astagha, isinipun namung dalancang kothong, sanadyan nawala dalêm wau botên mawi sêratan, ewadene pamaosipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kados amaos nawala dalêm saèstu. Ingkang dhingin pangèstuningsun, dhumawuha marang sira Si Ngabèi Rônggawarsita, kapindhone panjênêngan ingsun anguningani, manawa sira durung duwe êjam kandhutan kang kêna kanggo anyumurupi wanci, marmane ing mêngko kaparêngingsun, sira ingsun [ing...]

--- 3 : 15 ---

[...sun] ganjar êjam êmas, sakarsète arupa ula nalosor, uga êmas, yèn ganjaran ingsun iki wus sira tampani, panjênêngan ingsun mundhut wangsulan.

Sarêng nawala dalêm dalancang kothong wau sampun rampung pamaosipun, Radèn Atmadikara, 2. Radèn Atmawiraga, sami sakalangkung ngungun, utusan dalêm kalih wau lajêng sami sêdhakêp, makatên ugi Radèn Mas Arya Gôndakusuma, saya kandêl pitadosing panggalihipun dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, wasana Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng matur dhumatêng utusan dalêm, ing mangke paring dalêm êjam sakarsètipun, lajêng dipun suwun, kalêrêsan badhe dipun uningakakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma.

Radèn Atmawiraga lajêng angêdalakên êdhus baludru isi êjam êmas sakarsètipun, ingkang sadangunipun kagembol wontên ing kandhutan ngantos kumringêt, Radèn Atmadikara lajêng andhawuhakên timbalan dalêm, manawi êjam sakarsètipun sampun kasuwun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sampeyan dalêm mundhut wangsulan, unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, nuwun sêndika, sanalika lajêng mêndhêt èblèk pasimpênan sêrat, ing ngriku wontên sêrat satunggal kanthong ingkang sampun kaêlak rèntèp kados paku trêbang, lajêng kaaturakên dhatêng Radèn Atmadikara, sasampuning unjuk wangsulanipun Radèn [Ra...]

--- 3 : 16 ---

[...dèn] Ngabèi Rônggawarsita wau dipun tampèni, rumaosipun prayantun kêkalih wau kados tiyang supêna, dene sadaya ingkang dipun sumêrêpi, tansah adamêl eraming manah, utusan dalêm wau lajêng sami pamitan badhe wangsul malêbêt, Radèn Ngabèi Rônggawarsita angurmati utusan dalêm. Andhèrèkakên ngantos dumugi sajawining regol.

Utusan dalêm wau sarêng sampun dumugi ing nglêbêt, lajêng têrus munjuk ing sampeyan dalêm, punapa kawontênanipun ingkang dipun sumêrêpi sampun kaunjukakên sadaya, saha unjuk wangsulanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng kaunjukakên. Sêrat lajêng kawaos sampeyan dalêm, salêbêtipun maos sampeyan dalêm kawistara sakalangkung rêna, saking rênaning panggalih dalêm ngantos kawiyos gumujêng dalêm, sarampunging pamaos dalêm, sêrat lajêng kadhawuhan maringakên dhumatêng Ondêr Mayor Radèn Panji Jayaningrat, dene ingkang kautus maringakên, inggih Radèn Atmadikara, 2. Radèn Atmawiraga.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sawangsulipun saking andhèrèkakên utusan dalêm, lajêng wangsul dhumatêng panyêratan malih, andumugèkakên manggihi Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sarta lajêng

anguningakakên paring dalêm êjam sakarsètipun wau, sasampunipun dipun pariksani dening Radèn [Ra...]

--- 3 : 17 ---

[...dèn] Mas Arya Gôndakusuma, lajêng kaparingakên wangsul, kalihan angalêmbana saening warninipun, tuwin saening lampahipun, malah pangandikanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, paring dalêm êjam punika saking saenipun, para luhur awis-awis ingkang kagungan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng gêntos anyumêrêpi ngantos sawatawis dangu, karsètipun ingkang awarni sawêr nalosor, dipun satitèkakên sangêt, sasampunipun dumugi anggènipun mariksani, kasèlèhakên ing meja, sarta sêmuning pasuryan katingal anawung prihatos.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma, botên kêkilapan dhatêng sêmuning panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila lajêng angrêrêpa nyuwun sêsêrêpan, punapa darunanipun, dene sarêng mêntas anguningani paring dalêm êjam punika wau têka katingal anawung sungkawa, kados wontên wigatosipun ingkang kalêbêtakên ing panggalih.

Aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, bab punika pancèn lêrês, sariranipun ragi anawung prihatos, ananging prihatos wau namung tumrap dhatêng sariranipun piyambak, sarta dèrèng kenging kasumêrêpan ing sanès, amargi tumrap sariranipun pancèn gawat sayêktos, sarta taksih dipun agêm wados, punapadene wêwados wau taksih sinêngkêr dening

--- 3 : 18 ---

ingkang adamêl gêsang, ananging sarèhning Radèn Mas Arya Gôndakusuma punika sampun anugil[6] budi kalihan sariranipun, manawi Radèn Mas Arya Gôndakusuma badhe uninga sariranipun botên pakèwêd amêdharakên, anamung sadèrèngipun kababar, sampun kabèbèrakên ing liyan.

Radèn Mas Arya Gôndakusuma, aturipun sakalangkung nuwun, pangandikanipun, wêwados wau badhe kasimpên wontên têlênging panggalih, botên pisan-pisan badhe kabèbèrakên ing sanès.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita amêdharakên ingkang dados wadosing panggalih wau, aturipun makatên: mênggah paring dalêm êjam

sakarsètipun punika, karsa dalêm aparing pralampita dhumatêng sariranipun, êjam punika panganggenipun tiyang ingkang sampun sambada, sarta anawung karsa pitêdah ingkang lêrês, utawi pitêdah ingkang sampun botên sagêd oncat, êmas punika pralampitanipun nawung karsa angêmasi, dhatêngipun utusan dalêm punika wau antawisipun jam sadasa, dados sampeyan dalêm amatêdhani pralampita dhumatêng sariranipun, bilih kirang sadasa dintên, wancinipun jam 10 siyang, putranipun ingkang nama Radèn Mas Sambada, badhe angêmasi, makatên malih paring dalêm karsèt êmas ingkang kapratistha sawêr nalosor, karsa dalêm inggih aparing pralampita dhumatêng sariranipun [sari...]

--- 3 : 19 ---

[...ranipun] malih. Grêg, kèndêl botên kadumugèkakên, sarta sinamun angasta paring dalêm karsèt wau kalayan dipun pariksani nanging namung sakêdhap dipun sèlèhakên malih, sarta andumugèkakên anggènipun matur, karsèt wau manawi anggènipun amriksani kalihan dipun satitèkakên, punika lajêng cêtha bilih pêpêthanipun sawêr èstri, dados kirang sadasa wulan ingkang garwa Radèn Ayu Rônggawarsita ugi badhe angêmasi. (Radèn Mas Sambada punika putranipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang ôngka 5, saking Radèn Ayu Rônggawarsita, kacariyos warninipun bagus tanpa cacad, sarèhning kasaenên warni, kaparêngipun ingkang rama lajêng dipun paringi pêparab Radèn Mas Garèng, supados sagêd widada salaminipun).

Sarêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma mirêngakên aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang makatên wau panggalihipun sakalangkung kagèt, sarta sangêt anggènipun karêrantan, dene mitranipun darma Radèn Ngabèi Rônggawarsita badhe kacobi dening ingkang adamêl gêsang, ingkang ngantos tanpa pêpindhan, saking sangêtipun anggèning abela sungkawa, paningalipun ngantos kumêmbêng angêmu waspa, saking botên nyana bilih paring dalêm êjam wau wahananipun kados makatên, sanadyan raosing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma kados rinujit, ewadene inggih katêksa[7] angêngimur sungkawaning panggalihipun [panggalihi...]

--- 3 : 20 ---

[...pun] Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pangandikanipun, cipta sasmitaning Pangeran ingkang sampun dipun uningani dening sang pujôngga, mugi-mugi sagêda sabar sampun ngantos anêmahi, sarta sariranipun badhe botên kêndhat andhèrèk mêsu panggalih, angèsthi kalising sambekala ingkang badhe dhumawah dhatêng garwa putra, kados ingkang sampun

kacêtha wontên ing cipta sasmita, bokmanawi taksih sagêd wudhar saking ardaning pamêsu, tuwin saking dêrênging pangèsthi.

Kacariyos pangrapunipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, awit saking sêdhêp luwêsing pangandikanipun, sungkawaning panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sirna kados kabuncanging samirana, sanalika sagêd adamêl lêjaring panggalihipun, wasana lajêng sami andumugèkakên lêlênggahan, sinambi abawa raos bab pambikaking warana ingkang taksih sinêngkêr, dèrèng ngantos dumugi anggèning sami abawa raos, nèng, nèng, nèng, sampun jam tiga siyang, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng kondur.

Sarêng sampun dumugi ing dalêm, dèrèng ngantos lukar pangagêman lajêng têrus lênggah ing panyêratan kemawon, parlunipun badhe amèngêti kawontênanipun ingkang mêntas dipun uningani punika wau, salêbêtipun nyêrat tanpa kèndêl panglocitaning panggalih anggènipun angraosakên wasitanipun Radèn Ngabèi

--- 3 : 21 ---

Rônggawarsita ingkang mêntas kawêdharakên dhumatêng sariranipun, dene sakalangkung elok, raosing panggalih ngantos amolak-malik, manawi anguningani sidiking panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, panggalihipun inggih pitados, nanging manawi angèngêti gêgandhenganipun kalihan kawontênaning sariranipun ing wêgdal punika, pitadosing panggalihipun lajêng tipis, amargi nalaripun botên pinanggih, ewadene namung badhe dipun yêktosi, manawi salêbêting sadasa dintên Radèn Mas Sambada (Garèng) saèstu tilar dunya, sarta benjing dumugining sadasa wulan, Radèn Ayu Rônggawarsita seda sayêktos, pangandikanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita pantês dipun pitados, sarta kenging dipun candhi wontên têlênging panggalih.

Sasampunipun makatên, rintên dalu Radèn Mas Arya Gôndakusuma namung tansah kèngêtan dhatêng wêcanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kemawon, sanadyan panggalihipun sampun kapêpêr piyambak, supados sampun ngantos isi utawi sampun ngantos kèngêtan, ananging mêksa botên sagêd ical, wasana pêpuntoning panggalih namung kumambang dhumatêng Ingkang Adamêl Gêsang, amila sasêlaning pandamêlan, sabên dalu lajêng amlampah-mlampah sapikangsalipun, manawi sampun badhe kondur mawi mampir siram dhumatêng ing sêndhang Manahan rumiyin, sadumuginipun ing dalêm botên [botê...]

--- 3 : 22 ---

[...n] lajêng têrus mapan sare, ananging têmtu lajêng lênggah ing panyêratan, amriksani sêrat-sêrat ingkang dados tujuning panggalih, têrkadhang lajêng kaparêng anganggit-anggit sêrat ingkang mawi sinawung ing sêkar, sagêd ugi ngantos dumugi byar enjing. (Pèngêtan punika saking dongèngipun Mas Ngabèi Jayapiyata, ing Mangkunagaran).

Sarêng sampun dumugi sangang dintên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma panggalihipun sampun bêbêg isi pangajêng-ajêng kadospundi kadadosanipun dintên benjing enjing, panggalihipun saya pating clakuthik, manawi angèngêti katrêsnanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng sariranipun, panggalihipun sakalangkung wêlas, dene katêksa anguningani mitranipun sinarawèdi badhe kataman sungkawa, sarêng sampun pantog panggupitaning panggalih, wontênipun namung karêrantan, amargi Radèn Mas Sambada wau katrêsnanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun botên wontên pêpindhanipun, saking panggrantêsing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, ngantos sagêd kalimput sadaya kawontênan ingkang tumrap dhumatêng sariranipun, pangèsthining panggalih namung dhatêng Radèn Mas Sambada (Garèng), sagêda uwal saking pamêcaning sudarma, mugi kalisa ing sambekala sarta pinarêngna widada raharja salaminipun, sanalika wau Radèn Mas Arya Gôndakusuma anampèni cipta sasmitaning Pangeran, Radèn [Ra...]

--- 3 : 23 ---

[...dèn] Mas Sambada sampun kinodrat têmtu angêmasi, sarta sampun botên sagêd uwal saking dayaning sarana, Radèn Mas Arya Gôndakusuma panggalihipun lajêng sumèlèh).

Nunggil ing dintên wau, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhawuh dhumatêng ingkang garwa, bilih benjing enjing sontên badhe amaringi barkah dhumatêng badhe siswa inggal, ingkang garwa kadhawuhan mundhut mori alus 2 êmblog, sarta kadhawuhan balônja kangge mêmule para lêluhur ingkang sampun sami sumare, tuwin kangge angrasulakên, punapadene kangge anyugata para tamu ingkang sami dipun timbali, sampun ngantos anguciwani, kajawi ingkang sampun kadhawuhakên wau, kadhawuhan mundhut kêntèl 2 badan, ingkang garwa matur, adatipun wilujêngan punika namung cêkap ngrasulakên kemawon, sarta botên mawi kêntèl, dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, benjing enjing punika ingkang badhe kaparingakên paring dalêm wêjangan sampeyan dalêm kaping 4, dados sampun lêrês samukawisipun pancèn beda kalihan adat sabênipun, ingkang garwa inggih namung mituhu kemawon, sarta

sampun lajêng kaparingakên dhatêng Mas Ajêng Pujadewata, supados lajêng karigênakên kados adat, Mas Ajêng Pujadewata lajêng mangkat, (Mas Ajêng Pujadewata punika sêliripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kala rumiyin nama Rara Marsiyêm, ingkang sampun kapratelakakên babad Rônggawarsitan [Rông...]

--- 3 : 24 ---

[...gawarsitan] jilid I).

Sadhatêngipun saking blônja lajêng kaolah kados adat, para sanak sadhèrèk, tuwin para abdi jalêr èstri, sami kadhawuhan nyambut damêl sadaya, ingkang èstri olah-olah, ingkang jalêr kadhawuhan rêrêsik salêbêting dalêm, pandhapa tuwin ing pamêjangan, Ki Jasana ingkang dipun rêmêni manggèn wontên ing pawon, ngrigênakên para pawèstri ingkang sami olah-olah, sadaya ingkang sami dipun olah, pundi ingkang sampun matêng kapurih angicipi dhatêng Ki Jasana rumiyin, manawi Ki Jasana sampun ngalêm eca, inggih sampun eca saèstu, Ki Jasana punika sabên dintênipun pinitados nyêpêng kabêtahan ing Rônggawarsitan, anggènipun nindakakên satiti, saking satitinipun, ngantos sagêd nocogakên sabên uwos samantên bêruk manawi dipun êdang dados sêkul samantên takêr, sadaya ulam ingkang sami dipun olah, sadèrèngipun lumados botên kenging kalong, ananging manawi sampun kalorod lajêng kabage waradin dhatêng para abdi sadaya, amargi Ki Jasana botên melikakên dhatêng lorodan.

Watêgipun Ki Jasana, manawi sawêg anuju linggih wontên pawon, tiyang èstri botên kenging wicantên saru, langkung malih manawi wontên tiyang jalêr dhatêng pawon lajêng kagêsah kados ayam, sarèhning Ki Jasana punika wontên ing Rônggawarsitan kajèn [ka...]

--- 3 : 25 ---

[...jèn] kèringan, dados parentahipun sami dipun gêga.

Ki Tanujaya angrigênakên pandamêlan wontên ing ngajêngan, rêrêsik salêbêting dalêm, pandhapa tuwin ing pamêjangan, kabêkta saking sampun sêpuh, dados namung kantun parentah kemawon, ananging sayahing badanipun botên beda kalihan ingkang sami tumandang nyambut damêl, kabêkta saking rêsikanipun, pundi ingkang dèrèng dados panujuning manahipun, lajêng dipun tandangi piyambak, utawi dipun kaping kalihi, manawi Ki Tanujaya sampun tumandang nyambut damêl,

para abdi kapêdhak ing Rônggawarsitan, sadaya lajêng sami ajrih, ingkang nyuwun badhe anggêntosi ngantos rêbatan, sampun ingkang abdi kapêdhak, botên sami ajrih dhatêng Ki Tanujaya, sanadyan Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak ugi ajrih saha ering.

Para abdi kapêdhak ingkang sami rêrêsik, satunggal kemawon botên wontên ingkang mangrêtos wigatosing damêl ingkang sajati, pangintênipun namung kagêm jagongan kados adat manawi badhe mêjang, namung Ki Tanujaya piyambak ingkang sampun botên kêkilapan badhe kawontênanipun dintên benjing enjing, ewadene dhatêng wicantên sakalangkung kumêt, botên kabrabèhan.

Sarêng enjingipun malih dados jangkêpipun sadasa dintên dumugi dintên ingkang sampun katamtokakên, ing dalêm saha ing pandhapa [pa...]

--- 3 : 26 ---

[...ndhapa] Rônggawarsitan sampun dipun gêlar-gêlari palênggahan, para sanak sadhèrèk ing Yasadipuran, ing Prawirayudan, ingkang sami tampi sêdhahan tumut amanggihi rawuhipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun sami rawuh, malah ingkang êmbah Radèn Tumênggung Yasadipura kaping: III ugi kaparêng rawuh.

Sarêng wanci jam 9 enjing, Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun rawuh, Radèn Ngabèi Rônggawarsita amapagakên dhatêng palataran, para tamu sanèsipun sami angurmati mandhap dhatêng palataran sadaya, Radèn Mas Arya Gôndakusuma dipun ancarani lênggah ing paringgitan majêng mangidul, dados lênggahipun amêngkêrakên kontên lêrês, para sanak sadhèrèk ing Yasadipuran, ing Prawirayudan, ingkang sami dipun sêdhahi andhèrèk manggihi, sami angêmpal dhatêng pringgitan sadaya, sawêg sami bage-binage wilujêng, Radèn Mas Sambada (Garèng) prog, dhatêng paringgitan, matur dhumatêng ingkang rama, manawi maendanipun[8] ingkang saking Nusupan kala wingi, sapunika sampun dipu[9] pragad, Radèn Mas Sambada nyuwun lintu, ingkang rama namung mèsêm kemawon, kalihan anguyêl-uyêl sirahipun ingkang putra, Radèn Mas Sambada lajêng dipun timbali Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sirahipun inggih dipun asta, rambutipun ingkang sawêg jumambak, dipun asta kasilak-silakakên manginggil, sarta dipun sagahi badhe dipun paringi maenda kalih, [ka...]

--- 3 : 27 ---

[...lih,] kalihan ing batos angunandika, samantên agêngipun kaelokan ingkang badhe dipun uningani, Radèn Mas Arya Gôndakusuma saglugut botên sagêt[10] anggayuh, langkung malih para tamu sanès-sanèsipun, satunggal kemawon botên wontên ingkang sami sumêrêp bilih mangke sakêdhap malih badhe wontên kaelokan ingkang badhe dipun uningani.

Radèn Mas Sambada lajêng wangsul dhatêng pamragatan maenda malih, andumugèkakên anggènipun ningali, botên dangu lajêng katungka lumadosipun wedang, kalihan dipun ladosi dhaharan gêbag, lajêng dipun ladosi srutu manila, sambèning pangandika warni-warni, wontên ingkang ngrêmbag kasusastran, wontên ingkang ngrêmbag sêkar agêng, namung Radèn Mas Arya Gôndakusuma piyambak ing wêgdal wau malah botên kagungan rêmbag punapa-punapa, saking guyêngipun ingkang sami sarasehan, rêmbagipun katingal muyêg, wêdaling pangandika sami sarèh-sarèh, ingkang anggumujêngakên Radèn Ngabèi Awijaya, ingkang rama alit Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kacariyos, botên mangrêtos dhatêng ha pincang, nanging apalanipun sêkar agêng kathah sangêt, salêbêtipun sarasehan wau wontên nak dhèrèk ingkang anjarag, sabên ura-ura wandanipun dipun kirangi utawi dipun langkungi, nanging tansah dipun lêrêsakên dening Radèn Ngabèi Awijaya, ingkang mirêngakên ngantos sami gumujêng, salêbêtipun sami rêrêmbagan, [rêrê...]

--- 3 : 28 ---

[...mbagan,] cêp, kados kangsèn sami sêsarêngan kèndêl, (ginêming rare dipun wastani wontên setan langkung), anyarêngi kèndêlipun ingkang sami sarasehan wau, sadaya sami mirêng kados suwaraning rare kagum, botên dangu lajêng mirêng panjêritipun tiyang sêpuh, lajêng katungka swaraning tiyang èstri, pating jalêrit, prênahing swara wontên sakilèning dalêm, ingkang sami lêlênggahan sadaya lajêng jumênêng gita-gita, amurugi prênahing swara wau, sarêng dumugi ing gadri kilèn, sami uninga manawi ing jamban sampun kêbak tiyang èstri sami nangis pating jalêrit, sadaya lajêng sami tindak dhumatêng ing jamban, astaga: botên nyana bilih Radèn Mas Sambada sampun dipun rarômpa ing tiyang kathah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng dhawuh dhumatêng ingkang putra Radèn Mas Panji Ranakusuma, ingkang rayi kadhawuhan ambopong dhumatêng ing dalêm, ingkang rayi lajêng kabopong, sarêng Radèn Mas Sambada sampun kabêkta dhumatêng ing dalêm, wontên ing jamban Radèn Ngabèi Rônggawarsita anyabêt-nyabêtakên sap astanipun rambah kaping tiga, lajêng nungka tindak dhumatêng ing dalêm, kalihan anyasmitani Ki Tanujaya supados dhatêng jamban, samêdalipun Ki Tanujaya saking jamban, tanganipun kiwa mêthènthèng anggêgêm kêkah, tanganipun têngên anjotosi, plag, plag, kados wontên ingkang dipun jotosi, sukunipun kiwa têngên kangge andugangi, kringêtipun gumrobyos ngantos daleweran, [dale...]

--- 3 : 29 ---

[...weran,] nanging anjotosi punapa, sarta andugangi punapa, para priyantun ingkang wontên ing ngriku botên wontên ingkang sami uninga, sarêng sampun sawatawis, katungka Radèn Ngabèi Rônggawarsita mêdal saking dalêm, kalihan angandika dhatêng Ki Tanujaya, kadhawuhan èngêt, sarta kadhawuhan angêculakên, Ki Tanujaya lajêng botên tumandang malih, namung napasipun ingkang taksih amêlar mingkus. Para sanak sadhèrèk sami dipun aturi lumêbêt ing dalêm sadaya, Ki Tanujaya inggih tumut lumêbêt, Ki Jasana botên kantun inggih tumut lumêbêt ing dalêm, angèngêtakên para tiyang èstri ingkang taksih sami nangis. Radèn Mas Sambada taksih dèrèng èngêt, kêdhap-kêdhap macicil, sadangunipun taksih kados makatên wau ugi taksih dipun pangku dening ingkang raka kemawon, Radèn Ayu Rônggawarsita anêkêmi sirahipun Radèn Mas Sambada kalihan têtêking panggalih. Radèn Mas Panji Ranakusuma angaturi sasmita dhumatêng ingkang rama, ingkang ibu supados kasingkirakên rumiyin, Radèn Ngabèi Rônggawarsita Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng sami tindak dhumatêng ing gêdhong wetan, ingkang rayi Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng dipun timbali dhumatêng ing gêdhong wetan, sarêng sampun wontên ngarsanipun ingkang raka Radèn Mas Arya Gôndakusuma, panggalihipun katingal sakalangkung kodhêng, dening botên nyana manawi amanggih [amang...]

--- 3 : 30 ---

[...gih] lêlampahan ingkang kados makatên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng aparing pangandika ingkang andadosakên pamarêming panggalihipun ingkang rayi Radèn Ayu Rônggawarsita, labaning putri linangkung sarêng sampun mirêngakên dhawuh pangandikanipun ingkang raka Radèn Mas Arya Gôndakusuma wau, susahing panggalih lajêng ical botên wontên tabêtipun, langkung malih sarêng dipun paringi sêsulang kathah-kathah dening ingkang garwa Radèn Ngabèi Rônggawarsita, panggalihipun saya sakalangkung wêning, lajêng nyuwun lilah badhe wuninga dhumatêng ingkang putra Radèn Mas Sambada, Radèn Ngabèi Rônggawarsita igih[11] anglilani, Radèn Mas Sambada sampun katilêmakên mujur mangalèr, wêdaling napas ragi sêsêg sawatawis, dangu-dangu lajêng sarèh, sarèhipun wau botên sarèh angantawisi sakeca, nanging sarèhipun angancik jaman kalanggêngan, Radèn Ayu Rônggawarsita sagêd anguningani anggènipun lêlampah ingkang putra murutipun dhatêng kasidan jati, panggalihipun katingal têtêg, malah ingkang nguntapakên inggih ingkang ibu piyambak, para sêpuh saha para sanak sadhèrèk ingkang sami anênggani, sami angalêmbana santosaning panggalihipun Radèn Ayu Rônggawarsita, Radèn Mas Panji Ranakusuma lajêng angaturi uninga ingkang rama

dhumatêng ing gêdhong wetan, manawi ingkang rayi sampun botên wontên, dhawuhipun ingkang rama kadhawuhan angrampungi, Radèn Mas Panji Ranakusuma [Rana...]

--- 3 : 31 ---

[...kusuma] lajêng angobètakên panggalihan, botên sawatawis dangu lajêng katungka têdhakipun Gusti Panêmbahan Buminata, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, prayagung kalih wau sasampunipun amriksani layon, ingkang putra Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng dipun kanthi Gusti Panêmbahan têdhak dhumatêng ing gêdhong wetan, Gusti Panêmbahan, saha Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, sami anglêlipur dhumatêng ingkang sawêg kataman prihatos, tuwin panglipuripun Gusti Panêmbahan dhumatêng ingkang putra Radèn Ayu Rônggawarsita, paribasan ngantos anêlasakên pêpindhan.

Layonipun Radèn Mas Sambada lajêng dipun sucèni kados adat, sarampungipun anggèning nucèni lajêng dipun ruktèni kalayan pantês, sarêng Radèn Mas Sambada sampun tilar donya, raosing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma kados supêna, dene anguningani lêlampahan ingkang sakalangkung elok, sariranipun babar pisan botên sagêd andungkap, sarêng sampun makatên panggalihipun lajêng pitados sangêt dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, dados pangèsthining panggalih kados ingkang sampun kawursita, badhe kathah kalampahanipun.

Kacariyos, nalika tilaripun Radèn Mas Sambada wau, ingkang sami amaringi saha ingkang anyaosi panjurung kangge

--- 3 : 32 ---

waragad, kathah sangêt, saking kathahipun tumpukanipun arta ngantos angêbaki bangku, sarêng antawis jam: 12 siyang, wontên utusan dalêm sampeyan dalêm amathêdhani waragat kathahipun 300 rupiyah, sanadyan dhatênging yatra ing dintên wau paribasan tanpa petangan, ananging wutahing waragad inggih dipun upamèkakên botên mawi takêran, adêging pawon ngantos kados mantu dadakan, mawi amragad lêmbu, kaolipun para sêpuh, pamragading lêmbu wau ngiras pantês kangge kekah.

Para sanak sadhèrèk, para semahipun abdi dalêm panèwu mantri kadipatèn, ingkang sami kapatah nyambut damêl wontên ing pawon,

satunggal kemawon botên wontên ingkang ginêman, kabêkta anggènipun sami abela sungkawa, malah racak-racakipun sami botên kobêr anyambut damêl, saking botên sagêd anahan wêdaling êluh. Ki Jasana dhatêng ingkang sami olah-olah adatipun kêrêng sangêt, nanging ing wêgdal wau ngantos ical kêrêngipun, samukawis ingkang sami dipun tingali lajêng akamitonggongên.

Sarêng ngajêngakên jam 2 siyang, para tamu ingkang sampun wontên ing Rônggawarsitan, sadaya sami dipun ladosi dhahar, namung ingkang sami lênggah wontên ing gêdhong wetan, satunggal kemawon sami botên wontên ingkang kaparêng dipun ladosi dhahar.

--- 3 : 33 ---

Sarêng sampun wanci jam 4 sontên, ingkang kaparêng nglayat sampun sami rawuh sadaya, layon lajêng kaangkatakên, dipun pêtak wontên ing Sangkrah kemawon, pamêtakipun wontên ing Sangkrah wau saking panyuwunipun Radèn Ayu Rônggawarsita piyambak, amargi manawi wontên kaparêngipun badhe tuwi sagêda cêlak.

Sabidhalipun layon, ingkang sami nglayat lajêng anguntapakên dhatêng pakuburan sadaya, namung Gusti Panêmbahan, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, tuwin Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sami botên anguntapakên, malah lajêng sami pindhah lêlênggahan wontên ing jrambah dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalihan, panggalihipun sami katingal antèr, sajak sampun botên wontên tabêting sungkawa, namung pasuryanipun taksih sami katingal gêsêng.

Gusti Panêmbahan Buminata sarêng uninga bilih ingkang putra Radèn Ayu Rônggawarsita sampun botên anawung prihatos, panggalihipun bingah sangêt, amila lajêng andangu dhumatêng ingkang putra, kadospundi kawontênanipun, dene Gusti Panêmbahan, babarpisan botên mirêng kabar punapa-punapa, Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng angaturakên punapa kawontênanipun kala wingi ngantos dumugi dintên punika wau, Gusti Panêmbahan lajêng gumujêng, sarta lajêng angandika dhumatêng Radèn Mas Arya [Ar...]

--- 3 : 34 ---

[...ya] Gôndakusuma, supados botên bêbadhe malih, anggènipun badhe apuruwita dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagêd, prayogi dipun laksanani mangke dalu

kemawon, Gusti Panêmbahan kaparêng dadosa sêksi, aturipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun sagêd, sariranipun sakalangkung bingah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng anyambêti atur, sariranipun inggih sampun sagêd, Radèn Ayu Rônggawarsita panggalihipun bingah sangêt, dene dintên punika ingkang raka sampun kaparêng amijèkakên, saking bingahing panggalihipun, Radèn Ayu Rônggawarsita lajêng sagêd tindak dhumatêng ing pawon, andhawuhakên damêl pirantos ingkang badhe kagêm mangke dalu, ingkang dipun dhawuhi aturipun sandika, lajêng kasaput ing dalu.

Enggaling cariyos, sarêng sampun wanci jam 12 dalu, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng tindak dhumatêng ing palataran sakilèn dalêm, prêlu angêningakên panggalih (manawi têmbung Arab ambokmanawi dipun wastani salat kajat), sarêng sampun rampung lajêng lumêbêt dhumatêng ing dalêm, Gusti Panêmbahan, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, sami dipun aturi tindak dhumatêng ing pamêjangan, kadhèrèkakên Radèn Ngabèi Rônggawarsita, tuwin Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sadaya wau [wa...]

--- 3 : 35 ---

[...u] sami ngagêm sangsangan sêkar malathi rinonce bawang sabungkul, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lênggah wontên kilèn majêng mangetan, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lênggah wontên wetan majêng mangilèn, Gusti Panêmbahan lênggah wontên kidul majêng mangalèr, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga lênggah wontên êlèr majêng mangidul, Ki Tanujaya inggih wontên pojok lèr wetan amajibi padupan, sasampunipun sami lênggah satata, Ki Tanujaya lajêng angladosakên padupan manêngah, ingkang sami lênggah lajêng angêningakên cipta, sapandurat botên obah botên mosik, sarêng sampun paripurna, padupan lajêng kaundurakên, dipun adhêp dening Ki Tanujaya malih, lajêng wiwit amêjang, dhawuhipun Gusti Panêmbahan kadhawuhan amêjangakên paringipun Gusti Panêmbahan, pusaka dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Pakubuwana kaping III, amargi ingkang kaserenan pusaka dalêm kaping III wau ingkang sampun kalampahan amanggih kamulyan, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sandika, sarta lajêng kawêjangakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, patraping pamêjangipun limrah kados ingkang sampun kalampahan, sasampunipun rampung anggènipun amêjang, wêjangan wau lajêng dipun jèrèng dening Gusti Panêmbahan, ngantos satamatipun, sarêng sampun rampung Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng salaman akalihan Radèn Ngabèi

--- 3 : 36 ---

Rônggawarsita, lajêng ngabêkti dhumatêng Gusti Panêmbahan, dhumatêng Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, sarampunging ngabêkti lajêng wangsul tindak ing dalêm malih, lajêng angêpang kêndhurèn ingkang sampun sami katata wontên ing meja, ingkang angujubakên Gusti Panêmbahan, ingkang andongani Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak.

Ing wêgdal wau ingkang sami sowan kathah sangêt, sadaya lajêng sami dipun ladosi dhahar. Sarêng sampun bibar dhahar sadaya sami andumugèkakên lêlênggahan, angadhêp Gusti Panêmbahan, ingkang dipun adhêp kalihan ingkang ngadhêp panggalihipun cocog sami karênanipun, punapadene sarêng uninga bilih ing wêgdal wau panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun ical tabêting sungkawa, ingkang lêlênggahan panggalihipun sami bingah, amila lajêng wiwit abawa raos, ingkang murwani Gusti Panêmbahan, anggêlarakên kawontênanipun dat ingkang Maha Suci kados ingkang sampun kawêjangakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma punika wau, awit saking sagêdipun Gusti Panêmbahan, ingkang mirêngakên rumaos sami kapranan sadaya, wasana anambahi jênakipun ingkang sami lêlênggahan, sami botên wontên ingkang angraosakên sayah, mila bibaranipun ngantos wanci enjing.

Sarêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun têtêp manjing siswa,

--- 3 : 37 ---

rêsêp rumakêtipun dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita prasasat sampun botên mawi pêpindhan, anggènipun anganggêb sudara saya tandhês lair batos malah kenging kaupamèkakên panggalih kalih dados satunggal utawi roroning atunggal, samantên ugi Radèn Ngebai[12] Rônggawarsita, katrêsnanipun dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma ngantos angungkuli katrêsnanipun dhumatêng garwa putra, patraping tata krami sakalangkung anaraga,[13] botên beda kalihan dhumatêng para putra dalêm.

Amangsuli cariyos, satilaripun dunya Radèn Mas Sambada, sanadyan Radèn Ayu Rônggawarsita botên wontên tabêtipun anawung sungkawa, ananging saya dangu sariranipun katingal kêra, môngka ing wêgdal wau anyarêngi kagungan putra sêsêpan ingkang antawisipun sawêg yuswa sataun, wujuding putra ugi lajêng tumut kêra, saking kêraning putra wau, ngantos kathah ingkang mastani katoran toya sêsêpan, sabên Radèn Mas Arya Gôndakusuma pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan, sampun

têmtu ambêbolèhi dhumatêng ingkang rayi Radèn Ayu Rônggawarsita, sagêda ambirat sungkawaning panggalih, tilaring putra sampun sangêt-sangêt karaosakên, mindhak angrisakakên sarira, punapadene Gusti Panêmbahan sampun botên kêkirangan anggènipun ambêbingah panggalihipun ingkang putra, ewadene sadaya panglipur tuwin kabingahan wau tumrap panggalihipun [panggalihipu...]

--- 3 : 38 ---

[...n] ingkang putra malah adamêl sulêg.

Awit saking sih katrêsnanipun Gusti Panêmbahan dhumatêng ingkang putra Radèn Ayu Rônggawarsita, sungkawaning panggalihipun ingkang putra wau dipun raosakên sangêt, sarta kalêbêtakên ing panggalih, wasana ngantos anjalari gêrahkipun[14] Gusti Panêmbahan, sanadyan gêrahipun wau botên patosa awrat, sarèhning kagêm bôngsa luhur ingkang sampun yuswa, dados namung kagêm sarean kemawon, para gusti, saha para bandara, tuwin para putra wayah kaponakan, rintên dalu kathah ingkang sami sowan tuwi, anggènipun amanggihi inggih namung wontên ing pasarean, dene wiwit gêrahipun Gusti Panêmbahan wau, ingkang putra Radèn Ayu Rônggawarsita sakalihan ingkang garwa, lajêng anjrak tugur wontên ing Buminatan, sarèhning Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun botên kêkilapan dhatêng gêrahipun Gusti Panêmbahan, amila sasêlaning pandamêlan ing ngarsa dalêm, sampun têmtu angisik-isik sampeyanipun Gusti Panêmbahan kemawon, manawi sampun botên kaadhêp ing putra wayah, Gusti Panêmbahan lajêng ngandikan kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang dipun pangandikakên babagan wigatos ingkang botên kenging kamirêngakên ing sanèsipun.

Salêbêtipun Gusti Panêmbahan gêrah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalangkung sungkawaning panggalihipun, mênggah sungkawaning panggalih [pang...]

--- 3 : 39 ---

[...galih] wau awarni-warni, saupami dipun petanga ngantos angicalakên pêpetangan, ananging wahananipun badhe amanggih kanugrahan, amargi sarêng badhe seda kirang tigang dintên, sadaya ngèlmu kagunganipun Gusti Panêmbahan, ingkang dèrèng kaparingakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng kaparingakên sadaya.

Nalika malêm dintên sedanipun Gusti Panêmbahan, sarèhning ing wêgdal wau para gusti kakung putri, ingkang sami sowan Gusti Panêmbahan sawatawis radi kathah, konduripun ngantos bangun enjing, dados ing wêgdal wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita namung wontên ing pandhapa kemawon, among tamu para prayagung wadana kaliwon ingkang sami sowan tugur, sarêng wanci jam 5 enjing, sadaya lajêng sami ngaso, Radèn Ngabèi Rônggawarsita ugi ngaso dhumatêng ing têngganipun, ing wêgdal wau anyarêngi ingkang garwa sawêg mundur kemawon saking dalêm, ugi parlu badhe ngaso. Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng pamitan dhumatêng ingkang garwa, enjing punika badhe tindak dhumatêng ing Baki Pandheyan angêmpi[15] paos, kangge jagi-jagi ambokmanawi wontên wigatos ingkang botên kenging dipun selaki, sarta punika mangke sadèrèngipun kondur, bokmanawi dipun timbali Gusti Panêmbahan, ingkang garwa kadhawuhan ngunjuk, manawi sawêg amrêlokakên dhatêng ing Baki Pandheyan sakêdhap.

--- 3 : 40 ---

Ingkang garwa sasampuning kawêling-wêling lajêng mangkat, ingkang andhèrèkakên namung abdi wulu cumbu tiyang kalih, 1. Pun Tanurêsa, 2. Pun Rêsatanu, sami anakipun Ki Tanujaya. Dumugi ing Baki Pandheyan sampun kapanggih kalihan Tuwan Agêng kabudidayan, pangêmpingipun paos sagêd angsal, sapanêdhanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita namung dipun pituruti kemawon, limrahipun priyantun ngêmping paos makatên kathah-kathahipun namung paos sataun, ananging manawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakêdhik-kêdhikipun paos tigang taun, têrkadhang ngantos gangsal taun, sarêng yatra sampun dipun pasrahakên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng kondur, sarêng tindakipun dumugi sacêlakipun ing dhusun Munyung, amriksani jam sawêg kèndêl jam 8 enjing, Radèn Ngabèi Rônggawarsita amanggih lêlampahan ingkang elok, inggih punika kapapag Gusti Panêmbahan Buminata, tindak saking wetan mangilèn, ingkang andhèrèkakên namung abdi jalêr kalih iji, 1. Ngabèi Sarwa Harja, 2. Ngabèi Wangsa Harja, dene abdi kêkalih ingkang andhèrèkakên wau sampun sami tilar donya, anggènipun tilar dunya malah dèrèng têlas wilujênganipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng munjuk, Gusti Panêmbahan badhe têdhak pundi, dhawuhimun[16] dhumatêng ing Baki Pandheyan, parlu badhe angêmping paos: 500 rupiyah, ing môngka pangêmpingipun paos [pao...]

--- 3 : 41 ---

[...s] Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau ugi angsal: 500 rupiyah, wasana Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng wangsul badhe andhèrèkakên, dhawuhipun Gusti Panêmbahan, sapunika botên susah kadhèrèkakên, namung benjing enjing kemawon kadhawuhan andhèrèk, malah lajêng

dipun dhawuhi, punika mangke sampun ngantos mompar-mampir, amargi ing dalêm kathah pandamêlan, unjukipun sêndika, munjuk makatên wau kalihan ngawasakên Gusti Panêmbahan, ingkang sawêg tindak mangilèn, sarêng tindakipun antawis wontên sapêmbalang, Gusti Panêmbahan dalah ingkang andhèrèk, lajêng sami botên katingal, Radèn Ngabèi Rônggawarsita andumugèkakên tindakipun.

Pun Tanurêsa, 2. Pun Rêsatanu, turut mêrgi sami bingah-bingah, dene Gusti Panêmbahan gêrahipun sampun sênggang, sarta sampun sagêd têdhakan, wiraosanipun tiyang kalih wau pancèn dipun sêngaja kamirêng-mirêngakên bêndaranipun, supados dipun salanggati, ananging wiraosanipun tiyang kalih wau namung dipun kèndêlakên kemawon, malah tindakipun lajêng kados dipun sêngkakakên, daya-daya sagêda tumuntên dumugi ing Buminatan, sarêng tindakipun dumugi ing alun-alun kidul, kapapak kalihan Ki Tanujaya, sarêng sampun cêlak Ki Tanujaya lajêng matur, kautus ingkang rayi Radèn Ayu Rônggawarsita, kadhawuhan jujul dhatêng ing Baki Pandheyan, amargi punika wau dhanci[17]

--- 3 : 42 ---

jam 8 enjing, Gusti Panêmbahan Buminata seda, sawêg dumugi samantên, pun Tanurêsa: 2. Pun Rêsatanu, sami cariyos dhatêng bapakipun, bilih kala wau wanci jam: 8 enjing, kapêthuk Gusti Panêmbahan wontên ing mêrgi dhusun Munyung, malah bêndaranipun badhe wangsul andhèrèkakên, nanging Gusti Panêmbahan botên kaparêng, têka jêbul sapunika seda, Ki Tanujaya namung mèsêm kalihan amangsuli: botên anèh.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun dumugi ing Buminatan, panggalihipun sakalangkung gêtun, dene sedanipun Gusti Panêmbahan sariranipun botên sagêd anguningani, wasana lajêng angabêkti kalihan muwun, kala samantên para gusti, para luhur, saha para bandara, sampun kathah sangêt ingkang sami rawuh, abdi dalêm wadana kaliwon, panèwu mantri lurah bêkêl jajar kadipatèn, tumplak blak sampun sami sowan dhumatêng ing Buminatan sadaya, botên sawatawis dangu lajêng dipun sirami, ingkang mangku para bêndara kangjêng pangeran putra kaponakan, ingkang sami anyirami ugi para putra dalêm kakung putri, ingkang angangsu para abdi dalêm panèwu mantri kadipatèn, sarêng anggènipun anyirami sampun rêsik, Kangjêng Mas Pangulu Tapsir Anom lajêng anucèni sariranipun Gusti Panêmbahan, sarêng sampun rampung layon kausung para kêtib dhumatêng ing dalêm, saha lajêng dipun dandosi kados adat layonipun [layonipu...]

--- 3 : 43 ---

[...n] bôngsa luhur, sarampungipun nyirami ingkang sami ngalab barkah mêndhêt toyaning pasiraman kathah sangêt, sami dipun ombe saha kangge pupuk sirah, tuwin sami dipun bêta mantuk.

Nunggil wanci wau abdi dalêm niti ingkang nindakakên wêdaling waragad sampun sami dhatêng panyambutipun damêl katingal acekat-cèkêt, angantawisi[18] saking kulinanipun anindakakên makatên, para abdi dalêm ingkang sami anyadhong waragad, kangge kaprêluanipun bab sedan, saking kathahipun ngantos ngumandhang gumarênggêng, candranipun kados pangrêsulaning tiyang ingkang sawêg kataman prihatos, swaraning yatra ingkang sami dipun thinthingi, saking kathahipun ngantos pating karêncing tanpa kèndêl, candranipun kados tangising pawèstri ingkang kapêgatan katrêsnan, punggawa kanitèn ingkang sami anyuwèki mori, swaranipun kados ambêlèr manah.

Layonipun Gusti Panêmbahan karêrêmakên wontên ing dalêm sadalu, manggèn wontên satêngahing dalêm, dipun tahlilakên abdi dalêm ngulama ngantos sadalu muput, enjingipun lajêng kabidhalakên sumare ing astana dalêm Imogiri, dhawuh dalêm abdi dalêm wadana kaliwon kadipatèn anom sadaya, sami kadhawuhan andhèrèkakên dumugi ing Imogiri, abdi dalêm panèwu mantri lurah bêkêl jajar, saha abdi dalêm riya panjiranan gindês sakarèrèhanipun, ingkang sapalih kadhawuhan andhèrèkakên [a...]

--- 3 : 44 ---

[...ndhèrèkakên] dhumatêng ing Imogiri, Radèn Ngabèi Rônggawarsita ugi andhèrèk.

Kacariyos, nalika bidhalipun layon, sampeyan dalêm inggih miyos, ingkang sami nglayat saha ingkang andhèrèkakên kathah sangêt, para luhur Jawi Walandi, sadaya pêpak, tuwan obrus sapangandhap, dumugi para mayor kapitan, litnan, ing loji agêng, dalah saradhadhunipun, sadaya sami andhèrèkakên, mangage[19] pameran.

Rahmatipun Gusti Panêmbahan adamêl eramipun ingkang sami sumêrêp, utawi ingkang sami andhèrèkakên, soroting diwangkara ingkang amadhangi jagad, bêntèripun namung dhawah wontên sakiwatêngêning margi agêng kemawon, sarêng lampahing layon dumugi ing margi agêng Kartasura mangidul, lajêng jawah dêrês kados pinusus, ananging jawah wau ugi namung wontên sakiwatêngênipun margi agêng kemawon, dados

ingkang sami andhèrèkakên botên wontên ingkang kajawahan, wontên ing Dlanggu dumugi ing Kitha Agêng, botên kacariyosakên, enggaling cariyos sarêng lampahing layon dumugi ing lèpèn Opak, kala samantên amarêngi bêna agêng, dados layon dalah para pandhèrèkipun sadaya, katêksa sami kèndêl wontên sapinggiring lèpèn, sarêng makatên Radèn Tumênggung Yasadipura, amurugi ingkang wayah Radèn Ngabèi Rônggawarsita, [Rônggawarsi...]

--- 3 : 45 ---

[...ta,] ing wêgdal wau sawêg lênggah wontên satêngêning layon, ingkang wayah kadhawuhan amêsu panggalih, supados layonipun Gusti Panêmbahan sampun ngantos kadangon kakèndêlakên wontên sapinggiring lèpèn, amila Radèn Ngabèi Rônggawarsita sarêng anampèni dhawuhipun ingkang êmbah lajêng tindak dhatêng sapinggiring lèpèn, wontên ing ngriku angêningakên cipta, kalihan sêdhakêp suku tunggal anutupi babahan nawa[20] sanga, nyuwun dhumatêng ingkang Amurbèng Jagad, mugi aparinga pitulung ingkang dados pangèsthining panggalih, layonipun Gusti Panêmbahan saha ingkang sami andhèrèkakên, sagêda sama[21] lumampah ing lèpèn Opak, sampun wontên sangsayanipun, saking sangêting pamêsu, lajêng wontên kaelokan malih ingkang dipun uningani dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita, salêbêting sêmadi uninga Gusti Panêmbahan Buminata, jumênêng wontên sanginggiling toya, sarêng sampun luwar saking sêmadi, sanalika toyaning lèpèn ingkang amulak-mulak, lajêng asat ngantos katingal wêdhinipun, awit saking bingahipun ingkang sami andhèrèkakên layon, ngantos kasupèn bilih ing wêgdal wau wontên ing salêbêting sungkawa, sadaya lajêng sami surak mawurahan, sarta kawêdal pangalêmbananipun dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, wasana layonipun Gusti Panêmbahan lajêng kabidhalakên, sarêng layon dalah ingkang andhèrèkakên sampun [sa...]

--- 3 : 46 ---

[...mpun] amêngkêrakên ing lèpèn Opak, lèpèn wau lajêng bêna malih, malah agênging toya ingkang sawêg dhatêng punika, ngantos adamêl mirisipun ingkang sami anyumêrêpi, sarêng layon sampun dumugi pasareyan dalêm ing Imogiri, sasampuning karêrêmakên sawatawis dangunipun, lajêng kasarèkakên, sarampungipun anggèning nyarèkakên, ugi wontên kaelokanipun malih, nalika ingkang sami andhèrèkakên badhe bidhal ngaso dhumatêng ing kabupatèn, sadèrèngipun bidhal, sadaya sami mirêng swara gumalêgêr, kados swaraing kalantaka, ngantos salêbêting pasareyan karaos orêg, ingkang mirêngakên swara wau sadaya ngantos sami kamidolopên, sakèndêling swara wau, salêbêting pasareyan gandanipun sakalangkung arum, saking arumipun ngantos angawonakên gandaning lisah jêbat kasturi, mênggah kawontênanipun kaelokan wau,

ingkang andhèrèkakên layon sadaya sami ngungun, pangungun wau botên namung wêgdal wontên pasareyan kemawon, ananging ngantos pintên-pintên wulan taksih dados wiraosanipun para priyantun kathah (punika labaning prayagung luhur ingkang ambêg utami), wasana ingkang sami andhèrèkakên lajêng bidhal dhumatêng ing Kabupatèn Imogiri, dumugi ing kabupatèn dipun sugata kados adat, sarêng enjingipun lajêng wangsul dhumatêng ing nagari Surakarta.

--- 3 : 47 ---

Sasedanipun Gusti Panêmbahan, Radèn Ayu Rônggawarsita rumaos sampun botên wontên ingkang dipun adèn-adèni, panggalihipun sakalangkung kajog, kajoging panggalihipun anuwuhakên kêraning sariranipun, dangu-dangu lajêng gêrah cêkoh, manawi sontên sariranipun mawi sumêng, sabên tigang dalu utawi sakawan dalu sapisan, Radèn Mas Arya Gôndakusuma tuwi dhumatêng ing Rônggawarsitan, konduripun ngantos jam: 2, têrkadhang ngantos jam: 4 enjing, sontên-sontênipun jam: 12 dalu, pasambèning lênggah angungsêt bab pathokaning anyêkarakên, bab kasusastran, tuwin lagu-laguning sêkar agêng, sêkar macapat, sapanunggilanipun, sanadyan sampun mawi pasambèn angudi kagunan, nanging sabên-sabên panggalihipun tansah kèngêtan pamêcanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng sariranipun, bab satunggal, bab kalih, bab tiga, kados ingkang sampun kaaturakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, ingkang satunggal sampun kalampahan, inggih punika sedanipun Radèn Mas Sambada, ingkang kalih, dèrèng kalampahan, nanging sampun wontên antawisipun, inggih punika tumrap Radèn Ayu Rônggawarsita, namung ingkang kaping tiga, ingkang tumrap dhumatêng sariranipun piyambak, kawontênanipun kalihan tètèsing pamêca dèrèng wontên antawisipun mèmpêr, manawi Radèn Mas Arya Gôndakusuma angraosakên [angraosa...]

--- 3 : 48 ---

[...kên] bab punika, panggalihipun lajêng judhêg, pangudaraos ingkang makatên wau sanadyan namung wontên salêbêting panggalih, ewadene Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun botên kêkilapan, amila Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng dipun caosi cêculikan kawontênanipun kodrat wiradat, pangandikanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika sampun dipun kaparêngakên ingkang Maha Kuwasa sumêrêp dhatêng kodrating manungsa, ananging sariranipun botên sagêd adamêl kodrat, sampun ingkang damêl, anginggokakên kemawon botên sagêd, dados sadaya ingkang sampun dipun kodrat dening ingkang damêl gêsang, punika sampun têtêp, botên sagêd ewah saking pandamêling manungsa, utawi botên kenging dipun wiradati, sarêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma amirêngakên aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang kados

makatên wau, panggalihipun lajêng sumèlèh, sarta sakalangkung panuwunipun.

Sarêng sampun dumugi sadasa wulan, gêrahipun Radèn Ayu Rônggawarsita saya rêkaos, sakathahing usada sampun botên amigunani, para prayagung sêpuh sampun dipun aturi rawuh sadaya, sarêng andungkap badhe seda namung kantun mênitan kemawon, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dipun aturi nyêlak, sarêng sampun nyêlak, Radèn Ayu Rônggawarsita matur, nyuwun pamit badhe angrumiyini, sarta angaturi wilujêng, mugi Gusti Allah [A...]

--- 3 : 49 ---

[...llah] aparing rahmat dhumatêng ingkang garwa tuwin para putranipun sadaya, satêlasing aturipun Radèn Ayu Rônggawarsita wau sarêng kalihan pêcating atma, lês, lap, kados pêsating jêmparing, ingkang anênggani ngantos sami kamitonggongên utawi kamidolopên.

Sedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita dintên wulan tanggal taunipun têtêp kados pamêcanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang sampun kaaturakên wuninga dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, amarêngi malêm Salasa Wage tanggal kaping 23 wulan Sura taun Wawu 1777, wanci jam 8 sontên, dumugi yuswa: 47 taun, ing wêgdal wau ing Rônggawarsitan paribasan jawah tangis, para kadang warga sarta para pawong mitranipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sadaya sami sakalangkung ngungun, sarta botên wontên ingkang sami nyana, amila sanadyan sedanipun wau wanci dalu, ewadene ingkang sami nglayat sampun atusan, bôngsa punapa kemawon wontên, para gusti, para luhur, para bandara, para priyantun, sarta para tuwan-tuwan tuwin para bôngsa Arab, bôngsa Cina, ingkang sami nyumbang anggili botên wontên pêdhotipun, anggènipun maringi saha nyaosi pasumbang kados jor-joran, wêgdal dalu kemawon tampining yatra pasumbang sampun angsal ewon, samantên wau kajawi ingkang warni, uwos, klapa, lisah, gêndhis [gêndhi...]

--- 3 : 50 ---

[...s] tèh, mênyan, ratus, mori sasaminipun, wontên bôngsa Cina ingkang nyumbang lilin ingkang agêngipun salêngên-lêngên, kathahipun satus, sadaya wau lajêng dipun sumêdi sadaya dening ingkang nyumbang, mila padhangipun ngantos kados siyang, nunggil dalu wau layon sampun dipun sirami, sarta sampun dipun dandosi kados adad, wiwit dalu dumugi siyang, ingkang sami nglayat botên wontên pêdhotipun, paribasan kesah

dhatêng, sarêng dintênipun Rêbo tanggal 24 kasarèkakên dhumatêng ing dhusun Palar, kadhèrèkakên para lêluhuripun saking pancêr putri, nalika bidhaling layon, ingkang sami nglayat kathah sangêt, para luhur Jawi Walandi pêpak, para priyantun panèwu mantri tuwin para mitra-mitra, kathahipun ngantos ewon, ingkang among tamu Radèn Tumênggung Yasadipura, Radèn Mas Arya Gôndakusuma, Tuwan Pèdrik Wintêr, saha para prayagung kaliwon kadipatèn, tuwin para panèwu mantri kabupatèn, Radèn Ngabèi Rônggawarsita namung mêmpên wontên ing pasênêtan, saking sawêg, putêg mêtêg kataman prihatin, taman tumon pêpadhanging pandam, pindha pêdhut pangidhêpe ...

Sarêng ingkang sami rawuh nglayat sampun pêpak, saha kakintên sampun atus, ingkang êmbah Radèn Tumênggung Yasadipura, lumêbêt ing dalêm, manggihi ingkang wayah Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang êmbah maringi wuninga, ingkang layat sampun [sampu...]

--- 3 : 51 ---

[...n] kathah sangêt, sarèhning para luhur sampun kathah ingkang sami rawuh, amila layonipun ingkang wayah Radèn Ayu Rônggawarsita, badhe kaangkatakên sapunika, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita namung ngaturi sasmita astanipun kaacungakên mangajêng, saha kalihan andhêku, atur makatên wau anawung raos sampun anyumanggakakên, layon lajêng kawêdalakên dening para sanak sadhèrèk, sarêng sampun mêdal saking dalêm, swaraning tangis ngantos gumêrah, ingkang dados bayangan inggih kathah.

Sapêngkêripun layon, ing Rônggawarsitan kaupamèkakên sêsupe coplok sêsotyanipun, sanalika katingal samun botên wontên mathinipun, sanadyan ingkang botên tumut andhèrèkakên inggih taksih kathah, ewadene inggih mêksa katingal samun.

Inggaling cariyos, layonipun Radèn Ayu Rônggawarsita sampun dumugi ing dhusun Palar, angèstokakên dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kadhawuhan nyarèkakên wontên sajawining pagêr banon capurining pasareyanipun Radèn Tumênggung Wôngsabaya, manggèn sawetaning waringin cakêt, sakilènipun ingkang rayi ing têmbe badhe kagêm sariranipun.

Nalika layon dèrèng kaangkatakên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita matah ingkang rayi nak-sanak, nama Radèn Jayalaga, [Ja...]

--- 3 : 52 ---

[...yalaga,] putra têtilaranipun ingkang rama alit Mas Ngabèi Awijaya, kautus andhawuhakên dhumatêng ingkang rama alit nama Kyai Kartarêja ing dhusun Palar, kalêrês sadhèrèkipun jalêr Mas Ajêng Rônggawarsita kaping II, Kyai Kartarêja wau dados pradikan juru kunci ing pasareyan Palar, lênggahipun siti dhusun ing Palar sawêwêngkonipun cacah 5 jung, mawi pasumping angladosi dhahar dalêm gêmblong lèmpèng, ladosan wau ugi lêstantun dumugi sapunika, sasampuning nampèni dhawuh piwêlingipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang kados makatên wau, salêbêting panggalih angudaraos, sapisan, têka botên kasarèkakên dhumatêng ing Pêngging Ngaliyan, andhèrèk ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, amargi punika pasareyanipun para lêluhur pancêr saking kakung, manawi pasareyan ing Palar punika lêluhur saking pancêr putri (Sudiradirjan), kaping kalih, piwêlingipun ingkang putra ingkang dipun tampèni, Radèn Ayu Rônggawarsita kadhawuhan amrênahakên wontên sawetanipun uwit waringin cakêt, sarta mawi andhawuhakên sakilènipun ingkang rayi benjing badhe kagêm pasareyanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, manawi namung guru uwit waringin mawon, saêlèripun wit waringin taksih bawera sangêt, punapadene sawanganipun inggih prayogi, wangsul manawi manggèn wontên sawetaning uwit waringin,

--- 3 : 53 ---

dados manawi makatên, ing benjing Radèn Ngabèi Rônggawarsita badhe manggèn wontên sakilènipun uwit waringin, malah panampinipun ingkang rama alit Kyai Kartarêja, lajêng lêbêt, punapa anggènipun makatên wau saking botên rêmênipun jèjèr kalihan ingkang garwa, kaparêngipun jèjèr taksih dipun êlêt-êlêti uwit waringin, pangudaraos makatên wau sampun karêmbag kalihan para sanak sadhèrèk kathah, kalêbêt Radèn Panji Jayalaga piyambak, putusaning rêmbag, sarèhning bab punika sampun dados kaparêngipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila inggih namung kalêstantunakên kemawon.

Sasedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita, sanadyan kala sugêngipun tata lairipun kawon sangêt kalihan Mas Ajêng Pujadewata (Rara Marsiyêm) ewadene sarêng seda raosing panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kados rinujit punapadene sedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita wau mawi anilar putra ingkang taksih timur sangêt, nama Radèn Mas Sutama, (Radèn Mas Sutama wau sarêng diwasa lajêng dados abdi dalêm mantri kadipatèn anom, kapatêdhan nama Radèn Ngabèi Sôntadikara), amila saya anambahi karêrantan saha karaos-raos ing panggalih, sarêng layonipun ingkang garwa sampun kaangkatakên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angarang sêrat [sêra...]

--- 3 : 54 ---

[...t] rêrêpèn kangge panglipuring panggalih, sêkaripun kinanthi, kathahipun 30 pada, blêjat-blêjat sêrat rêrêpèn wau purwakanipun kados ing ngandhap punika, nanging kuciwa dene juru pangimpun namung apal 4 pada.

kaonêngan manahên kung / akên kakênaning kanin / kaninangan nayakenas / konus nis kramaning kami / kamanungsan saniskara / karantan rêntêng kapati //

putêk mêtêk katêkan kung / mangkya kakungkung ing kingkin / kongas ing rèh karahatan / katamaning rèh palupi / têmah tangi tangisira / sira sang paramèng kawi //

kawilêting tyas malatkung / kalangkung kongkal lan angling / sira sang kalêngkaningrat / kang murut maring donadi / dening kanang kang kahanan / kaonang-onang tyas êning //

wèh onêng manungku ring kung / rêngka rêkasa sayêkti / hèh tabah[22] asthami kala / kulêming Anggara Pai[23] / kapaung karya ruhara / ari sikara sirèki //

Salêbêtipun sataun, wiwit sedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita prasasat botên wontên ingkang parlu kapacak wontên ing sêrat babad, sarêng wulan Sapar tanggal sêpuh, dados wontên salêbêtipun ing taun Jimakir 1778, Radèn Mas Arya [Ar...]

--- 3 : 55 ---

[...ya] Gôndakusuma, utusan dhumatêng ing Rônggawarsitan, aparing uninga, ingkang garwa Radèn Ayu Gôndakusuma seda, jalaran anggènipun mêntas kagungan putra, Radèn Ngabèi Rônggawarsita panggalihipun sakalangkung kagèt, sarta sangêt pangungunipun, dene botên kanyanan bilih siswanipun gêgambèn amanggih sungkawa dahat, amila sanalika lajêng sowan dhumatêng ing Gôndakusuman, konduripun ngantos wanci dalu, enjingipun lajêng wangsul dhatêng Gôndakusuman malih, parlu anguntapakên bidhaling layon, konduripun ngantos jam 2 siyang, sakonduripun saking nglayat, panggalihipun sakalangkung

anggarantês, sarta sakalangkung gêgêtun, dene nalika gêrahipun Radèn Ayu Gôndakusuma Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên mirêng sakêdhik-kêdhika, saupami mirênga, sanadyan botên kaparingan uninga, sampun tamtu sabên dalu sowan dhumatêng ing Gôndakusuman, ing môngka nalika gêrahipun ingkang garwa Radèn Ayu Rônggawarsita, Radèn Mas Arya Gôndakusuma kêrêp sangêt tindak dhumatêng Rônggawarsitan, wasana lajêng mupus ing pêpasthèn.

Amarêngi tanggal sapisan wulan Mulud taun Jimakir 1778, wanci jam 8 sontên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sowan tuwi Radèn Mas Arya Gôndakusuma, ingkang sawêg salêbêtipun sapêkên punika mêntas kasedan garwanipun, sadumuginipun ing Gôndakusuman, ing wêgdal wau Radèn Mas Arya Gôndakusuma [Gô...]

--- 3 : 56 ---

[...ndakusuma] sawêg lênggah rêsban wontên ing paringgitan, para putra saha para abdi sami botên katingal ngadhêp, warnining pasuryan taksih katingal labêting anawung sungkawa, sarêng uninga bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita sowan tuwi, panggalihipun lajêng katingal lêjar, sarta sakalangkung bingah, amila lajêng dipun papagakên tuwin dipun kanthi kalêbêtakên ing dalêm, sarêng sampun sami lênggah satata, sarta sampun kaparingan pambagyarja, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anglairakên karênaning panggalihipun, dene ingkang rayi Radèn Ngabèi Rônggawarsita amrêlokakên tuwi sariranipun, amila Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun sagêd anêmtokakên bilih panggalihipun badhe sagêd lêjar dening dhatênging mausandilata, ingkang dados usadaning sadaya sêsakit.

Wangsulanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita cêkak aos, anggèning sowan punika botên namung dados panuksmaning mausandilata kemawon, ananging malah dados sajatining Sang Hyang Kanekaputra, ingkang sawêg amundhi dhawuhipun Sang Hyang Girinata, ambêkta kanugrahan ingkang badhe kaparingkên dhumatêng kêkasihing dewa ingkang sawêg anandhang sungkawa dahat, wangsulan kados makatên wau sangêt andadosakên kaprananing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sanadyan ing wêgdal wau taksih sakalangkung anahên prihatos, ewadene [ewa...]

--- 3 : 57 ---

[...dene] sarêng mirêng aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kados makatên wau, anggènipun gumujêng botên kenging dipun ampêt, wasana

lajêng sinamun ing samudana sinambi nyuwun kabar, kala angkating layonipun ingkang garwa, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anggènipun anguntapakên dumugi ing pundi, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, namung dumugi ing Jurug, pancènipun kagungan sêdya badhe andhèrèkakên dumugi ing rêdi Ngadêg, wasana anggènipun nyambut kapalipun Tuwan Pèdrik Wintêr dipun wangsuli badhe kangge rakitan bèndi, ugi andhèrèkakên layonipun Radèn Ayu Gôndakusuma dhumatêng ing Jurug, dados panggalihipun taksih cuwa sangêt, nalika lampahing layon dumugi sawetaning bênawi, sariranipun lajêng wangsul, kalêrêsan sagêd kapanggih Tuwan Pèdrik Wintêr, amila wangsulipun saking Jurug lajêng sagêd numpak bèndi kalihan Tuwan Pèdrik Wintêr, awit saking randhating lampahipun layon, dados konduripun saking Jurug sampun kèndêl jam 12, dumugi ing Rônggawarsitan sampun jam 1 siyang, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anglairakên agênging panggalihipun, dene para gusti, para luhur, para tuwan-tuwan, ingkang sami nglayat kathah sangêt, malah para bêndara pangeran katingal sami nglayat sadaya, mênggah ingkang makatên wau, kajawi rahmatipun ingkang seda, inggih mawi ngungak ingkang kasedan, Radèn Ngabèi [Ngabè...]

--- 3 : 58 ---

[...i] Rônggawarsita lajêng nyuwun sêsêrêpan, Radèn Ayu Gôndakusuma wau dumugi sedanipun yuswa pintên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma amangsuli, sawêg yuswa 34 taun, langkung 11 wulan 20 dintên, dados têtêping yuswa 35 taun namung kirang 10 dintên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng sêdhakêp, sarta sangêt pangunguning panggalihipun, tuwin katingal sakalangkung gêgêtun, wasana lajêng matur dene yuswanipun taksih ênèm sangêt, mila sariranipun ugi anawung sungkawa bela prihatos, sanadyan susahing panggalihipun sampun tanpa pêpindhan, saèstunipun inggih dèrèng sagêd sami kalihan susahing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, anamung sarèhning ing dunya punika botên wontên barang ingkang ganjil, têgêsipun, sabên mêntas susah inggih mêsthi amanggih bingah, sabên mêntas kacuwan, sampun mêsthi amanggih kasênêngan, dados anggènipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma nampèni cobining Pangeran kadhawuhan anglampahi sungkawa, saha kadhawuhan anglampahi cuwa, punika sampun têmtu bilih badhe anampèni lêlintu ing kabingahan tuwin kasênêngan, sasampuning têlas aturipun ingkang kados makatên wau, lajêng angungalakên jajanipun, anganglungakên mustakanipun, kalihan matur malih makatên, sajatosipun ing wêgdal punika sariranipun angêmban dhawuhipun ingkang Maha

--- 3 : 59 ---

Kuwasa, kalilan andhawuhakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, bilih wahyaning kanugrahan ingkang dados tataraning kamulyan sapunika sampun tumiyung, ambokmanawi salêbêtipun taun Jimakir punika kemawon sampun dhumawah, mênggah dhumawahing wahyu wau namung kagêm tataran kanugrahaning Pangeran ingkang kaparingakên dhumatêng Radèn Mas Arya Gôndakusuma, sawêg kagêm cithakaning kamulyan ing dunya dumugi ing akir, ngantos tumêrah para turasipun sadaya, dene kamulyan kados ingkang sampun kaaturakên kala samantên, têtêping pêpasthèn botên sagêd ewah.

Awit saking eloking aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau, raosing panggalihipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma, kados wontên salêbêting alam supênan, wasana lajêng karêrantan, kèngêtan katrêsnaning garwa ingkang sampun kondur dhumatêng ing kasidan jati, têka botên amêningi badhe dhumawahipun tataraning kanugrahan, kados ingkang dipun aturakên dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika wau.

Sarêng sampun antawisipun jam: 12 dalu, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng nyuwun pamit badhe ngaso, Radèn Mas Arya Gôndakusuma inggih sampun anjurungi, sarta ngaturakên panuwun, tuwin ngaturakên pudyarjaning tindak ngantos dumugi ing dalêm, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anguntapakên dumugi [dumu...]

--- 3 : 60 ---

[...gi] taritising paringgitan.

Sapêngkêripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, Radèn Mas Arya Gôndakusuma andumugèkakên anggènipun lênggah rêsban wontên ing paringgitan, salêbêtipun lênggah namung anggagas kawontênaning sariranipun, awit saking kabêkta sayah ariping tingalipun, tuwin sungkawaning panggalih lês, lajêng sare, anggèning sare wau namung sèndhèn wontên ing rêsban kemawon, sarèhning sampun sawatawis dintên anggènipun kirang sare, dados sawanganipun katingal sakeca, kacariyos, salêbêtipun sare Radèn Mas Arya Gôndakusuma supêna dipun têdhaki swargi ingkang rama Kangjêng Pangeran Arya Adiwijaya, Radèn Mas Arya Gôndakusuma dipun paringi songsong tigan satugêl, dhawuhipun, songsong punika tataraning dhumawahipun ing kanugrahan ingkang sampun kapacangakên dhumatêng ingkang putra, sarêng sampun dipun tampèni, lajêng kaparingakên abdi kêkasihipun nama pun Karana, kadhawuhan andèkèkakên wontên ing rêngkan, sawêg dumugi samantên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng wungu, sawunguniрun sare salêbêting panggalih amuji sokur ing Allah, dene cocog kalihan pamêcanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarèhning ing wêkdal wau

sampun kèndêl jam 3, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng mlampah-mlampah, konduripun ngantos jam 6 enjing.

--- 3 : 61 ---

Antawis lêt tigang dintên saking anggènipun supêna Radèn Mas Arya Gôndakusuma, kados ingkang kapratelakakên ing nginggil, dados wontên tanggal kaping 3 wulan Mulud, Radèn Mas Arya Gôndakusuma, kagungan karsa badhe têdhak dhumatêng ing Rônggawarsitan, ananging raosing panggalih tansah rangu-rangu, amargi wiwit sasedanipun ingkang garwa Radèn Ayu Gôndakusuma, dumugi sapunika, sabên dintên para bandara taksih kathah ingkang sami tuwi, ananging manawi anggalih parlunipun ingkang badhe dipun pangandikakakên, kêrsanipun wau kados botên kenging dipun êndhakakên, amila lajêng animbali dhumatêng pun Karana, sarêng sampun sowan lajêng dipun dhawuhi, bilih panjênênganipun badhe têdhak dhumatêng ing Rônggawarsitan, pun Karana kadhawuhan andhèrèk, aturipun sêndika, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng dandos, dèrèng rampung anggènipun dandos, jêdhul, pun Karana mlêbêt dhumatêng ing padandosan, angaturi uninga bilih ingkang rayi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sowan, ananging punika wau mawi mêling dhumatêng pun Karana, punika mangke botên sagêd dangu, amargi sariranipun sayah sangêt, mêntas tindak saking Malangjiwan tuwin saking Kapanasan, Radèn Mas Arya Gôndakusuma panggalihipun sakalangkung bingah, amila lajêng mêdal amapagakên dhumatêng ing paringgitan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng dipun kanthi kalêbêtakên [kalêbê...]

--- 3 : 62 ---

[...takên] ing dalêm, sasampunipun sami lênggah, sarta sampun kaparingan pambagyarja, Radèn Mas Arya Gôndakusuma anglairakên karêntêging panggalih anggènipun badhe pinarak dhumatêng ing Rônggawarsitan, parlu badhe angêndikakakên anggènipun supêna kala malêm tanggal sapisan kapêngkêr punika, kawontênanipun lajêng dipun pangandikakakên sadaya, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalangkung bingah, aturipun, supênanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma punika sae sangêt, wahananipun badhe sagêd têtêp kados ingkang dipun dhawuhakên ingkang rama swargi Bandara Kangjêng Pangeran Arya Adiwijaya wontên salêbêting supênan wau, wasana lajêng angaturakên pemut, sadèrèngipun kalampahan, Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun ngantos kêmba dhatêng prihatosing panggalih, wangsulanipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma sakalangkung nuwun, badhe dipun laksanani. Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angêndikakakên parlunipun anggènipun mêntas saking Malangjiwan, tuwin dhatêng Kapanasan, parlunipun mêntas angêpyakakên dêmang (bêkêl pangajêng) nanging sarêng dumugi Malangjiwan, ingkang badhe kakêpyakakên dados

dêmang wau sawêg sakit panas, sarèhning bêtahipun namung badhe angêpyakakên dêmang, dados sanadyan ingkang badhe kakêpyakakên wau sawêg pinuju sakit, inggih mêksa kakêpyakakên, Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng anggarap [angga...]

--- 3 : 63 ---

[...rap] dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, makatên, sukur manawi sagêd kalampahan kakêpyakakên, dados bakuning parlu sagêd kacêpêng, Radèn Ngabèi Rônggawarsita gumujêng kalihan matur, lakar ingkang kabujêng inggih namung bakuning parlu punika.

Sarèhning sampun dumugi anggènipun sami angêndikan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng nyuwun pamit badhe ngaso, Radèn Mas Arya Gôndakusuma inggih sampun amarêngakên, sarêng sampun sami jumênêng, Radèn Mas Arya Gôndakusuma ngêndika dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sampun ngantos kêmba anggènipun angrencang-ngrencangi dhumatêng sariranipun, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, nuwun sêndika, insaallah dipun pêpuji sagêdipun kalampahan, tuwin sampun ngantos amanggih alangan ingkang parlu, sariranipun sagah ngadhêp ngabyantaranipun ingkang Maha Kuwasa.

Dhatêngipun Kabingahan.

Kacariyos sasedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dèrèng kaparêng krama malih manawi botên angsal têtimbangan putri ingkang panggalihipun ragi mèmpêr kados ingkang garwa rumiyin, dados sadèrèngipun angsal têtimbangan ingkang nocogi kalihan panggalihipun, namung narimah dipun ladosi dening ampilipun kalih, inggih punika Mas Ajêng Pujadewata (Rara Marsiyêm) kalih Mas Ajêng Maradewata [Ma...]

--- 3 : 64 ---

[...radewata] (Anggotya), anamung ampil kalih wau ingkang ragi katêngên namung Mas Ajêng Pujadewata, Mas Ajêng Pujadewata punika manahipun kina, dhatêng gugontuhon pitados sangêt, saking kandêling pitadosipun dhatêng gugontuhon, paribasan sampun manjing dhatêng balung sungsum.

Amarêngi tanggal kaping: 7 wulan Mulud taun Jimakir, 1778, wanci jam: 3 siyang, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kondur sowan kados adat, sarêng sampun lukar kampuh, dhawuh dhumatêng Mas Ajêng Pujadewata, kadhawuhan pados arta kathahipun: 10 rupiyah, awarni ringgit sadaya, Mas Ajêng Pujadewata lajêng mangkat, ingkang dipun tuju dhatêng griyanipun Mas Bêkêl Wiradikrama, ing Pêkên Kaliwon, sarêng Mas Ajêng Pujadewata sampun mangkat, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng tindak dhatêng panyêratan, dèrèng sapintêna dangunipun, Mas Ajêng Pujadewata sampun dhatêng lajêng anjujug dhatêng panyêratan, arta sadasa rupiyah warni ringgit, 4, kacaosakên, anggènipun angaturakên arta wau kalihan matur, badhe dipun agêm punapa, dhawuhipun, badhe katêtêsakên, mangke manawi sampun nêtês, badhe sagêd tikêl sadasa, Mas Ajêng Pujadewata pitados sangêt dhatêng dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang kados makatên wau, arta sadasa rupiyah lajêng dipun sèlèhakên wontên ing meja panyêratan,

--- 3 : 65 ---

Radèn Ngabèi Rônggawarsita andumugèkakên nyêrat malih, sarêng wanci jam: 4 sontên, wontên utusanipun Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton (ingkang ing wingking asma Gusti Kangjêng Ratu Pambayun, putra dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan Paku Buwana kaping VII, miyos saking pramèswari dalêm Gusti Kangjêng Ratu Kancana, putri ing Mangkubumèn) amaringi lorodan sêkul ulam sabèri, sarta maringi ganjaran kampuh latar pêthak babaran, sêratanipun sêmèn rama, ukup balênggènipun cindhe abrit, ingkang kautus abdi dalêm cebolan kalih, bucon satunggal, ingkang ngirit abdi dalêm para nyai nama pun Mursinah, pun Mursinah matur Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kautus Sampeyan Dalêm Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kapatêdhan lorodan dalêm sêkul ulam, saha kapatêdhan kampuh, tuwin ukup, unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sakalangkung panuwun pamundhinipun, kalêrêsan, benjing bakda Mulud punika paring dalêm kampuh wau badhe dipun inggali kagêm sowan, saha mawi ngunjuk, lêbêting paring dalêm kampuh punika, kaubêdakên sampun sagêd kobèt, sêkul ulam lajêng dipun tampèni Mas Ajêng Pujadewata, namung paring dalêm kampuh dipun tampèni Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak, lajêng kasèlèhakên wontên ing meja panyêratan, para utusan [u...]

--- 3 : 66 ---

[...tusan] sakawan wau kaparingan pasangon nyaringgit, tiyang sakawan dados sadasa rupiyah, ingkang kaparingan pasangon sami sakalangkung bingah ing manahipun, lajêng sami nyuwun pamit badhe malêbêt.

Sapêngkêring utusanipun Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton wau, Mas Ajêng Pujadewata katingal ragi botên kadugi manahipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang sampun botên kêkilapan dhatêng sêmuning tiyang, amila lajêng dhawuh dhumatêng Mas Ajêng Pujadewata, yatra kawan ringgit ingkang kagêm nyangoni punika wau, sajatosipun namung yatra sulapan, sanès yatra sayêktos, ingkang kasulap kêthokan bênang jilidan dalancang, mangke dumugi ing nglêbêt karaton, sampun wangsul dados ular-ular, kengingipun namung dipun angge amêtahakên sinjang ingkang sampun amoh, dene yatra ingkang sayêktos, taksih dipun angrêmakên, mangke sariranipun manawi sampun dhahar badhe sagêd nêtês sadaya, botên wontên ingkang kêmlêkêrên. Dipun dhawuhi kados makatên wau, Mas Ajêng Pujadewata manahipun sampun sakalangkung amituhu, mila Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng dipun aturi dhahar, ingkang ngladosi inggih namung Mas Ajêng Pujadewata piyambak, anggènipun dhahar namung wontên ing panyêratan kemawon, salêbêtipun dhahar, katamuwan nyonyah Cina nama nyonyah Gan Tang, griyanipiun ing Pêkên Agêng, nyonyah [nyo...]

--- 3 : 67 ---

[...nyah] Gan Tang wau angêmban anakipun jalêr, kintên-kintên umur 4 taun, badanipun katingal kêra, nyonyah Gan Tang angaturi uninga, anakipun punika sampun sawulan sakit panas, sampun katumbasakên jampi saking singsèh, mêksa dèrèng mantun, manawi kaparêng kasuwunakên jampi, Radèn Ngabèi Rônggawarsita (dhawuhakên bêkta majêng) sarêng sampun kaajêngakên, maripatipun lajêng dipun pariksani, wasana lajêng dhawuh dhumatêng Mas Ajêng Pujadewata, amêndhêt godhong pisang ingkang manglung mangalèr, manawi sampun kadamêla takir kalih, sarêng panakiripun sampun dados lajêng kacaosakên, takir wau dipun isèni sêkul sapêpakipun, lajêng kaparingakên nyonyah Gan Tang, kapurih andulangakên anakipun, dhawuhipun, manawi sagêd kalêbêt, insa-Allah sagêd mantun, dilalah sarêng anakipun nyonyah Gan Tang sumêrêp sêkul wontên takir wau, lajêng nêdha madhang, nyonyah Gan Tang manahipun bingah sangêt, sanalika lajêng kadulang, sarêng panêdhanipun têlas sapalih, lajêng nêdha mandhap saking êmbanan, tuwin lajêng purun, mlampah atlênyak-tlênyak (nyonyah Gan Tang saya sakalangkung bingah manahipun, saking kasoking kabingahan, nyonyah Gan Tang anilari arta kathahipun, kalih dasa rupiyah, katampèkakên Mas Ajêng Pujadewata, nyonyah Gan Tang lajêng wangsul, samantukipun nyonyah Gan Tang anggènipun dhahar ugi sampun rampung, sadaya lajêng kaundurakên,

--- 3 : 68 ---

anggènipun angundurakên lorodan wau Mas Ajêng Pujadewata tansah nyawang paring dalêm kampuh wau, sarêng sampun rampung, kampuh badhe kapêndhêt dipun tingali, ananging lajêng dipun dukani, sarta dipun dhawuhi, kampuh punika pataranganipun yatra ingkang dipun êngrêmakên, punika mangke samôngsa sapêtaranganipun kaebah-ebah, lajêng botên sagêd nêtês, sariranipun badhe kapitunan, Mas Ajêng Pujadewata ugi badhe tumut kapitunan. Mas Ajêng Pujadewata mirêng dipun dukani makatên wau manahipun sakalangkung ajrih, ananging ajrihipun wau namung saking kuwatos ambokmanawi êngrêmanipun yatra botên sagêd nêtês sayêktos, Mas Ajêng Pujadewata badhe sande nampèni kuthuking yatra.

Sajatosipun, paring dalêm kampuh wau lêmpitanipun ing lêbêt mawi dipun dèkèki yatra krêtas nyalangkung rupiyah, kathahipun sakawan lêmbar, dados gunggung satus rupiyah, ugi paringipun Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, pandèkèkipun paring dalêm yatra wau abdi ingkang dipun utus botên sumêrêp, pancèn dipun agêm wados, namung Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang botên kêkilapan.

Sarêng lorodanipun dhahar sampun kabage dhumatêng para putra wayah, paring dalêm kampuh Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton wau lajêng dipun jèrèng, ingkang anjèrèng inggih Radèn Ngabèi Rônggawarsita [Rônggawar...]

--- 3 : 69 ---

[...sita] piyambak, namung kadhawuhan angrencangi ingkang putra Radèn Ajêng Sujinah (ingkang dipun paringi pêparab Radèn Ajêng Barkat), sarêng panjèrèngipun sampun kêmput, yatra krêtas sakawan lêmbar ingkang wontên salêbêting lêmpitan, sami dhawah, dhawahing krêtas wau dipun sarêngi wêdaling pangandika, lah dalah sagêd nêtês, sagêd nêtês, botên gagar, sasampunipun ngêndika makatên wau, kampuh kadhawuhan anglêmpit malih, yatra krêtas sakawan lêmbar ingkang sami pating salêbar wontên ing ngandhap, sampun sami dipun pundhuti, sarta lajêng dipun pamèrakên dhatêng Mas Ajêng Pujadewata. Pangandikanipun, anggènipun angêngrêmakên arta sapunika sampun nêtês sayêktos, Mas Ajêng Pujadewata manahipun sakalangkung bingah, dene arta wau ingkang: 2 lêmbar: 50 rupiyah, kaparingakên dhatêng Mas Ajêng Pujadewata, dhawuhipun, ingkang kalih lêmbar badhe kaangrêmakên malih, kalihan amaringakên kampuh kadhawuhan anyampirakên ing rana pasarean ing gêdhong wetan, sapêngkêripun Mas Ajêng Pujadewata yatra ingkang 50 rupiyah wau kaparingakên ingkang putra Radèn Ajêng Sujinah, mawi dipun dhawuhi ingkang bibi Mas Ajêng Maradewata kadhawuhan

maringi 10 rupiyah, Radèn Ajêng Sujinah wau putra wuragil putri ingkang mêdal saking Radèn Ayu Rônggawarsita, sami-sami putra kalêbêt dipun trêsnani piyambak, nanging sarèhning panggalihipun [panggalihipu...]

--- 3 : 70 ---

[...n] botên sagêd rukun kalihan Mas Ajêng Pujadewata, mila lajêng kapundhut suwita Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, sawêg salêbêtipun tigang dintên anggènipun nyuwun pamit tuwi ingkang rama, amargi ingkang rama kangên sangêt, (Radèn Ajêng Sujinah wau sarêng jumênêng dalêm nata Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan, Pakubuwana IX kakarsakakên dados abdi dalêm lurah carik èstri, kapatêdhan nama Nyai Lurah Wisamarta, sarta lajêng dipun tarimakakên dhumatêng abdi dalêm Urdênas Radèn Atmakartika, ingkang salajêngipun kakarsakakên dados abdi dalêm kaliwon gandhèk kiwa, kapatêdhan nama Radèn Ngabèi Jayadarsana).

Amarêngi ing dintên Kêmis tanggal kaping: 8 wulan Mulud wau, wanci jamL: 5 enjing, Radèn Atmadikara badhe mandhap caos, ing wêgdal dalu wau kalêrês anjagi wontên ing panêpèn, sarêng sampun wancining badhe mantuk, sawêg anggulung patilêman, lajêng katungka wiyos dalêm sampeyan dalêm têdhak ing panêpèn, (taksih P.B. kaping VII), sampeyan dalêm kawistara sawêg wungu sare kemawon, lajêng animbali Radèn Atmadikara, sarêng sampun majêng ing ngarsa dalêm, dhawuh pangandika dalêm kadhawuhan animbali Radèn Ngabèi Rônggawarsita sapunika, kadhawuhan andhawuhakên, sampeyan dalêm taksih angêntosi lênggah wontên ing panêpèn, unjukipun Radèn [Radè...]

--- 3 : 71 ---

[...n] Atmadikara, nuwun sêndika, lajêng mêdal, lampahipun kasêngkakakên kemawon, sarêng dumugi ing Rônggawarsitan, kalêrêsan sangêt, dene Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun wontên ing panyêratan, dhawuh dalêm wau lajêng kadhawuhakên saprêlunipun, unjukipun, nuwun sêndika, sarampunging anggènipun kampuhan, lajêng mangkat kalayan gêgancangan, sarèhning para abdi dèrèng wontên ingkang sami dandan, dados ing wêgdal wau botên wontên ingkang andhèrèkakên, sadumuginipun ing nglêbêt, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng têrus majêng dhumatêng ing ngarsa dalêm kemawon, sarêng sampun sila mabukuh sampeyan dalêm lajêng andhawuhakên, matêdhani uninga, kala wau dalu sampeyan dalêm supêna, supênan dalêm panjang sangêt, nanging sampeyan dalêm wungu sare, supênan dalêm wau kasupèn, saupami sampeyan dalêm èngêt sakêdhik kemawon sampun têmtu lajêng èngêt sadaya, amila sampeyan dalêm lajêng andangu

dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, supênan dalêm kalawau dalu punika bokmanawi Radèn Ngabèi Rônggawarsita sagêd sumêrêp, sampeyan dalêm supêna punapa, unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sêndika.

Kala samantên sadèrèngipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita munjuk ing saandhap sampeyan dalêm, awangwangson[24] dhatêng Radèn [Ra...]

--- 3 : 72 ---

[...dèn] Atmadikara, pangandikanipun, benjing wulan ngajêng punika wulan Rabingulakir tanggalipun sapisan dhawah ing dintên Sêtu, dados tanggal kaping: 27, dhawah dintên Kêmis, dintên Kêmis wau kalêrês wiyosipun ajat dalêm Maesa Lawung, manawi jaman kabudan dipun wastani Rajawedha, punapa inggih sampun lêrês, Radèn Atmadikara amangsuli sampun lêrês, sarêng sampeyan dalêm mirêng wêwangsonipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang makatên wau, lajêng angandika sêmu kagèt, pangandika dalêm, supênan dalêm kala wau dalu, sampeyan dalêm sampun kèngêtan sadaya. Sampeyan dalêm lajêng angandikakakên supênan dalêm, pangandika dalêm makatên, kala wau dalu sampeyan dalêm supêna, amariksani para abdi dalêm ingkang sami ajar lawung, wontênipun ing supênan, sampeyan dalêm nitih titihan ingkang kagêm titihan dalêm kapal nama Kyai Gunawan, anggènipun amariksani wontên sêla-sêlaning waringin sêngkêran majêng mangidul, para abdi dalêm ingkang sami ajar lawung wau sarêng sampun sami nglêmpak wontên ing alun-alun, dèrèng ngantos wiwit lajêng sami dhatêng pagêlaran sadaya, sampeyan dalêm sarêng uninga para abdi dalêm sami dhatêng ing pagêlaran, ugi lajêng têdhak dhumatêng ing pagêlaran, sarawuh dalêm ing pagêlaran, para abdi dalêm ingkang sami ajar lawung wau sampun sami linggih satata wontên ing pagêlaran sadaya, Sampeyan Dalêm lajêng anguningani abdi dalêm jagal amragad maesa [ma...]

--- 3 : 73 ---

[...esa] satunggal wontên ing pagêlaran, maesa wau sasampunipun kapragat, sirahipun lajêng dipun kêthok kabêkta mangalèr, sampeyan dalêm lajêng wungu, dhawuh timbalan dalêm, supênan dalêm ingkang elok, wau awon punapa sae sarta kadospundi wahananipun.

Unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, supênan dalêm sadaya wau wahananipun wontên ingkang sae wontên ingkang awon, ugi wontên ingkang namung dados pralambang, katranganipun makatên, mênggah

supênan dalêm anggènipun sampeyan dalêm nitih kagungan dalêm titihan Kyai Gunawan, kagêm amariksani para abdi dalêm ingkang sami ajar lawung, punika sampeyan dalêm badhe nampèni kabingahan, saha kadumugèn ingkang dados pangèsthining panggalih dalêm, kalampahanipun sampun cêlak.

Para abdi dalêm ingkang sami ajar lawung dèrèng ngantos lawungan lajêng sami ngaso dhumatêng pagêlaran sadaya, punika badhe wontên kaparênging karsa dalêm ingkang sakalangkung wigatos, ananging kaparênging karsa dalêm wau botên sagêd kadumugèn, saking rosaning panggalih dalêm kados punapa sagêdipun kalampahan karsa dalêm wau, nanging tansah wontên ingkang mambêngi, sanadyan dêrênging panggalih dalêm paribasan wontêna ingkang mambêngi sampun botên kenging, ewadene saking rosanipun kodrat, dados mêksa [mê...]

--- 3 : 74 ---

[...ksa] botên sagêd kalampahan, ananging punika botên dados punapa.

Sampeyan dalêm anguningani abdi dalêm jagal amragat maesa, sasampunipun kapragat sirahipun lajêng kabêkta mangalèr. Maesa punika pralambangipun pirantos ingkang adamêl pagêsanganipun para kawula dalêm tiyang tani, inggih punika kangge maluku anggaru, sasaminipun, ingkang angêdalakên nipkah, punika badhe ical utawi badhe uwal saking panguwaos dalêm, dene kalampahanipun taksih radi sawatawis dangu, amargi kauninganipun ing sampeyan dalêm supênan dalêm wau kantun piyambak.

Sasampunipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita angunjukakên supênan dalêm wau, sampeyan dalêm lajêng jêngkar, dhawuh dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan angêntosi rumiyin, unjukipun sêndika.

Sapêngkêr dalêm saking panêpèn, sampun wanci jam: 6 enjing, sampeyan dalêm lajêng bobotan, sajêngkar dalêm bobotan lajêng siram, sasampunipun jêngkar siram, sampeyan dalêm lajêng lênggah ing dalêm agêng, dipun adhêp para putri-putri saha para abdi dalêm èmtri,[25] sampeyan dalêm lajêng animbali Nyai Tumênggung Soka (Nyai Tumênggung Soka punika kalêrês ingkang uwa kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, dados ingkang rayi kalihan [kali...]

--- 3 : 75 ---

[...han] Nyai Ajêng Rônggawarsita kaping II sami anakipun Mas Ngabèi Sudiradirja Gantang), sarêng Nyai Mas Tumênggung Soka sampun majêng ing ngarsa dalêm, sampeyan dalêm lajêng matêdhakakên kanthong rajut satunggal, isi arta ringgit kathahipun 100 ringgit, dhawuh dalêm kadhawuhan maringakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang sapunika wontên ing panêpèn, dhawuh timbalan dalêm kadhawuhan ngaso, mangke kemawon wanci jam 10 kadhawuhan sowan kados adat, unjukipun Nyai Tumênggung Soka sêndika, paring dalêm arta sarta dhawuh dalêm wau sampun lajêng kaparingakên saha kadhawuhakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sêndika.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng mêdal, paring dalêm arta kacangking ing asta têngên, sarêng dumugi ing kori talangpatèn lajêng kalêbêtakên ing kêpuh, para abdi ingkang botên andhèrèkakên, salong sampun wontên ingkang nusul mêthuk, dumugi ing dalêm sawêg wanci jam: 7 lêrês, lajêng anjujug dhatêng ing panyêratan, paring dalêm arta katumpangakên ing bangku, dipun tutupi makutha, lajêng tindak dhatêng ing dalêm lukar kampuh.

Sasampunipun lukar kampuh, Radèn Ngabèi Rônggawarsita wangsul dhatêng panyêratan malih, ingkang putra Radèn Ajêng Sujinah, (Barkat) katimbalan dhatêng panyêratan, kadhawuhan metang patêdhan [patêdha...]

--- 3 : 76 ---

[...n] dalêm arta, sarêng kapetang kathahipun 250 rupiyah, dhawuhipun ingkang rama ingkang 100 rupiyah kadhawuhan nyimpêni ingkang putra Radèn Ajêng Sujinah, dene ingkang 150 badhe kaparingakên Mas Ajêng Pujadewata, kagêm bêtahipun ing dalêm, sarêng Mas Ajêng Pujadewata sampun rampung anggènipun amiru kampuh, lajêng katimbalan dhumatêng ing panyêratan, arta 150 rupiyah kaparingakên.

Awit saking bodhonipun Mas Ajêng Pujadewata, arta 150 rupiyah wau kakintên têtêsanipun arta 50 rupiyah kala wingi punika, sanadyan dèrèng sagêd têtêp kados dhawuhipun kala wingi 50 rupiyah, sagêd nêtês dados 500 rupiyah ananging manahipun sampun sakalangkung bingah, dene sampun sagêd anyampêti kabêtahanipun ing dalêm, ewadene Mas Ajêng Pujadewata inggih taksih dipun dhawuhi, manawi anggènipun nêtêsakên arta kala wingi kêmlêkêrên wontên ing pasimpênan, wontên ingkang

botên sagêd nêtês, dipun dhawuhi kados makatên punika andadosakên lêganing manahipun Mas Ajêng Pujadewata.

Sarêng arta sampun katanjakakên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng dandos badhe sowan malih kados adat nuju ing dintên Kêmis, para abdi ingkang andhèrèk sampun sami cumêpak, sarêng anggènipun dandos sampun rampung lajêng bidhal, dumugi [dumu...]

--- 3 : 77 ---

[...gi] ing lêbêt sawêg kèndêl jam 10 lêrês, anjujug ing palataran kemawon, lênggahipun wontên sangandhap uwit wuni sangajênging gapura kadipatèn, nunggil abdi dalêm kadipatèn sadaya, botên dangu sampeyan dalêm miyos lênggah sewaka kados adat ing dintên Sênèn Kêmis, kacariyos, salêbêtipun sampeyan dalêm lênggah sewaka mirêng suwaraning gagak mawurahan, sampeyan dalêm lajêng paring sasmita dhumatêng abdi dalêm Ordênas Walandi Tuwan Birnat Sansêni, sarêng sampun majêng ing ngarsa dalêm, dhawuh timbalan dalêm kadhawuhan amariksani pêksi gagak ingkang mungêl punika manggèn wontên ing pundi, unjukipun Tuwan Birnat Sansêni sêndika, sarta gita-gita mêdal dhumatêng ing palataran, sarêng sampun pramana, pamanggènipun pêksi gagak wau wontên ing panggung sônggabuwana, malah mawi kapetang gagak ingkang sami mungêl mawurahan wau kathahipun: 6 iji, Tuwan Birnat Sansêni munjuk punapa kawontênanipun, sampeyan dalêm sakalangkung rêna, Tuwan Birnat Sansêni lajêng kadhawuhan nimbali dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ugi lajêng dipun timbali, sarêng sampun majêng ing ngarsa dalêm, sampeyan dalêm andangu, gagak ingkang mumêl[26] wontên ing panggung sônggabuwana punika punapa wahananipun. Unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita makatên, pêksi gagak punika namung badhe abingah-bingah, nêdha eca, dene anggènipun sami wontên ing panggung [pang...]

--- 3 : 78 ---

[...gung] sônggabuwana punika namung angêntosi kancanipun ingkang sami dipun sêdhahi, kêncanipun wontên kagungan dalêm panggung sônggabuwana wau, mangke sakêdhap malih badhe wontên gagak dhatêng saking kidul kilèn kathahipun: 12, manawi punika mangke kancanipun sampun sami dhatêng, lajêng mangkat mangalèr dhumatêng pakuburan ing dhusun Kadipira, ing ngriku wontên pêndhêman gudèl pêjah jalaran sakit muruh, ingkang pamêndhêmipun botên patosa lêbêt, bathang gudèl wau ingkang sami badhe katêdha sakancanipun. Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng kadhawuhan mundur, sakunduripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sampeyan dalêm lajêng animbali Tuwan Birnat

Sansêni malih, sarêng sampun majêng ing ngarsa dalêm, sampeyan dalêm andhawuhakên timbalan dalêm dhumatêng Tuwan Birnat Sansêni, kadhawuhan andhawuhakên dhumatêng kamisêpuhipun abdi dalêm prajurit tamtama, bilih abdi dalêm prajurit tamtama ingkang sowan pêkèt, [27] kautus dhumatêng pakuburan ing Kadipira, kadhawuhan aniti mriksa ing pakuburan Kadipira, ing ngriku wontên punapa, ingkang anampèni dhawuh unjukipun sêndika, lajêng kadhawuhakên dhumatêng abdi dalêm tamtama ingkang agantung pêkèt, nama Ki Kuda Mangun Sudibya. Ki Kuda Mangun Sudibya wau kalêrês ingkang wayah kalihan Radèn Tumênggung Wirarêja, abdi dalêm bupati gêdhong ingkang sampun seda, Ki Kuda Mangun Sudibya unjukipun sêndika, lajêng [la...]

--- 3 : 79 ---

[...jêng] mêdal dhumatêng ing kamandhungan, badhe mêndhêt kapalipun ingkang sampun kasudhiyakakên, sasampunipun dipun tumpaki lajêng bidhal, lampahing kapalipun dipun rikatakên, pangèsthining manahipun daya-daya sagêda tumuntên dumugi ing dhusun Kadipira, botên dangu sampeyan dalêm lajêng jêngkar angadhaton, ingkang sumewa sami bibaran.

Sajêngkar dalêm lênggah sewaka, sampeyan dalêm lukar pangagêman dalêm, dhumatêng ing kamar agêng, sarta lajêng dandos angagêm pangagêman dalêm padintênan, sarampung dalêm dandos lajêng miyos lênggah ing parasdya kados adat.

Kacariyos, lampahipun Ki Kuda Mangun Sudibya ingkang angêmban dhawuh dalêm kautus dhumatêng Kadipira, sarèhning botên kadhawuhakên parlu-parlunipun, dados salêbêting manah tansah akêtir-kêtir, gagasanipun warni-warni, asontan-santun, cut anggagas punapa ing Kadipira wontên kraman, ingkang singidan wontên pakuburan Kadipira, amila sarêng lampahipun sampun cêlak kalihan dhusun Kadipira, kapal tumpakanipun Ki Kuda Mangun Sudibya namung kalampahakên kemawon, parlunipun, angapal-apalakên cêcêpênganipun aji jaya kawijayan, bokmanawi kapapag ing baya pakèwêt sampun ngantos anguciwani, wasana sarêng dumugi ing dhusun Kadipira, lajêng amadosi prênahing pakuburan, sarêng sampun pinanggih, kapal tumpakanipun [tumpakanipu...]

--- 3 : 80 ---

[...n] lajêng kacancang wontên sajawining pakuburan, lumêbêtipun dhatêng pakuburan saya alon-alon, sarêng sampun wontên capurining

pakuburan, anggènipun lumampah botên tilar kaprayitnan, dhwungipun tansah kakêmpit kemawon, sabêtipun lajêng kaliga, ngiras pantês kangge têkên cagaking lumampah, sarêng lampahipun sampun dumugi têngahipun pakuburan, kados punapa pangunguning manahipun, dene ing ngriku botên wontên barang bèring, sarêng sampun têtela botên wontên punapa-punapa, manahipun lajêng saya têtêg, salêbêting pakuburan dipun salasah ugi botên pinanggih barang ingkang anèh-anèh, sarêng lampahipun mangetan mangalèr, ing ngriku wontên siti dipun inggahakên, anggènipun anginggahakên mawut-mawut botên mawi kaprênahakên, sarta mambêt Gôndaning bathang ingkang sakalangkung botên eca, sanalika wau manahipun lajêng kraos tab-taban, kuliting awakipun amarinding, sirahipun kêmêl, raosipun mêngkarag, anggènipun lumampah amindhak-mindhik, sarêng sampun cêlak lajêng sumêrêp, salêbêting kalwat wau wontên pêksinipun gagak pintên-pintên dasa kathahipun, saking sêsakipun ngantos katingal atumpang-tindhih, sadaya wau sawêg sami anêdhani bathang, ananging ingkang kathêdha wau bathang punapa, Ki Kuda Mangun Sudibya dèrèng sagêd nyatakakên, sarêng sampun cêlak kalihan kalwat ingkang wontên pêksinipun gagak wau [wa...]

--- 3 : 81 ---

[...u] lajêng dipun inguk, pêksi gagak sumêrêp bilih dipun inguk ing tiyang, sadaya sami mabur, aburing gagak wau minggah dhatêng wit-witan sacêlakipun pakuburan punika kemawon, ambêtipun saya angômbra-ômbra, sanadyan ambêtipun baribasan[28] amotholakên irung, ewadene Ki Kuda Mangun Sudibya katêksa anamatakên wujuding bathang wau, sarêng gagak samantên wau sampun mabur sadaya, lajêng sagêd cêtha bilih ingkang kathêdha wau bathanging gudèl, ingkang pamêndhêmipun namung ukur katutupan kemawon, sarêng sampun tamat anggènipun aningali, Ki Kuda Mangun Sudibya lumampah mangilèn, bokmanawi wontên kaelokan utawi wontên punapa-punapa sanèsipun bathang punika wau, sarêng sampun dumugi watês kilèn inggih botên wontên barang-barangipun, kajawi namung pakuburan limrah kemawon, Ki Kuda Mangun Sudibya lajêng mêdal saking pakuburan, kapal tumpakanipun ingkang kacancang wontên sajawining pakuburan, lajêng dipun tumpaki wangsul dhatêng nagari, lampahing kapal dipun rikatakên, dumugi ing nglêbêt sawêg kèndêl jam satunggal lêrês, sampeyan dalêm taksih lênggah wontên ing parasdya, Ki Kuda Mangun Sudibya lajêng matur dhatêng kamisêpuhipun, kamisêpuh ingkang tampi palapuran wau lajêng angunjuki uninga ing sampeyan dalêm, lumantar nyai tumênggung ingkang tampi, sarêng sampeyan dalêm mirêng unjukipun nyai tumênggung, punapa kawontênanipun [kawo...]

--- 3 : 82 ---

[...ntênanipun] palapuran, sangêt andadosakên karênaning panggalih dalêm, saha ngantos kawêdal pangalêmbana dalêm dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita.

Amarêngi ing dintên Kêmis tanggal kaping 28 wulan Jumadilakir, taksih anunggil taun Jimakir: 1778, Radèn Mas Arya Gôndakusuma utusan dhumatêng ing Rônggawarsitan, amaringi uninga, bilih sariranipun gêrah bêntèrtis, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan tuwi dhumatêng ing Gôndakusuman, amargi Radèn Mas Arya Gôndakusuma sampun kangên sangêt, supados andadosakên usadaning gêrahipun, amila sarêng sontênipun, dados malêm Jumuwah tanggal kaping 29, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anuhoni sowan dhumatêng ing Gôndakusuman, wiwit sontên sampun dipun adhang dening pun Karana wontên ing regol, sarêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun rawuh lajêng dipun papagakên dening pun Karana, dipun aturi têrus lumêbêt ing dalêm kemawon, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sasampunipun dumugi ing dalêm, lajêng anjujug ing pasarean, amargi Radèn Mas Arya Gôndakusuma dèrèng sagêd lênggah dangu, dados anggènipun amanggihi namung kalihan sarean, sarêng sampun dipun paringi pambagya tumuntên dipun ladosi pangunjukan, dhaharan, dhaharanipun ledre tigan, jadah tuwin tigan pindhang, tiganipun sampun sami dipun oncèki [o...]

--- 3 : 83 ---

[...ncèki] kulitipun, sarêng sampun dipun ancarakakên, ingkang kapêndhêt rumiyin tigan pindhang satunggal, lajêng kadèkèkakên ing ambêng ingkang sampun dipun ladosakên wontên ngarsanipun, tigan wau kasigar malang têngah lêrês, ingkang sasigar kacaosakên Radèn Mas Arya Gôndakusuma ugi kadèkèkakên ing ambêng, kalihan matur, kaol Jawi, tigan pindhang punika kenging kangge jampi sakit punapa kemawon sagêd mantun, manawi tigan satugêl punika sagêd kadhahar, gêrahipun Radèn Mas Arya Gôndakusuma lajêng sênggang, sarta sagêd adamêl bagas kasarasaning sarira, Radèn Mas Arya Gôndakusuma amangsuli bilih dèrèng karsa dhahar amargi manawi dipun dhahari lajêng luntak, sanadyan tigan punika sampun nama isarat, ananging Radèn Mas Arya Gôndakusuma botên kaparêng andhahar, saupami kadhahar panggalihipun kuwatos ambokmanawi lajêng luntak, mindhak adamêl gograging sarira, amila mugi sampun andadosakên sêling sêrêping panggalih, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, manawi pancèn dèrèng kaparêng inggih sampun botên dados punapa, sanadyan wontêna alanganipun, nanging botên andadosakên sabab ingkang parlu, tuwin botên badhe angewahakên kodrating sarira. Wasana lajêng sami abawa raos ingkang angindhakakên landhêping panggalih, sarêng sampun dalu Radèn Ngabèi Rônggawarsita nyuwun pamit ngaso.

--- 3 : 84 ---

Kacariyos, sarêng tanggal kaping 8 wulan Rêjêb, taksih nunggil taun Jimakir: 1778, Radèn Mas Arya Gôndakusuma kapatêdhan sêsêbutan pangeran, dados lajêng asma Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, ananging nalika dhumawahing nawala wau anggènipun gêrah dèrèng sênggang, amila lajêng kadhawuhakên wontên ing dalêm kemawon.

Sapêngkêripun ingkang andhawuhakên wisudhan wau, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma lajêng kèngêtan supênanipun kala salêbêtipun wulan Mulud kapêngkêr punika, tuwin kèngêtan dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, dene sadaya ingkang sampun kaaturakên dhumatêng panjênênganipun, samêndhang botên wontên ingkang analisir, amila sarêng sanalika wau lajêng animbali dhumatêng pun Karana, kautus dhumatêng ing Rônggawarsitan, amaringi uninga, bilih ing dintên punika wau sariranipun kawisudha angagêm sêsêbutan pangeran dados sapunika lajêng asma Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma.

Sarêng amarêngi tanggal kaping 20 wulan Bêsar taksih nunggil salêbêtipun taun Jimakir: 1778, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg nuju lênggah wontên ing panyêratan kados adat sabên dintên, nyêrat padamêlan ingkang kagarap ing dintên wau.

Saking dongèngipun ingkang sampun kulina dhatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, anyariyosakên dhatêng juru pangimpu,[29] Radèn

--- 3 : 85 ---

Ngabèi Rônggawarsita wau srêgêp sangêt dhatêng padamêlan nyêrat, saking srêgêpipun, paribasanipun sare tuwin dhaharipun prasasat namung kagêm sarat kemawon, sarêng sampun wanci jam 11 siyang, Mas Ajêng Pujadewata dipun timbali sajak anawung wigatos, sarêng sampun sowan, Mas Ajêng Pujadewata sakalangkung kagèt, dene pangagêmanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun têlês sadaya, wasana Mas Ajêng Pujadewata lajêng matur, pangagêman dalêm punika wau kenging toya punapa, dene sadaya sami têlês, kados mêntas siram grujug, Radèn Ngabèi Rônggawarsita amangsuli kalayan sarèh. Mêntas anulungi nyai modin, juragan agêng ing nagari Grêsik, dintên punika minggah dhatêng Surakarta, ambêkta dagangan warni-warni, anggènipun labuh wontên ing Panambangan Bêton, sarêng nyai modin sampun dumugi ing Panambangan, ing ngriku sampun dipun pêthuk dening

Kenthol Martawijaya, ing Nusupan, nyai mudin[30] dipun purih pindhah baita pêthukanipun Kenthol Martawijaya nyai modin inggih amituruti, wasana anggènipun anjangkah cupêt, dhawah wontên ing bangawan ngantos kalêlêp, rahayunipun sariranipun sagêd amitulungi, lajêng dipun êntasakên, amila pangagêmanipun têlês sadaya, Radèn Ngabèi Rônggawarsita gumun sangêt dhatêng Kenthol Martawijaya, punika wau sarêng nyai modin kacêmplung ing bêngawan, têka namung dipun sawang [sa...]

--- 3 : 86 ---

[...wang] kemawon, pangintêning panggalihipun, kados saking anggèning akamitonggongên, sagêdipun wicantên sarêng nyai modin sampun kakêmpit dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita, Kenthol Martawijaya sawêg sagêd ambêngok kalihan amuji sukur ring Allah, sapunika nyai modin sagêd wilujêng botên wontên sabab satunggal punapa, sarta manahipun katingal bingah sangêt, kulawarganipun sadaya inggih tumut bingah, malah punika wau wontên salah satunggaling anak putunipun ingkang oyong-oyong ambêkta bèsèk agêng badhe kaaturakên sariranipun, ananging lajêng dipun pambêng dening Kenthol Martawijaya, wicantênipun, mangke kemawon kasowanakên, manawi kacaosakên wontên ing ngriki, môngsa kaparênga nampèni, sarta amratelakakên ingkang amitulungi wau besanipun Martawijaya piyambak, nama Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarêng makatên, sadaya lajêng sami ajrih Radèn Ngabèi Rônggawarsita andumugèkakên ngêndika, mangke sakêdhap êngkas nyai modin badhe sowan mariki, sarta sariranipun lajêng mundhut santun, sarêng sampun santun, lajêng ngêndika dhumatêng Mas Ajêng Pujadewata, punika mangke manawi nyai modin sowan mariki, badhe dipun panggihi wontên ing dalêm, amila Mas Ajêng Pujadewata kadhawuhan angrêsiki palênggahan, tuwin kadhawuhan nyambut gêlaran ingkang radi sae nanging punika [puni...]

--- 3 : 87 ---

[...ka] mangke botên susah kasêgah nêdha, namung cêkap kasêgah wedang panganan kemawon, pangananipun amêndhêta dhatêng griyanipun Nyonyah Sêni, kathahipun gangsal takir ingkang nyrupiyahan, dados gangsal rupiyah, bayaranipun kados adat. Mas Ajêng Pujadewata aturipun sêndika. Lajêng mirantos kados ingkang sampun kadhawuhakên sadaya.

Sarêng sampun antawisipun jam: 2 siyang, nyai modin saanakputunipun ingkang kabêkta dhatêng Surakarta, cacah tiyang nênêm, sami sowan dhumatêng ing Rônggawarsitan, kairid dening Kenthol Martawijaya ing

Nusupan, dados tiyang wolu kalêbêt Nyai Modin tuwin Kenthol Martawijaya, ingkang kalih anyunggi bèsèk, sarêng lampahipun dumugi sangajênging pringgitan, lajêng dipun papagakên dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sami kairit lumêbêt ing dalêm, sasampunipun lênggah satata, lajêng dipun pambagyarja kados adat satataning para tamu, tumuntên kaparingan pisêgah wedang, panganan, ngantos sadaya sagêd waradin, nyai modin angrungkêbi anggènipun lênggah Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kalihan matur, anggènipun sowan nyai modin punika, wigatos angaturakên agênging panuwunipun. Dene panjênênganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sampun kaparêng amitulungi dhumatêng nyai modin. Saupami pupika[31] wau botên kapitulungan dening panjênênganipun Radèn [Ra...]

--- 3 : 88 ---

[...dèn] Ngabèi Rônggawarsita, nyai modin sampun kalajêng pêjah kalêlêp, amila awit saking bingah-bingahing manahipun, nyai modin saanakputunipun nyuwun lilah badhe angabêkti, kajawi punika nyai modin angaturakên angsal-angsal awarni sinjang lêmês, kathahipun sadasa kêbar, rambak têrung sabèdhèng isi 100 iji, trasi abrit saglondhong 25 kati, pêtis urang sagoci, krese urang tuwin grinting, sadaya wau sami wêdalan ing Grêsik, saha anakipun jalêr angaturakên patumbasan sirap kagêm usup-usup, kathahipun 200 rupiyah, mugi kaparênga anampèni kalayan suka pirênaning panggalih.

Anggèning angaturakên arta nyai modin, katêmbungakên kagêm patumbasan sirap, punika awit saking sumêrêp dalêm ing Rônggawarsitan, payonipun sampun sakalangkung risak, saking sangêting risakipun malah langitipun prasasat katingal angêblak.

Kenthol Martawijaya anyambêti atur, kala kalêlêpipun nyai modin wau, piyambakipun sampun botên gadhah pangintên manawi sagêd kapitulungan, amargi toyanipun banawi sawêg pinuju umrik, dados wontênipun namung kamitonggongên, wêkdal nyai modin kabopong dening panjênênganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, pangraosipun kados tiyang [ti...]

--- 3 : 89 ---

[...yang] supêna, botên nyana manawi nyai modin sagêd wilujêng saking pitulunganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, botên langkung Kenthol Martawijaya ugi angaturakên panuwun pitulunganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng nyai modin wau.

Wangsulanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng nyai modin, tuwin dhumatêng Kenthol Martawijaya, kalayan cêkak aos, sariranipun botên pisan-pisan angrumaosi suka pitulungan dhumatêng nyai modin kala kalêlêp ing toya punika wau, ingkang ngantos andadosakên wilujênging badanipun, mênggah ingkang makatên wau awit saking kabêkta kodratipun nyai modin piyambak, atas kaparêngipun ingkang adamêl gêsang taksih kadhawuhan amanjangakên lêlampahan, dados sariranipun punika wau namung sadrêmi kagêm warananipun[32] ingkang adamêl gêsang angêntaskên bêbayanipun nyai modin, ingkang wohipun nyai modin suka kabingahan dhatêng sariranipun sagotrah sagêd angraosakên kabingahan sadaya, amila botên langkung angsal-angsalipun nyai modin ingkang samantên kathahipun wau, mugi pinaringan pituwas dening ingkang amurbèng dumados, tikêl matikêl kalihan wujuding barang punika, sagêda amurakabi dhumatêng anak putunipun nyai modin sadaya, dene lantaraning kabingahan satunggal lan satunggalipun, jalaran saking Kenthol Martawijaya, Gusti

--- 3 : 90 ---

Allah anggantungi kabingahan ugi dhumatêng Kenthol Martawijaya.

Nyai modin saha Kenthol Martawijaya, sami rumaos kaluhuran sabda, amila wontênipun namung sami angaturakên panuwun, mugi pangandikanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau sagêda kabul. Dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, insaallah kinabulakên dening Allah, sadangunipun nyai modin angadhêp Radèn Ngabèi Rônggawarsita, salêbêting batos ragi sumêlang mênawi jawah, botên wande sadaya badhe kêbês, amargi payoning dalêm sampun botên wontên ingkang wêtah, sami anaranthang katingal langitipun.

Sawêg kèndêl kemawon pangudaraosing manahipun nyai modin, prêpêt, ing dirgantara katingal mêndhung angêndhanu, botên dangu brês, lajêng jawah dêrês, nyai modin manahipun katingal kacipuhan, awit saking paribasaning sabda pandhita ratu, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng ngêndika dhumatêng nyai modin, makatên. Sanadyan payoning griya punika pating sarowong cêkap kangge mêrgi kucing, ananging kuwaosipun ingkang adamêl gêsang aparing kaelokan dhumatêng griya punika, salamènipun botên nate kalêbêtan ing toya jawah, dilalah salêbêtipun nyai modin linggih wontên ing dalêm Rônggawarsitan wau, sanadyan jawahipun dêrês sangêt, ewadene

--- 3 : 91 ---

sakêdhik kemawon botên wontên ingkang trocoh. Sarêng makatên, nyai modin lajêng saya katingal ajrihipun dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita.

Sarêng jawahipun sampun têrang, saha parlunipun sampun rampung, nyai modin lajêng nyuwun pamit badhe ngaso dhatêng griyanipun Kenthol Martawijaya, ing dhusun Nusupan, ngiras badhe pasrah-pasrahan gramèn, malah punika wau gramènipun sampun karumiyinakên, dhumatêng ing Nusupan.

Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng andangu dhumatêng Kenthol Martawijaya, punika wau baita tumpakanipun Kenthol Martawijaya kakèndêlakên wontên ing pundi. Aturipun Kenthol Martawijaya, sarèhning toyanipun pijunu agêng, dados kakèndêlakên wontên ing lèpèn Sampangan, dene baita ingkang agêng-agêng, punika wau sampun kalajêngakên dhumatêng ing Nusupan, Kenthol Martawijaya lajêng sêsalaman kalihan Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sapêngkêripun nyai modin tuwin Kenthol Martawijaya, lajêng katungka ing wanci sandyakala.

(Biwadhawarga utawi Adamêl Suka Wêdhar) Ambage Kabingahan

Sapêngkêripun nyai modin saking ing Rônggawarsitan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lumêbêt ing dalêm, angsal-angsalipun nyai modin sampun dipun pariksani sadaya, sarampungipun [sarampung...]

--- 3 : 92 ---

[...ipun] anggèning mariksani, lajêng dhawuh dhumatêng Mas Ajêng Pujadewata, sontên punika Mas Ajêng Pujadewata punapa sagêd adamêl wilujêngan angrasulakên, ingkang cêkap kakêpung tiyang 30 kemawon, aturipun Mas Ajêng Pujadewata, sagêd, namung panumbasipun ayam ingkang rêkaos, ewadene manawi kaparêng amragat sawung kabiri, inggih lajêng gampil, panyuwun wau inggih dipun parêngakên, ananging amiliha ingkang sampun pêndhak, malah wuninga sawung kabiri ladosan saking Kringinan, saking Gênêng, wêrnènipun sampun ragi kasèp, punika kemawon sakawan pisan dipun pragata.

Mas Ajêng Pujadewata. Prakawis punika gampil, ananging punika mangke anggènipun nimbal-nimbali punapa sagêd kacêkap, sagêda kacêkap anggènipun nimbali para kônca, pamêndhêtipun pirantos kados pundi.

Dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, botên mawi nyuruhi para kônca, namung para akrap piyambak kemawon, para kônca namung para panèwu mantri ingkang griyanipun cêlak.

Enggalipun anggèning damêl Biwadhawarga sagêd kalampahan ing dalu wau, sinjang lêmês angsal-angsalipun nyai modin, ingkang wolu kadhawuhan ambêdhahi sabuk, ugi sampun kalampahan dipun bêdhahi, sabên sinjang satunggal dados sabuk sakawan, dados sinjang wolu dados sabuk

--- 3 : 93 ---

32, murih botên sami kamèrèn, utawi botên rêbatan pamilihipun, amila dipun suka wêdhar, dene ingkang kalih kêbar, kadhawuhan maringakên ingkang putra Radèn Mas Panji Ranakusuma: 2. Radèn Ajêng Sujinah (Barkat).

Wiwit jam 8 sontên, para kadang warga sampun sami rawuh, para panèwu mantri ingkang katimbalan, sadaya sampun sami sowan, sarêng sampun atus, lajêng kasêgah wedang dhaharan, srutu, ingkang krêsa ngunjuk sami dipun ladosi ngunjuk konyak, para kadang warga tuwin para panèwu mantri, panggalihipun sami katingal kasdu, rahap-rahap, botên wontên ingkang èwêd pakèwêd, kabêkta saking rakêt supêkêtipun ingkang kagungan dalêm, para sadhèrèk sêpuh, para sadhèrèk ênèm, ingkang sampun sami mirêng dhatêngipun nyai modin siyang punika wau, sami adamêl pasêmon warni-warni, wontên ingkang kapengin ngagêm paningsêt limar wungu wontên ingkang kapengin ngagêm paningsêt daringin, sawênèhing kadang ingkang cucut, amangsuli para sadhèrèk ingkang sami adamêl pasêmon wau, ingkang sae piyambak punika botên kados sabuk wang kêrtas, angsaripun ayêman.

Salêbêting pajagongan sami gêgujêngan botên wontên kèndêlipun, dening sami angrumaosi kalêgan, sarêng jam: 12 dalu ambêngan sampun kawêdalakên, kathahipun: 12 panjang giri, kalêbêt rêrangkenipun, lajêng dipun wêdali ambêng, wijikan, [wiji...]

--- 3 : 94 ---

[...kan,] sacêkapipun, ingkang kantun piyambak panadhahan, dipun sasabi ing mori ijêm, sawêdalipun panadhahan wau kaupamèkakên kados

wêdaling waranggana dhatêng kalanganing tayuban, sadaya sami iyêg agiyak-giyak, makatên ugi pajagongan Biwadhawarga ing dalu punika, sarêng sami uninga wêdaling panadhahan, ramening swara amawurahan, adamêl sukaning panggalihipun ingkang kagungan dalêm, sarêng ambêngan sampun rampung panatanipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita angingsêt bocong angewahi palênggahan, para kadang warga tuwin sanèsipun, cêp, lajêng botên wontên sabawanipun, sawarni badhe anggantosakên ijabing parlu, botên dangu Radèn Ngabèi Rônggawarsita anglairakên ingkang dados karsanipun, sapisan, amèngêti para lêluhur dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ingkang sampun sami swarga, saking kakung saha saking putri, ambêrkahana wilujênging praja dalêm Surakarta saisinipun sadaya, wilujêngipun karaton dalêm, saisinipun sadaya, ambêrkahana kasugêngan dalêm, sagarwa putra dalêm sadaya, saha para lêluhuripun piyambak, para lêluhuripun para sanak sadhèrèk ingkang sami wontên ing ngriki sadaya, sami ambêrkahana pangèstu wilujêng sakukubanipun sadaya, kaping kalih, amèngêti Sayit Ngabdullah sagarwa putra sadaya, amèngêti Gusti Kangjêng Nabi Mukhamad Rasullolah [Rasu...]

--- 3 : 95 ---

[...llolah] sagarwa putra saha para sakabat sadaya, saha angaturi dhahar para sanak sadhèrèk ingkang sami kaaturan angêpang Biwadhawarga dalu punika, sarêng sampun rampung anggèning angujubakên, lajêng dipun dongani dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak, anggènipun andongani mawi jumênêng, swaranipun antêp arum, pakêcapanipun cêtha, sarêng sampun rampung anggènipun andongani, para tamu lajêng sami kaladosan ambêng, sêkul ulam sapirantosipun, lajêng kaidêrakên, sami dipun aturi mundhut piyambak-piyambak, sarêng sampun waradin lajêng wiwit dhahar, ingkang dhahar sami katingal rêsêp, botên wontên ingkang sami pakèwêd, sarêng sampun dumugi anggènipun dhahar, ambêngipun lajêng sami kaundurakên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita andhawuhakên dhumatêng ingkang putra Radèn Mas Panji Ranakusuma, angidêrna suka wêdhar ingkang kadèkèkakên ing bokor punika, ugi sampun kalampahan kaidêrakên.

Isinipun panadhahan wau badhe paningsêt: 4 warni, cacah: 32 paningsêt, manawi pambagenipun botên kasuka wêdhar, mangke mindhak sami kamèrèn pamilihipun, pamundhutipun suka wêdhar ramenipun kados angabên sawung, sarêng pambikakipun sampun rampung, paningsêt lajêng kaêdumakên waradin, miturut wêdaling suka wêdhar, sadaya kemawon sami bingah, tuwin sami

--- 3 : 96 ---

amêmuji ing kasugênganipun sang minulya Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarêng sampun antawisipun jam: 2 dalu lajêng sami bibaran.

Sarêng tumapakipun ing taun, Ehe: 1780, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kaparêng badhe krama malih, angsal putranipun Radèn Mas Panji Jayèng Marjaya, wayahipun Mas Arya Suryamarjaya, bupati ing Wanasaba, dados badhe garwanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau buyutipun Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara sapisan (Sambêrnyawa) ijab paningkahipun ing dintên Salasa Pon tanggal kaping: 12 wulan Rabingulakir ing taun, Ehe, 1780, badhe wontên ing Jayèng Marjayan, kampung Mondhokan.

Kacariyos, nalika kirang salapan dintên saking têmpuking parlu, panggalihipun katingal sakalangkung prihatos, mênggah prihatosing panggalihipun wau ngantos kawistara ing netra katingal cêlom, salêbêtipun sungkawa wau sabên dalu tansah salat kajat wontên ing pamêjangan, manawi siyang botên nate sare, saha awis-awis dhahar, para putra-putra[33] saha para sanak sadhèrèk sami angintên, mênggah sungkawaning panggalih wau sarèhning anggènipun badhe krama namung kirang salapan dintên, ing môngka dèrèng wontên punapa-punapa, saha payoning dalêm sampun katingal sakalangkung risak, mèmpêr sangêt saupami [saupa...]

--- 3 : 97 ---

[...mi] andadosakên sungkawaning panggalihipun, dados panyakrabawanipun para putra-putra saha sanak sadhèrèk ingkang makatên punika sampun lêrês kemawon, ananging mênggah sungkawaning panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kacakrabawa kados makatên wau kalihan kanyataanipun, paribasan bumi kalihan langit, manawi namung kacakrabawa makatên kemawon, tumrap Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên pisan-pisan kalêbêtakên ing panggalih, sarta tumrap saliranipun sanès babagan ingkang parlu.

Sarêng andungkap kirang 20 dintên, sangking dumugining ijap, dados wontên ing dintên Jumungah Kaliwon tanggal kaping 24 wulan Mulud, 1780, para putra-putra saha sanak sadhèrèk tuwin abdi-abdi sadaya sami kadhawuhan angrêsiki ing dalêm ing paringgitan tuwin, ing gandhok sapanunggilanipun, sirap-sirap kadhawuhan amasang dados satunggal kimawon sacêkapipun, manawi kirang kadhawuhan nambahi gêndhèng kintunan saking Pôncatoyan, sarêng kaandhapakên sadaya sirapipun sampun kathah ingkang risak, dados ing gajahipun dalêm saha

paringgitan sami kagêndhèng sadaya, èmpèr dalêm ingkang ngajêng kasirap, èmpèring paringgitan ugi kasirap, namung èmpèring dalêm ingkang wetan kilèn saha ingkang wingking, sami dèrèng wontên payonipun, pamrayoginipun [pamrayogini...]

--- 3 : 98 ---

[...pun] para sanak sadhèrèk prayogi kapundhutakên gêndhèng malih dhatêng Pôncatoyan, nanging Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên kaparêng, kadhawuhan namung sawontênipun kemawon, dados tirahan wêlit ingkang mêntas kagêm amêlit gandhok lajêng kagêm amêlit èmpèr Wetan, namung dados saèmpèr, sumbangan kajang saking Plumbon, kapasangakên wontên ing èmpèr wingking, namung èmpèr kilèn ingkang dèrèng wontên payonipun, dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita cêkap dipun balarak kemawon, dados têtêp anggènipun amôncawarna, dhawuh makatên punika inggih kalampahan lajêng dipun blarak, labanipun sugih bala santana, botên ngantos langkung sapêkên panyambutipun-damêl[34] sampun rampung sadaya, ingkang saking gêbyog saha tembok sami kausar pêthak, warnènipun inggih ragi amanglingi, nalika salêbêtipun andadosi[35] dalêm wau sabên dintên para siswa botên kêndhat sami amaringi utawi anyaosi warni-warni, wontên ingkang nyaosi lampit, gêlaran alus, babut, sapanunggilanipun, para bêndara kangjêng pangeran putra santana dalêm ingkang sampun sami manjing siswa pêparingipun warni-warni, wontên ingkang maringi dilah sêtolup (sêtolup punika mênawi sapunika dilah gantung) wontên ingkang maringi patehan, ingkang maringi utawi nyaosi arta inggih wontên, ingkang maringi pangagêman inggih kathah,

--- 3 : 99 ---

kalêmpakanipun pêparing wau lajêng kadhawuhan anyêrati ingkang putra Radèn Mas Panji Ranakusuma, saking cariyosipun ingkang sami sumêrêp, wiwit tambal sulam dalêm salêbêtipun sapêkên wau sampun botên dhahar punapa-punapa kajawi namung ngunjuk wedang kalihan namung anggantèn, prihatosing panggalih saya katingal sangêt, para sanak sadhèrèk ngantos botên sagêd andungkap, amila ingkang sami tinanggênah nyambut damêl, prasasat botên gadhah kêlik, sarêng anggènipun dandos-dandos saha rêrêsik sampun rampung sadaya, para siswa para mitra darma ingkang sami têbih dalêmipun, punapa dene para sanak sadhèrèk ugi ingkang griyanipun têbih, sampun sami dhatêng, para santana saking ing Nusupan, kados ajak-ajakan sami anyaosi lampit pintên-pintên supit kathahipun, siswa saking Kêdhu Parakan nama Asmangali, anggènipun anyaosi gêlaran alus ngantos sakawan sunggèn, Tuwan Pèdrik Wintêr angintuni babut alus wiyaripun saplêk ingkang jarambah sangajêng krobongan, pancèn kados makatên wau

mangunahipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita manawi kaparêng anyêgah dhahar salêbêtipun pitung dintên kemawon, samukawis ingkang kaèsthi sagêd dhatêng piyambak, ananging kosokwangsulipun, manawi sampun dados kagunganipun, sanadyan sabên dintên dipun pêndhêti dening para putra, para sadhèrèk, para sanak [sana...]

--- 3 : 100 ---

[...k] sadhèrèk tuwin dalah para abdi, namung kakèndêlakên kemawon, amila barang samantên kathahipun wau manawi sampun sabibaring damêl sampun botên kantênan purugipun.

Sarêng lampit saha gêlaran sampun sami cumawis, lajêng kadhawuhan nyobi dipun gêlar-gêlari, sangajêng krobongan dipun gêlari babut pakintunipun Tuwan Pèdrik Wintêr, saha dilah sêtolup paringipun para bêndara kangjêng pangeran, kapasang wontên ing dalêm tuwin ing paringgitan, sarêng sampun rampung anggènipun anggêlar-gêlari, saha ing dalêm tuwin ing pandhapi sampun sami dipun pasangi ing sêtolup, warnènipun inggih lajêng amanglingi, dhatêng sawangan anambahi asri, sarèhning badhe têmpuking parlu taksih kirang: 12 dintên, pangangkahipun para sanak sadhèrèk panyobinipun anggèning anggêlar-gêlari wau badhe dipun gulungi malih, supados botên rêgêd, ananging Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên kaparêng, kadhawuhan anglêstantunakên kagêm panggêngan kemawon, amargi kagalih sampun cêlak kalihan damêlipun, dados benjing têmpuking parlu botên susah dipun tata malih, kantun angrêsiki kemawon, malah sangajênging krobongan dados wontên satêngahing babut lêrês, kadhawuhan natani kursi sakawan bangku satunggal, kala samantên para putra, para sanak sadhèrèk kathah ingkang sami mambêngi, amargi manawi satêngahing dalêm dipun pasangi

--- 3 : 101 ---

kursi punika sawanganipun botên sae, ewadene Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên kengguh dhatêng sakathahing pamambêng. Mila para putra-putra saha para sanak sadhèrèk, sadaya sami anggêgujêng.

Sarêng sampun wanci jam 11 siyang, pun Rêsatanu kautus dhumatêng ing Palugunan, kadhawuhan kapanggih Mas Ngabèi Suradôngsa, abdi dalêm mantri undhagi, katimbalan sapunika, amargi wontên parlunipun sangêt, sagêda sarêng kalihan pun Rêsatanu, botên sapintêna dangunipun, Mas Ngabèi Suradôngsa sampun sowan, anggènipun amanggihi dhatêng ing panyêratan, sarêng sampun sami satata, Radèn

Ngabèi Rônggawarsita maringakên arta kathahipun 20 rupiyah, sarêng yatra sampun dipun tampèni, Mas Ngabèi Suradôngsa matur, arta: 20 rupiyah punika kaparêngipun Kiyai Bêkêl badhe kaparêng yasa punapa, dhawuhipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kalayan bisik-bisik, kadhawuhan angiyasakakên tabêla dalah samaejanipun, ukuranipun kadugi-dugia sampun ngantos anguciwani, ananging kapundhut mangke wanci jam 6 sontên, sasampuna dumugi ing Rônggawarsitan, Mas Ngabèi Suradôngsa aturipun sêndika, anamung punika mangke kêdah dipun sambut damêl sakêdhikipun prikônca tiga, Mas Ngabèi Suradôngsa lajêng matur, têbêla punika mangke badhe kagêm sintên, Radèn Ngabèi [Nga...]

--- 3 : 102 ---

[...bèi] Rônggawarsita botên sagêd amaringi katrangan sapunika, sarta Mas Ngabèi Suradôngsa lajêng dipun lilani wangsul, aturipun sêndika, sarèhning Mas Ngabèi Suradôngsa sampun gadhah balabag saha kajêng pêsagèn, amila sampun botên susah mawi tumbas kajêng, namung angundang undhagi sampangan tiga, kapurih angrencangi, salêbêtipun anggarap, gadhah pangintên bilih têbêla wau badhe kagêm Radèn Ngabèi Rônggawarsita piyambak, amila panggarapipun dipun êpêng, balabagipun kajêng wêtah, sarta sadaya anjing-anjinganipun sami pun dhêmpul.

Ing dintên wau amarêngi ing dintên Jumungah Pahing tanggal sapisan wulan Rabingulakir, Ehe 1780, dados kirang 12 dintên saking têmpuking parlu, sarêng wanci jam 2 siyang, ingkang ibu Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, dipun aturi pinarak dhumatêng ing dalêm, (Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita punika dêdalêm piyambak wontên sawingking dalêm Rôngggawarsitan, ingkang kadhawuhan angladosi para putra wayah) sarêng ingkang ibu sampun pinarak ing dalêm, ingkang putra Radèn Ngabèi Rônggawarsita angaturi uninga, bilih badhe têmpuking parlu sapunika namung kirang 12 dintên, amila Radèn Ngabèi Rônggawarsita nyuwun pitulunganipun ingkang ibu, saupami ingkang ibu angunjukakên sêrat, konjuk ing saandhap sampeyan dalêm, punapa ingkang ibu sagêd, wangsulanipun ingkang ibu sagêd, manawi [mana...]

--- 3 : 103 ---

[...wi] saking Rônggawarsitan dumugi kori Talangpatèn nitih bèndi, amila Radèn Ngabèi Rônggawarsita utusan nyuwun ngampil bèndi dhumatêng Prawirayudan, botên sawatawis dangu bèndi sampun dhatêng lajêng kasudhiyakakên wontên palataran, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita bidhal malêbêt, sêrat ingkang badhe konjuk kaêmban, Radèn Ngabèi Rônggawarsita andhèrèkakên dumugi ing palataran, sapêngkêripun ingkang ibu, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng tindak dhumatêng ing

gêdhong wetan, kontêning gêdhong katutup lajêng angêningakên panggalih, anêgês dhatêng ingkang Murbèng Jagad, sagêda kasêmbadan ingkang dados pangèsthining panggalih.

Amangsuli Mas Ajêng Rônggawarsita, dumugi ing lêbêt sampun wanci jam 3 siyang, sampeyan dalêm sawêg lênggah dhahar, sarêng sampeyan dalêm uninga dhumatêng Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita enggal-enggal kadangu, wontên parlunipun punapa dene kadingarèn siyang-siyang marak malêbêt, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita lajêng munjuk punapa kawontênanipun, dhawuh timbalan dalêm kadhawuhan angêntosi, sarêng sampeyan dalêm sampun wijik, dhawuh dhumatêng abdi dalêm lurah kaparak ingkang angladosi, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita kadhawuhan amaringi lorodan dalêm sêkul ulam tuwin dhaharan sapêpakipun, sarta kadhawuhan mundhut sêratipun Radèn Ngabèi [Nga...]

--- 3 : 104 ---

[...bèi] Rônggawarsita, ingkang badhe kaunjukakên, sarêng sampun kawaos lajêng kadèkèkakên wontên ing kagungan dalêm bèri pagantenan, dhawuh timbalan dalêm dhumatêng Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, kadhawuhan nyipêng ing lêbêt kemawon, benjing enjing jam 7 kadhawuhan mantuk, unjukipun Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, mugi sampun andadosakên ing dêduka dalêm, punika mangke manawi sampun rampung parlunipun lajêng badhe nyuwun pamit ngaso, amargi punika wau botên mawi prasabên manawi nyipêng, punika mangke mindhak dados pangajêng-ajêng, dhawuh timbalan dalêm inggih sampun kaparêng, sajêngkar dalêm dhahar sampeyan dalêm lajêng têdhak ing panêpèn, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita kadhawuhan andhèrèk, sarêng sampeyan dalêm lênggah, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita kadhawuhan majêng, sampeyan dalêm amaringakên arta kathahipun: 300 rupiyah, kadhawuhan maringakên dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, saha sampeyan dalêm amatêdhani pangèstu wilujêng, punapadene sampeyan dalêm amatêdhani pasumbang dhumatêng badhe semahipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, awarni sêngkang tongkengan sarakit, unjukipun Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, sêmbah kapundhi, saha tumut sakalangkung bingahing manahipun, sarêng yatra saha sêngkang sampun dipun tampèni, Mas Ajêng Rônggawarsita saèstu nyuwun pamit badhe wangsul sapunika, dhawuh timbalan dalêm sampun kapa[36]

--- 3 : 105 ---

nyai lurah kalih ingkang ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, sami kadhawuhan ngêtêrakên Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita dhumatêng ing

kori talangpatèn, sarêng Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita sampun numpak bèndi, nyai lurah kalih sami wangsul.

Sarêng: jam 4 sontên, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita sampun wangsul dumugi ing Rônggawarsitan, nalika ingkang ibu ngajêngakên rawuh, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun mêdal saking gêdhong wetan, dhumatêng ing paringgitan malampah-malampah, sarêng uninga ingkang ibu rawuh, lajêng amapagakên ingkang ibu dhumatêng ing palataran, mandhapipun saking bèndi dipun lawani ingkang putra, lajêng kadhèrèkakên dhumatêng ing dalêm, paring dalêm sêkul ulam ingkang wontên bèndi, lajêng kabêkta para wayah dhumatêng ing dalêm, sarêng sampun ragi aso sawatawis, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita lajêng angêndika dhumatêng ingkang putra punapa saparlunipun sampun dipun pangandikakakên sadaya, patêdhan dalêm arta kathahipun 300 rupiyah, sampun kaparingakên, tuwin paring dalêm sêngkang ugi sampun kaparingakên dhumatêng ingkang putra, sarêng yatra saha sêngkang sampun katampèn ingkang putra, Mas Ajêng Rônggawarsita awêwarah dhumatêng ingkang putra benjing têmpuking parlu ijabing paningkah, sarèhning ingkang putra sampun yuswa 52 taun, kaprayogèkakên ingkang mêjana kemawon, aturipun ingkang

--- 3 : 106 ---

putra sêndika, ingkang ibu lajêng dipun aturi ngaso dhumatêng ing dalêmipun piyambak, sarta lajêng dipun aturi dhahar, sasampunipun lukar pangagêman, Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita lajêng dhahar, dipun ladosi para putra wayah, sabibaring dhahar lajêng mapan sare kados adad, lorodanipun sami katêdha dening putra wayah.

Awit saking ragi kataman sayahing sarira, dening anggènipun ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm punika wau, amila anggènipun sare katingal sakeca, suku dumugi ing jaja kasingêpan ing kampuh, bantal alit katumpangakên ing karaupan (rai) sarêng antawisipun jam 5 sontên langkung sakêdhik, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anuwèni ingkang ibu, angungak anggènipun sare, wusana lajêng dipun cêlaki, bantal alit ingkang tumumpang ing paraupan dipun pêndhêt dening ingkang putra, ananging astaga, ingkang ibu sampun seda, sanalika wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita animbali ingkang putra Radèn Mas Panji Ranakusuma, pangandikanipun asêmu gugup, manawi ingkang ibu seda, para putra wayah sami arêbut dhucung anuwèni, sarêng sampun têtela manawi seda sayêktos, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angrungkêbi sampeyanipun ingkang ibu kalihan muwun, para putra wayah lajêng sami anglut abela karuna, para tôngga têpalih tuwin para sêpuh-sêpuh ingkang sami [sa...]

--- 3 : 107 ---

[...mi] mirêng sedanipun Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, sadaya kemawon sami kagèt, dene botên mirêng manawi gêrah, langkung malih ingkang sami sumêrêp bilih punika wau jam 4 sontên, sawêg kondur kemawon saking marak ing ngarsa dalêm, saya sakalangkung kagèt, wasana lajêng sami nglayat, amila sawêg sakêdhap kemawon kathahipun para sanak sadhèrèk ingkang sami nglayat, jalêr èstri ngantos atusan. Radèn Ngantèn Panji Ranakusuma dipun dhawuhi mêthuk ingkang rayi Radèn Ajêng Brêkat[37] dhumatêng ing lêbêt, ngiras angunjuki uninga saandhap sampeyan dalêm, kacènthèlakên unjuk putra dalêm Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, sarêng Radèn Ngantèn Panji Ranakusuma dumugi ing lêbêt, Radèn Ajêng Brêkat inggih sakalangkung kagèt, dene punika wau wanci jam 3, mêntas pêpanggihan wontên ing lêbêt, amila dhawuhipun ingkang rama kalajêngakên konjuk Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, sarta Radèn Ajêng Brêkat nyuwun pamit badhe mêdal, Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton panggalih dalêm inggih sakalangkung kagèt, amargi siyang punika wau taksih ngadhêp dhahar rama dalêm Sampeyan Dalêm, Ingkang Sinuhun, sarêng Radèn Ajêng Brêkat badhe pangkat mêdal, Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton amatêdhani patumbasan toya kathahipun 40 rupiyah Radèn Ajêng Brêkat lajêng mêdal, dumugi ing Rônggawarsitan sawêg wanci jam ½ 7 sontên, ingkang sami nglayat sampun [sa...]

--- 3 : 108 ---

[...mpun] kêbak, namung para putranipun Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita ingkang dèrèng jangkêp, amargi griyanipun sami wontên ing dhusun, ananging sadaya inggih sampun dipun paringi sumêrêp, sarta dipun timbali, sarêng wanci jam 7 sontên lajêng dipun sirami, kabêkta saking sêpuhing yuswanipun, ingkang sami ngalap barkah nyirami kathah sangêt, sasampunipun dipun sirami lajêng dipun dandosi kados adat, tuwin kalêbêtakên ing tabêla, anggènipun mundhut dhatêng Mas Ngabèi Suradôngsa siyang punika wau, karêrêmakên wontên ing dalêm, kadèkèk wontên sanginggiling bangku kapanggenakên wontên sangajênging gêdhong wetan.

Nunggil wanci: jam 7 wau, sarêng sampeyan dalêm sampun wungu, Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton marak ing ngarsa dalêm, sarêng dipun dangu lajêng munjuk, punika wau wontên kèngkènanipun abdi dalêm pun Ngabèi Rônggawarsita, angunjuki uninga ing saandhap sampeyan dalêm, bilih punika wau wanci jam 5 sontên, biyungipun Nyai Rônggawarsita sêpuh tilar dunya sampeyan dalêm ugi sakalangkung kagèt, amargi kala wau wanci jam ½ 4 sontên, taksih ngêndikan kalihan sampeyan dalêm, amila sampeyan dalêm lajêng dhawuh dhumatêng putra dalêm Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, kadhawuhan andhawuhakên dhumatêng pramèswari

dalêm, punika mangke sampeyan dalêm badhe têdhak dhumatêng ing Rônggawarsitan, pramèswari dalêm [dalê...]

--- 3 : 109 ---

[...m] saha putra dalêm Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton sami kadhawuhan andhèrèk.

Amangsuli ing Rônggawarsitan, wiwit: jam 5 dumugi jam: 8 sontên, para luhur ingkang sami anglayat anggili tanpa kèndêl, ing dalêm Rônggawarsitan ngantos kêbak, makatên ugi ingkang sami lênggah wontên ing jawi, ugi botên wontên sêlanipun, saking kathahipun ngantos angungkuli nalika sedanipun Radèn Ayu Rônggawarsita, sarêng antawisipun jam 9 sontên, sampeyan dalêm saèstu miyos, titihan dalêm kareta kèndêl wontên sangajênging paringgitan, para abdi dalêm ingkang sami nglayat, sami ambyar kados ayam tinêbak ing wolung, sami andhodhok ngapurancang sadaya, sampeyan dalêm sampun lumêbêt ing dalêm, lajêng lênggah ing kursi ingkang sampun katata wontên sangajênging krobongan, ingkang linambaran ing babut, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dipun timbali ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, kadangu punapa kawontênanipun sadaya, angunjukakên umuripun sampun: 83 taun, sampeyan dalêm amiyosakên pangunguning panggalih dalêm, dene kala wau wanci jam ½ 4 siyang, taksih ngadhêp wontên ing ngarsa dalêm, amila sawungu dalêm punika wau sarêng dipun unjuki uninga putra dalêm Gusti Radèn Ayu Sêkar Kadhaton, sampeyan dalêm sakalangkung kagèt,

--- 3 : 110 ---

wusana pangandika dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dipun pangandikani lucu sangêt, dene biyungipun sampun badhe tilar donya taksih sagêd dipun kèngkèn, manawi tiyang ingkang limrah kemawon, pêjah kirang saêjam punika malah sampun lêlampah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita namung andhêku kalihan angaras, sarêng antawisipun jam ½ 10, sampeyan dalêm lajêng jêngkar, Radèn Ngabèi Rônggawarsita andhèrèkakên kondur dalêm angamping-ampingi titihan dalêm kareta ngantos dumugi ing radinan agêng, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan wangsul, titihan dalêm mangalèr.

Saya dalu ingkang sami anglayat sampun ngawis-awisi, ing dalu wau para gusti, para luhur, kathah ingkang têdhak, sarêng antawisipun jam 12 sami kondur, para priyantun kathah ingkang sampun sami mantuk, kantun para sanak sadhèrèk ingkang taksih sami anuguri, kursi ingkang kapasang wontên satêngahing dalêm kadhawuhan ngêdalakên, layonipun ingkang

ibu kadhawuhan mindhah satêngahing jarambah, sangajênging krobongan, ingkang sami diya-diniya bab panataning kursi wontên ing dalêm punika wau, sarêng sampun kalampahan kanggenipun lajêng rumaos sami kawon, sarta botên sagêd anginggahi.

Saking anggènipun angatusakên para putra wayah ingkang têbih-têbih dalêmipun, mila layonipun ingkang ibu karêrêmakên [karê...]

--- 3 : 111 ---

[...rêmakên] ngantos kalih dalu, utawi kaol Jawi sampun ngantos angangkatakên layon dintên Sêtu, sarêng dintênipun Akat Wage tanggal kaping 3 wulan Rabingulakir, layonipun ingkang ibu Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, kasarèkakên dhumatêng Pêngging Ngaliyan, kadhèrèkakên ingkang êmbah Radèn Tumênggung Sastranagara, kaprênahakên wontên ing dagan ingkang sisih wetan, bidhaling layon wanci jam 9 enjing, ingkang sami nglayat inggih kathah, para sanak sadhèrèk tuwin para panèwu mantri ingkang sami dumugi ing Pêngging ugi kathah, dumugi ing Pêngging wanci jam 3 siyang, sadaya ingkang nguntapakên sami kasugata dhahar, bibar dhahar lajêng wangsul sadaya, dhatêngipun sarênti, ingkang numpak kapal jam 5 sampun dumugi nagari, ingkang dharat ngantos dumugi jam 9 utawi jam 10 dalu.

Sasedanipun ingkang ibu Nyai Mas Ajêng Rônggawarsita, sakalangkung pamêsuning panggalihipun, sasêlaning pandamêlan wajibipun, rintên dalu namung lênggah wontên panyêratan, sabibaring nyêrat wanci jam 2 dalu, lajêng lênggah wontên ing pamêjangan ngantos dumugi byar enjing, mênggah ingkang makatên wau bakuning karsa pancèn kagêm masuh sarira, pinarêngna dening ingkang Amurbèng Dumados, sagêda nyakup dhumatêng kawontênan ing lair batos, mênggah kawontênanipun dhahar tuwin sare, punapadene bab pangagêmanipun, namung kagêm tata krami kemawon, bakuning [ba...]

--- 3 : 112 ---

[...kuning] panggalih, ingkang nawung karsa kados makatên wau, lajêng dipun sasabi anganggit sakathahing sêrat-sêrat, ingkang dèrèng sami kawêdalakên para lêluhuripun, cara kriyanipun, Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika dhatêng sadhengah ingkang dipun asta kikrik sangêt, botên kaparêng sabên anggêr rampung kemawon, ingkang makatên wau katitik saking anggitanipun sêrat-sêrat, pangikêting ukara tuwin têtêmbunganipun, punapa malih manawi nyêkarakên, para marsudi basa Jawi kathah ingkang sami angalêmbana.

Manawi sawêg anggarap sêrat-sêrat, ingkang botên kawêdharakên utawi ingkang kawêdharakên, sanadyan sampun kagarap rampung saha sampun dipun samakakên, manawi wontên têmbung ingkang dèrèng cocog kalihan panggalihipun, sampun têmtu dipun ewahi malih, ewah-ewahan wau botên namung narimah corèk utawi kasêrat ing mangsi abrit kemawon, ananging sasampuning kacawang utawi kacorèk ing mangsi abrit, lajêng kasêrat malih ngantos dumugi sarampungipun, mila sêrat-sêrat karanganipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, ingkang taksih sêratan tapak astanipun piyambak, botên wontên ingkang corekan utawi kêrikan, dene pacakan ingkang sampun dipun ewahi wau lajêng kapacakakên babon, adamêl gumujêng.

--- 3 : 113 ---

Sarêng dintên Kêmis Pon tanggal kaping 7 Rabingulakir Ehe: 1780, dados kirang sapêkên kalihan têmpuking damêl, sanadyan botên mawi punapa-punapa, labaning priyantun luhur dipun luluti ing sanak sadhèrèk, dados ingkang sami rêrencang nyambut damêl inggih sampun kathah, ngiras pantês rêrencang pitung dintênipun ingkang ibu, amila adêging pawon sampun radi rêgêng, wiwit ing dintên wau Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun sowan para gusti para bêndara ingkang pantês dipun unjuki uninga utawi dipun suwuni pangèstu, tuwin dipun ngabêktèni, satêlasipun para gusti lajêng para bêndara kangjêng pangeran ingkang sampun manjing siswa saha ingkang dados mitra darma, lajêng dhatêng para luhur para wadana kliwon ingkang awunipun kawon sêpuh, sadaya wau namung dipun caosi uninga tuwin dipun suwuni pangèstu, botên wontên ingkang dipun aturi rawuh, sarêng sampun kirang sadintên kalihan têmpuking parlu, dalunipun nama midadarèni, para karereyan inggih wontên ingkang sami sowan dumunung namung caos bêkti, para sanak sadhèrèk sami wungon piyambakan, Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên mêdal amanggihi, malah mêmpêng wontên ing pamêjangan kemawon, salat kajat ngantos dumugi byar enjing, dintên Salasa Pon enjing, para sanak sadhèrèk sampun sami siyaga nyambut damêl, pangaraking paningkah mangke wanci jam 5 sontên [so...]

--- 3 : 114 ---

[...ntên] sanadyan botên mawi tamu ewadene tatakramanipun ing paringgitan ugi mawi dipun gêlar-gêlari, sarèhning tamunipun namung bôngsa putri pangiring saking pangantèn putri, amila ingkang dipun tata prayogi namung ing dalêm, sarêng sampun wanci jam ½ 5 siyang Bêndara Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga têdhak, andadosakên guguping panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita. Sarèhning ing jawi

botên mawi dipun sudhiyani palênggahan ingkang pantês, dados lajêng dipun aturi lênggah wontên ing dalêm kemawon, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sasampunipun amanggihi kadhawuhan tumuntên lajêng dandan, amargi sampun andungkap wancinipun badhe pangkat, salêbêtipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dandos, lajêng katungka têdhakipun para gusti kangjêng pangeran, para wadana kaliwon, ingkang kacêlak ing saandhap sampeyan dalêm, kathahipun ngantos kalih wêlas, ingkang môngka pancèn botên dipun aturi têdhak, namung dipun aturi uninga kemawon, dados botên mawi sudhiyan punapa-punapa, sanadyan badhe andadak pasugatan inggih mêksa botên sagêd, amargi sampun kasalêpêg ing wanci, dados namung kasêgah srutu kalihan pangunjukan kemawon, sarêng sampun wanci jam 4 sontên, bèndi kagunganipun Tuwan Pèdrik Wintêr ingkang kasuwun ngampil, sampun anganggrang wontên sangajênging paringgitan, kareta

--- 3 : 115 ---

titihanipun para gusti. Para bêndara kangjêng pangeran, tuwin sanès-sanèsipun, sami jibêg wontên ing palataran, Radèn Ngabèi Rônggawarsita anggènipun dandos sampun rampung, lajêng mêdal saking gêdhong wetan, gêr, sami dipun garapi dening para gusti, lajêng rame dados gêgujêngan, sarêng sampun wanci jam 5 sontên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan bidhal, para gusti ingkang sami têdhak sadaya wau, kaparêng anguntapakên saha badhe anguningani ijabing paningkah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan tunggil sakareta kalihan Bêndara Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, dados bèndi kagunganipun Tuwan Pèdrik Wintêr dipun tumpaki ingkang ngampil lopak-lopak idon, jaman kala samantên awis wontên kareta tuwin bèndi ingkang kêklêmpakan ngantos sadasa kathahipun, amila bidhaling pangkatipun paningkah Radèn Ngabèi Rônggawarsita, samêrgi-mêrgi dados têtingalan, jam 5 lêrês dumugi ing Jayèngmarjayan (kampung Mondhokan) ing Jayèngmarjayan mawi tamu para bêndara sawatawis, pangagêmipun para tamu bêndara Kangjêng Pangeran ing Mangkunagaran, Bêndara Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, inggih wontên, sarêng pangantèn sampun dumugi sangajêng dalêm Jayèngmarjayan, lajêng kapapagakên Bêndara Kanjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, dipun ancarani lumêbêt ing dalêm, para gusti-gusti ingkang sami anguntapakên, ugi [u...]

--- 3 : 116 ---

[...gi] sami kaaturan lumêbêt ing dalêm, sasampuning lênggah satata lajêng kaijabakên, sabibar ijab para gusti-gusti botên angêntosi lumadosipun dhahar, lajêng kondur sadaya, sadèrèngipun bidhal, Bêndara Kangjêng Pangeran Arya Natapura andangu dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, mangke wangsulipun dhatêng Rônggawarsitan wanci jam

pintên, aturipun dèrèng sagêd nêmtokakên, ananging botên sagêd langkung antawisipun jam 7 dhawuhipun, manawi makatên punika mangke titiyanipun kareta badhe dipun tilar, mangke wangsulipun dhatêng Rônggawarsitan supados dipun tumpakdi, dene sariranipun badhe dhèrèk Bêndara Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, aturipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalangkung nuwun, saha ngunjukakên panuwun dhumatêng para gusti-gusti saha para luhur ingkang sampun sami kaparêng aparing kamirahan dhumatêng sariranipun, amêrlokakên sami kapengin anguningani ijabing paningkah, ingkang anambahi dados asrining sêmuwaning margi, sadaya lajêng sami gumujêng gêr-gêran, sakonduripun para gusti-gusti, pasugatanipun dhahar lajêng kaladosakên, namung barokoh tani ulam rampadan katata lesehan abêbanjêngan, sarêng panatanipun sampun rampung para tamu kakung putri sami dipun ancarani dhahar sêsarêngan, sarampungipun dhahar sawatawis, ingkang dhatêng abdi-abdi sami dipun paringi sêkul prêcita, sarampungipun [sara...]

--- 3 : 117 ---

[...mpungipun] sami nêdha, Radèn Mas Panji Jayèng Marjaya, lajêng tata-tata badhe bidhalipun putra mantu kondur dhumatêng Rônggawarsitan.

Kacariyos, nalika konduripun para gusti saking Jayèngmarjayan, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, kêncan kalihan ingkang putra Kangjêng Pangeran Arya Natapura, sami mampir dhumatêng Rônggawarsitan rumiyin, Kangjêng Pangeran Arya Natapura ingkang sampun uninga ing sêmu kaparêngipun ingkang rama, amila aturipun namung sêndika, dumugi Rônggawarsitan sampun jam 6 lêrês, mundhut kursi kagêm lênggah kalihan ingkang putra wontên ing paringgitan, abdi dalêm anggong ingkang angusungi gôngsa saking Kusumadilagan, sampun rampung sadaya, sami katata wontên ing paringgitan sisih kilèn, babut ingkang kagêlar wontên dalêm, kadhawuhan nata wontên jawi, èmpèring paringgitan sami kadhawuhan anggêlari lampit sadaya, dilah-dilah ingkang sampun kapasang wontên ing jawi, sadaya kadhawuhan nyumêdi, manawi kirang padhang kadhawuhan mêndhêt dilah dhumatêng ing Kusumadilagan, sarêng sadaya sampun dipun uningani lajêng ngêndika dhumatêng Radèn Mas Panji Ranakusuma, sapunika badhe kondur rumiyin, mangke kemawon jam-jaman[38] sanga badhe têdhak malih, sarta wontênipun kados makatên punika awit saking dhawuh timbalan dalêm Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun, sarta

--- 3 : 118 ---

dhawuhakên badhe kawontênanipun mangke dalu. Sarêng sampun rampung anggènipun dhawuh-dhawuh lajêng kondur, kalihan ingkang putra Kangjêng Pangeran Arya Natapura, sapêngkêripun Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga, Radèn Mas Panji Ranakusuma bingung anggènipun angwontênakên pisêgah, lajêng utusan mundhut gêndhis tèh, kopi, roti gêbag, srutu, sampun ngantos karumiyinan rawuhipun para tamu utusan dalêm. Sarêng kèndêl jam ½ 7 sontên, abdi dalêm niyaga sapanglawe jangkêp, sampun dumugi ing Rônggawarsitan, talèdhèkipun kalih, 1. pun Dari, 2. pun Manis, sami talèdhèk ijatikusuman,[39] ugi sampun sami dhatêng, sarêng sampun satata, gôngsa kaungêlakên, nunggil wanci wau abdi dalêm panakawan tukang minuman salurahipun, ugi sampun sami dhatêng ing Rônggawarsitan, sami angampil paring dalêm minuman warni-warni, botên dangu lajêng katungka dhatêngipun abdi dalêm rêdênas kasêpuhan anggili tanpa kèndêl, sakêdhap kemawon ing paringgitan katingal sampun kêbak, (mênggah gôngsa saniyaganipun, dalah satalèdhèkipun, minuman sapirantosipun, punapadene abdi dalêm rêdênas kasêpuhan ingkang sami jagong sadaya wau saking paring dalêm saha saking dhawuh dalêm). Sarêng jam ½ 8 lêrês, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sakalihan sampun rawuh, dipun kurmadi gêndhing ladrang pangantèn, kareta ingkang dipun titihi

--- 3 : 119 ---

kèndêl wontên sangajênging paringgitan, kontêning kareta sampun kawêngakakên dening Radèn Mas Panji Ranakusuma, ingkang lênggahan sami mahargyana[40] jumênêng saking palênggahan, sasampunipun pangantèn putri kalêbêtakên ing dalêm, Radèn Ngabèi Rônggawarsita gêntos atur pambagyarja dhumatêng para tamu sadaya, katungka lumadosipun pangunjukan, srutu, tuwin minuman, sarêng sampun sami waradin, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng kundhisi. Wosipun kemawon, sapisan dumugi kasugêngan dalêm, pramèswari dalêm, saha para putra putri dalêm sadaya kaping kalih wilujêngipun nagari dalêm Surakarta Hadiningrat, saisinipun sadaya, kaping tiga, sugêngipun saha wilujêngipun para tamu sadaya, wasana Radèn Ngabèi Rônggawarsita angunjukakên saha angaturakên panuwun, konjuk ing saandhap sampeyan dalêm, konjuk para gusti, katur para sanak sadhèrèk ingkang sami adamêl agênging panggalihipun, lajêng katampèn surak mawurahan).

Salêbêtipun pajagongan sêsambènipun namung gêgujêngan, limrah mantuning kêkancan sami garap- ginarap, panggarapipun sami alus-alusan, dados wontênipun namung suka parisuka, dhasar gôngsa tansah mungêl angrangin, binarung sindhèning waranggana, kados makatên punika ingkang anama adamêl sênênipun pajagongan.

--- 3 : 120 ---

Sarêng antawisipun jam 11 dalu, wontên kareta kalih lumêbêt ing palataran, sarêng dipun waosakên jêbul Bandara Kangjêng Pangeran Arya Pringgalaya, ingkang amakili pangagênging kadipatèn anom, kadhèrèkakên ingkang rayi nak dhèrèk Kangjêng Pangeran Arya Jatikusuma, sadaya wau ingkang sampun kasusra lêbda wirama, ingkang sampun botên kewran dhatêng kridhaning gêndhing, ingkang sami lênggah wontên ing paringgitan lajêng mandhap sadaya, para satriya agung sakawan wau sarêng sampun sami lênggah, para priyantun ingkang sami mandhap wau lajê[41] sami katimbalan wangsul malih, sarawuhipun para satriya agêng wau anambahi asrining pajagongan, Kangjêng Pangeran Arya Kusumadilaga andangu dhumatêng Radèn Ngabèi Rônggawarsita, kala wau dhatênging pangantèn wanci jam pintên, kala wau botên sagêd ngêntosi, amargi kèngêtan agantung urak dhèrèk wiyosan dalêm amêng-amêng, amila lajêng kasêsa kondur, unjukipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita kèndêl jam ½ 8 lêrês, punika wau mèh kemawon dados damêl (wontên rewal-rewelan) Radèn Ngabèi Rônggawarsita anglajêngakên aturipun, punika wau sarêng lampahing kareta dumugi sajawining regol, sariraning pun kagungan pangraos amrih malêbêt, kuwatos ambok manawi kalêbêtan ing alam panasaran (para tamu sami gumujêng sadaya) saking botên kanyanan manawi dados kados [ka...]

--- 3 : 121 ---

[...dos] makatên kawontênanipun, sarêng lampahing kareta dumugi sangajênging paringgitan, saya botên kantên-kantênan, sariranipun rumaos wontên salêbêting alam supênan, pangraos ingkang kados makatên wau sanadyan sampun kaduwa saking kêncênging panggalih, nanging taksih rumaos dèrèng pitados, wasana sarêng talinganipun mirêng swaraning gôngsa kabarung sindhèning waranggana ingkang anganyut-anyut, pêpêtêng ingkang anglimputi paningal wau lajêng padhang anjingglang kados mêdaling purnama sidhi (gêr para tamu sami gumujêng malih ambata rêbah), awit saking kabêkta cucuting pangandikanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, salêbêting pajagongan wau namung tansah gêgujêngan, kèndêl-kèndêlipun namung manawi kasêlan ungêling gôngsa, manawi ungêling gôngsa suwuk, lajêng tapuk gêgujêngan malih, kados makatên wau ngantos dumugi jam 6 enjing, sarêng prabaning diwangkara sampun anyoroti ingkang sami lêlênggahan, sadaya lajêng sami bibaran, wilujêng.

Cocoging Pamêca

Sarêng tumapakipun ing taun Jimawal 1781, amarêngi ing dintên Sêtu Lêgi tanggal sapisan wulan Jumadilakir ing taun Jimawal: 1781, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sowan dhumatêng ing Gôndakusuman, dumugi ing Gôndakusuman wanci jam ½ 8 sontên, nanging botên pinanggih ing dalêm, amargi [a...]

--- 3 : 122 ---

[...margi] Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma sawêg nindakakên padamêlan wontên pura Mangkunagaran, Radèn Ngabèi Rônggawarsita taksih angêntosi lênggah wontên ing paringgitan, ingkang sampun dipun gêlari gêlaran alus, sarêng kèndêl jam 8 lêrês, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma mêdal kondur sakêdhap, kados punapa bingahing panggalihipun, amargi salêbêtipun nindakakên padamêlan, kagungan panggalih badhe pinanggih Radèn Ngabèi Rônggawarsita, amila bingahing panggalihipun prasasat tanpa pêpindhan, sanalika lajêng dipun ancarani dhumatêng ing gêdhong panyêratan, adat ingkang sampun, sabên Radèn Ngabèi Rônggawarsita kapanggihan wontên panyêratan, punika têmtu wontên wigatosipun, anggènipun pêpanggihan wau namung sakêdhap sangêt, namung saparlunipun kemawon, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng nyuwun pamit, pêpanggihan wau akalihan sami kawuryan lêga lêgawa.

Sawêk[42] antawis tigang dintên, sowanipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita dhumatêng ing Gôndakusuman, Radèn Ngabèi Rônggawarsita katimbalan Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma malih, nanging sowanipun sampun ngantos langkung saking jam 7 sontên, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sampun dumugi ing Gôndakusuman, lajêng kapanggih wontên ing gêdhong panyêratan, sarêng

--- 3 : 123 ---

sampun lênggah satata, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma amatêdhani uninga, dintên punika wau wanci jam 11 siyang (Sênèn Pon tanggal kaping 3 Jumadilakir Jimawal: 1781), Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma katimbalan Tuwan Kolonèl Boskên, ingkang amakili Kangjêng Tuwan Residhèn Rapnaus ingkang sawêg pêrlop, sarêng dumugi ing paresidhenan, Tuwan Kolonèl Boskên amaringi uninga, bilih Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma anampèni partisara saking Paduka Kangjêng Tuwan, Ambèrkus Jakop, Dheimar Mantungên, ingkang jumênêng Guprênur Jendral ing Batawi, katitimangsan ing Bogor kaping 7 April, 1853 ôngka 54 ciri wadi, panjênênganipun Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma kajumênêngakên pangagênging trah Mangkunagaran, sarêng sampun têlas pangandikanipun Kangjêng Pangeran Arya

Gôndakusuma wau, Radèn Ngabèi Rônggawarsita lajêng angraup pada angabêkti, sanadyan Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma botên kaparêng, ananging dêrênging panggalihipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita botên kenging dipun sayuti, sasampuning angabêkti lajêng andonga nurbuwat, sarêng anggènipun andonga sampun rampung, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma andumugèkakên pangandikanipun, kaparêngipun kangjêng tuwan residhèn, anggènipun badhe anjumênêngakên benjing ing dintên Jumuwah Wage tanggal kaping 14

--- 3 : 124 ---

wulan Jumadilakir punika wanci jam 9 enjing, wontên ing pandhapi Mangkunagaran, sarêng sampun rampung saparlunipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita nyuwun pamit badhe wangsul, samêdalipun saking panyêratan prayagung sakalihan sami sêsarêngan, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma amaringakên kanthong sêrat, sarêng sampun dipun tampèni, kalêbêtakên kanthonganing rasukan, sadumuginipun ing dalêm kanthong wau sarêng kabikak, isinipun salêmbar kêrtas nyatus rupiyah.

Sarêng ing dintên Jumungah Wage tanggal kaping 14 wulan Jumadilakir wau, wanci jam 9 enjing, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, saèstu kajumênêngakên pangagênging trah Mangkunagaran, amila wiwit kirang tigang dintên kalihan têmpuking parlu, ing Mangkunagaran sampun wiwit kapajang-pajang, sadaya saka pananggap punapa dene saka taratag, sami karêngga ing tuwuhan, wiwit sangajênging gapura dumugi ing pamedan, nêkuk mangetan dumugi parapatan Nonongan, sami dipun panjêri daludag umbul-umbul, saha gôngsa munggang kaprabon tuwin carabalèn.

Ing dintên Jumuwah wau wanci jam 7 enjing para putra santana saha para punggawa agêng alit, sampun sami sowan pêpak, sarêng wanci jam ½ 9 enjing Kangjêng Radèn Adipati Sasradiningrat, sakarereyanipun abdi dalêm para bupati jawi lêbêt, saanon-anonipun, tuwin mas pangulu [pangu...]

--- 3 : 125 ---

[...lu] tapsir anom, sampun sami pêpak wontên pandhapi Mangkunagaran, nunggil wanci wau Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Angabèi, Kangjêng Gusti Pangeran Arya Prabu Mijaya, saha bandara kangjêng pangeran putra dalêm sadaya, para Kangjêng Pangeran santana dalêm, ugi sampun rawuh wontên pandhapi Mangkunagaran.

Wanci jam 9 lêrês, kangjêng tuwan wakil residhèn, kadhèrèkakên para tuwan-tuwan amtênar, Mardika, tuwin para tuwan-tuwan mayor, kapitan, upsir ing loji agêng, sampun rawuh ing Mangkunagaran, sadaya wau sami mangagêm baku pameran, kaurmatan ungêling gôngsa, munggang, saha carabalèn, sarêng sampun sami têtabikan kalihan para pangagêng, sadaya lajêng sami lênggah satata, botên sawatawis dangu kangjêng tuwan wakil residhèn jumênêng saking palênggahan, tamu agung ugi sami jumênêng sadaya, kangjêng tuwan wakil residhèn lajêng anglairakên ing pangandika sadaya lêlabêtanipun Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, wiwit yuswa 15 taun, sampun dados militèr prajurit Mangkunagaran, dumugi dintên wau sampun anglampahi pandamêlan laminipun: 28 taun, salêbêtipun 28 taun wau sampun anglampahi pandamêlan warni-warni, wiwit pangkat alit ngantos dumugi anglampahi pandamêlan ingkang pangkat agêng, botên nate nglampahi kalêpatan, saking saening [sa...]

--- 3 : 126 ---

[...ening] lêlabêtanipun, ngantos kangjêng guprêmèn amaringakên ganjaran warni-warni dhumatêng Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, sapisan awarni mêndhali anggènipun sampun anglampahi pêrang kala jaman dauru Dipanagaran, kangjêng tuwan wakil residhèn pancèn inggih sampun anyipati piyambak dhatêng kawantêraning panggalih nalika Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma anglampahi dados militèr, pancèn pantês pinuji, amila awit saking kaparêngipun kangjêng guprêmèn, Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma kawisudha dados pangagênging trah Mangkunagaran, ajêjuluk Kangjêng Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana. Sasampunipun rampung anggènipun andhawuhakên, tuwan juru basa lajêng maos sêrat partisara saking kangjêng guprêmèn, sarêng sampun rampung pamaosipun, para tuwan-tuwan sadaya lajêng têtabikan kalihan Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana, sarampunging ngunjuk kawilujêngan, kangjêng tuwan wakil residhèn lajêng kondur dhumatêng loji paresidhenan, para tamu sadaya bibaran.

Sarêng sampun wanci jam 11 siyang, Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana lajêng sowan dhumatêng ing loji paresidhenan, mawi upacara kaprabon, kadhèrèkakên para pangagênging prajurit Mangkunagaran, saha para pangagênging punggawa, parlu angaturakên panuwun, bidhal saha konduripun [kondur...]

--- 3 : 127 ---

[...ipun] kaurmatan ungêling kodhok ngorèk saha carabalèn mawi pakurmatan drèl saha mariyêm.

(Pratelan ing nginggil punika saking Mas Ngabèi Jayawiyata, ingkang dipun sêrati Radèn Ayu Jayadarsana).

Jumênêngipun Kangjêng Pangeran Arya Gôndakusuma, dados pangagênging trah Mangkunagaran, asma Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana, pinèngêtan ing dintên Jumuwah Wage tanggal kaping 14 wulan Jumadilakir ing taun Jimawal, 1781, wuku Landêp, windu Kunthara, Rodra Tungle dangu, sumursinaba, sumêngkaning cèlèng têmbalung, rahayu, samubarang damêl sae.

Namung Kagêm Ambeda

Sajumênêng dalêm Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana, sadaya kemawon sampun têmtu kagungan pangintên, bilih Radèn Ngabèi Rônggawarsita badhe sagêd dados priyantun sugih, amargi paring dalêm kangjêng gusti lumintu kados ilining toya lèpèn, ing môngka paring dalêm kangjêng gusti punika botên namung dasanan kemawon, ananging ngantos atusan dumugi ewon rupiyah, langkung malih saking patêdhan dalêm, Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan, inggih ugi lumintu kemawon, paribasan, dèrèng têlas sampun dipun paringi malih, malah saupami dipun satitèkakên utawi dipun gunggung, manawi namung kalih dasa èwu rupiyah kemawon kapara [kapa...]

--- 3 : 128 ---

[...ra] langkung, ewadene sarêng kagêm Radèn Ngabèi Rônggawarsita, nyampingipun kemawon botên rangkêp, saking punapa, kados inggih saking sampun botên rêmên dhatêng kawontênan donya punika wau, saupami Radèn Ngabèi Rônggawarsita punika sampuna kandêl panggalihipun dhatêng tata krami, bokmanawi sampun dados priyantun majênun, sarèhning panggalihipun taksih santosa, saha taksih angagêm dhatêng kalimrahan, kagungan damêl mantu, supitan sapanunggilanipun, manawi ngungak dhatêng kawontênan ingkang kados makatên wau dados tujuning panggalih angirib-irib dhatêng lampahing kapandhitan.

Nalika Radèn Ngabèi Rônggawarsita, badhe kagungan damêl angramakakên ingkang putra saking Mas Ajêng Pujadewata, nama Radèn Rara Mumpuni (sarêng sêpuh nama Radèn Ngantèn Martawarsita), paribasan botên kagungan panjêlang, dalêmipun sampun katingal risak, sanadyan kala badhe krama mêntas dipun payu, ananging sarèhning payon wau saking bôngsa godhong, dados samangke sampun katingal sami naranthang malih, isèn-isèning dalêm saupami kasade botên pajêng 5 rupiyah, gêlaran ingkang dipun agêm lênggah sampun lami sangêt tuwin botên wêtah, lajêng dipun rangkêpi wacucaling maenda gèmbèl, manawi wontên tamu ingkang kagêm lênggah kasambutakên dhumatêng tôngga têpalih ingkang cêlak, ewadene sampun kaparêng amutus rêmbag apa

--- 3 : 129 ---

têmtuning dintên wulan ingkang badhe kagêm ijabing pangantèn, punapa dene wontênipun ing rancangan ingkang sampun kadhawuhakên dhatêng besan, badhe agêng-agêngan, mênggah ingkang makatên wau inggih saking kandêling pitadosipun dhatêng ing kabatosan, kala samantên sarêng kirang sawulan kalihan pêpetanganing dintên ingkang badhe kangge ijab, Radèn Ngabèi Rônggawarsita sowan dhumatêng ing Mangkunagaran, angunjuki uninga sampeyan dalêm kangjêng gusti, sarêng parlunipun sampun kaunjukakên sadaya, dhawuh dalêm kangjêng gusti sakalangkung bingah, sarta aparing pangèstu wilujêng dhumatêng badhe pangantèn tuwin dhumatêng sadayanipun, namung ragi wontên gêtuning panggalih dalêm, dene ing wêkdal punika sawêg arungan parluning karsa dalêm kangjêng gusti iyasa pabrik Calamadu, ingkang waragadipun botên sakêdhik, saupami botên sawêg kasarêngan parlu dalêm ingkang kados makatên wau, sampun têmtu sagêd amaringi pitulungan kados panyuwunipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita wau, sarêng sawêg wontên sêsarênganipun ingkang wigatos, dados botên sagêd amaringi, dene manawi namung kangge tumbas jajan pêkên kemawon, badhe dipun paringi, kangjêng gusti lajêng jumênêng têdhak ing dalêm, namung sakêdhap sangêt lajêng miyos malih, asta dalêm anyangking buntêlan dalancang ing lêbêt sajak sampun isi yatra uwang krêtas, sarêng sampun lênggah lajêng kaparingakên dhumatêng Radèn Ngabèi [Ngabè...]

--- 3 : 130 ---

[...i] Rônggawarsita, unjukipun sakalangkung kapundhi, lajêng kalêbêtakên dhatêng kanthongan rasukan, saha nyuwun pamit mundur.

Sapêngkêripun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, raosing panggalih dalêm kangjêng gusti sakalangkung sumêdhot, kèngêtan lêlampahan ingkang sampun kapêngkêr, panggalih dalêm sakalangkung trênyuh, amila kangjêng gusti lajêng animbali abdi dalêm jayengan, nama Jayèng Kahwaya, sarêng dumugi ing ngarsa dalêm, dhawuh dalêm kangjêng gusti pun Jayèng Kahwaya kadhawuhan atut wingking lampahipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, dhatênga ing pundi-pundi kadhawuhan atut wingking kemawon, sampun cêlak-cêlak tuwin sampun têbih-têbih, punapa kawontênanipun kadhawuhan saos unjuk, unjukipun Jayèng Kahwaya sêndika lajêng mangkat agêgancangan, tindakipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita sawêg dumugi ing ngêkrun Mangkunagaran, pun Jayèng Kahwaya sampun wontên ing wingkingipun. Radèn Ngabèi Rônggawarsita tindakipun mangetan lêrês, dumugi parapatan saêlèr jaratan Walandi, lajêng minggok mangidul, sarêng dumugi paratigan Bathangan, ing ngriku wontên tiyang ambarang reyog sawêg pinuju bèbèr, lajêng dipun cêlaki dening Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarêng anggènipun bèbèr sampun kèndêl, dipun dangu, manawi katanggap sadumuginipun, tanggapanipun pintên, aturipun, ingkang sampun kalampahan tanggapanipun 10 rupiyah, lajêng dipun dhawuhi

--- 3 : 131 ---

dhumatêng ing Rônggawarsitan, badhe katanggap 10 rupiyah, Radèn Ngabèi Rônggawarsita andumugèkakên tindakipun mangidul, sarêng sampun dumugi ing dalêm lajêng anjujug ing panyêratan, dèrèng ngantos lukar paringipun arta kangjêng gusti lajêng kabukak saking buntêlan, byar, isinipun namung krêtas sadasa rupiyah satunggal, sarêng mêntas ambikak buntêlan wau, Radèn Ngabèi Rônggawarsita arêngêng-rêngêng sêkar agêng têmbang Gôndakusuma, dumugi sapada katungka dhatêngipun reyog, dipun garubyug tiyang ningali kathah sangêt, swaranipun kumarusuk pating caruwèt ngantos kados kêthèk rêraton, sarèhning sawêg jan 11 siyang, ing palataran taksih bêntèr-bêntèripun, dados anggènipun anjogèd kadhawuhan manggèn ing paringgitan kemawon, sarta dipun dhawuhi amiwiti.

Pun Jayèng Kahwaya, ingkang dipun dhawuhi atut wingking tindakipun Radèn Ngabèi Rônggawarsita, sarêng sampun têrang bilih kondur dhumatêng ing Rônggawarsitan, botên mawi mampir-mampir, lajêng wangsul, sadumuginipun ing Mangkunagaran kangjêng gusti taksih lênggah, amila lajêng munjuk punapa kawontênanipun, sadaya sampun sami kaunjukakên, dalah anggènipun ananggap reyog 10 rupiyah, ugi kaunjukakên, kangjêng gusti namung gumujêng, ananging ing sêmu kawistara manawi kaduwung.

--- 3 : 132 ---

Inggih Ugi Namung Kagêm Ambeda

Reyog jaman kina punika ingkang dipun laras lawungan, sami angabên kasagêdan saha kaprigêlanipun anumpak kapal, ugi ngabên kaprigêlanipun anyêpêng lawung, gêlaring panumbak sapanunggilanipun, kathah-kathahipun tiyang wolu, têrkadhang namung sakawan, inggih wontên ingkang ngantos: 16 utawi langkung, nanging lajêng nama barisan rodad, reyog wau panganggenipun cara Jawi jangkêp, tanpa rasukan, sami angewal dhuwung, mawi kalung kacu abrit, sami angatingalakên kabêsusanipun, wiraganipun angewak-ewakakên, sasampunipun reyogan suwug[43] ingkang têmtu gêntos mêdal pênthul wayuh, lêlampahan pênthul wayuh, punika pasêmon kawontênanipun tiyang wayuh ingkang botên sêmbada, utawi tiyang wayuh ingkang angangge wêwatêkan pilih êsih, tiyang èstri ingkang gadhah dhêdhasar susila, ningali topèng lêlampahan pênthul wayuh punika lingsêm sangêt, satêlasipun lêlampahan pênthul wayuh wau, lajêng gêntos sulapan, panyulapipun ajêgan, têmtu tiyang dipun bônda, kalêbêtakên ing sêngkêran sawung, dipun adhêpi udhêng lêmpitan, sarêng sêngkêranipun kabikak, tiyang ingkang kabônda wau sampun udhêng-udhêngên, bandanipun botên ewah, lajêng kalêbêtakên ing sêngkêran malih, sarêng sampun kabikak, sampun sagêd ucul udhêng, udhêngipun sampun lêmpitan [lê...]

--- 3 : 133 ---

[...mpitan] malih kados kala wau, bandanipun inggih taksih botên ewah, sarêng kalêbêtakên sêngkêran ingkang kaping tiga, sarêng kabikak bandanipun sampun ucul, dhadhungipun sampun kagulung wangun tali bandhang: kalangkungan jawi ingkang kados makatên wau, bôngsa Jawi taksih sami rêmên, amila tiyang ningali inggih kathah sangêt, ngantos botên angraosakên bêntèring sêngenge.

Kala samantên sarêng panataning gôngsa sampun rampung, ingkang badhe angreyog sampun sami siyaga, lajêng wiwit reyogan, pangêrèhing kapal botên tilar wiraganing badan, sarêng sampun sawêtawis dangu wiramaning gôngsa kasêsêgakên, lajêng wiwit bênthak-binênthak lawung, satunggal lan satunggalipun sami kasakitan, wasana lajêng dados catur sura panggah, sami gêbag-ginêbag yêktos, lajêng dados gêlut rukêt, ingkang sawau ungêling gôngsa kasêsêgakên, sarêng anggènipun gêlut katingal yêktosan, malah mawi suwut-sinuwut udhêng, ungêling gôngsa kasuwuk, ingkang anabuhi kapêksa misah ingkang sami suwala wau, sarêng sampun kapisah lajêng sami kèndêl ngaso, sakalih-kalihipun sajak sami botên angrumaosi manawi mêntas suwala ngantos kados makatên

ramenipun, sarêng sampun sami ngaso gôngsa lajêng kaungêlakên malih, mungêl gêndhing loro-loro, ingkang dados pênthul wiwit anjogèd,

--- 3 : 134 ---

panjogèdipun ngantos ragi sawatawis dangu, kèndêling panjogèd sarêng bok sêpuh dhatêng ambêkta kintunan, sawêg dipun pitakèni angintun punapa, katungka dhatêngipun bok ênèm, ugi ambêkta kintunan, lêluconipun inggih ajêg kemawon sami gèrèt-ginèrèt, jêngkang-jinêngkang, dilalah bok sêpuh anggènipun anjêngkangakên bok ênèm ragi karosan, ngantos dhawah sayêktos, lajêng dipun surak dening tiyang ningali, satanginipun bok ênèm gêntos anjêngkangakên dhatêng bok sêpuh, ugi ngantos kalumah, satanginipun bok sêpuh lajêng angulêng bok ênèm, bok ênèm ugi purun, lajêng ulêng yêktosan, jambak jinambak ngantos botên kenging dipun pisah, ingkang dados bok sêpuh bok ênèm sampun sami berotên, kalih pisan ngantos sami kasupèn dhatêng kadadosanipun, gôngsa ugi lajêng suwuk malih, iyaganipun lajêng misah ingkang sawêg sami berotên wau, sarêng sampun sami kapisah inggih lajêng ical botên wontên tabêtipun bilih mêntas ulêng.

Dèrèng ngantos dumugi sulapan, sampun kabibarakên, kala samantên sawêg antawisipun jam 2 siyang.

(Kados Supêna)

Sarêng sampun têrang[44] sadasa dintên anggènipun kagungan damêl, Radèn Ngabèi Rônggawarsita dipun timbali Kangjêng Gusti Pangeran Adipati [A...]

--- 3 : 135 ---

[...dipati] Arya Prabu Prangwadana, wanci jam: 7 enjing, sasampuna dumugi ing Mangkunagaran, dhawuh dalêm Kangjêng Gusti wau inggih kaèstokakên, sarêng sampun dumugi ing Mangkunagaran, lajêng kadhawuhakên majêng, pangandika dalêm Kangjêng Gusti kangên sangêt, sarta kagungan kaul, manawi sampun jumênêng pangagênging trah Mangkunagaran, Radèn Ngabèi Rônggawarsita kadhawuhan andhèrèk dhahar.

Kala samantên ingkang kadhawuhan ngadhêp para bandara riya putra dalêm Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kaping III

saha para santana sanèsipun, antawisipun prayagung wolu. Paring dalêm pisêgah, wedang tèh, srutu, konyak, pangandika dalêm kangjêng gusti warni-warni, adamêl talatosipun ingkang sami lêlênggahan.

Nunggil wanci wau, ing Rônggawarsitan kadhatêngan utusan dalêm Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Prabu Prangwadana, abdi dalêm pangagênging undhagi, kanthi karèrèhanipun undhagi: 10, tukang batu saha bau intiran: 25 ngirit garobag lêmbu: 5 iji, isi kajêng warni-warni, sirap, usuk, balabag, rèng kajêng, banon, wêdhi, gamping, sapirantosipun, tuwin dêling gêdhèg, kepang, sarêng sampun dumugi ing Rônggawarsitan, nyuwun lilah dhumatêng Radèn Mas Panji Ranakusuma saha Radèn Ayu Rônggawarsita, awit saking dhawuh dalêm kangjêng gusti, kadhawuhan [kadhawuh...]

--- 3 : 136 ---

[...an] andandosi dalêm sapanunggilanipun, ingkang sampun katingal risak kadhawuhan amulyakakên, sarêng sampun dipun paringi palilah, sadaya lajêng sami nyambut damêl, ingkang kamulyakakên botên namung ing dalêm, paringgitan, gandhok kemawon, dalah sumur, jamban, pawon ugi sami dipun mulyakakên, tirahanipun wêdhi kaurugakên ing palataran, sadaya ingkang sami katingal rêgêd, saha dèrèng tata, lajêng sami dipun rêsiki, saha sami dipun tata sae, lungsuraning sirap saha gêndhèng ingkang sampun botên kangge, sami katata prayogi wontên ing panggenan kiwa, sarêng sampun rampung sadaya, sami kapasrahakên dhumatêng Radèn Mas Panji Ranakusuma, ingkang nyambut damêl sami bibaran.

Kacariyos, Radèn Ngabèi Rônggawarsita ingkang sawêg ngadhêp wontên ngarsa dalêm kangjêng gusti wiwit jam ½ 8 enjing ngantos jam ½ 3 siyang, dongèngipun ingkang kaunjukakên kangjêng gusti namung ingkang nawung raos, pralampita utawi wêwulang, paribasan kawêdalakên sadaya, kangjêng gusti saha ingkang sami ngadhêp, panggalihipun sami karênan, sanadyan anggènipun lêlênggahan sampun: 8 jam, sadaya botên wontên ingkang karaos sayah.

Taksih wontên sambêtipun jilid IV[45]

Ewah-ewahan lêpating panyêrat badhe kapacak wontên ing jilid IV.

1. angacarani (dan di tempat lain).
2. anoraga.

3. sasampuning.
4. Rônggawarsita.
5. katanggêlan.
6. anunggil.
7. kapêksa (dan di tempat lain).
8. mendanipun (dan di tempat lain).
9. dipun.
10. sagêd.
11. inggih.
12. Ngabèi.
13. anoraga.
14. gêrahipun.
15. angêmping.
16. dhawuhipun.
17. wanci.
18. angatawisi.
19. mangangge.
20. hawa.
21. sami.
22. tabuh.
23. Paing.
24. awêwangson.
25. èstri.
26. mungêl.
27. pikèt (dan di tempat lain).
28. paribasan.
29. pangimpun.
30. modin (dan di tempat lain).
31. punika.
32. sarananipun.
33. para putra (dan di tempat lain).
34. panyambutdamêlipun.
35. andandosi.
36. kaparêng.
37. #NAME?
38. jam-jam.
39. ing Jatikusuman.
40. mahargya.
41. lajêng.
42. Sawêg.
43. suwuk.
44. kirang.
45. Jilid IV belum ditemukan.